# МАХ ДУГ

**ДЗБОЙТЫ МИХАЛ: 85 АЗЫ**

**ДУДЖЫ ФÆЛГОНЦ НЫВÆНДÆГ КУРДИАТ**

**4**

**2023**

МАХ ДУГ

4
2023

ХЪОДАЛАТЫ Герсан

## КЪОСТА

Къоста сæрæгас у, æвзонг,
Мæлæт, гыццыл дæр ма йæм февзид!
Бындурзылд дæ фæкæндзæн, зон,
“Ирон фæндыр” – нæртон поэзи!

Къоста цæрæццагæн гуырд у,
Хъысмæт дзы н ‘атондзæн æрду.
Йæхицæн нæй мæлæн,
Йæ цыртæн та – кæлæн.





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Гастан АГНАЕВ, Борис ГУСАЛОВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА, Станислав КАДЗАЕВ,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2023

# МАХ ДУГ

**4**
2023

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
АГЪНАТЫ Гæстæн, ГУСАЛТЫ Барис,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим

Дзæуджыхъæу,
2023

# НОМЫРЫ ИС:


**ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ**

ЦЫБЫРТЫ Людвиг ..... 5

**ПРОЗÆ ÆМÆ ПОЭЗИ**

БИАЗЫРТЫ Кромвел. Рухс моны сахайраг мелоди. *Æмдзæвгæтæ* ... 7

ЦОМАРТАТЫ Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ. *Роман. 3-аг чиныг* ... 16

ГУЫЦМÆЗТЫ Валери. Тагъд зындзæни рагуалдзæг. *Æмдзæвгæтæ* ... 61

**АРФ ХЪУЫДЫТÆ ЦЫБЫР НЫХÆСТÆЙ** ..... 67

**«АИВАД, КУЛЬТУРÆ**

ДЗБОЙТЫ МИХАЛ: 85 АЗЫ.

ДАУЫРАТЫ Дамир. Нæртон – йæ курдиат, йæ аивад, йæ зондахаст ... 69

**«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ**

**РАГОН ТАУРÆГЪТÆ**

МÆХÆМÆТТЫ Ахуырбег ..... 81

**ИРОН НАРТИАДÆЙЫ АЗ**

АЙЛАРТЫ Зарæ. «Хуры цоты» алæмæттаг дуне. *Уац* ..... 102

**КРИТИКÆ ÆМÆ БИБЛИОГРАФИ**

МАМИАТЫ Изетæ. Къостайы поэмæ «Фатимæ»:
абарсты фæлварæн. *Уац* ..... 120

**РОХ ХÆЗНАТÆ**

ТУАТЫ Заретæ. Авдæнбæттæн. *Уац* ..... 134

**АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД**

Хæйрæджыты хабæрттæ ..... 138

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ..... 143

# ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ



## ÆНÆРХЪУЫДЫ НЫХАС КАРЗ БЫЦÆУ САЙЫ

Цалдæр азы размæ Ирон театры нæ зындгонд актер æмæ режиссер Темыраты Дауытæн фæстаг фæндараст куы дзырдтам, уæд ныхасгæнджытæй иу, хуымæтæг адæймаг чи нæ уыд, ахæм, бафиппайдта, нæ республикæйы цæрджыты дыгурон хай цагъары уавæры кæй ис. Уый нæ, фæлæ Цæгат Ирыстоны дыгурæтты бартæ абарста Амырычы резервацийы цæрæг индейæгты уавæримæ. Мæнæн уæд фыр мæстæй мæ дзыхы ныхас дæр нал бадт.

Уыцы хъуыдытæм хæстæг ныхæстæ, не 'хсæнад нын чи дихтæ кæны, ахæм æргом провокаци фехъуыстон Ирон театры ацы азы 1-æм мартъийы, дыууæ зындгонд фыссæджы, фыд æмæ фырт Малиты Георги æмæ Васойы номарæн изæры дæр. Загъта сæ стыр зонадон «цинтимæ» раздзæуæг суæвынмæ тырнæг адæймаг. Æмæ та сæвзæрдысты фыццаг бакастæй хуымæтæг фарстатæ. Интеллигенты ном хæссын кæй фæнды, уый хъуамæ хъæрæй фæсидыны размæ

йæ ныхæстыл хъуыды ма акæна? Хъуамæ ма ‘мбара, кæм æмæ цы дзурын хъæуы, йæ хъуыдытæ куыд азæлдзысты, уый, уæлдайдæр, ныхас нацийы иудзинадыл куы цæуа, уæд? Ахæм адæм хъуамæ ма ‘мбарой, змæст дуджы кæй цæрæм, дунейы геополитикон уавæр тынг вазыгджын кæй у, нæ паддзахады æмæ йемæ нæ чысыл адæмыхатты фидæнæн тæссаг кæй у, уый? Дунейы уавæр нæ не ‘хсæнады æппæт удварны тыхтæ дæр баиу кæнын домы. Æрмæстдæр нæ иудзинад фервæзын кæндзæн æбæллиццаг фидæнæй. Æмæ ахæм рæстæг къæрццæмдзæгъд фехъусын æмæ хи равдисын дæ адæмы ахсджиаг фарстатæй уæлдæр сæвæр, уый куыд бамбаргæ у?!

Æз лингвист нæ дæн, фæлæ бæрæггонд у, ирон адæмы истори иртасджытæ Андрей Шегрен, Всеволод Миллер, æвзагиртасджытæ Юлиус Клапрот, Абайты Васо, Исаты Мæхæмæт, Гуыриаты Тамерлан æмæ иннæтæ дыгурон кæй нымадтой иумæйаг ирон æвзаджы диалекттæй иуыл. Ныртæккæ æндæрхуызон чи дзуры, уыдоны кад наукæйы уæлдæр у?! Цалдæр ахуыргонды – йæ рæстæджы, зæгъæм, Георги Ахвледиани, абон – Дзиццойты Юри – ирон æвзаджы æртыккаг диалектыл нымайынц къуыдайраг-дзауаг ныхасыздæхт. Фæлæ, фарст афтæ æвæргæйæ дæр, никæй сæрмæ æрцæудзæн ацы ныхасыздæхт Ирыстоны æртыккаг, хицæн паддзахадон æвзаг схонын. Уæдæ никæд фехъуыстон, æмæ ирон адæмы ирон, хуссайраг кæнæ чысайнаг хай ирон ма уадзой диалект хонын. Æппынфæстаг, дыгурон диалекты (кæнæ æвзаджы – афтæ йæ хоныны ныхмæ дæр нæ дæн) статус хъуамæ æвзарой æнæ хъæлæбайæ республикæйы парламенты æмбырдты, специалистты, æхсæнады хъуыды хынцгæйæ, кæмдæр базарты митингты нæ, фæлæ. Æз дæн, политикон кæнæ æндæр цыдæр пайдайы тыххæй æхсæнад чи змæнты, уыцы адæмы ныхмæ. Мæнмæ гæсгæ нæ ацы фарстайы тыххæй фæдис кæнын нæ хъæуы, уыимæ йæ æдзух фæстæдæрмæ æргъæвын дæр раст нæу. Дызæрдыггаг нæу æндæр хъуыддаг: нæ республикæйы ничи æмæ ницы къуылымпы кæны ирон æвзаджы дыгурон диалекты ахуыры æмæ рæзты хабæрттæ. Диалект йæхædæг та у нæ адæмы национ хиæмбарынады ахсджиагдæр фæрæзтæй иу.

*Цыбырты Людвиг,*
*историон наукæты доктор, профессор*

*БИАЗЫРТЫ Кромвел*

# РУХС МОНЫ САХАЙРАГ МЕЛОДИ

## КУВÆГ ДЖИОТЫ ПОРА

Уæвгæ,
уыди-иу
йæ дзырд, йæ уарзт,
йæ узæлдæй сконд
дуне
дуне Скæнæджы дунейæн
аив.

* * *

Рухс Моны Сахары
уæрæх
уазæг – бæлццонæн
гом къæсæр,
самандурæй амад
иууæладзыгон,
урсцагъд къултæ
æмæ систæ
уыди нæ цæрæнуат.
Хурыскæсæнырдæм
нæ хæдзары дуары цæстимæ
къуылдымтæ-къуылдымтæ –
къуыппытыл-иу
уæлæмæ,
Прис-Хохмæ,
йæ сæрмæ
арвы ныгъуылæнтæм
сфардæг дæн,
æрбайсæфтæн.
Цалынмæ-иу мæ

нæ уасæджы уаст,
кæннод хырхæйфадæн
заводы гуымæг
фæстæмæ не ‘рзæххон кодтой
нæ дуармæ.

Сæрзилæнджын бæрзонд,
хохы уæхскау уæззæуттæ арæзт,
тыллæгджын
зади нæ кæрты æнгуз бæлас.

* * *

Цардæмхиц
нæртон
уарзт æмæ ном
адæймаджы
мæрдтæй
здахынц.

Дамиппæрд зæххыл уарзт ссардæуыд,
Дамиппæрд зæххыл ном скондæуыд.

* * *

Мадымад Гæбæриан,
æнкъард,
æрхæндæг сау бон
æнæмæнг
искæй номыл вæййы
конд.

Мæхи Геба,
ацы хур бон де ‘нгæс –
сабыр, фæлмæн,
зæрингъуыз узæлаг
хæссæд дæ ном.

Ævдадзы хос –
дæ кой
кувæндоны дуртимæ кæнæм:
«Байрæзут, цæрут мын».
Мысæм
зæдтæбадæн къохимæ
дæ ныхас.

* * *

*Гæзæлти Зæлинæйæн*

Цæмæйдæр
гæлæбуйы хуызæн уыди
уыцы чызг.

Цæмæйдæр
зæрватыччы хуызæн уыди
уыцы чызг.

Цæмæйдæр
зæды хуызæн уыди
уыцы чызг.

Нæ фæрæзта гæлæбуйау уарын.
Нæ фæрæзта зæрватыккау уазал.
Нæ фæрæзта зæдау уайдзæф.

* * *

Æнæмæнгæй,
æнæмæнгæй ма баззадтæ
дыууæ раны:
ам
нæ сахары монимæ
рæсугъдæй
æмæ мемæ

‘нæмæлгæ
дæ уынд.

Стъалытæй ардæм
Дзæуæгигъæумæ
чындæуыди дзырд, –
загътой дæ авд зæды
уым сæхицæн хо.

* * *

Мæйдар æхсæв
алдоны сæрмæ
парапетæй
мæ урс сæр дардта
стъалытæн рухс,
æмæ сарæх и
Алондоны уылæнтыл узгæ хастæй,
алы бæласы сыфтæримæ
стъалы.

Сахары бæлæстыл ма баззади стæм сыфтæ,
стъалытæ къаддæр нæ фесты,
æгъуызæй æккуырста алырдыгæй сагъæс.

* * *

Тахтысты
мæргътæ
хуссармæ
Рухс Моны Сахары арвыл.

Бурæй,
сырхæй
гауыз
сæ фæдыл Галæгон тыдта.

Фæззæгæн
сфæлдыст
мелоди
цагъта Леуахи сæ фæдыл.

Куымдта…
изæргæрæттæн
нæ куымдта
милтæ кæнын мæ зæрдæ.

* * *

Хурзæрин
августы
цыхуыздæр артаг
иууылдæр
æндзæрста.

Алырдыгæй цыди
цъалайы
дойнагдурты мидæй
тавиц.

Сæнæфсиры цупалыл
дæргъвæтин
узæлæнтæй
цавæрдæр маргъ
дзырдта.

Цагъта Леуахи,
ам æнусты æвзæргæ,
Рухс Моны Сахайраг
мелоди.

## БОНХОРЗ

*Цоциты Аланæн*

Нарты сæфты фæстæ,
дæргъвæтин талынгæй тыхст,
фыдæбойнаг,
фæллад,
æфхæрдæй
архайдтон,
фæлвæрдтон,
агуырдтон
фадат, амал,
гæнæнтæ, –
бауромон,
зæгъын, уæд та гыццыл
афæстиат кæнон
хуры ныгуылд,
уыди руймон знаджы фыдæй
тæссаг,
сæфынæй йын тарстæн,
мæ ахсджиаг адæймæгтау,
мæ сæр нывонд кодтон хурæн.

Зæрдæрайæн,
аллонты сæндидзæнгæнæг,
Хурзæрин, бонхорз.

* * *

Рæсугъд
зæронд усы кастæй
касти
фидар зæнгыл
æмпылд сыфтæрæй,
уымæлтæ, ихæнтæ
бавзарæг
бур хризантемæ.

Ӕдзæрæг Алондоны сакъадахыл
къæвда æнцадæгомыгæй уарыд.

* * *

Фестынц,
ихæнхост
æхсæрдзæнæй
æрхаугæ,
доны тæгтæ фынк.

Хæрз æрæджы ма æрратæ кодта
фæззæг
Алондоны æрвгъуызыл.

## ПАРАПЕТ

Алондон
згъордта
дæлæмæ,
дæлæмæ.

Уылæн
донычызгау
дурыл
фæкалди.

Хур зылди
фæсхох
дæлæмæ,
дæлæмæ.

Уылæн
донычызгау
дурыл
фæкалди.

Сыфтæр
згъæлыд
бæлæстæй
донмæ.

Уылæн
донычызгау
дурыл
фæкалди.

Стъалы
мемæ нымадта
цæугæдоны
зырдуртæ.

Уылæн
донычызгау
дурыл
фæкалди.

Талынджы,
мигъæй
нал зынди
донвæд,
рухс дæуæй.

* * *

Нæу зазмæ нымады
фæззыгон
артгъуыз
бур-зæрин
ахорæн.

Зазбæлас
уалдзæгау арф цъæх арæзтæй

æппæт сæрæгас афæдзæн кæны
галæгон-фæндырыл хъуыбадытæ.

* * *

Хæдзарон ахуыр,
ацы-ахæм
хорз бæлон,
хуыздæр фæуай,
цæй-ма,
бæрзонд
фæззыгон хæрисы сæрты
атæх.

Кæннод Нарты дыргъдонмæ
йæ зæрдæ ахсайдта Дзерассæйæн,
æмæ йæ нал бафæнддзæн
бæлоны хуызы бацæуын.

* * *

Æргомæй-æргоммæ
нæ фæсайды ис
Алисæ Фæсайдæн,
нæ баивта
йæ райгуырæны дуне
царциатæ арæзт
æндæрыл.

Лæгъзуд æмæ лæгъзуынд чызг Алисæ
дард кæмдæр Донбеттырты сакъадахыл
æрвгъуыз денджызы был царди.

*ЦОМАРТАТЫ Изæтбег*

# ЗЫНГХУЫСТ БÆЛЛИЦТÆ

*Роман*

*Æртыккаг чиныг**

* * *

Уæддæр амонд цы у? Ацы фарст мæ æппындæр цух нæ уадзы. Куы рахъомыл дæн, уæдæй фæстæмæ мæм ногæй æмæ ногæй здæхы æмæ мæ æххæст дзуапп домы, фæлæ йæ мæ бон кæронмæ бамбарын нæу. Афтæ мæм кæсы, цыма йæ хуылф тутт гуымсæгау афтид у. Æрмæстдæр зæлланг кæны, æндæр адæймагæн ницы дæтты. Уый æмæ дын æнамонддзинад.

Йæ тæккæ дзаг у, дунейы мидæг фыдæх, хæрам æмæ æндæр æвзæрдзинадæй цыдæриддæр ис, уыдонæй, æмæ нæ удхарæй мары…

Иурайсом куыстмæ куы фæцæйцыдтæн, уæд Фидар проспекты мæ размæ фæци. Цыма цы фæуа, уый нæ зыдта, уыйау бæласы бын цыдæр тыхстхуызæй лæууыди. Амондджын у æви нæ, уый базонын мæ бафæндыди æмæ йæ цымыдисæй бафарстон:

– Фидар, амонд та цы у?

– Æз æй мæхиуыл нæ бавзæрстон æмæ йæ нæ зонын, – дзуапп мын радта æнкъардæй, стæй цыдæр рæхуыстæмхиц хъæлæсæй, цыма йæ кæй бахъыгдардтон, уый йæ зæрдæмæ нæ фæцыди, уыйау.

– Цæмæн дæ фæрсын. Амонд цы у, уый тыххæй æрæджы иу газеты бакастæн. Йæ хуымæтæгдзинадæй мæ дисы бафтыдта, мæ сæры ныффидар и, æмæ мæ нал рох кæны.

– Афтæ тынг кæуыл бадис кодтай, уым ма ногæй цы ссардтай уагæр?

– Райсомæй дæ куыстмæ цæуын куы фæнда, изæрæй та – хæдзармæ, уæд, дам, уый амонд у.

– Райсомæй дæ куыстмæ цæуын куынæ фæнда, изæрæй та – дæ хæдзармæ цæуын, уæд уый та цы у? – загъта ноджы рæхуыстдæрæй æмæ ма йæхиуыл былысчъилæй дæр бахудти. Фæрсгæ мæ нæ бакодта, фæлæ йын уæддæр дзуапп радтон:

– Мæнмæ гæсгæ, æнамонддзинад.

---

* Дарддæр. Райдайæн 2022 азы 8–10-æм æмæ 2023 азы 1–3-аг номырты

– Æз нæ бæстæйы алы адæмыхæттытæй бирæ поэтты зонын. Уыдон сæ мадæлон æвзæгтæм мæ уацмыстæ ратæлмац кодтой, æз та ирон æвзагмæ уыдоны уацмыстæ раивтон, æмæ дзы иуы дæр амондджынæй нæ федтон. Сфæлдыстадон кусæгæн амондджын уæвæн нæй, æнæсæр куынæ уа æмæ не 'лгъаг цардмæ уардихуыз кæсæнцæстытæй куынæ кæса, куыд у, афтæмæй йæ куы уына, рæстдзинад дзурын æй куы фæнда, уæд, – æнæдызæрдыгæй загъта Фидар æмæ ацыди.

Мæнмæ гæсгæ, æрмæст сфæлдыстадон кусджытæ не сты æнамонд. Мæ алыварс хуымæтæг адæммæ кæсын, æмæ уыдон дæр тухæнæй мæлынц, стæй кæимæ цæрынц, уыдоны дæр тухæнæй марынц.

Радимæ Бæтæгмæ куы смой кодта, уæд мæм афтæ касти, цыма амондджын у. Ахæм уавæры уыдтон Бæтæджы дæр, фæлæ сæ цин бирæ нæ ахаста. Дыууæ лæппуйы сын райгуырди: Маркнен æмæ Мэлс. Тыхамæлттæй сæ схастой. Уæвгæ, «схастой» бынтон раст нæу. Радимæ сæ йæ чысыл мыздæй, тыхтухæнтæгæнгæ, схъомыл кодта. Бæтæгæн мæхъхъæлæттæ йæ «Жигули» куы байстой, уæд цинæй амарди, æгасæй йæ кæй ныууагътой, уыыл, иу зæронд «Москвич» ма самал кодта æмæ дзы адæмы ласта. Цы капеччытæ-иу бакуыста, уыдонæй-иу водкæ æмæ уырыссаг бæгæны балхæдта, хæдзары сæ-иу бануæзта æмæ-иу расыгæй йæ усыл йæ пырх акалдта:

– Сымах хæтæнхуаг цигайнæгтæ стут, хæтæнхуаг цигайнæгтæ! Дæ мад, дæ хо æмæ де 'фсымæр дæр хæтæнхуаг цигайнæгтæ уыдысты!

– Раст зæгъыс, цигайнæгтæ уыдысты, – цæмæй æнæ хъаугъайæ бафынæй уа, уый тыххæй-иу йемæ сразы Радимæ.

– Æгас ма дын цы 'фсымæр у, уымæй дæ сæр бæрзæндты хæссыс, фæлæ уый дæр цигайнаг у!

– Ницы дзы хæссын мæ сæр бæрзæндты. Дæ къахы ныхы аргъ дæр нæу.

Радимæ мын-иу сæ ныхæстæ, худгæйæ, куы рафæзмыдта, уæд мæм-иу æгад æркасти, мæ хо ахæм ницæйаг лæгимæ кæй фæцарди, уый. Йемæ фæхыл уыдаин, фæлæ дзы цы рамбылдтаин? Ницы. Цы нымæт цæгъдай хъуынджындæр.

Мæ сиахс фæстагмæ водкæйыл дæр нал æрвæссыд æмæ спъирт нуазын райдыдта. Кæд домбай лæг уыди, уæддæр нозт уымæй тыхджындæр разынди æмæ йыл фæуæлахиз и, инсульт æй ныццавта, æмæ мæ мæгуыр хомæ 'рхаудта.

Марклен æфсады баслужбæ кодта. Куы сыздæхти, уæд хъæууонхæдзарадон институтмæ фæлварæнтæ йæхи тыххæй радта, хæххон-металлургон институтмæ та – йæ хæлары тыххæй. Иучысыл ацахуыр кодта, стæй дзы 'рбатыхсти, лекцитæм дæр нал цыди, æмæ йæ ратардтой. Нæдæр æй ахуыр кæнын фæнды, нæдæр кусын. Мидæггаг уаты диваныл йæхи фæстæмæ ауадзы æмæ сæумæрайсомæй фæсахсæвæртæм телевизормæ фæкæсы. Æфсарм, уаг æмæ æгъдау цы сты, уый æмбаргæ дæр нæ кæны.

Йæ фыдыхойы лæг Димитр милицæйы дæлбулкъон уыди æмæ йæм-иу хионау зæрдæбынæй æрхатыди:

– Милицæмæ рацу. Æз дæ хорз бынаты сæвæрын кæндзынæн, æмæ дæхи дарын фæраздзынæ. Æгуыстæй бадын худинаг у.

– Уый мæ куыст нæу! – цæхгæр-иу алыг кодта Марклен.

Алы куыстæй дæр афтæ дзуры, æмæ дзы ничиуал ницы домы. Бæтæг дзы сфæлмæцы æмæ Радимæйыл нытътъæлланг ласы:

– Не 'ккойы кæдмæ баддзæн?! Атæрæм æй æмæ дзы фервæзæм!

– Уынджы куы лекка кæна, уæд мах худинаг кæндзæн. Адæмы цæсты нæ 'фтауыны бæсты фæлтау нæхимæ бадæд. Цалынмæ мæ бон уа, уæдмæ йæ ме 'ккойы хæсдзынæн.

Йæ кæстæр æфсымæр Мэлс гыццылæй фæстæмæ рынчынтæгæнаг уыди. Скъолайы фæстæ университеты фæсарæйнаг æвзæгты факультетмæ бацыди æмæ йæ каст фæци. Туркагау сыгъдæг дзуры, фæлæ нæ бæстæйы йæ дæсныйад æппындæр ницæмæн хъæуы, базары дивантæ æмæ шифанертæ дыууæрдæм рахæсс-бахæсс кæны æмæ капеччытæ исы. Мойгонд чи уыди, ахæм хæтæнхуаг сылгоймагимæ слымæн æмæ йæ ракуырдта. Лæппу æмæ сын чызг райгуырди.

Бæтæг заууаты бынатмæ 'рхаудта, йæхи сыгъдæг кæнынæн дæр нал уыди æмæ ма Радимæйы иуцасдæр удхарæй фæмардта, стæй йе 'нусон дунемæ ацыди. Адæймаг йæхимæ 'рвонг цæстæй никуы бакæсдзæн, йæ рæдыдтытыл никуы басæтдзæн. Мæ хойы мын цæхæрмæ сдардта, уæддæр ма уый аххосджын кодта. Мæ хъустæ мын арауынц, фæстагмæ мын расыгæй цы ныхæстæ загъта, уыдон:

– Зоныс, Ирбег, мæнæн мæ ускуырд нæ фæрæстмæ и.

Радимæ йе 'взæр цæрдтытæй æмгъуыдæй раздæр базæронд и, йæ цæстытæй хорз нал уыны æмæ йæ куыст ныууагъта, уæддæр ын Марклен йæ мæгуыр пенси хæры, диваныл бады æмæ телевизормæ

кæсы. Кæддæр мын Радимæ цы хабар радзырдта, уый мæ зæрдыл арæх æрлæууы. Марклен куы райгуырди, уæд æй йæ хъæбысы уынгмæ рахаста. Бирæ фыдуайæнты чи ауади, ахæм сылгоймаг æм бацыди æмæ йæ бафарста:

– Хорз ус, дæ сывæллоны дын æлхæнæг куы уаид, уæд æй цасæй ауæй кæнис?

– Ницасæй.

– Афтæ зынаргъ дын у?

– О. Тынг зынаргъ.

– Куы схъомыл уа, уæд та йæ лæвар раттынил сразы уыдзынæ, фæлæ дын æй ничиуал райсдзæн, – загъта ма сылгоймаг æмæ ацыди.

– Дæсныфæрсæг уыди, æвæццæгæн, æндæр ын уал азы размæ йæ хъысмæт афтæ хорз кæцæй федта? – фæзæгъы мын Радимæ. – Цыфæнды сылгоймагæн дæр æй зыбыты лæвар раттин, фæлæ никæй хъæуы. Æввонгхорæй чи цы кæны?

Бæтæджы фаззон хо Санетæ дæр уыдонæй амондджындæр нæу. Йæ лæг æм саубыны расыгæй æрбацæуы æмæ йæ фæнæмы. Санетæ телефонæй милицæмæ адзуры, æмæ йæм цалдæрæй уайтагъд фæзынынц, милицæйы дæлбулкъоны куы ауынынц, уæд сæ къухтæ сæ къæмисæнтæм схæссынц, тарстхуызæй дзы хатыртæ ракурынц æмæ аздæхынц.

– Ды милицæйы мæнил ардауыс, нæ?! Фæлæуу-ма дзы уæдæ афтæ! – йæ усмæ бартхъиræн кæны Димитр æмæ йыл ноджы зæрдиагдæрæй ралæууы.

Бæтæгæн йæ хистæр æфсымæр дæр расыггæнаг уыди, йæ фырт та – наркоман, сæ хистæр хойы лæг дæр – расыггæнаг. Фыр нуæзтæй йæ сæр дзæгъæлтæ кæнын райдыдта, кæм уыди æмæ цы куыста, уый дæр нал æмбæрста. Йæ ус йæ цардæй куы ахицæн и, уæд йæ хионтæй кæйдæр бафарста:

– Ме ’фсин кæм и, ме ’фсин?

– Амарди.

– Æмæ уæ пъиритыл цы ныххæцыдыстут уæдæ?!

Йæ фырт дæр – расыггæнаг. Се ’ппæт дæр нозты азарæй сау сыджыты хай баисты. Димитр куы амарди, уæд йæ чызг йæ бирæ хæстæ бафидыны тыххæй йæ фатер ауæй кодта, æмæ ма йæхи æдде йæ кæстæрты дæр æнæ хæдзарæй ныууагъта. Светæйæн йæ фыдыфсымæры чызг

йæхи ’рцауыгъта, уый фæстæ та йæ фыды иннæ ’фсымæры лæппу ’рцауыгъта йæхи. Кæй зыдтон æмæ кæй зианы уыдтæн, уыдонæй (стæй æгæстæй) иу дæр амондджын нæ уыди æмæ нæу. Уæвгæ, уыдоны кой цы кæнын? Мæхи фæфæнды райсомæй куыстмæ, изæрæй та мæ хæдзармæ цæуын? Нæ фæфæнды, нæ. Уæдæ амонд цы у? Чи йæ базондзæн? Æвæццæгæн, нæ ницæйаг царды уæвæн кæмæн нæй, фæстаг азты та нæ йæхи бынтондæр чи атигъ кодта æмæ нæ зыдыка цæстфæлдахджыты ’вджид чи ныууагъта, ахæм бæллиц. Арв æмæ зæххы астæуæй нæм мæстæймарæгау æрттивы æмæ нæ йæхимæ сайы. Цас æм зæрдиагдæрæй тындзæм, уыйас нæ дарддæр лидзы…

* * *

Арæх мæ дисы бафтауынц, мæнмæ гæсгæ, царды æппындæр æрцæуинаг чи нæ вæййы, фæлæ дзы логикæйы æвастæй бынат чи æрцахсы, ахæм цаутæ. Раджы кæддæр Хамби æмæ йæ бæстызмур хæстæг Фидар, иу цыбырхъуыр карьерист, къæдзæхы йас сæвджын сылгоймаг-хицауыл бауæндыдысты, йемæ сæмдзæхдон сты æмæ партийы обкомы фыццаг секретары ныхмæ бæстæйы сæргълæууæгмæ иумæйаг писмо ныффыстой. Цæмæй хъуыды кодтой, уый мæ хуызæн къуымых адæймагæн зын бамбарæн у, фæлæ æнхъæл уыдысты, хуымæтæджы чиновник – рауагъдæдты, полиграфийы æмæ чингуыты базарады хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдар – республикæйы фыццаг минкъи лæджы æнцонæй абырсдзæн, йæ фæлмæн къæлæтджыны æрбаддзæн æмæ сæ ’фтиагджын бынæтты сæвæрдзæн, фæлæ фæфыдæнхъæл сты. Цы ныллæг бандæттæ ахстой, уыдонæй дæр ма фæхаудтой, «сыгъдæгзæрдæ коммунистыл чъизи хахуыртæ кæй фæкодтой», уый тыххæй.

Хамби дзæвгар рæстæг куыст ссарынæн нæ уыди æмæ æххормагæй сындзытыл бадæгау йæ хæдзары бадти. Йæ усы уайдзæфтæй куы сфæлмæцыди, уæд фыццаг секретармæ бацыди æмæ дзы иуцасдæр хатыртæ фæкуырдта. Уымæн йæ зæрдæ «æрфæлмæн» и æмæ йæ Хъайтыхъойæн радиомæ райсын кодта. Хамбийы фæндыди Дзæрæхы фарсмæ сбадын, фæлæ йæ уый йæ кабинетмæ нæ бауагъта, æмæ йæм фæхæрам и. Хамби мын йæ хабæрттæ кæрæй-кæронмæ тæргайхуызæй куы фæдзырдта, уæд йæ ныхас фидарæй балхынцъ кодта:

– Амæй фæстæмæ мæнæн Дзæрæх-æрдхорд нал и! Æз кæй нæ хъæуын, уый мæн дæр нæ хъæуы!

Дзæрæх ын йæ зæрдæмæ фæндаг куыд ссардта, уый нæ зонын, фæлæ

йæ йæ хæдивæджы бынаты куы сæвæрдта æмæ ма йын адæмон поэты ном дæр куы раттын кодта, уæд дисы бацыдтæн. Уымæй тынгдæр та бадис кодтон, Дзæрæхы мæлæты фæстæ дзы Гæлæуы кæй сæвæрдта, ууыл. Æдзухдæр ыл худгæ кодта æмæ йæ, хынджылæг кæнгæйæ, йæ «уынаффæгæнæг» хуыдта, рæстæгæй-рæстæгмæ йын-иу цыдæр фиппаинæгтæ кæй скодта, уый тыххæй. Йæ бынатмæ йын кæй тырныдта, уый комкоммæ уыдта, фæлæ йæ ницæмæ дардта æмæ йæ райста. Иубон æм цыдæр гæххæтмæ бацыдтæн. Йæхæдæг уым нæ разынд, фæлæ дзы Гæлæуы баййæфтон æмæ джихæй аззадтæн.

– Ам та цы ми кæныс? – афарстон æй дисхуызæй.

– Æрæджы мын Хамби ныллæгъстæ кодта æмæ мæ йæ хæдивæджы бынатмæ 'рбакодта. Куыстмæ нæ цæуы æмæ… Цæдисы хъуамæ иу змæлæг уæддæр уа… – дзуапп мын радта йæхицæй æппæлæгау. «Чи уæ кæмæн ныллæгъстæ кодта, хæйрæг – йæ дæсны. Ды дæр хин æмæ кæлæн дæ. Ногуард миты дæр дын дæ фæдтæ ничи ссардзæн», – ахъуыды кодтон мæхинымæр æмæ йыл былысчъилæй бахудтæн. Иуцасдæр ницытæ æмæ мацытыл фæдзырдтам, стæй мæм фысджыты номхыгъд æрбадардта æмæ мæ бафарста:

– Мæнæ ай чи у, уый зоныс?

– Нæ зонын.

– Мæнæ ай та?

– Уый дæр нæ зонын.

Ссæдзы бæрц мæм равдыста, æмæ дзы иуы дæр нæ зыдтон, кæсгæ дæр сын никуы ницы бакодтон.

– Ацы ницæйæгты цæмæн æрæмбырд кодта, уый зоныс? – бафарста та мæ ногæй.

– Цæмæй дзы æгæрон бузныг уой æмæ ныххъуырдæй йæ фарсмæ лæууой, разæнгардæй йыл хъæлæс кæной æмæ йæ уæлмæрдтæм ардыгæй ахæссой, уый тыххæй.

– Æмæ, дам, Ирбег æнæмбаргæ у, – ныр та мыл Гæлæу бахудти æмæ мын афтæ:

– Пенсийы раджы чи ацыди æмæ йæхи аирхæфсыны тыххæй зæрдæхæццæгæнæн æмдзæвгæтæ æмæ уацхъуыдтæ газетмæ чи фыста, уыцы зæронд нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæй æвддæс æрæмбырд кодта æмæ сæ Цæдисмæ райста. Фидар ыл былысчъилæй бахудти æмæ йыл хъæзгæмхасæн афыста мæнæ ацы эпиграммæ:

*Ӕвддæс фысы та бафтыди йæ дзугыл,*
*Зæрæдтæ, фæлæ хорз пародæ – гугын...*

Фысджыты номхыгъдмæ та мын бацамыдта æмæ та мæ бафарста:

– Мæнæ ай дæр нæ зоныс?

– Уый та куыд нæ зонын. Университеты мемæ куы ахуыр кодта. Айдемыр у. Литературæмæ куы ницы бар дары, уæд ардæм куыд æгъдауæй æрбахаудта?

– Айфыццаг мæм æрбацыд æмæ мын афтæ, рекомендаци, дам мын ратт. Ӕгайтма дæ, зæгъын, хъæуы, бæгуыдæр дын, зæгъын, ратдзынæн. Мæнæй афтæ, хъазгæ кæны. Дыккаг хатт мæм хъуыддагхуызæй куы 'рхатыди, уæд æй комкоммæ бафарстон:

– Цæй тыххæй дын раттон? Цавæр уацмыс дæм ис?

– Хамби мын зæрдæ бавæрдта æмæ...

– Уацхæссæг дæ, газеты кусыс æмæ уацхъуыдтæ фысс. Цæй фыссæджы мæт дæ ис? – загътон ын æргомæй æмæ йæ арвыстон. Уый Хамбимæ бацыди æмæ уайтагъд афыссæг и. Ӕрæджы йæ кабинеты Айдемыримæ ныхасгæнгæ баййæфтон æмæ йын йæ хиндзинад базыдтон.

– Дæу хуызæн сæрæнгуырдтæ мæ фарсмæ куы уой, уæд æз фидар уыдзынæн! – загъта сæрыстырæй æмæ йын йе уæхск æрхоста. Ӕппындæр æй куысты мæт нæй. Ацы бынат æй хъæуы 'рмæстдæр йæхи 'вдисынæн æмæ 'ввонгæй мызд исынæн. Цæдисы машинæ йæ хæстæгмæ радта, æмæ дзы уый бон-изæрмæ æхцатæ кусы. Афæдзмæ йын йе сцалцæг кæнынил «схардз» кæны, дзыхъхъынногæй цасы аргъ уыди, уымæй бирæ фылдæр. Цæдис заууатмæ 'ртардта. Исты мадзал куы саразын, уæд мыл саргъауы:

– Иу мадзал дæр ма араз! Ницæмæн сæ хъæуы кæнын!

Йæхæдæг ницы кусы, æмæ мæн дæр кусын нæ уадзы. Цæй тыххæй, цымæ?

– Цæмæй йæ дæ аууон ма бакæнай, уый тыххæй.

– Ардæм уазæгуаты 'рбацæуыны аккаг дæр нæ уыди, мах та йæ нæхицæн сæрдарæй равзæрстам.

– Бæргæ уын дзырдтон, аразæг нæу, фæлæ халæг у, æмæ йæ ма равзарут, Цæдис бабын кæндзæн, зæгъгæ, фæлæ мæм нæ байхъуыстат. Йæхи адæймаг чи хоны, уый хъуамæ йæ фындзæй дарддæр уына...

– Ахæм ницæйаг разындзæн, уый æнхъæл чи уыди? – фæсмонгæнæгау загъта Гæлæу æмæ та мын йе 'нгуылдзæй номхыгъдмæ бацамыдта:

– Мæнæ нæм ацы сахълæу та хуссарæй æрбафтыди.

– Зонын æй. Рауагъдады куы куыстон, уæд ын йæ зæрдæйы ныфс бауадзыны тыххæй, мæхицæн тыхгæнгæйæ, йе ’мдзæвгæтæй цыдæр муртæ æрæмбырд кодтон æмæ йын гыццыл чиныг рауагътон.

– Къуымзил мыстау бон-изæрмæ зилы, агуры, сгары. Мæскуыйы дæр ма балæууыди æмæ иу партийы уæнг сси, уый фæрцы та «Уæрæсейы литературон фонд»-ы цæгатирыстойнаг хайады фæмидæг и, æмæ йæ кæй фæнды, уыдоны Фысджыты цæдисмæ исы. «Ма кæ» зæгъæг ын нæй, æмæ ма дзы суанг йæ усы дæр батъыста, иу хахх дæр никуы ныккодта, афтæмæй.

– Хамбийæн йе стыр ныхас æнæхъæн комы дæр куынæ цæуы, уæд æй ахæм хивæнд митæ кæнын куыд уадзы?

– Нæ зонын. Ницы йæм дзуры. Æмæ йæм дзургæ дæр кæд кæна? Æппындæр куысты нæ вæййы…

– Æдзæрæг хъæуы рувас – æлдар. Тынг раст нын кæны уæдæ нæ «къуымзил мыст». Хынджылæггæгтæй хынджылæг кæнын хъæуы, – мæ къух ыл ауыгътон æз æмæ мæ уарзон бæстыхайы къæсæрæй уынгмæ ахызтæн. Хизгæ дзы бæргæ акодтон, фæлæ мæ хъуыдытæй не схицæн и. Кæддæр тынг æхсызгонæй цы Цæдисмæ бацыдтæн, уымæй гаккырисдон кæй рауади, уый мæ иудадзыгдæр сагъæстыл æфтауы.

* * *

Дæсгай азты нæ бæстæйы хицæуттæй хъуыстон уыцы-иу ныхæстæ: «Истори дзыллæтæ кæнынц». Сæ ныхмæ стох кæныны йас хъару мæм нæй, æмæ мæхимæ уыйбæрц бартæ нæ исын, фæлæ иуæй-иу хатт мæ зæрдæмæ дызæрдыг бахъуызы æмæ мын мæ хъусы бацæгъды: «Истори генитæ кæнынц. Уыдон тæппуд, æбарвæнд, зивæггæнаг, æнæрхъуыды бардзы сæ фæдыл куынæ хониккой, уæд цард йæ бынатæй никуы фезмæлид æмæ æнусты дæргъы иу ран цъæх хъуына æвæрдæй лæууид. Иуæй-иу гуыппырсартæ йæ фенкъуысын кæнынц, æмæ размæ фæцæуы, цалынмæ уыцы гуыппырсартæ æгас вæййынц, уæдмæ, стæй та йыл, иу ран æндзыгæй лæугæйæ, хъуына хæцын райдайы».

Кæй кой ракæнынмæ хъавын, уыдон бардзхонджытæм дæр нæ хауынц, балхонтæм дæр, генитæм дæр. Уыдысты хуымæтæг зæххон адæм, фæлæ сæ фæрцы мæ сæры ноджы тынгдæр ныффидар и, алчидæр кæй зоны, ахæм хъуыды: «Иу адæймагæй бирæ аразгæ у». Уыцы адæймаг цыфæнды ран дæр социалон асинтыл уæллаг къæпхæнмæ куы схиза, хъуыды кæнын куы фæраза, йæ райгуырæн бæстæ куы уарза æмæ йын

хорздзинад саразынмæ куы тырна, уæд йæ къухы бирæ ахъаззаджы хъуыддæгтæ бафтдзæн, æдзæстуарзон куы уа, йæ райгуырæн бæстæ йæ ’рмæстдæр исбон бакусынæн куы хъæуа æмæ арт иудадзыг йæхи гуылы бын куы ’ндзара, уæд та йæ бынсæфтмæ ’ртæрдзæн.

Гала, Дзастемыр æмæ Тасолтан нын разамынд лæвæрдтой, æз мæ кары куы бацыдтæн, хорз æмæ ’взæр кæрæдзийæ иртасын куы райдыдтон, уæд. Мæнæй аразгæ куы уыдаид, уæд сæ æз мæ райгуырæн бæстæмæ уазæгуаты дæр не ’рбауагътаин. Ахæм зондыл хæст æрмæст æз нæ уыдтæн. Иу курдиатджын юрист йæ иу критикон уацы Гала æмæ Дзастемыры рахуыдта «Иры узджытæ, бæстæ хæлæттаггæнджытæ», æмæ йын йæ фатермæ бахизæн дуар сæ фæсдзæуинтæн ахæм «æртхъирæнимæ» срæмудзын кодтой: «Дæ дзыхыл хæц, науæд рæбындæр бацæудзыстæм æмæ дын дæ фатер æд бинонтæ рæмудзæн æрмæгæй фæйнæрдæм фæхæсдзыстæм». Æгъатыр залымтæ йын йæ бинонтыл кæй нæ бацауæрддзысты, уый юрист бамбæрста æмæ ныхъхъус и.

Се ’ртæ дæр нæ, рæсугъд ныхæстæгæнгæйæ, фæхынджылæг кодтой, адавæн цы уыди æмæ цы нæ уыди, уыдон иуумæ ассывтой. Сæгъ, дам, æлвыдæй фидауы. Нæ бынæй нын рухс суагътой æмæ афардæг сты. Æнæниз цардбарæг лæгты бынатмæ бынтон æнæнхъæлæджы ’рбацыди рынчын адæймаг. Афтæ куы зæгъон, уæларвæй нæм Хуыцауы минæвар æрхызти, зæгъгæ, уæд æй мæнæй хуыздæр чи зоны, уыдоны мæхиуыл фæхудын кæндзынæн. Цы бæстæйы базæронд дæн, уым адæймаг йæхи куы амара, уæддæр, æнæ бæрнон фæхæцæгæй æмæ æнæ стыр æхцатæ акалгæйæ, Сæйраг тæрхондоны сæрдары бынатмæ кæй не схиздзæн, стæй Уæрæсейы Паддзахадон Думæмæ кæй нæ бахаудзæн, уый æз дæр æмбарын æмæ дзы зæд нæ аразын, фæлæ мæ уæддæр дисы бафтыдта иу хъуыддаг. Йæ размæ нын бирæ азты дæргъы дзæнгæда чи фæцагъта, уыдон иумæ цы сарæзтой, аст мæймæ уымæй бирæ фылдæр сарæзта мæлæтдзаг рынчынæй æмæ адæмы зæрдæты ныфс бауагъта.

Уæйыджы хъарутæ нæ равдыста, къæдзæхтæ нæ афæлдæхта, университеттæ æмæ академитæ нæ сарæзта, ног æрзæткъахæнтæ нæ байгом кодта, нефты гуырæнтæ не ссардта, сызгъæрины кæритæ не скъахта. Æххæст кодта, йæ размæ цы хæстæ лæууыди, æрмæстдæр уыдон æмæ адæмы цæсты сси хъæбатыр. Цæмæн? Уымæн æмæ куыста сыгъдæгзæрдæйæ, йæхиуыл нæ ауæрдгæйæ. Йæ адæмæн æй скæнын фæндыди хорздзинад. Уыдис æм æфсарм æмæ æгъдау.

Ӕз нӕ хицӕуттыл арӕх фӕхъуыды кӕнын, ӕцӕг ууыл нӕ, фӕлӕ, республикӕйы фыццаг лӕджы бынат йӕ размӕ чи ахста, уыцы фӕлитойтыл. Куыд ницӕйаг, куыд хиуарзон, куыд ӕдзӕсгом, куыд хӕрамзӕрдӕ, куыд зыд ӕмӕ кӕрӕф уӕвын хъӕуы, цӕмӕй, ӕрмӕстдӕр йӕ хӕстӕ чи 'ххӕст кӕны, уыцы хуымӕтӕг мӕлӕтдзаг рынчын адӕймаг дӕ разы хъӕбатырӕй разына, уымӕн! Дӕ адӕм дын куыд ӕнӕуынон хъуамӕ уой, цӕмӕй сын дӕ цӕст мацы уарза, цӕмӕй сыл дӕ зӕрдӕ ӕппындӕр ма рисса! Дур дӕр ма къӕвдатӕй куы нысхъуыдтӕ вӕййы… Хорз, ӕмӕ ма нӕм уӕддӕр рӕстӕгӕй-рӕстӕгмӕ табуйаг лӕгтӕ фӕзыны ӕмӕ нын нӕ тугӕрхӕм зӕрдӕтӕм рухс бауадзынц. Нӕ хӕрзгӕнӕг йӕхимӕ кӕй ӕрбахӕстӕг кодта, ӕмӕ йын йӕ мӕлӕты фӕстӕ йӕ бынаты кӕй сӕвӕрдтой, уый дӕр нын къаддӕр хорздзинӕдтӕ нӕ аразы…

Горӕтты ӕмӕ хъӕуты скъолаты, колледжты, культурӕйы хӕдзӕртты, музейты, фӕндӕгты, хидты ӕмӕ бирӕ ӕндӕр арӕзтӕдтӕй ма йӕ хицӕн адӕймӕгтӕм дӕр равдӕлы. Хицӕутты фӕрцы уӕлӕмӕ чи схызти ӕмӕ бонасадӕн чи кодта, уыдоны сӕ хъарм бынӕттӕй фӕсырдта. Магусайӕ цӕлуарзаг Хамби зианхӕссӕг кӕй у, уый дӕр базыдта ӕмӕ йын йӕ бынатӕй ацӕуыны тыххӕй курдиат ныффыссын кодта. Уӕвгӕ, ам бынтон раст нӕ дӕн. Фӕстаг рӕстӕджы нӕм ӕнахуыр «ӕгъдау» ныффидар и. Адӕймаг, зынгӕ бынат ахсгӕйӕ, куы базӕронд вӕййы ӕмӕ кусынӕн куы нал фӕбӕззы, уӕд ӕй куыстуаты «президент» рахонынц, бонасадӕн кӕнынӕн ын райдзаст кабинет радих кӕнынц ӕмӕ йын хорз мызд сӕвӕрынц (исты йын сӕхи 'хцатӕ фӕдӕттынц). Хамби дӕр спрезидент и. Цӕдисы ма «кусгӕйӕ» баззадаид, фӕлӕ фӕрынчын и ӕмӕ йӕ хӕдзары схуыссыди. Гӕлӕуӕн Фысджыты цӕдисы сӕрдар суӕвыны фадат фӕци ӕмӕ, хъуыддаг аразгӕ кӕмӕй уыди, уыцы хицӕуттыл ӕрзылди. Иу зианы мыл фембӕлди ӕмӕ мын афтӕ:

– Мӕ зӕрды Фысджыты цӕдисы сӕрдар суӕвын и.

Иуцасдӕр ӕм дисмӕ кӕсӕгау фӕкастӕн, стӕй йӕ дӕ зӕрдӕ-мӕ зӕрдӕйӕ бафарстон:

– Цӕмӕн дӕ хъӕуы?

– Бирӕ азты дзы Хамби ницы куыста ӕмӕ йӕ сӕгад кодта. Ӕз дзы кӕд исты саразин ӕмӕ йын йӕ кад фӕстӕмӕ раздахин.

Йӕ ныхӕстӕ мӕ ай-гъайдӕр нӕ бауырныдтой, уымӕн ӕмӕ йӕ, йӕхи хъуыддӕгтӕ иуварс чи авӕра ӕмӕ йӕ цард фӕстаг улӕфты онг

йæ уарзон адæмæн зыбыты лæвар чи снывонд кæна, ахæм хъазуатон кусæгæй æмæ сыгъдæгзæрдæ адæймагæй нæ зыдтон æмæ йын загътон:

– Кæд мæ фæрсыс, уæд дын мæ хъуыды ’ргомæй зæгъын. Уыцы куыстæн æгæр зæронд дæ æмæ йæ кæстæрты бар уадз.

– Дæумæ гæсгæ дзы мæнæй хуыздæр чи бакусдзæн?

– Барон.

– Æз дзы уымæй фылдæр пайда ’рхæсдзынæн! – цæхгæр алыг кодта Гæлæу.

Иуцасдæр ма йемæ фæныхас кодтон. Басæттынмæ йæ хъавыдтæн, фæлæ къæрттæй цъула нæ аппæрста. Хъуыддаг хъæлæс кæнынмæ ’рцыди, æмæ йæ рагон бæллиц сæххæст и...

* * *

Хæлæг кæнын сæрмæ хæсгæ хъуыддаг нæу, фæзæгъынц. «Хæлæг» чи урс хоны, чи – сау. Иуы дзы хорз хонынц, иннæйы – ’взæр. «Мæнмæ куынæ и, уæд дæумæ цæмæн хъуамæ уа?!» – уый, кæй зæгъын æй хъæуы, æвзæр хæлæг у. «Иугæр дæуæн дæ бон баци, уæд мæнæн дæр мæ бон хъуамæ бауа!» – ацы хæлæг мæнмæ æвзæр нæ кæсы, адæймаджы дæлдзиныг нæ кæны, фæлæ йæ размæ, ног бæрзæндтæм хоны. Лæг зондджын, курдиатджын æмæ æнтыстджын адæммæ куы нал хæлæг кæна, уæд уыдоны хуызæн суæвынмæ нал тырндзæн, сæ хал ахæрынмæ нал бæлдзæн, йæ миддуне фæхъæздыгдæр кæнынил нал архайдзæн æмæ, цы цъыфдзасты ис, уым, цоппайгæнгæйæ, баззайдзæн. Кæд ацы ныхæстæй мæхи раст кæнын, мыййаг…

Мæхи зонынхъом куы фæдæн, уæдæй фæстæмæ хæлæг кæнын алы хъуыддаджы дæр мæхицæй хуыздæртæм, мæхицæй курдиатджындæртæм, мæхицæй сæрæндæртæм, мæхицæй амондджындæртæм. Хæлæг кæй кодтон, уый тыххæй хуыздæр уæвыныл æмæ раззæгтимæ цæуыныл архайдтон скъолайы дæр, университеты дæр, мæ хъысмæт мæ кæдæм æппæрста, уыцы куыстуæтты дæр, сфæлдыстады дæр.

«Мæ бон хорз уæвын куы у, уæд иннæтæй æгуыдзæгдæр цæмæн хъуамæ уон?». Ацы фарст кæддæриддæр лæвæрдтон мæхимæ æмæ мæ хъарутыл нæ ауæрстон.

Мæнмæ гæсгæ, ацы хъуыддаджы мæ цотæй мæхи хуызæн рауад æрмæстдæр Фаризæ. Уæвгæ, «мæхи хуызæн» бынтон раст нæу. Мæнæй бирæ сæрæндæр у. Æз ахуыр кæнынмæ уый хуызæн рæвдз нæ уыдтæн,

стæй мæ зæрдæ дæр уый зæрдæйы хуызæн фæлмæн нæу. Кæмæй йæ райста, уый нæ зонын, фæлæ йæм æрдзæй цыдæр æнахуыр тых лæвæрд ис. Алкæмæн дæр æй фæнды хорздзинад саразын. Гæнæн æмæ йын амал куы уаид, уæд фæкæсинаг адæмы се 'ппæты дæр йæ цармы батухид. Хионтæй æмæ мын зонгæтæй цал æмæ цал адæймаджы бакой кæны:

– Дæ чызгæн зæгъ, æмæ адæмæн хостæ лæвар ма дæтта... Афтæ куы кæна, уæд йæ къæхтыл никуы слæудзæн…

Мæнæн æхсызгон вæййы сæ ныхæстæм хъусын. Æгайтма ахæм рæдау у. Стæй æрмæст рæдау – нæ. Чи йæм бацæуы æмæ йемæ иучысыл чи аныхас кæны, уымæн дзы йæ уд баззайы. Алы хосы ахадындзинад дæр уырыссæгтæн уырыссагау амоны, ирæттæн – иронау, дыгурæттæн – дыгуронау, нæ хуссайраг æфсымæртæ æмæ хотимæ дзургæйæ та уыдоны ныхасыздæхтмæ рахизы. Кæд сæ сахуыр кодта, Хуыцау – йæ зонæг. Æмæ семæ куыд фæлмæнæй фæдзуры, уый та, уæлдайдæр – карджын адæмимæ. Æлхæнджытæ дзы афтæ тынг фæбузныг вæййынц, æмæ ма йын къафеттæ дæр балхæнынц.

Фæстаг рæстæджы та нæ хæдзармæ дидинджытæ хæссын райдыдта. Иу букет куы бахус вæййы, уæд та иннæ 'рбахæссы. Иуæй-иу хатт не стъолыл дыууæ букеты дæр æрбаййафын. Дидинджытæ куыд бирæ æмæ куыд рæсугъд вæййынц, уымæ гæсгæ зын бамбарæн нæ вæййы, чи йын сæ балæвар кæны, уый. Иухатт æй зæрдаивæй бафарстон:

– Искæимæ 'мбæлын райдыдтай?

– Нагъ. Цæй тыххæй мæ фæрсыс?

– Ахæм бирæ алыхуызон рæсугъд дидинджытæ чызджытæн æрмæстдæр, чи сæ фæуарзы æмæ сæ ракурынмæ чи фæхъавы, уыцы лæппутæ фелхæнынц.

– Мæнæн дæр сæ лæппутæ 'рбахæссынц.

– Лæппутæ чызджытæн дидинджытæ дзæгъæлы не 'лхæнынц. Уæлдай æхцатæ никæмæ ис… Иугæр ын йæ дидинджытæ исыс, уæд ын зæрдæ æвæрыс…

– Зæрдæ дзы никæмæн æвæрын.

– Уæдæ сын сæ дидинджытæ дæр ма ис.

– Сæ иумæ дæр кæй не смой кæндзынæн, уый зонынц, фæлæ сæ уæддæр æрбахæссынц æмæ сæ афтечы ныууадзынц.

Йæ усгуртæй иу бæрзонд, хæрзконд, саулагъз лæппу у. Цæудзæн ыл æртын азмæ хæстæг. Куысты фæдыл нæм æрбацыд, æмæ

æнæнхъæлæджы йемæ базонгæ дæн. Хорз адæймаг мæм фæкасти, æмæ дзы мæ чызджы бафарстон:

– Уымæ та цы зæрдæ дарыс?

Фаризæ мæм тарæрфыгæй æрбакасти æмæ мын цæхгæр дзуапп радта:

– Æрмæст йæ уынд дæр мын тых кæны. Алы изæр дæр мæм йæ машинæйæ ’рбацæуы æмæ мæм уынджы фенхъæлмæ кæсы. Куыст фæвæййын, уæддæр ма мидæгæй фæбадын æмæ йæ аивæй фæхъахъхъæнын. Машинæ уынджы куы нал вæййы, уæд рауайын æмæ таксийы абадын. Бирæ уымæн бафæстиат вæййын.

– Кæй нæ дæ хъæуы, уый йын комкоммæ цæуылнæ зæгъыс?

– Бирæ хæттыты йын æй загътон, фæлæ йæм ныхас нæ хъары. Иумæ цæргæйæ, дам мæ бауарздзынæ.

– Чи зоны, раст у…

– Æз æнæ уарзгæйæ никæмæ смой кæндзынæн. Мæнæ сымахмæ кæсын, æмæ уæ мидахастытæ мæ зæрдæмæ ’ппындæр нæ цæуынц…

– Лæг æмæ ус кæрæдзиуыл сахуыр вæййынц æмæ…

– Мæнæн ахуыр фаг нæу, мæн уарзон адæймаг хъæуы, – фæурæдта мæ Фаризæ æмæ ма йæ ныхасмæ бафтыдта: – Папæ, мамæйы дæр бирæ уарзын, фæлæ мæ миддунемæ дæуæй хæстæгдæр ничи у, æмæ мæ усгуртæй искæмæн разыйы дзуапп куы радтон, уæд æй дæуæй раздæр ничи базондзæн.

Йæ азтæ кæрæдзи фæдыл згъорынц, фæлæ йæ усгуртæй бар никæмæн дæтты. Фаззæттæ дæр хъусæй лæууынц æмæ мæ сагъæстыл æфтауынц.

Иу нæлгоймаджы рагæй зонын. Мæнæй дзæвгар кæстæр у. Бирæ азты дæргъы йæм лæмбынæг фæракæс-бакæс кодтон æмæ йæм хорзæй ницы раиртæстон. Хиппæлой, расыггæнаг, æвзæр дзыхæй дзураг. Цалынмæ графины арахъхъ уына, уæдмæ йæ хъуамæ фæстаг æртахы онг нуаза æмæ адæмы йæхицæй æлгъита. Цыфæнды хорз фынг дæр сæнад кæны. Æппындæр ницыуал фембары, афтæмæй хæссинаг фæвæййы. Никуы мæ бауырныдтаид, ахæм фидиссагмæ искуы истæй тыххæй бахæлæг кæндзынæн, уый. Сæттын ыл: тынг зæрдиагæй йæм хæлæг кæнын. Уымæн дæр мæнау цыппар чызджы ис. Замманай лæппутæм ын смой кодтой, сывæллæттæ ныййардтой æмæ амондджынæй цæрынц.

Чи зоны, хæлæг, æцæгдæр, æвзæр æнкъарæн у, æмæ дзы æз рынчын дæн. Куы мæ суадзид, уый мæ фæнды, фæлæ дзы мæ бон фервæзын нæу. Мæ зæрдæмæ та уæлдай тынгдæр бахъуызы, мæ зонгæйыл йæ чызджыты цот кæрты куы ’ртыхсынц æмæ йыл, сæ цъæхснаг

хъæлæстæй кæлкæлгæнгæйæ, зæрдиагæй куы фæцин кæнынц, уæд. Уымæй тынгдæр та хæлæг кæнын, йæ сау ингæнмæ чи ацыди æмæ фыдæх адæмы хæрамдзинадæй чи фервæзти, уыдонмæ...

* * *

Лæгæн тæссаг уавæры удхар кæнын йæ бон цас хъуамæ уа? Æхсæвы дæр-иу уыцы сагъæстимæ бафынæй дæн, райсомæй дæр-иу уыцы сагъæстимæ райхъал дæн. Суанг ма мын-иу фыны дæр мæ сæр уыцы сагъæстæ сриссын кодтой: «Куыстæй мæ куы атæрой, уæд мæ бинонтæ цы фæуыдзысты? Ныр дæр нæ къухтæм æмхасæнтæ куы кæнæм, уæд цæмæй цæрдзыстæм?» Йæхицæн аргъ чи кæны æмæ йæ адæмы цæрайæ чи цæры, уыцы бæстæйы мæ карæн адæймагæн йæ сæрмæ ахæм æнæрай хъуыдытæ хъуамæ ’ввахс дæр ма цæуиккой. Уал азы удуæлдай куысты фæстæ хъуамæ аккаг пенси исид, йæ бинонтæ иууылдæр куыстыл хæст уаиккой, æмæ æнæмæтæй йæ фæллад уадзид. Хъуамæ, хъуамæ, хъуамæ… Цас сты, цас, ацы «хъуамæ»-тæ?! Иуæн дæр дзы сæххæстгæнæн куынæ ис, уæд цы кæнон? Мæ удмарæн сагъæстæй кæдæм фæлидзон? Мæ директор бæрзонд хæрзхуыз æртынфондзаздзыд лæппулæг у. Не стыр залы нæ куы æрæмбырд кæны æмæ нын, йæ хидæйдзаг тыппыр цæсгом йæ бинопыг итувæрд къухмæрзæнæй асæрфасæрфгæнгæ, коллектив фæкъаддæр кæныны тыххæй цъата луарæгау дзурын куы райдайы, уæд мæм афтæ фæкæсы, цыма йæ ныхæстæ иууылдæр фæсномыгæй мæнмæ арæзт вæййынц (ома, чызг, дæумæ дзурын, чындз, ды мæ бамбар), цыма мын афтæ зæгъынмæ фæхъавы:

– Ды хистæр дæ, Гæрайы-фырт. Кæд дыл цæсгом ис, уæд дæхи ардыгæй айс æмæ кæстæртæн фæндаг ратт.

Фæфæнды мæ мæ бынатæй фестын æмæ хъæрæй зæгъын:

– Æз разы дæн ацæуыныл, иннæты мауал хъыгдар!

Фæлæ мæ дæндæгтæй ме ’взагыл ныххæцын. Дон æнæрæнцойæ иу ранмæ куы кæла, уæд цыфæнды фидар малæн дæр æнæ атонгæ нæй. Атыдта мæ мал дæр. Æнæбайрайгæйы оптимизаци мыл фæуæлахиз и. Фæстаг рæстæджы ирон радиобакастытæ хорз аразын чи райдыдта, ахæм æрыгон уацхæссæг иубон директормæ курдиат балæвæрдта æмæ йæ куыст ныууагъта. Цæмæй фæцарæхса, уый тыххæй йыл бирæ фæцархайдтон, æмæ мын йæ хивæнд ми хъыг уыди. Цæмæн цæуыс, зæгъгæ йæ бафарстон, æмæ мын æнкъардæй дзуапп радта:

– Мæнмæ гæсгæ, нæ директорæн ирон журналисттæ хъыгдарыны хос йеддæмæ ницы сты. Куы сæ фервæзид, уымæ йæ былыцъæрттæ хæры, уымæн æмæ йæм ирондзинадæй æппындæр ницы ис. Абон куынæ уа, уæддæр мæ райсом, оптимизацийы фæстæ ’мбæхсгæйæ, феддæдуар кæндзæн, æмæ ма йын йæ тæрхонмæ æгадхуызæй цы ’нхъæлмæ кæсон?

Дыккаг бон мæм директор йæ кабинетмæ фæсидти, куысты фæдыл иучысыл аныхас кодтам, стæй рудзынгмæ бацыди æмæ, цыма йæ зæрдыл ныртæккæ ’рбалæууыди, уыйау райдзастхуызæй сдзырдта:

– О хæдæгай, знон мæм дæ хъомылгæнинаг курдиат æрбалæвæрдта!

– Зонын æй.

– Мæ бардзырдæй æрвитын æй кæй нæ бахъуыди, уый цы хорз у!

– Хорз у æви æвзæр, уый нæ зонын, фæлæ нæм фæстаг азты цы фæсивæд рахъомыл и, уыдонмæ кæсын æмæ дын фидарæй зæгъын: ахæм зæрдæргъæвд лæппу дзæвгар рæстæг телерадиокомпанимæ уазæгуаты дæр нал æрбацæудзæн. Цы у, уымæй иууылдæр энциклопеди у, æмæ йæ ауадзын нæ хъуыди, – загътон ын æнæдызæрдыгæй æмæ йæ кабинетæй рацыдтæн. Мæ курдиатмæ дæр мын æнæрхъæцæй кæй æнхъæлмæ кæсы, уый ма мын цы бамбарын хъуыди. Мæхицæн тыхгæнгæйæ йæ ныффыстон æмæ йæм æй бахастон. Æнæ мыздæй цы уавæры уыдзынæн? Мæ фаззæтты цæмæй дардзынæн? Мæ гыццыл пенсийæ сыл куыд аххæсдзынæн? Абабау. Иу фарст дæр мæм нæ радта. Цæй фарст æмæ цæй цыдæр. Бирæ азты дæргъы радиокомитеты мæ удæй арт кæй фæцагътон, уый тыххæй мын формалон хуызы «бузныг» дæр нæ загъта. Йæ кабинетмæ цыма гом рудзынгыл бындз батахти æмæ ’мбойны фæстæмæ фездæхти, уыйау мæм куыдфæндыйæ ’рбакасти, мæ фæнд куы аивон, уымæй тæрсгæйæ мын мæ курдиатыл йæ къух тагъд-тагъд авæрдта, йæ компьютермæ азылди æмæ та дзы къамæй хъазыныл балæууыди.

Мæ зæрдæйы уаг мæхимæ дæр диссаг фæкасти, фæлæ йæм мисхалы бæрц дæр нæ фæхæрам дæн, уымæн æмæ, мæ кары бацæугæйæ, хионæй, æддагонæй алы адæймагмæ дæр, цы мæм дзы рантысдзæн, уымæй фылдæрмæ нал æнхъæлмæ кæсын. Гъе фæлæ, цæмæдæр гæсгæ, бынтон æнæнхъæлæджы мæ цæстыты раз февзæрыди Фидар. Æрыгонæй журналы сæйраг редакторы бынатмæ куы тырныдта, уæд цæмæй, æхсай азы кæуыл сæххæст, уыцы фысджытæ – хæсты ветерантæ сæ

хæдзæрттæм ацæуой æмæ йæ мауал хъыгдарой, уый тыххæй сыл æргомæй худти, адæмы цæсты сæ 'фтыдта æмæ сыл пародитæ фыста:

*– Еналды, пенсийы цæуылнæ ацæуыс?*
*– Бæргæ ацæуин, фæлæ цæуынæн нал дæн...*

Ныр йæхиуыл æстай азæй фылдæр цæуы, фæлæ уæддæр йæ бынатæй тæрын нæ комы. Литературæмæ ницы бар даргæйæ ма йæ чызджы дæр шеф-редактор скодта. Редакцийы машинæ дæр уымæ радта. Хæдзары куыстытæ дзы кæны æмæ дыууæ мызды исы. Дыууæ мызды нæ, фæлæ – æртæ. Журналы кусджытæй алкæмæн дæр мызд æмæ 'рдæг скодта. Искæуыл бахудын æмæ йæ куыстæй атæрын æнцон у, хиуыл бахудын æмæ хи атæрын та æппæтæй зындæр у. Мæ директормæ афтæ кæсы, æдзухдæр æрыгон уыдзæн æмæ дугъон бæхыл баддзæн, фæлæ рæдийы. Йæ азтæ йæ иувæрсты куыд атæхдзысты, æмæ мæ уавæрмæ куыд æрхаудзæн, уый æмбаргæ дæр нæ бакæндзæн. Фæлæ уымæ нырма бирæ рæстæг и, ме 'мгъуыд та 'рхæццæ. Мæ дзаумæттæ æрæмбырд кодтон æмæ уæззау хъуыдытимæ мæ хæдзармæ ацыдтæн. Изæры нæхицæй чысыл дæлдæр мæ фæллад суадзынмæ бæлæсты бынмæ мæхи айстон æмæ дзы ме 'рдхорд Бароныл хæрхæмбæлд фæдæн.

Бæрзонд къабазджын лæг у, бирæ адæммæ уæле дæлæмæ кæсы (былысчъилæй – нæ, бæрзонд кæй у, уый тыххæй) æмæ æдзухдæр йæхи гуыбыргондæй дары. Кæд не 'хсæн цыппæрдæс азы ис, уæддæр æмгæрттау нæ ныхас кæрæдзиуыл хорз бады. Курдиатджын критик у, æмæ, мæ радзырдты чиныг премимæ куы балæвæрдтон, уæд мын хъæугæ гæххæттытæ дæр уый сарæзта, афæлгæст дæр сыл уый ныффыста, стæй ма мыл, куыд къамисы уæнг, афтæ хъæлæс дæр скодта. Цыбыр дзырдæй, зæрдиагæй бацархайдта, цæмæй рæстдзинад фæуæлахиз уа, æмæ æз преми райсон, ууыл. Куыд æй бамбæрстон, афтæмæй ме сфæлдыстад йæ зæрдæмæ тынг цæуы, æмæ дзы стыр бузныг дæн. Æрæджы йæ ирон газеты сæйраг редакторæй сæвæрдтой, æмæ йын зæрдæбын арфæтæ фæкодтон. Йæ фенд мын æхсызгон уыди æмæ йын хъæлдзæгæй салам радтон:

– Дæ изæр хорз, ме 'рыгон хæлар!

– Æгас цу! – бацин мыл кодта уый дæр.

Цыма ам фембæлыныл рагацау баныхас кодтам, уыйау бæлæсты

’хсæнты нарæг асфальтыл сабыргай араст стæм. Фыццаг дзырдтам ницытæ æмæ мацытыл, стæй фысджытæ æмæ литературæмæ рахызтыстæм. Телерадиокомпанийы директор университеты йе студент уыди, æмæ æппынфæстаг ууыл æрæнцадыстæм.

– Хорз ахуыр кодта. Æвзæр журналист нæу, фæлæ горæтаг буцхаст лæппу у, стæй йыл уæле фæхæцæг ис. Æгæр æрыгонæй схицау и, æмæ, куы фæхъал уа, уымæй тæссаг у. Рацарæзты хъæбултæн (фæсивæды афтæ хоны) сæ зондахаст бынтон æндæр у. Хатгай-иу нæ ныхас кæрæдзиуыл нæ бадти, æмæ йын-иу йæ тыппыр уадултæ ракъæрццытæ кæнын бахъуыди. Куы дæ хъыгдара, уæд мын-иу æй зæгъ, æмæ йын-иу æз йæ хъуын ацæгъддзынæн.

– Йæ хъуын цæгъдын ын нал бахъæудзæн.

– Цæуылнæ?

– Абон æм курдиат балæвæрдтон æмæ дзы ацыдтæн.

– Цæй тыххæй? Дæ ныхмæ исты дзырдта?

– Мæ ныхмæ ницы дзырдта, фæлæ æз йæ коллективы кæй нал хъуыдтæн, уый йæ ныхæстæй дæр æмæ йæ цæстæнгасæй дæр бæрæг уыди.

– Уæдæ ныр сæрибар фыссæг дæ, нæ?

– Сæрибар дæн, фæлæ мæ фаззæттæн куыстытæ ссарын нæ фæразын, æмæ нын æнæ мæ мыздæй зын цæрæн уыдзæн.

– Махмæ кусын дæ нæ фæнды?

– Фæнды, фæлæ раздæрау хъæутыл зилын æмæ уацхъуыдтæ фыссын мæ бон нал бауыдзæн. Кæд дæ уырны, уæд дæ бауырнæд, саубыны фæллад бакодтон.

– Уацхъуыдтæ фыссын дæ нæ бахъæудзæн.

– Æндæр ма дæм цы куыст и уæдæ?

– Бæрнон секретары бынат суæгъд и, æмæ нæм цалынмæ хицæуттæ сæхиуæттæй никæй æрбарвыстой, уæдмæ йæ ‘рцахс.

Баронмæ хъусгæйæ, мæ зæрдыл æрлæууыдысты Авданы гæдывад фæдфæливæн митæ. Йемæ рагæй зонгæ уыдтæн, æмдзæрæны ма иу уаты дæр фараст мæйы фæцардыстæм, æмæ мæ йе ’рдхорд хуыдта, «фыр буцæй» ма мæ ирон литературæйы «классик» дæр рахуыдта, афтæмæй мæ, газеты сæйраг редакторы къæлæтджыны бадгæйæ, æнæрвæссонхуызæй дзæвгар рæстæг фæрасай-басай кодта, Барон та мæ æнæ былдауæн ныхæстæй æвиппайды бæрнон куыстмæ райста æмæ мын ме ’руад уæнгты цæрыны ныфс бауагъта...

* * *

Мæ райгуырæн хъæуы скъолайы ахуыры хайады сæргълæууæджы куыст куы ныууагътон æмæ Дзæуджыхъæуы ирон газеты уацхæссæгæй кусын куы райдыдтон, уæд мæ стыр дисы бафтыдта, цы бæрнон секретары дзы баййæфтон, уый. Цыдаид ыл фæндзай фондз азы кæнæ чысыл фылдæр. Йæ аив зæрдæмæдзæугæ лæгъз цæсгомыл иу æнцъылд бæрæг дæр нæ уыди. Йæ мыдхуыз сæрыхъуынтæ æдзухдæр уыдысты рæсугъд æлвыд æмæ хæрдмæ аив фаст. Алы бон дæр куыстмæ цыди хæрздаст æмæ хæрззылдæй. Йе 'рвхуыз костюм, йæ урс хæдон æмæ йæ йе 'рвхуыз галстук кодтой йæ азтæй бирæ кæстæрхуыз. Йæ ном хуынди Ахберд.

Йæ фарсмæ æртæ азы бакуыстон æмæ йæ мæстыйæ кæнæ рæхуыст ныхас кæнгæйæ иу хатт дæр нæ федтон. Мæ бон ард бахæрын уыди, редакторы хуызæн гуымиры цæлхъытæ кæнын æмæ хъæрæй дзурын зонгæ дæр кæй нæ кæны, ууыл. Йæ хæдивджытæм дзырдта фæлмæнæй, цыма, куы фæтæргай уой æмæ йын куы алидзой, уымæй тарсти, уыйау. Йæ кабинеты йæ дысфæлдæхт æмæ куыстхуызæй никуы федтон. Йæ фылдæр рæстæг æрвыста къæлидоры, бонасадæнгæнгæйæ. Фæстæдæр куыд базыдтон, афтæмæй цæттæ кодта æрмæстдæр сабаты номыр, йæ дыууæ хæдивæджы та – иннæ номыртæ. Дыууæйæ дæр фæлтæрдджын уыдысты, æмæ сæ йе 'ххуыс ницæмæн хъуыди. Йæхицæн ма йын чысыл радзырдтæ, æмдзæвгæтæ, дзырдбыдтæ, цыргъзонд ныхæстæ, уыци-уыцитæ, æмбисæндтæ æмæ æндæр цымыдисаг æрмæджытæ дæр æмбырд кодтой.

Мæ фæллад уадзынмæ-иу цыппæрæм уæладзыгæй проспектмæ куы æрхызтæн, уæд-иу сæмбæлдтæн республикæйы Сæйраг Советы кусæгыл. Куы балымæн стæм, уæд мын, уырыссаг æмбисондæй спайда кæнгæйæ, сæ куысты сусæгдзинад раргом кодта:

– Ирбег, Хуыцау, зæхх – æвдисæн, нæ куыстуат цæмæн хъæуы, уымæн кæд æз исты зонын. Нæ сæрдар хæдоны нæ райгуырди, фæлæ – тинты кæрцы. Бон-изæрмæ йæ хæрзæфснайд райдзаст уæрæх кабинеты бады æмæ æппындæр ницы кусы. Обкомы фыццаг секретары зæрдæмæ исчи куы фæцæуы æмæ йын исты хæрзиуæг куы фæдæтты, уæд нæм йæ бланкимæ гæххæтт æрбарвиты, мах æй нæхи бланкмæ рафыссæм, æмæ йыл сæрдар йæ къух сæвæры.

– Дæуæй афтæ, адæм уыцы хабæрттæ нæ зонынц? Æгæр хорз дæр ма сæ зонынц. Иу поэт уыл цы эпиграммæ ныффыста, уымæ-ма байхъус:

*Ӕгас бон чидæртæ цыдæртæ*
*Кæмæндæр амонынц хъæрæй,*
*Сæдæгай «Волгæ»-тæ та кæрты*
*Кæнынц æд шофыртæ фынæй...*

– Тынг раст у. Дæ сæр æппындæр мацæуыл риссын кæ, афтæмæй дын – диссаджы кабинет, замманай парахат фатер, дзыхъхъынног машинæ, сæрмагонд шофыр, дзыппы дзаг æхцатæ, лæвар хойрæгтæ, дæ бинонтæн бæстæйы хуыздæр санаторитæм лæвар балцæгтæ æмæ бирæ æндæр хорздзинæдтæ. Обком, Сæйраг Совет æмæ Министрты Совет æртæйæ дæр иу куыст кæнынц. Горкомтæ æмæ райкомтæ дæр дзæгъæл дзæнгæдайæ стырдæр хъуыддæгтæ нæ аразынц. Нæ бæстæйы цас уæлдай æхцатæ ис, æмæ дзы сыгъдæгзæрдæ фæллойгæнджытæм куыд ницы хауы, уымæй тынгдæр мæ дисы ницы ’фтауы. Ӕппæт æнæпайда куыстуæттæ дæр куы сæхгæниккой, уæд цас æхцатæ сфæстауæрц кæниккой!

Йæ ныхæстæ мæ стыр дисы бафтыдтой. Ӕмæ мæ куыд нæ хъуамæ бафтыдтаиккой? Адæмы цард фæхуыздæр кæныны тыххæй уæле сæ уыргтæй хуым кæнын æнхъæл кæмæн дæ, уыдон, цы кусой, уый ма зонæнт æмæ азæй-азмæ, сæхи хъуыддагхуызæй æвдисгæйæ, сæ хæлæфтæ бандæттыл ихсийын кæнæнт. Иу хатт та ме ’мбæлттæ , æнцондæр æмæ æфтиагджындæр куыстытæ ссарыны тыххæй редакцийы сæ бæллицтæ кæрæдзийæн куы дзырдтой, уæд æз, хъазгæйæ, афтæ бакодтон:

– Разы дæн æрмæстдæр æртæ бынаты кусыныл.

– Цавæр бынæтты? – бафарста мæ сæ иу.

– Республикæйы Сæйраг Советы сæрдары, уый куынæ уа, уæд – Фысджыты цæдисы сæрдары, уый дæр куынæ уа, уæд та – нæ газеты бæрнон секретары.

– Цæмæн?

– Уымæн æмæ сæ къухтæ уазал доны дæр нæ тъыссынц, афтæмæй царв æмæ мыды ленк кæнынц.

Ууыл бирæ азтæ рацыди, æмæ ныр зæрондæй мæ фæндон сæххæст и – уыцы æртæ бынатæй иуы кусын. Ӕнхъæл уыдтæн, Ахбердау сæрибар уыдзынæн æмæ къæлидоры дыууæрдæм рацу-бацу кæныны æмæ мæ рæстæг дзæгъæлы сафыны бæсты аивадон уацмыстæ фысдзынæн. Цæй уацмыстæ æмæ цæй цыдæр. Бон-изæрмæ мын редакцийы

кусджытæ мæ сæр схъил кæныны фадат дæр нæ дæттынц. Цыма мæ ныхмæ ныхас бакодтой, цасы фаг суаид, зæгъгæ, уыйау мæм сæйраг редакторы дыууæ хæдивæджы, мæхи дыууæ хæдивæджы, хайæдты сæргълæуджытæ æмæ хицæн журналисттæ уацхъуыдтæ бирæ рæдыдтытæ æмæ зылын-мылын къæбæлдзыг хъуыдыйæдтимæ хæссынц æмæ хæссынц, мæ тых, мæ бонæй сæ рæстытæ кæнын æмæ мæстæй мæлын.

Журналисттæ дис кæнынц, нæ газет нын куыд гыццыл адæм рафыссынц, ууыл, æз та дис кæнын, уыйбæрц адæм ыл куыд æрвæссынц, стæй æхсæнадон уацхæсджытæн гонорар капекк дæр куынæ фидæм, уæд нæм уацхъуыдтæ æнæрæнцойæ куыд фыссынц, ууыл. Советон цардарæзты дæр нæ сæйраг газет «хицауады гæххæтт» уыди, æмæ дзы йæ хъуыдытæ ’ргомæй дзурын ничи уæндыди (æхсæны лæгты фæлхæрттæ хурмæ хæссыны кой нал кæнын), ныр дæр «хицауады гæххæтт» у… Раздæр ма-иу дзы рæстæгæй-рæстæгмæ фельетонтæ æмæ критикон уацхъуыдтæ фæзынди, ныр та æрмæстдæр – хицауады æмбырдтæ, уыцы иу æппæлæн ныхæстæ, поэзи æнадгæнæн æдзæлгъæд «æмдзæвгæтæ», уыцы иу джиппыуагъд адджын арфæтæ… Нæ бирæвæрсыг вазыгджын царды æвæстиатæй цы ахсджиаг фарстатæ алыг кæнын хъæуы, уыдонæн дзы сæ кой дæр нæй, цыма уæвгæ дæр не сты, цыма царв æмæ мыды ленк кæнæм, афтæ.

Фылдæр хатт мæ, уыцы зæрдæхæццæгæнæн фыстытæ кæсгæйæ, сихор скæнынмæ дæр нæ равдæлы. Бæрнон секретары куыстмæ æппындæр ницы бар дарын. Дæн æрмæстдæр рæдыдтытæ растгæнæг. Уæддæр ма журналисттæ ныхас æмбарынц, æмæ семæ æнцондæр кусæн у, фæлæ тæлмацгæнæг æргом æдылы у, уый æдде ма – фыдзонд, хивæнд, фыддзых. Йæ тексттæ къухмæ райсынмæ дæр нæ фæбæззынц. Дыууæ æвзаджы æгъдæуттæ кæрæдзийæ цæмæй хицæн кæнынц, уый нæ зоны æмæ уырыссагæй иронмæ дæлрæнхъон (комкоммæ) тæлмац кæны. Куы сæ фæкæсын, уæд дзы ницы бамбарын, уырыссаг текст райсын æмæ йæ ногæй, куыд æмбæлы, афтæ ратæлмац кæнын. Æмæ ма йын ме ’ххуыс бæсты куы цæуид. Мæ тексттæ мын халы, зæгъгæ, адæмæн мæ фыдгæйттæ кæны.

– Ахæм æнахъинон тæлмацтæ газетмæ хæссæн нæй: ирон æвзаг ма чи æмбары æмæ йæ зæрдæйæ чи уарзы, уыдонæй худинаг у. Уыцы психопатæн æрмæст йæхицæн сæрмагонд редактор хъæуы. Æз иудадзыг уый хæйрæдджын тексттæ ирон æвзаджы æрдзон уагыл куы аразон,

уæд ма иннæты уацхъуыдтæ та кæд кæсдзынæн? Стæй бон-изæрмæ æнæрæнцойæ цагъайраджы куыст куы кæнон, уæд дын бирæйы фаг не суыдзынæн. Æндæр куыстыл æй бафтау æмæ адæмымыггаг тæлмацгæнæг райс, – ныллæгъстæ кодтон сæйраг редакторæн. Уый мæм йæ кæсæнцæстыты сæрты æрбакасти æмæ сагъæсхуызæй афтæ бакодта:

– Хорз тæлмацгæнæг æнцон ссарæн нæу.

Йæ фыццаг хæдивæг замманай журналист у. Йемæ баныхас кодтон æмæ та иубон редактормæ бацыдтæн.

– Уыцы æнæсæр лæджы æнæхъола тæлмацтæй мæ фервæзын кæ. Æз æмæ дæ фыццаг хæдивæг йæ бæсты тæлмац кæндзыстæм, – зæрдæ йын бавæрдтон фидарæй, фæлæ мын мæ ныхæстæ ницæмæ ’рдардта. Мæнмæ гæсгæ йæ тынг куы бафæндыдаид æмæ зæрдиагæй куы бацархайдтаид, уæд йæ бон тæлмацгæнæг ссарын бауыдаид. Йæ фыдзонд кусæг ыл хицауадмæ куы бахъаст кæна, уæд æй æнæмæнг бафæрсдзысты: «Дæ размæ дзы чи куыста, уыдонæн куы бæззыди, уæд дæуæн нал бæззы?»

Ирон æвзаджы фæрцы йæ къæбæр чи кусы, уыдон дæр дзы, куыдфæндыйы цæстæй кæсгæйæ, хынджылæг кæй кæнынц, уый мæ зæрдæйы рæбинаг æвæрæнтæй куы банкъарын, уæд мæм бынтондæр бахъары, бирæ цæрæнбон ын кæй нал ис, уый, цæуыл æрæнцой кæнон, уый мын нал вæййы, æмæ ме уæнгтæ æрызгъæлынц.

– Кæд ахæм уæлæнгай æдзæхх фыстытæй бæрзонддæр не схызтыстæм, уæд нæхицæй цы раппæл-баппæл кæнæм? – фæрсын, газеты бирæ азты чи фæкуыста, ирон æвзаг хорз чи зоны æмæ дзы се ’ппæтæй растдæр чи пайда кæны, уый – ме ’мкурсон, мæ хæлар Бексолтаны.

– Газет хуымæтæджы гæххæтт йеддæмæ ницы у, æмæ йыл дæ уд ма хæр. Дæ размæ куыдæй цыди, афтæмæй йæ уадз: нал æй фæхуыздæр кæндзынæ. Тæлмацгæнæджы зæрдæ дæр ма къах. Куы фæсонт вæййы, уæд æй уромæг уромын нал фæфæразы, йæ дзыхæн уаг нал фæзоны, æмæ йæ дæхиуыл ма ардау. Хъæхъхъаг куыдзау дыл йæхи ныццæвдзæн æмæ дын дæ цард сæнад кæндзæн. Не ’взаг нын сафы æмæ йæ сафæд. Дæуыл дзы цы цæуы? Газеткæсджытæ йын йæ тæлмацтæ ссæдз азы дæргъы куы кастысты, уæд ын сæ нырæй фæстæмæ нал кæсдзысты? – куыд мæ хистæр, афтæ мын зонд амоны Бексолтан, фæлæ æз йæ коммæ нæ кæсын. Газеты тыххæй – нæ, мæ рæсугъд хъæздыг æвзаг мæ цыфæнды гыццыл гæххæтты гæбазыл дæр фыдуынд æмæ мæгуырæй уынын нæ фæнды.

Куыд фыссæг, афтæ мæ рæдыдтытæ растгæнæджы куыст æгады

бынаты кæй æвæры, ууыл мисхалы бæрц дæр нæ дызæрдыг кæнын, фæлæ дзы куыд фервæзон, уый нæ зонын. Капеччытæ исыны тыххæй ме 'нахъинон уавæр быхсин æмæ ме 'нæуынон куыст дарддæр кæнин, фæлæ лыстæг дамгъæтæ кæсгæйæ (уæлдайдæр, гранкæты) мæ цæстытæ ныффæллайынц æмæ сриссынц, хорз нал уынынц, ноджы мæлæты тагъд куырм кæнынц.

Æрыгондæр ма куы уыдтæн, уæд мæймæ кæсын бирæ уарзтон. Адæймаджы цæсгом мæм дзы ирдæй зынди, æмæ-иу йемæ ныхæстæ кæнынил фæдæн. Мæ уацмысты дæр-иу æй бакодтон куыд цардæгас удгоймаг, афтæ. Мæ сæйраг хъайтар æм-иу æрхатыдта, мæ уарзонмæ мын йæ рудзынгæй бакæс æмæ йын мæ номæй салам ратт, зæгъгæ. Куы мæм мидбылхудгæйæ касти, куы – тарæрфыгæй, куы – мæстыйæ, куы – зæрдæрайгæйæ. Алы хатт дæр æй æвдыстон, мæ сæйраг хъайтармæ цы зæрдæйы уаг уыдис, уымæ гæсгæ. Ныр æм кæсын æмæ дзы ницы уынын, йæ рухс фæйнæрдæм æнхъæвзы, куы та мæм дыууæйæ разыны, цыма расыг дæн, афтæ.

Редакцимæ цы автобусæй фæцæуын, уымæн дæр дардмæ йæ номыр нæ фенын. Мæ цурмæ уыцы тырындзæй куы 'рбахæццæ вæййы, уæд ма йæм мæ къух бæргæ фæдарын, фæлæ байрæджы кæнын, æмæ мæ цыма мæстæй фæмары, уыйау мæ иувæрсты асыффытт ласы. Амæйразмæ куырмыты зын уавæр не 'мбæрстон, зæгъгæ, куы зæгъон, уæд раст нæ уыдзынæн. Æмбæрстон æй, тæригъæд дæр сын кодтон, фæндагыл-иу цæхгæрмæ чи хызти, уымæн-иу йæ цонгыл дæр ахæцыдтæн, фæлæ сын уæддæр сæ кæуинаг уавæр ныр бирæ хуыздæр æмбарын, тæригъæд дæр сын тынгдæр кæнын, уымæн æмæ, куырм адæймаг цы хъизæмæрттæ 'взары, уыдон мæхиуыл æнкъарын. Адæймагæн цалынмæ йæхи буар срисса, уæдмæ йæм искæй рис кæронмæ нæ хъары. Мæ куыст ныхъхъуытты уадзин æмæ ацæуин, фæлæ кæдæм? Зæрондæй ма мæ (уæлдайдæр, куырмæй) йæ куыстуатмæ чи исы, æрыгæтты дæр сæ бынæттæй тæргæ куы кæнынц, уæд? Æдзухдæр мæ уыцы фарст уромы, ме уæнгтæ мын фидар рæхысæй бæтты æмæ мæ фезмæлын нæ уадзы. Дарддæр цы кæнон, уый нæ зонын æмæ тыхсын.

Саугуырм куы бауон, уæд мæ бонтæ, хъизæмаргæнгæйæ, куыд æрвитдзынæн? Мæ фыдгул æнæхъаруйæ йæ уарзон бинонтæм дæр æрхауæд. Раст зæгъы адæмон æмбисонд: «Рынчын – иу бæллæх, рынчынмæгæсæг та – дыууæ бæллæхы». Чи зоны, мæ бинонтæ мæ

ævægæсægæй ма ныууадзой, фæлæ мæ бон фыссын куы нал уа, æмæ мæхимæ мæ къух сисын куынæ бафæразон, уæд мын мæ цард зындоны ад скæндзæн. Ирон адæм æнæ мæ уацмыстæй дæр фæцæрдзысты, фæлæ ма сын чысыл цыдæртæ куы зæгъин, уый мæ фæнды. Æз сæ куынæ зæгъон, уæд сæ ничи зæгъдзæн, æмæ сæ куырмæй мæ бон ныффыссын куы нал бауа, уымæй тæрсын.

* * *

Журналистты уацхъуыдтæ редакци кæнгæйæ, мæ сæр ныддур и. Куыддæр компьютеры экранæй мæ цæстытæ атыдтон æмæ мæ фæллад суадзыны тыххæй сыстынмæ хъавыдтæн, афтæ Дзахо спортивон дарæсы мæ кабинеты хъуыддагхуызæй фæмидæг и æмæ мын хъæрæй салам радта:

– Дæ бон хорз, мæ хæлар!

– Æгас цу.

Радиокомитеты куыд тæлтæг уыди, афтæ та агъуысты къуымты ахсджиаг дзаума тыхстхуызæй агурæгау силлæг и, рудзынгæй ма æддæмæ дæр акасти, стæй мæм цæхгæр фæзылди æмæ мæ куыдфæндыйы хъæлæсæй бафарста:

– Де ’нæниздзинад куыд у?

– Фæсарæнтæй мын цы хостæ рафыстай, уыдоны фæрцы куыддæртæй ирвæзын, æндæр афонмæ ацы къуындæг уаты ныхъхъæмп уыдаин, – дзуапп ын радтон, хынджылæг кæнгæйæ.

– Цæмæн дæм æрбацыдтæн, уый зоныс?

– Куынæ мын æй зæгъай, уæд æй кæцæй хъуамæ базонон? Кæд дæсныфæрсæг нæ дæн.

– Дæ сæр мæ тынг æхсызгон хъæуы.

– Диссæгтæ æмæ æмбисæндтæ. Дæу хуызæн куырыхон лæджы ме ’дылы сæр кæм бахъуыди, цымæ?

– Мæнæн дæу хуызæн зондджын сæр куы уаид, уæд æз мæ чысыл Ирæн бирæ хорздзинæдтæ саразин.

– Зæгъ мын сæ, æмæ сæ æз дæ бæсты саразон, æнæ кондæй куыд нæ баззайой…

– Ды сæ де сфæлдыстадæй сарæзтай, ныр та мæ рад у, æмæ мæм фæкæс.

– Цæмæй?

– Ирон театрмæ мæ режиссерæй райстой…

– Фæрнæй дзы кус.

– Цæмæй дзы фæрнæй кусон, уый тыххæй дзы хъуамæ хорз спектакль сæвæрон.

Цæмæй дзы хорз спектакль сæвæрон, уый тыххæй та мын ды хъуамæ иу пьесæ уырыссаг æвзагæй иронмæ ратæлмац кæнай.

– Цавæр пьесæ у?

– «Антони æмæ Клеопатрæ».

– Уый тæлмац кæнын нал хъæуы: дыууæ драматурджы йæ ирон æвзагмæ раджы раивтой…

– Уыцы цаутыл ма иу италиаг фыссæг роман ныффыста, æмæ йын йæ диалогтæ мæ зæрды пьесæмæ бахæссын и. Хонгæ та йæ ракæндзынæн: «Антони, Клеопатрæ æмæ Октавиан».

– Æххæст ма сæм Лепиды дæр бафтау. Уый дæр триумвираты уæнг куы уыди, – хъазын дзы æргомæй, фæлæ уымæн мæ хъазæн ныхæстæм хъусын йæ фæсонæрхæджы дæр нæй.

– Куыд зæгъыс? Ратæлмац мын сæ кæндзынæ?

– Нагъ.

– Цæуылнæ?

– Бон-изæрмæ ауыгъды хуызæн дæн. Мæ къухтæм дæр ма æмхасæнтæ кæнын. Газет комбайн у, æмæ йæ иудадзыгдæр алыхуызон æрмæджытæй дзаг кæнын хъæуы. Мæнæ ныр дæр мæ сæр тъæппытæ хауы, æмæ сыгъдæг уæлдæфмæ мæхи куынæ айсон, уæд амæй изæрмæ кусынæн нал сбæздзынæн. Стæй мæ цæстытæ дæр дзæбæх нал уынынц. Уайтагъд афæллайынц æмæ риссын райдайынц. Мæнæй дын ницы пайда ис…

Куыддæр ныхас фæдæн, афтæ йæ цыма зилгæдымгæ фелвæста, уыйау цæхгæр фæзылди æмæ æрбайсæфти, фæлæ та мæм цалдæр боны фæстæ фæзынди æмæ мын ноджы зæрдиагдæрæй ныллæгъстæ кодта:

– Ирон æвзаг дæу хуызæн ничи зоны, æмæ мын сæ ды ратæлмац кæн.

– Зæрдæлхæнæн ныхæстæ мын цасфæнды куы фæкæнай, уæддæр дын мæ бон баххуыс кæнын нæ бауыдзæн.

– Лæвар дын нæ кусын кæнын. Хорз гонорар дын бафиддзынæн.

– Ныхас дæ гонорарыл нæ цæуы, фæлæ мæ хъарутыл. Фæзæронд дæн, æмæ раздæрау бирæ кусын нал фæразын.

Æвиппайды та ’рбайсæфти. Æнхъæл уыдтæн, фæтæргай, æмæ дзы фервæзтæн, фæлæ фæрæдыдтæн. Иубон мæм иу æрыгон лæппу дуне текстæ сырх чернилæйæ æнæхъола хæххытæй æрбахаста æмæ мын

сæ ме стъолыл æрæвæрдта. Дзахойæн йæ сонт митæ куыд æмтъеры уыдысты, йæ фыстытæ дæр – афтæ. Цæвæг дзы марæджы нæ равзæрстаид. Иуварс æрæвæрынмæ йын сæ хъавыдтæн, ницы сын æмбарын, зæгъгæ, фæлæ мæм Мæскуыйæ телефонæй сдзырдта æмæ та мын ныллæгъстæ кодта:

– Мæнæ ам рынчындоны хуыссын. Кæд мæ де 'рдхордыл нымайыс, уæд сæ бабæстон кæ æмæ сæ, дæ бон куыд у, афтæ ирон æвзагмæ раив.

Рынчын адæймаджы ма фæстæмæ цы зæрдæйæ аздæхтаин? Цæмæй мæ мæ хицау ма бафиппайа æмæ мын ма бауайдзæф кæна, ардæм дæ кæйдæр куыстытæ кæнынмæ нæ райстон, зæгъгæ, уый тыххæй йын сæ сусæгæй биноныг кæнын æмæ ирон æвзагмæ ивын райдыдтон. Бынтон хылы-мылы бынæттæ нæ бамбæрстон, æмæ сæ иумæ тыхамæлттæй равзæрстам, Мæскуыйæ куы ссыди, уæд. Радтон æм сæ, æмæ сæ ахаста. Иубон та мæм хъуыддагхуызæй æрбауади æмæ мын стыр хорздзинад аразæгау талф-тулфæй афтæ:

– Цом театрмæ.

– Цæмæн?

– Бадзырд саразæм, æмæ дын гонорар бафидой.

– Ныртæккæ мæ уыдæттæм не 'вдæлы, – афсон ын кодтон æвиппайды, фæлæ мæм нæ байхъуыста. Лæгдыхæй мæ аласта æмæ мæ директоры кабинеты фæмидæг кодта. Директор – бæрзонд хæрзконд цыппорфондзаздзыд бурхил лæг – йæ бынатæй фестади æмæ мыл йæ мады зæнæгау бацин кодта. Телефонæй сæйраг бухгалтермæ фæдзырдта æмæ йын Дзахоимæ нæ хъуыддаг бæстон амонын райдыдта. Йæ рæсугъд тыхджын хъæлæс уæрæх райдзаст уаты музыкæйау зæлыди æмæ мын мæ зæрдæмæ æхсызгон æнкъарæнтæ хаста:

– Ацы лæг Гæраты Ирбег у.

– Зонын æй.

– Дзахойæн уырыссаг текст ирон æвзагмæ тæлмацгæнгæйæ, бирæ бафыдæбон кодта, æмæ йын бадзырд афтæ сараз, цæмæй гонорар сыгъдæгæй фæндзай мин сомы райса, – æрæджиау балхынцъ кодта йæ ныхас.

– Хорз, – разæнгардæй сдзырдта сылгоймаг æмæ феддæдуар и.

«Адон сызгъæрин адæм куы сты, æмæ сæ æз куынæ зыдтон», – цинывдылд хъуыды февзæрд мæ сæры.

Цалынмæ бухгалтер фæстæмæ здæхти, уæдмæ директоримæ рагон

хæлæрттау ныхæстыл фестæм. Дыууæ пьесæйы куыд ныффыстон, æмæ мæ Гæвди дыууæ хатты дæр куыд фæсайдта, уыдæттæ йын радзырдтон. Уый, йæ сæр разыйы тылд кæнгæйæ, афтæ бакодта:

– Гæвди ирон театрæн цы зиантæ æрхаста, уыдон ницавæр фыдракæндимæ абарæн ис. Йæ дзыпп æхцатæй дзаг кæнгæйæ дзы хъазæнхъул сарæзта. Ам куы нал и, уæдæй нырмæ бирæ рæстæг рацыди, фæлæ ныр дæр нæ къæхтыл слæууын нæма фæразæм, стæй ма дзæвгар рæстæг нæ бафæраздзыстæм. Бирæ азты дæргъы коллективы цы марг бауагъта, уый сыгъдæг кæнын нæ комы. Иу адæймагæй бирæ аразгæ у – хорзырдæм дæр, æвзæрырдæм дæр…

Ныхасгæнгæйæ, сабыргай рахызтыстæм, Дзахо цы спектакль цæттæ кæны, уымæ. Директор æмæ мæ режиссер, кæрæдзи дзыхæй исгæйæ, бауæндын кодтой, спектакль тынг хорз кæй рауайдзæн, ууыл. Фидар дзырд мæ райстой, спектаклмæ кæй æрбацæудзынæн æмæ артисттимæ театрдзаутæм сценæмæ кæй рацæудзынæн, уый тыххæй. Мæн æрыгонæй дæр театр мæхи æвдисынæн нæ хъуыди. Мæн театр хъуыди адæммæ царды рæстдзинад хæссынæн, фæлæ йæ куыд федтон, афтæмæй театры коллективæн ирон дзыллæтæм царды рæстдзинад хæссын йæ хъуыдыйы кæрон дæр никуы уыди.

Бухгалтер бадзырды дыууæ экземпляры æрбахаста, æмæ сыл директор йæ къух сæвæрдта. Иу дзы йæхимæ ныуагъта, иннæ та мæнмæ радта.

– Куыддæр нæм культурæйы министрадæй æхца æрбацæуа, афтæ дæм фæдзурдзыстæм, – зæрдæ мын бавæрдта фидарæй, æмæ дзы тынг разыйæ баззадтæн. Разыйæ баззадтæн Дзахойæ дæр, æнæнхъæлæджы мын фæндзай мины кæй бакусын кодта, уый тыххæй. «Уадиссаг æхцатæ не сты, фæлæ дзы мæ фаззæттæ сæхицæн иу дзаума уæддæр балхæндзысты», – ахъуыды кодтон мæхинымæр, мæ исбонил сæ банымадтон æмæ сæм æнæрхъæцæй æнхъæлмæ кæсын райдыдтон, фæлæ никуы æмæ ницы. Рæстæг цыди, æхца та нæ уыди. Иуафон мæм Дзахо æнкъардæй æрбацыди æмæ мын хъæстытæ кæныныл схæцыди:

– Артисттæн сæ рольтæ байуæрстон, фæлæ мæ сæйраг режиссер бакъуылымпы кодта. Йæхæдæг æндæр пьесæйыл кусын райдыдта æмæ мæныл йæ къахæй ахæцыди. Цæмæй бæстæ мæ сæрыл ма сисон, уый тыххæй мын директор капеччытæй мæ зæрдæ балхæдта – мæ мыздмæ мын иучысыл бафтыдта…

– Ирбегæн йæ гонорар кæд бафиддзыстæм? – бафарстон æй ком-
коммæ.

– Спектакль сценæйы куы сæвæрай, уæд, – радта мын цыбыр дзуапп.

– Æз æй афтæмæй нæ ныууадздзынæн. Мах иумæ кæй нæ фидауæм, уым ды ницы аххосджын дæ æмæ хъуамæ де ’хцатæ райсай.

– Ныхъхъуытты йæ уадз. Ме ’рдхорд дæ, æмæ йæ афтæ нымай, цыма дын уыцы тæлмац лæвар бакодтон.

Дзургæ-дзурын ме стъолы лагъзæй бадзырд райстон æмæ йæ аскъуыдтон.

– Кæсыс, бадзырд нæ саразтам, æмæ йыл тæрхондонмæ нæ бахъаст кæндзынæн.

– Æз ыл бахъаст кæндзынæн, æз! – загъта æртхъирæнгæнæджы хъæлæсæй æмæ ацыди.

Иуцасдæр рæстæджы фæстæ та мæм фæзынди æмæ мын цинхуызæй афтæ:

– Фæндзай минæй дын зæрдæ кæй бавæрдта, ууыл нал састи. Æз иу æмбырды бухгалтермæ фæдзырдтон æмæ йæ адæмы цур багæды кодтон. Уæддæр дын йæ цæст уыйбæрц æхца раттын нæ бауарзта, æмæ ма дзы фондз æмæ ссæдз мины ратыдтон. Ацу æмæ сæ райс.

– Цъыфы сæ сæвдылдта, æмæ мæ нал хъæуынц. Йæхицæн сæ уадзæд.

– Театры æхцатæй йæхимæ кæй ссивы, уыдон ын фагæй фылдæр сты. Йе ’фсымæры дæр ма дзы директорæй сæвæрын кодта, æмæ йын йæ хъаймагъ дыууæйæ знаджы хæдзармæ бабырсæгау зыдæй æмпулынц. Уыдонæн ныууадзыны бæсты сæ райс æмæ дзы дæ чызджытæн исты балхæн.

Алы хъуыддаг дæр мæ къухы æрдæгцъæррæмыхстытæ æмæ тыхтухæнтæгæнгæйæ кæй æфты, уый мæ маргæ кæны. Афтæ стыхсын, æмæ мæ æппындæр ницыуал фæхъæуы. Райсынмæ кæй фæхъавын, уый мын уæнгæлæй æнаддæр свæййы. Уыцы фондз æмæ ссæдз мины дæр мæ нал хъуыдысты, фæлæ та мæ Дзахо йæ фæдыл тыххæй аласта. Райстон сæ æмæ сæ иуцасдæр мæ армытъæпæны, æлгъгæнгæйæ, фæдардтон. Мæ зæрдыл æрлæууыди, гыццылтæ куы уыдыстæм, уæд ме ’фсымæр Тугъан, сыдæй мæлгæйæ, нæ куыдзы дзыхæй стæг куыд байста æмæ дзы дзидзайы муртæ куыд агуырдта, уыцы æбуалгъ ныв, æмæ сæм мæ зæрдæ схæццæ и. Директор фæлитой кæй разынди æмæ йæ ныхас кæй нæ сæххæст кодта, уый мын афтæ хъыг нæ уыди, спектакль сценæйы æвæрд кæй не ’рцыди, уый мын куыд хъыг уыди.

Кæд пьесæ æмæ роман рагон цаутыл фыст сты, уæддæр ныры рæстæг ирдæй æвдисынц, уæлдайдæр, роман. Йæ сæйраг хъайтартæ – расыггæнаг Антони, родтæмдзог Клеопатрæ æмæ æгъатыр Октавиан – се 'ртæ дæр сты бынты-быны хæлд. Се 'ппæтæй фидиссагдæр та у Октавиан. Римы æппæты стырдæр бынат йæ хæстæг Гай Юли Цезары фæрцы 'рцахста æмæ йын йæ фыртыл дæр нæ бацауæрста. Куы схъомыл уа æмæ йын йæ къæлæтджын куы байса, уый тæссæй йæ фысы 'ргæвст скодта, сенаторты Антони æмæ Клеопатрæйыл фæцардыдта, сæхи сын амарын кодта, æмæ йæ рахуыдтой Август, ома Хуыцауæй æрвыст табуйаг стыр лæг. Афтæ бæрзонд æй систой, æмæ ма йын йæ буц ном суанг къæлиндармæ дæр бахастой. Уæвгæ дзы Клеопатрæ дæр бирæ зæрдæхæлардæр нæ уыди. Уый та, йæ бынат хъахъхъæнгæйæ, йе 'фсымæры амарын кодта. Демократийы сæрвæлтау тох кæнынц, фæлæ дзы демократийæн йæ кой дæр нæй. Фыдыбæстæ бахъахъхъæныныл дзурынц, фæлæ дзы алчидæр тыхсы æрмæстдæр йæхи уд бахъахъхъæныныл æмæ æппæтæй кадджындæр суæвыныл. Спектакль ирон театры сценæйы æвæрд куы 'рцыдаид, уæд бирæтæн фæахъаз уыдаид æхсæнад æмæ адæймаджы удыхъæд хуыздæр бамбарынæн, фæлæ нæ не 'лгъыстаг царды бырынцъаг фæзилæнтыл æмæ нæ мæнгард хицæутты æгъатыр митыл хъуыды кæнын нæ фæнды. Фæлтау уæлæнгай спектакльтæм æнæмæтæй кæсдзыстæм æмæ сыл æнæмбаргæ сабитау уæгъд чыр-чыр кæндзыстæм.

* * *

Зæрдæ иу хъуыддагæй уæддæр куы рухс кæнид. Цы – куысты, цы – хæдзары. Сæ дыууæйæ дæр дард бæстæм алидз раст. Кæд иуæй-иу хатт Елиозмæ нæ бахæлæг кæнын. Йæ сæр цыдæр кодта, æмæ бирæ хъуыддæгтæ рох кæнын райдыдта. Цот ын кæй ис, уый дæр дзы ферох и. Æз дæр мæ зындзинæдтæ ферох кæнынмæ бæллын, фæлæ мæ æппындæр цух нæ уадзынц. Уæддæр ма мæхи фыдæвзарæнтæн исты хуызы бысхин, фæлæ мæ чызджытæ, мæ чызджытæ… Азтæ цыма сæ уæз æрмæстдæр уыдоныл æвæрынц, уыйау сыл мæлæты тынг ахадынц. Хæрз æрæджы дæр ма сывæллæттæ уыдысты, æмæ сæ мæт къаддæр уыди, ныр сæ цæстытæ фæсагъæсхуыз сты, æмæ, уыдонмæ кæсгæйæ, рæстæджы цыдимæ мæ катай тыхджынæй-тыхджындæр кæны.

Мæхи куыд хатын (уæлдайдæр, райсом раджы хуыссæнæй куы сыстын, уæд), уымæ гæсгæ мын бирæ цæрæнбон нал и, æмæ æз куы

амæлон, уæд мæ хистæр чызг исты амæлттæ кæндзæн, фæлæ мæ фаззæттæ цы фæуыдзысты? Куы фæасдæр уой, уæд сæ университеты дипломтимæ дуканитæм хуымæтæг уæйгæнджытæй дæр нал айсдзысты, æмæ сæ цард, сыдæй мæлгæйæ, æрвитдзысты. Уыцы хъуыды мæ иу ран нæ уадзы, мæ фæдыл зилы æмæ мæ удхарæй мары. Мæ райгуырæн бæстæйы социализмыл йæ чъизи къæхтæ чи ныссæрфта æмæ йæ хъæддаг капитализмæй чи баивта, уыдоны цыфыддæр ныхæстæй æлгъитын, фæлæ ме ’лгъыстытæ мæхицæй дарддæр никæдæм хæццæ кæнынц. Цыма мæ тыхст уавæрæй иучысыл куы фервæзон æмæ куы ’рсабыр уон, Светæ уымæй тæрсы, уыйау мын рæстæгæй-рæстæгмæ зылынгæнæджы хъæлæсæй мæ хъæдгомыл цæхх ныккæны:

– Нæ фаззæттæн исты куыстытæ ссар… Нæ мæлæты фæстæ Фаризæйы ’ккойы куы сбадой, уæд æй тухæнæй амардзысты, æмæ тæригъæд у…

– Æз æнæуи дæр фыр адæргæй цы фæуон, уый куынæ зонын, уæд ма мын ды та мæ зæрдæ карды фындзæй цы барæхойыс?! – фæзæгъын ын дæрзæг хъæлæсæй, æмæ мыл йæ маст исæгау нoджы карздæрæй йе ’нæхсæст ныхæстæ æрбакалы, кæмфæнды дæр дыл уайæнт, зæгъгæ:

– Уæдæ сыл хъуамæ æрмæстдæр æз сагъæс кæнон?!

Мæ зæрдæйы уаг мын æппындæр кæй не ’мбары, уый тыххæй йæм фыр мæстæй фæцæйтонын. Алывыдтæ йын-иу акалин, фæлæ мæ йæ мæстæймарæн ныхæстæм хъусын нæ фæфæнды, æмæ мæхиуыл ныххæцын.

– Мах уын уæ мадимæ куы нал уæм, уæд цæмæй цæрдзыстут? Кæд уæм нæ фæстæ уæ цард саразынæн исты хорз фæндтæ ис, уæд мын сæ зæгъут, æмæ ’рсабыр уон, – мæ фаззæттæм æрхатын зæрдиагæй, фæлæ мын ницы фæзæгъынц, æмæ мæ тыхст уавæр фæуæззаудæр вæййы. Иубон мæ хъæстытæ Фаризæйæн фæкодтон, æмæ мын афтæ:

– Ма сын тæрс, папæ. Уыдон дурты бын дæр нæ фесæфдзысты. Фæлтау дæхи мæт бакæн. Дохтыртæм цом æмæ сын дæ цæстытæ фенын кæнæм.

Йæ ныхасыл дыккаг нал загътон æмæ йæ фæдыл араст дæн. Поликлиникæйы рынчынтæй къух бакæнæн нæ уыди, æмæ мæм афтæ фæкасти, цыма адæм иууылдæр цæстыты низæй сæйынц æмæ се ’гъатыр тугцъир хицæутты уымæн нæ уынынц. Иу фыдцъылызарæзт ныллæг сылгоймаг урс халаты цалдæр кабинеты ’хсæн мæнæй тыхст-

хуыздæрæй силлæг и. Куы-иу иу ран фæмидæг и, куы – иннæ ран. Æнхъæлмæ кæсынæй йæм куы сфæлмæцыдтæн, уæд æй æппынфæстаг мæнмæ дæр равдæлди. Кæдæмдæр тагъдгæнгæйæ мын мæ цæстыты цыдæр тæнгъæд ныттагъта æмæ та æваст æрбайсæфти. Мæ уавæр бæлвырд февзæрдæр и, æмæ Фаризæйы хъусы худæнбылæй бадзырдтон:

– Нæ хъæуы иу лæг æхсæв фынæйæ йæ хуыссæн хуылыдз кодта æмæ йæхи сдзæбæх кæныны тыххæй дæсныфæрсæгмæ бацыди. Уый йын чиныг скодта, æмæ ма йæ хуыссæн чъизи кæнын дæр райдыдта. Мæнæн дæр раст ахæм ми ’рцыди. Нырмæ цы уыдтон, уый дæр нал уынын. Дуне мæм уыцы иухуызон фæлурсæй зыны, цыма йыл бæзджын мисын ныччындæуыди.

– Уыцы уавæр дын бирæ нæ ахæсдзæн. Цæмæй дæ цæсты гагуытæ фæуæрæхдæр уой, æмæ йæм сæ низ хуыздæр разына, уый тыххæй дын дзы хос ныттагъта, – æрсабыр мæ кодта Фаризæ. Къæлидоры ма иуцасдæр куы абадтыстæм, уæд мæ дохтыр иу кабинетмæ бахуыдта, мæ цæстытæм мын фæракæс-бакæс кодта æмæ загъта:

– Дæ дыууæ цæсты дæр ис катарактæ, иуы – къаддæр, иннæйы – фылдæр, æмæ сæ хъæуы сдзæбæх кæнын. Уыцы низ æнцон операцигæнæн у. Дæ цæстыты уавæрмæ кæс, æмæ, куы февзæрдæр уа, уæд хирургмæ бацæудзынæ.

Адæймаг стырзæрдæ у. Цалынмæ йыл йæ низ нæ фæуæлахиз уа æмæ йæ не ’ртасын кæна, уæдмæ йæм ницы хъары. Æвæстиатæй хирургмæ ацæуыны бæсты та журналистты æнæхсæст уацхъуыдтæ æмæ тæлмацгæнæджы æнахъинон тексттæ кæсынæй балæууыдтæн, мæ иу цæстæй æппындæр нал уыдтон æмæ фæтарстæн. Цыма мын Фысджыты цæдисы сæрдар мæ уавæр бамбæрста, уыйау мæм телефонæй æрбадзырдта:

– Дæ бон хорз.

– Æгас цу, чидæриддæр дæ, – йæ салам ын хъазыны ‘рдæм аздæхтон æз.

– Мæ хæдивæг ацыди. Кæд дæ йæ бынаты кусын фæнды, уæд рацу.

Фыццаг цæуыл ахъуыды кодтон, уый уыди ме ’нæрай хъысмæт. Хынджылæг мæ кæны, куыддæриддæр æй фæнды, афтæ. Дыууæ азы размæ Гæлæуæн зæрдиагæй бауайдзæф кодтон, сæрдары бынатæн æгæр зæронд куы дæ, уæд кæдæм цæуыс, зæгъгæ, ныр, уымæй хистæр уæвгæйæ, мæхæдæг йæ хæдивæджы бынатмæ цæуын. Никуы мæ бауырныдтаид, искуы Гæлæуы хæдивæг суæвынæй сразы уыдзынæн, уый,

фæлæ уавæр аразæг у, зæгъгæ, дзæгъæлы нæ фæзæгъынц. Уацхæсджыты æмæ тæлмацгæнæджы æнæхсæст хъуыдыйæдтæй кæй фервæздзынæн, уый цинæй йæм æфсæн базыртыл тæхæгау атындзыдтон. Цы рæсугъд ныхæстæ мын фæкодта, уыдон мæ зæрдæмæ фæцыдысты. Ноджы ма мæ йæ секретарь æмæ бухгалтер дæр сабыртæ кæнынил схæцыдысты:

– Ам дын бирæ куыст нæ уыдзæн, æмæ дзы редакцийы хуызæн удхарæй нæ мæлдзынæ.

Æртыназдзыдæй, газеты редакцийы кусгæйæ, журналисттæй иу æнахуыр хабар фехъуыстон. Мæ зæрдæйы йæ цыппор азæй фылдæр фæхастон. Бавналынмæ йæм-иу куы хъавыдтæн, уæд та-иу дызæрдыг хъуыдыты уацары бахаудтæн, æмæ-иу æй фæстæдæрмæ аргъæвтон. Бирæ азты дæргъы телевизорæй æмæ радиойæ цы хъусын, газетты æмæ журналты цы кæсын, уыдонмæ гæсгæ, ивгъуыд æнусы, æртын æвдæм азы, «иу лæджы азарæй» чи бацарæфтыди, уыдон иууылдæр уыдысты сыгъдæгзæрдæ фæллойгæнджытæ, æхсидгæ патриоттæ, раст зондыл хæст лæджыхъæдджын адæм, æппынфæстаг, æнæлаз зæдтæ, чи сæ ахсын кодта, уый та – тугцъир, фыдгæнæг, æгъатыр залым, лæджыфыдхор.

Зæронд журналисттæ, сусубусугæнгæйæ, хъус-хъус кæй дзырдтой, уыцы хабар мын равдыста бынтон æндæр ныв. Сæ ныхæстæм гæсгæ, залымы амæттæгтæ се 'ппæт æнæлаз зæдтæ нæ уыдысты. Рагæй кæмæ бахъæв-бахъæв кодтон, уыцы æнæфыст радзырды хъæйтары мæ фæлгæнæны ирдæй федтон, йе 'ртæ фыртмæ йын лæмбынæгдæр куы 'ркастæн æмæ сæ хуыздæр куы базыдтон, уæд, уæлдайдæр, астæуккаджы. Уыдис тынг рæсугъд, тынг æдзæсгом æмæ тынг сылуарзаг. Бирæ чызджыты йæхиуыл æрæууæндын кодта, æмæ се 'ппæт дæр фенамонд сты. Йе 'гъатыр митæй иуыл дæр не 'рфæсмон кодта. Фæсмон нæ, фæлæ ма йæ сæр бæрзæндты дæр хаста, йæхицæй мын æппæлыди, æмæ йын йæ фæстæ йæ хæзгултыл йæхи чи ирхæфста, уыцы нæлгоймæгтыл былысчъилæй худти.

Йе стырхицау фыд дæр, дам, ахæм æгъатыр æмæ æнæфсис уыди æмæ æртын æвдæм азы бæстæйы хъомпал уавæрæй æнтыстджынæй спайда кодта. Мæнгард миты фæрцы, сылгоймæгты рæвдаугæйæ, цы рамбылдта æмæ нæ цъиуты сайд бæстæйы цы бынат æрцахста, уый ингæнмæ куыд хъуамæ ахæссон? Бирæ азты дæргъы адæмы сæры цы иумæйаг хъуыды ныффидар и, мæ радзырд уый ныхмæ арæзт уыдзæн,

фæлæ мæ ахæм лыстæг хъуыддæгтæ нæ тæрсын кæнынц. Рæстдзинад сын хъуамæ иу адæймаг уæддæр зæгъа...

Æнæсæрфат дзыллæтæ се ’дзæсгом хицæутты фæдфæливæн ныхæстæм куы ныхъхъусынц, семæ куы сразы вæййынц æмæ ма сын сæ сæ фæстæ æцæгхуызæй фæлхат дæр куы фæкæнынц, уæд мæм æдылы цæукъайы фæдыл былæйхауæнмæ гуылфгæнæг гугын фысты хуызæн фæкæсынц, æмæ мæ семæ цæуын нæ фæфæнды. Æнахъæл бардзы ’хсæн барджынæй лæууыны æмæ мæхицæй стыр лæг аразыны бæсты фæлтау рæстдзинад зæгъыны охыл цыфæнды тæссаг дурты зæймæ дæр мæ риу дардзынæн...

* * *

Нæ бæстæйы мулчытæ иууылдæр Фаризæмæ куы уаиккой, уæддæр сæ æнæвгъауæй мæнæн балæвар кæнид. Дохтыр ын мæ уавæр дызæрдыггæнгæйæ æмæ иппæрдхуызæй афтæ бамбарын кодта, цыма, цы дзырдта, ууыл йæхæдæг дæр кæронмæ не ’ууæндыди, æмæ йæ дæли-уæли ныхæстæ мæ чызджы зæрдæмæ нæ фæцыдысты.

Ноджы ма-иу æй æз дæр баййардтон:

– Мæнмæ гæсгæ мæ хорз дохтырмæ нæ бакодтай. Мæ цæстыты мын хос куы ныттагъта, уæд мæм дуне куыд урсæй разынди, ныр дæр мæм афтæ урсæй зыны. Рæстæг рацыди, фæлæ мисхал дæр нæ фендæрхуызон и, ды та мын афтæ загътай, уыцы уавæр дын бирæ нæ ахæсдзæн.

Иугæр нæ дыууæйы зæрдæмæ дæр нæ фæцыди, уæд ма Фаризæйы бафæндыди, фидын кæмæн хъуыди, ахæм дохтыры бафæрсын, фæлæ æз йæ ныхмæ цæхгæр ныллæууыдтæн:

– Уæлдай æхцатæ нæм нæй, æмæ нæ мæгуыр капеччытæ доны ма кал. Уый дæр нын æндæр ницы зæгъдзæн. Фæлтау уыцы иу цыдæй хирургмæ цом.

– Æнæ дохтыры гæххæттæй дæ нæ райсдзæн. Уымæ дæ хъуамæ исчи арвита. Æз горæты хуыздæр офтальмологимæ баныхас кодтон, æнхъæлмæ нæм кæсы, æмæ йæм рæвдздæр цом! – загъта мын фидарæй, ома хъуыддаг лыггонд у, æмæ йыл дзурын нал хъæуы.

– Къæппæджы бахаудтæн. Раздæр мын иу бардзырддæттæг уыди – дæ мад, ныр мын дыууæйæ мæ хурхыл хæцут, – бахъуыр-хъуыр кодтон мæ фындзы бын æмæ, мæ зæрдæ ницæуыл даргæйæ, йæ фæдыл араст дæн. Иу зæрдæмæдзæугæ рæстæмбискар сылгоймаг ныл йæ хæрзгæнджытау, мидбылхудгæйæ, сæмбæлди, иу аппаратæй мæ

иннæмæ фæракæ-бакæ кодта æмæ мын мæ цæстытæм биноныг фæкасти, сызгъæрин мæсгуытæ мын фæцамадта æмæ хирургмæ телефонæй бадзырдта, æвæстиатæй мын операци скæнын кæй хъæуы, уый тыххæй. Гæххæтт мын рафыста, æмæ мæ хирургмæ арвыста. Уый та мын цалдæр уаты алыхуызон аппараттæй мæ цæстытæм нодвжы бæстондæрæй фæракæс-бакæс кодта, æрыгон чызгæн ма мын мæ туджы ’лхъывдад дæр сбарын кодта æмæ мын загъта:

– Бирæ рынчынтæ мæм ис. Куыддæр сæ феуæгъд уон, афтæ дæм фæдзурдзынæн.

«Æййафын æмæ æнхъæлмæ кæсын тынг зын у», – зæгъы уырыссаг æмбисонд, æмæ æз йемæ разы дæн. Мæ цæстытæ цы урс уыдысты, уымæй тынгдæр ныуурс сты, хирургмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ. Кæд дзы рох фæдæн, зæгъгæ-иу, мæхимидæг бакатай кодтон. Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу Фаризæйы администратормæ телефонæй бадзурын кодтон, æмæ йын-иу сылгоймаг æхсаргардæй æрцъыкгæнæгау уазал хъæлæсæй цыбыр дзуапп радта:

– Нæма йæ ’вдæлы!

Фыр æнхъæлмæ кæсынæй мæ цъæхбыл куы сцæйхаудта, уæд æй кæддæр-никæд мæнмæ дæр равдæлди, æмæ мæм администратор йæхæдæг æрбадзырдта:

– Рацу, æцæг дын дыууæ боны поликлиникæйы хуысгæ ’рцæудзæн, æмæ дæ уым цы бахъæудзæн, уыдон демæ рахæсс.

Светæ мæ сифтонг кодта, æмæ Фаризæимæ ацыдыстæм. Ногæй та мын мæ цæстыты уавæр иуцасдæр фæбæрæг кодтой, стæй мæ иу уатмæ бахуыдтой. Мæхимæ дæр диссаг фæкасти, фæлæ мæ сылгоймаг-хирург операцигæнæн стъолыл куы ’рхуыссын кодта, уæд æппындæр нæ фæтарстæн. Цыдæр æнахуыр ныфсдæттæн профессионалон тых æмæ сабыргæнæн уддзæф мæм дзы ивылди, æмæ мæ уыдон тыхсын нæ бауагътой. Мæ цæстимæ мын архайын куы райдыдта, уæд мæ ницы рысти, æмæ афтæ æнхъæл уыдтæн, операцимæ мæ цæттæ кæны. Сыст, зæгъгæ, мын куы загъта, уæд джихæй аззадтæн æмæ йæ цымыдисæй афарстон:

– Операци ахицæн и?

– О, – дзуапп мын радта ахæм хъæлæсы уагæй, цыма мын æппындæр ницы хорздзинад сарæзта, мæ цæст мын бабаста æмæ мæ палатæмæ арвыста. Медицинон хотæ мын дыууæ боны мæ цæсты алыхуызон хостæ

фætагъ-той. Хирург ма мæ фæстаг хатт йæхимæ бахуыдта, мæ цæстмæ мын лæмбынæг фæкасти æмæ йæ сабыргæнæн хъæлæсæй афтæ бакодта:

– Хрусталик йæ бынаты хорз бады, æмæ йын ницы тас у, фæлæ цалынмæ нæ ныффидар уа, уæдмæ уæззæуттæ ма ис, стæй гуыбырæй ма кус. Мæнæ ацы гæххæтты цы амынддзинæдтæ ис, уыдон иууылдæр æххæст кæн. Мæй æмæ ’рдæг-дыууæ мæйы фæстæ-иу æрбацу, æмæ дын иннæ цæстæн дæр операци скæндзыстæм.

Гæххætt мын радта æмæ мæ нæхимæ рарвыста. Мæй æмæ ’рдæг мын Фаризæ мæ цæсты цыппар хосы фæтагъта, æмæ та хирургмæ бацыдтæн дыккаг цæстæн операци скæнынмæ, æцæг ацы хатт – Светæимæ.

– Иннæ рынчынтæй мæ дæумæ нæ равдæлдзæн, æмæ дын æндæр дохтыр скæндзæн операци, – загъта мын хирург.

– Æндæр дохтырмæ-ма йæ ма ’рвит. Дæ хорзæхæй… Дæ къухы ’внæлд ын æвдадзы хосау феххуыс и, æмæ йын æххæст йæ дыккаг цæстæн дæр дæхæдæг скæн операци. Дæ хорздзинад дын нæ ферох кæндзыстæм… – ныллæгъстæ йын кодта Светæ. Сылгоймаг исдугмæ дызæрдыг хъуыдыты аныгъуылди, стæй фæлладхуызæй арф ныуулæфыди æмæ мынæг хъæлæсæй афтæ бакодта:

– Гъемæ хорз. Райсом-иу æрбацу.

Йæ дыккаг операци дæр фæрæстмæ и, æмæ мæм дуне диссаджы ирд æмæ рæсугъдæй разынди. Бирæ азты мæм уæларвæй чи ’рттывта æмæ мын мæ сусæг ныхæстæм æдзæмæй чи хъуыста, уыцы ’хсæвдзырагъ дæр цæхæр скалдта æмæ та мæм ногæй бахудти. Мæ зæрдæ барухс и, æмæ ма мæ ирвæзынгæнæг хирургæн фыр цинæй зæрдæлхæнæны æдде мæ радзырдты чиныг дæр балæвар кодтон мæнæ ацы фыстимæ: «Дунейы рухс ногæй федтон дæ фæрцы æмæ дын дæ рухс сурæт мæ зæрдæйы фæхæсдзынæн мæ царды кæронмæ». Ацы ныхæстæ мæ зæрдæйы бынæй кæй рацыдысты æмæ сæ дзуармæ кувæгау кæй дзурын, ууыл мисхалы бæрц дæр дызæрдыг нæ кæнын, уымæн æмæ дзы, зæгъæн куыд нæй, афтæ æгæрон бузныг дæн.

* * *

Цуанон цы ком нæ басгары, уый сырдджын хоны. Æрыгон ма куы уыдтæн, уæд уацхæсджытæн хъазгæйæ цы ’ртæ æнцон куысты ранымадтон, уыдонæй иуы – газеты бæрнон секретары бынаты – зæрондæй дыууæ азы мæ уыргтæ фæхостон æмæ дзы хорзæй ницы федтон. Фыдæбон – бирæ, мызд – гыццыл. Мæ къухтæм дæр ма ’мхасæнтæ

кодтон, æмæ дзы мæ бон цыбыр радзырд ныффыссын дæр нæ баци. Æмæ ма радзырд – гъа (нæ фæлдурæдджджын рæстæджы ма, Интернет æмæ дзыппыдаргæ телефонты цымыдисаг хабæрттæ зыдæй агургæйæ, литературæ кæй хъæуы?), фæлæ газеты уацхæсджытæ, талф-тулфæй фысгæйæ, хынджылæггаг кæмæй сарæзтой, уыцы къуымых дыр-къуым æвзаг кæй ничиуал сраст кæндзæн, уый мæ сæрымагъзы алы чырæгæй дæр бамбæрстон, мæ зæрдæ ныккæрзыдта, æмæ фыр æнæ-бонæй ме уæнгтæ æрызгъæлдысты. Журналистикæ мын куыд æнад уыди, уымæй тынгдæр мын сæнад и, æмæ дзы кæй фервæзтæн, ууыл зæрдæбынæй райын.

Дыккаг æнцон куыст мын уыди Фысджыты цæдисы сæрдары бынат. Уырдæм нал схæццæ уыдзынæн, фæлæ бынтон æнæнхъæлæджы йæ хæдивæгæй кусын райдыдтон æмæ, бирæ азты дæргъы цы радзырд ныффыссынмæ хъавыдтæн, уый ныффыстон. Афтæ мæм кæсы, цыма, адæмæн сæ цæстытæ цы хъуыддагмæ байгом кодтон, уый сæм ба-хъардзæн, кæд ма сæм аивадон уацмысы хуызы исты хъары, уæд. Мæ бæллиц рæстдзинадмæ цас хæстæг у, уый Хуыцау йæхæдæг дæр нал равзардзæн, фæлæ йыл уæддæр мæ зæрдæ гæзæмæ дарын.

Диссæгтæ æмæ æмбисæндтæ! Хъыс-хъысгæнгæ мыл сæххæст ис æвдай аст азы. Уыцы кары лæг йæ хæдзары æнцад фæбады æмæ йæ фæллад фæуадзы, мæн та мæ удхайраг хъуыдытæ тухæнæй марын райдыдтой. Мæхицæй сæ асурын, фæлæ та мæм уайтагъд фæстæмæ ’рбаздæхынц æмæ мыл ноджы уæззаудæрæй æрæнцайынц. Иугæр мæ цæстытæй рухс дунемæ ногæй ракастæн, стæй мæ зæрдæ йæ кусынæй не ’нцайы, уæд мын, æвæццæгæн, ме сфæлдисæг æрдз æмбарын кæны, ноджыдæр ма мын иу фадат кæй дæтты, уый, æмæ дзы хъуамæ æнæмæнг спайда кæнон. Цыфæнды зынæй дæр хъуамæ мæ трилогимæ раздæхон æмæ йæ кæронмæ фыст фæуон, науæд афтæ рауайдзæн, цыма æз социализмæй ме сæфт уынын, капитализмыл та ’рхъæцмæ дæр нæ хъæцын. Уый уыдзæн, сраст кæнын кæй нал бафæраздзынæн, ахæм æвирхъау рæдыд.

Фæнды мæ, коммунистон партийы фæрцы егъау паддзахады сæрмæ чи схызти, уыцы мæнгард цæстфæлдахджытæ, æгъатыр тыхтонагæн-джытæ, фыдыбæстæ уæйгæнджытæ æмæ адæмы цыфыддæр знæгтæ дзыллæты «коммунизмы цæхæркалгæ бæрзæндтæм æвдгаймил сан-чъехтæй» хонгæйæ, бæстæ хъæддаг капитализммæ куыд раздæхтой æмæ сыгъдæг адæмы зындоны арты удхар кæнынмæ куыд баппæрстой,

æбарвæнд цагъайрæгтæ сæ куыд сарæзтой æмæ сæ æдылытæй куыд тонынц, уый равдисын. Уымæй уæлдай ма мæ фæнды мæ трилогийы сæйраг хъайтарæн йæ сабибонтæй йæ зæронды бонтæм арвы бын, аккаг бынат æрцахсыныл хъазуатонæй тохгæнгæйæ, йæ рухс бæллицтæ иууылдæр куыд басыгъдысты, уый ирон адæммæ аивады хуызы рахæссын. Дзуары цур мæ бон ард бахæрын у: иу гæды ныхас дæр нæ зæгъдзынæн, кæй базыдтон, уыцы адæмæй иуыл дæр, цы уыди, уымæй уæлдай ницы æрымысдзынæн, цъыф та æппындæр никæуыл бакалдзынæн. Ауæрдгæ дæр никæуыл бакæндзынæн, суанг мæхиуыл дæр. Иугæр рæстдзинады фæндагыл ныллæууыдтæн, уæд ыл хъуамæ кæронмæ æдæрсгæйæ ацæуон…

Мæ чиныгæй капекк дæр нæ бакусдзынæн. Уый нæ, фæлæ ма йыл мæ фæстаг æхцатæ дæр бахардз кæндзынæн. Æрвылбон, мамæлайы къæбæр амалгæнгæйæ, мæ рæстæг аивгъуыдта, стæй мæ хъарутæ баихсыдысты, мæ буар ныууæззау и, иуварсырдæм чысыл фæзилгæйæ дæр мæ цæнгты æмæ мæ зæнгты нуæрттæ куы нылхынцъытæ вæййынц, уæд дзы фыр рыстæй мæ уд сцæйхауы, æмæ, адæргæй цы фæуон, уый нал фæзонын. Мæ къухты ’нгуылдзтæ дæр æлхынцъытæ кæнынц æмæ мæ коммæ нал кæсынц, фæлæ уæддæр мæ ныфс кæронмæ нæ сæтты. Цыдæр мæнгæфсон хал ма дзы йæхиуыл, дзедзыройгæнгæйæ, тыххæй хæцы æмæ мæ уый мæ хъарутыл æууæндын кæны.

* * *

Ме ’фсины къуырийы дæргъы доны хъæстæ дæр ма фæкæн, æрмæст ын цыфæнды гыццыл хъуыддаджы тыххæй дæр мæн фæаххосджын кæныны фадат ратт. Æхсызгонæй дзы спайда кæндзæн æмæ ма дæ æгæрон бузныг дæр фæуыдзæн, цыма йын стыр хорзы бацыдтæ, уыйау. Алы ран дæр ын æз вæййын аххосджын. Йæ рынчын ахуырдзаутæй мæм æхснырсæг куы ’рбахæссы, уæддæр йæ пырх мæныл акалы, дæуæй мыл бахæцыд, зæгъгæ. Зæрдæбын арфæтæ райсынмæ йæм кæм фенхъæлмæ кæсын, уым дæр мæ карз уайдзæфты бын фæкæны æмæ мæ цъыфимæ сызмæнты. Цал æмæ дзы цал хатты фехъуыстон мæнæ ацы мæстæймарæн ныхæстæ:

– Дæ чызджытæн сæ сæрты ницæйаг зонд бауагътай æмæ сæ фенамонд кодтай!

Цы зæгъынмæ фæхъавы, уый фæзонын, фæлæ ма йæ уæддæр ницымбаргæхуызæй бафæрсын:

– Мæ чызджыты кæмæй æнамонд кæнын, уый цавæр зонд у, цымæ?

– Куы рахъомыл сты, уæдæй фæстæмæ сын уыцы иу æдылы ныхæстæ кæныс: «Иумæйаг царды æппæтæй сæйрагдæр уарзондзинад у, æмæ уæ æнæ уарзгæйæ мачи смой кæнæд»! Хъусынц дæм, нæ фарсмæ бадынц æмæ зæронд кæнынц!

– Мæ иннæ ныхæстæм мын куынæ хъусынц æмæ иудадзыг сæхи фæнд куы тæрынц, уæд мæ коммæ æрмæстдæр уыцы хъуыддаджы кæсынц?

– Зылын фæндагыл æнцондæр цæуæн у!

Нæ дыууæйæ чи растдæр у, уый æз нæ зонын, фæлæ зæрондæй дæр мæ зонд нæ ивын: кæй нæ уарзыс, уыимæ æнус тъæпп-рæхуыстæй æдзæхх цæрдтытæ кæныны бæсты, кæй уарзыс, уыимæ чысыл рæстæг æхсызгонæй арвит æмæ уыцы адджын минуттæ дæ амæлæты бонмæ дæ зæрдæйы, рæвдаугæйæ, фæхæсс. Мæнмæ гæсгæ, Фаризæйæн мæ уарзæгой зæрдæ балæвар кодтон, æмæ уый дæр ахæм зондыл хæст у. Ныр цалдæр азы иу лæппуйы уарзы. Йæ ном дæр мын нырма æрæджы загъта – Булат. Сæ рæстæг иумæ зæрдæрайгæйæ арвитынц, стæй сæ мыды къæм бахауы, æмæ фæхъаугъа вæййынц. Лæппу иуцасдæр рæстæг фесæфы, æмæ Светæ Фаризæйæн лæгъстæ кæнын райдайы:

– Куы дæ уарзид, уæд йæхицæн ныууадзынæй тæрсид æмæ демæ афтæ æнцонæй нæ хылтæ кæнид. Фæуадз-ма йæ æмæ дæ усгуртæй æндæр искæмæ смой кæ, науæд, уымæ æнхъæлмæ кæсгæйæ, замманай лæппутæй фенæхай уыдзынæ æмæ иунæгæй баззайдзынæ.

Æз ын мæ хъуыдытæ афтæ 'ргомæй нæ дзурын, фæлæ йын сæ, дæрдтыл зилгæйæ, йæ хъусы бацæгъдын:

– Адæймаджы миддунемæ ныккæсынхъом кæй дæ, уыл æууæндын æмæ дын иу зонд амонын. Зухрайæн йæ зæрдæйы уаг мæнмæ куыд ивта, уый фæстаг аз тынг хорз уыдтон. Кæй нал мæ уарзта æмæ мæ ныууадзынмæ кæй хъавыди, уый йæ уазал ахастæй æмæ, мæ хъыджы бацæуынæй кæй нал тарсти, уымæй бæрæг уыди, фæлæ ма дзы уæддæр дзæвгар рæстæг мæхи фæсайдтон. Мæ царды мæ ивын ницы фæндыди æмæ, цæстылуайгæ амондмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ, базæронд дæн. Ды мæ рæдыд ма 'руадз æмæ дæхи ма фæсай. Ды дæр мæ хуызæн æвирхъау зындзинад куы бавзарай æмæ де 'намонддзинадыл куы кæуай, уæд мæ зæрдæйы хъæдгæмттæ ногæй байгом уыдзысты æмæ ноджы тынгдæр срисдзысты.

– Ма мын тæрс, папæ. Булат мæ бирæ уарзы. Бар ын куы раттин, уæд дæм абон дæр йæ минæвæртты ’рбарвитид.

– Уæдæ йын бар цæй тыххæй нæ дæттыс? Йемæ цæрыны фаг æй нæ уарзыс?

– Уый йеддæмæ мæ ничи хъæуы, фæлæ æгæр хивæнд у. Иучысыл ма ахъуыды кæна. Мæнæй куы фæхицæн уа, уæд цы хæзнайæ фенæхай уыдзæн, уый бамбара æмæ мын аргъ кæнын зона. Цæмæй йын йæ удыхъæд хуыздæр раиртасон, уый тыххæй фылдæр хæттыты загъд мæхæдæг ракъахын.

Фаризæйы амондмæ мæ былыцъæрттæ хæрын, фæлæ йын æрмæст йæхиуыл нæ тыхсын. Радиокомитеты кæимæ куыстон, уыцы операторты хицауы ныхæстæ арæх æрымысын: «Мæнæн-иу мæ дыууæ чызджы кæрæдзийы дзыккутæ куы ныттыдтой. Иумæ æппындæр нæ фидыдтой. Хистæр чындзы ацыди, æмæ кæрæдзийыл æрхъæцмæ дæр на хъæцынц».

Фаризæ куы смой кæнид, уæд кæд мæнæн дæр мæ чызджытæ кæрæдзийыл фенувыддæр уаиккой. Ницытæ æмæ мацыты тыххæй куы фæхъаугъа вæййынц, уæд мæ зæрдæйы уарзондзинады бæсты тæригъæд сæйраг бынат æрцахсы, мæ цард мын сæнад вæййы, æмæ, бинонтæ кæй скодтон, уый тыххæй ногæй æмæ ногæй фæсмоны арты судзын райдайын. Мæн æрсабыр кæныны бæсты мын Светæ мæ зæрдæмæ дызæрдыг бахæссы:

– Дæуæй афтæ, Фаризæ куы смой кæна, уæд æм нæ фаззæттæ сæ зæрдæйы уаг аивдзысты? Нæ мæ уырны. Амондджын куы уа, уæд æм тынгдæр хæлæг кæндзысты…

– Тæхуды, иу хатт дæуæй дæр иу зæрдæмæдзæугæ ныхас фехъус. Ælхысчъытæ æмæ ардауæн ныхæстæ кæнын йеддæмæ ницы зоныс, – бахъуыр-хъуыр ыл кæнын æмæ дзы мæхи иуварс айсын.

Мæ чызджы мæ мæ мидхъуыдыты дæр æфхæрын нæ фæнды, фæлæ йæ уарзоныл цас æнувыддæр кæны, уыйас æй Зухраимæ арæхдæр фæбарын. Зухра мыл иурæстæг фыр уарзтæй суртæ-уадзгуытæ кодта. Йæ мад æй мæнæй фервæзын кæныны тыххæй йæ райгуырæн бæстæмæ куы кодта, уæд ма йын афтæ дæр загъта:

– Мамæ, амар мæ æмæ мæ, Ирбег цы зæххыл цæуы, уым баныгæн! Æз ардыгæй никæдæм ацæуудзынæн!

Мæхи цур та гыццыл кардæй йе ’нгуылдз барæхуыста æмæ мын

йæ тугæй ард бахордта:

– Мæнæ дын ацы тугæй ард хæрын, мæ амæлæты бонмæ дæ кæй уарздзынæн æмæ дыл гадзрахатæй кæй никуы рацæудзынæн, уый тыххæй!

Уæддæр ма йæ зæрдæ æндæр лæппутæм æхсайдта, Фаризæ та æрмæстдæр Булаты уарзы, сомы дæр ын нæ кæны, ард дæр ын нæ хæры, афтæмæй нæ йæ мадимæ æндæр лæппутæн сæ кой кæнын дæр нæ уадзы. Зухра æртæ азы дæр нæ бабыхста æмæ мæ лидзæг фæци, Фаризæ та фондз азæй фылдæр быхсы. Зухра йе ’ууæнк фесæфта æмæ ма мæн æдде йæхи дæр фенамонд кодта, Фаризæйæн йæ уарзоныл гадзрахатæй рацæуын йæ фæсонæрхæджы дæр нæй. Йæ амондыл фидарæй æууæнды æмæ йæм ныфсджынæй цæуы. Булаты кæй самондджын кæндзæн, ууыл дæр дызæрдыг нæ кæны.

Ахæм сызгъæрин зæрдæ кæмæн ис, уымæй куыд нæ хъуамæ уон сæрыстыр!

Сæрыстыр дзы бæргæ дæн, фæлæ мæ катай иу минут дæр цух нæ уадзы. Иунæгæй куы баззайа, уымæй тæрсын, æмæ мæ уыцы тас цардыл цин кæнын нæ уадзы.

Райкæ æмæ Кæсæби Лизæйы ме ’вджид бакæныныл афтæ тынг цæмæн архайдтой, уый кæронмæ нырма ныр бамбæрстон. Базыдтой мæ, æмæ сæ зæрдæмæ фæцыдтæн. Сæ чызджы сын кæй никуы бафхæрдзынæн, йæ хъыджы кæй никуы бацæудзынæн, царды зындзинæдтæй йæ кæй хъахъхъæндзынæн, уый бамбæрстой, æмæ сæ мæн йеддæмæ сиахсæн ничиуал хъуыди.

Æз Булаты нæ зонын, æмæ мын алыхуызон сагъæстæ мæ зæрдæ ’хсынынц. Мæ чызг æй уарзы, фæлæ йæ уый дæр уарзы? Куы йæ уарзид, уæд ыл къуыригæйттæ, стæм хæттыты та мæйгæйттæ хъæцид? Мæхæдæг æрыгонæй цы уавæры уыдтæн, уый зонын æмæ йыл тынг не ’ууæндын. Фаризæйы хуызæн уæздан, фырнымд, зондджын, алцæмæй æххæст чызгыл хъуамæ ’рхъæцмæ дæр ма хъæцид, хъуамæ йын авгау æрхауынæй тæрсид, уымæй та цыма рох фæвæййы, уыйау дзæвгар рæстæг йæ кой, йæ хъæр дæр никæцæйуал райхъуысы. Мæ катай мæ риуы куы нал фæцæуы, уæд мæ ’рфæнды Фаризæйæн бардзырд раттын:

– Ныууадз æй! Ахæм дурзæрдæ сиахс нæ ницæмæн хъæуы!

Фæлæ мæхи ныууромын. Куы фæрæдийон æмæ мæ чызджы куы

фенамонд кæнон. Зын уавæры дæн, фæлæ къуырцдзæвæнæй куыд рацæуон, уый нæ зонын æмæ æдзæмæй сагъæс кæнын.

* * *

Адæймаг куы фæкардджын вæййы, уæд бирæ азты дæргъы хохы цъупмæ, тыхтухæнтæгæнгæйæ, цы дурджын гуыргъахъхъ фæндæгтыл фæхизы, уыдоныл ногæй афæлгæсы æмæ йæ фæллæйттæ нывыл кæнын райдайы. Афтæ йæм фæкæсы, цыма стыр куыст бакодта. Ныфс æй вæййы, йæ фæстæ цы фæлтæртæ ’рбацæуа, уыдоны йæ бынтæ кæй бахъæуудзысты æмæ йын йæ хорз хъуыддæгтæ дарддæр кæй ахæццæ кæндзысты, уымæй. Мæнмæ ахæм ныфс нæй. Æрыгонæй зæронды бонмæ лæмбынæг кæмæ фæкастæн, уыцы фысджытæ, редактортæ æмæ критиктæ (хæрз стæмтæй фæстæмæ) сæ фыр æдылыйæ ссад æмæ цъата кæрæдзийæ нæ иртасынц, кæнæ сын дзы сæ фыр стырзæрдæйæ уæлдай нæй, æмæ сыл мæ зæрдæ нæ дарын. Сæ бынатмæ хуыздæртæ, зондджындæртæ, курдиатджындæртæ æмæ цæстуарзондæртæ кæй æрбацæудзысты æмæ æцæг литературон уацмыстæн аргъ кæнын кæй райдайдзысты, уый дæр мæ нæ уырны. Мæ фæззыгон най мын исчи банывыл кæндзæн æмæ йæ мæ уарзон Иры гоны зынгæ бынаты сæвæрдзæн, ууыл дæр не ’ууæндын. Уымæ гæсгæ мæ зæрды æрæфтыди уыцы хæс мæхимæ райсын æмæ йæ мæ удæгасæй сæххæст кæнын.

Цард мын мæ размæ цы стыр цæлхдуртæ сæвæры, уыдон мын цыма сæрнизы фаг нæ вæййынц, уыйау ма сыл мæхæдæг дæр бафтауын æмæ сæ сæрты, хъæрзгæ-нæтгæйæ, хизын райдайын. «Ныр дæ уацмыстæ дæ бинонты дæр куынæ хъæуынц, уæд сыл дæхи цы тухæнæй марыс? Ныхъхъуытты сæ уадз, уæддæр дæ мæлæты фæстæ иу хатт дæр рухс нал фендзысты», – раст зондыл мæ аразы мæ мидхъæлæс, фæлæ йæ коммæ нæ кæсын. Цыфæнды зынæй дæр сæ хъуамæ банывыл кæнон æмæ сæ æхсæз томæй рауадзон. Цы нæ вæййы… Уæд та искæй бахъуыдысты... Фыццаг æртæ томы хъуамæ уой трилогийы æртæ чиныджы, иннæ æртæ томы та – уацаутæ æмæ радзырдтæ. Йæ зæгъын тынг æнцон у, йæ саразын та – тынг зын, уæлдайдæр хъæддаг æгъатыр капитализмы рæстæг. Нæ царды æхца сæйраг бынат æрцахста, æмæ æппæт хъуыддæгтæ дæр йæ быны ссæнды. Нæ хицæуттæ рауагъдадмæ сæ хъус нал дарынц (паддзахады къæбицмæ ’фтиаг чи нæ хæссы, уыцы куыстуат, дам нæ мур дæр ницæмæн хъæуы!) æмæ йæ зауаты бынатмæ ’ртардтой, чингуытæ уæйгæнæн куыстуат сæхгæдтой, горæтты æмæ хъæуты гыццыл киосктæ дæр нал ныууагътой.

Арæх телевизорæй февдисынц, нацисттæ æппæт дунейы классикты чингуытæ стыр фæзы пиллон арты куыд сыгътой, уыцы æвирхъау ныв, æмæ мæхимæ раттын иу фарст: «Ивгъуыд æнусы æртын æртыккæгæм азы Германы чингуытæм цы зæрдæ дардтой, æмæ сæм ныр мæхæдæг ирон культурæйы цыфыддæр знæгты ’рдыгæй цы цæстæнгас уынын, уыдон кæрæдзийæ цæмæй хицæн кæнынц? О, ныр сæ ’ргомæй нæ судзынц, фæлæ сæ фæнды судзгæ кæн, фæнды сæ ма мыхуыр кæн – уыцы дыууæ уавæрæй цы хъауджыдæр ис? Мæнмæ гæсгæ, ницы. Уæвгæ, дыууæ уавæры кой цы кæнын? Æртæ уавæры сты. Паддзахадон фæфæлдæхты-рацарæзты рæстæг центрон телеуынынадæй æвдыстой, иу библиотекæйæн йæ чингуытæ уынгмæ куыд ракалдтой æмæ дзы кувæндон куыд сарæзтой, уый. Уыцы зæрдæриссынгæнæн нывмæ кæсгæйæ, мæхицæн загътон: «Уый у нæ кæроны райдайæн». Æмæ нæ фæрæдыдтæн. Чиныг кæй ницæмæнуал хъæуы, уый махмæ дæр æрбахæццæ.

Уæддæр ма мæ хуызæн литературон фанатиктæ (мæ бон сын хуыздæр ном раттын нæу) се стъолтæм багуыбыр сты æмæ, цыма Хъарсы фидар басæттынмæ хъавынц, уыйау сæ удтæй арт цæгъдынц. Мæнæ та ныр дæр мæ кабинеты бадын æмæ мæ трилогийы æртыккаг чиныг фыссын. Мæ дуар иудадзыг дæр гом вæййы. Иу æнæзонгæ сылгоймаг йæ цуры иучысыл алæууыд, стæй, гуызавæгæнгæ, сабыргай мидæмæ ’рбахызт. Цæудзæн ыл цыппор азы бæрц. Мæ уацмысы сæйраг хъайтары цардæй цæрын куы райдайын, æмæ мæ исчи куы бахъыгдары, уæд мын хъыг вæййы. «Кæд, мыййаг, уый дæр фысгæ кæны, æмæ йæ ме ’ххуыс хъæуы», – ахъуыды кодтон мæхинымæр. Мæ акомкоммæ куы сбада, уæд ын цæмæй йæ цæсгом хорз уынон, уый тыххæй, æдзухдæр куыд фæкæнын, афтæ та ныр дæр мæ зæронд ноутбукыл иуварс ахæцыдтæн.

– Дæ бон хорз, Ирбег, – хионхуызæй мын салам радта уазæг æмæ мæм йæ мидбылты зына-нæзына бахудти.

– Æгас цу, – йæ саламæн ын дзуапп радтон æз дæр, сыстадтæн æмæ йын бандонмæ ацамыдтон:

– Сбад, дæ хорзæхæй.

Уый мæм, æфсæрмытæгæнгæйæ, кæсы æмæ нæ бады.

– Сбад, сбад, ма ’фсæрмы кæн, – æрхатыдтон æм зæрдиагдæрæй.

Сылгоймаг кæройнаг бандоныл йæхи æвæндонхуызæй æруагъта æмæ афтæ бакодта:

– Куыд кæсын, афтæмæй мæ нæ зоныс.

Æз ме уæхсчытыл радыгай схæцыдтæн, мæ сæр «нæ», зæгъгæ, батылдтон æмæ афтæ бакодтон:

– Хатырæй мын фæуæд… Зæронд адæймаг рохгæнаг вæййы…

– Æз дæ хъæуккаг дæн… Мæ ном Ингæ хуыйны… Сымахæй хурыскæсæны'рдæм дыууæ сыхы фалдæр цардтæн… Мæ фыды мын зыдтаис…

– Цы хуынди?

– Дзастемыр.

– Тынг хорз æй зыдтон. Колхозы хордæттæм галуæрдæттæй нартхор иумæ бирæ фæластам. Ласгæ хистæртæ кодтой, кæстæртæ та уистæй быд бæрзонд гуыффæмæ чыргъæдтæй – æвгæнгæ. Зыдтаис цæмæн загътай? Æгас нал у?

– Нал…

– Рухсаг уæд…

– Хæрзауæн дыл кæнæд…

– Комы аргъ лæг уыди… Æз дын дæ мады дæр хорз зыдтон, уый мады дæр… Хъæугæрон цардысты, æмæ сæ, нæ сæгътæ хизгæйæ, арæх уыдтон. Уæздан рæсугъд бинонтæ уыдысты. Æз скъолайы кусын куы райдыдтон, уæд сымах тихалджыты хуызæн мæллæг сабитæ уыдыстут. Уе 'ртæйæн дæр уæ мады хуызæн сау сæрыхъуынтæ æмæ сау цæстытæ кæй уыди, уый ма хорз хъуыды кæнын.

– Скъоламæ-иу куы фæцæйцыдтæн, уæд мын-иу де 'фсымæр Руслан афтæ загъта: «Ингæ, дæ хызыны дуртæ сæвæр, науæд дæ дымгæ 'ртхутæджы 'фсон ахæсдзæн».

– Рæстæг куыд тагъд тæхы, æвæдза… Дæхи мын куынæ бацамыдтаис, уæд дæ зонгæ дæр нал бакодтаин.

– Ай-гъай мæ нал базыдтаис. Ныр æртхутæджы хуызæн рог нал дæн, стæй мæ дзыккутæ дæр сау нал сты. Мæ цот дæр сдынджыр сты. Мæ хистæр чызг Мæскуыйы университеты ахуыр кæны…

– Сылгоймагмæ ахæм фæрстытæ дæттын аив нæу, фæлæ иугæр дæ цоты кой скодтай, уæд, дæ цæсгомы хуызмæ гæсгæ, сæ фыдимæ амондджынæй цæрыс, æвæццæгæн…

– О. Ардæм дæр мæ уый æрбарвыста.

«Æвæццæгæн æй йæ уацмыстæ средакци кæныны тыххæй хъæуын. Мæ куыстытæ иууылдæр ныууадздзынæн æмæ йын сæ, куыд æмбæлы,

афтæ сараздзынæн», – ахъуыды кодтон мæхинымæр æмæ йæ бафарстон:

– Æмдзæвгæтæ фыссы æви радзырдтæ?

– Фысгæ нæ кæны.

– Уæдæ дæ мæнмæ цæй тыххæй æрбарвыста?

– Нæ дыууæ дæр дын дæ уацмыстæ бирæ уарзæм æмæ сæ тынг æхсызгонæй фæкæсæм. Цард куыд раст æвдисыс, стæй рæстдзинад куыд æргомæй дзурыс, уый нæ дисы ’фтауы, æмæ дын нæ зæрды

баххуыс кæнын ис…

Ахæм зæрдæлхæнæн ныхæстæ фехъусын мæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыди, æмæ фæкуыддæр дæн. Афтæ мæм кæсы, цыма мæ хъазгæ кæны. Æвдай фараст азы мын материалон æххуысы хуызы капекк дæр никуы ничи радта, æмæ ныр… Ахæм диссаг цауыл куыд хъуамæ бауæндон?

– Бузныг, фæлæ… æххуысхъуаг кæй дæн, уый кæцæй базыдтат? – фæрсын æй дæ зæрдæ-мæ зæрдæйæ. – Адæм афтæ ’нхъæл сты, цыма цардæй къæртт æппарæм…

– Раст зæгъгæйæ, мах дæр нæ лæгимæ афтæ ’нхъæлдтам, фæлæ нын æрæджы ды нæ хъуыды цæхгæр аивтай. Телевизорæй дæ куы ’вдыстой, уæд дæм кæрæй-кæронмæ лæмбынæг фæхъуыстам. Фысджытæ цы æдзæллаг уавæры сты, уый тыххæй куы дзырдтай, уæд нæ лæг нæ хицауадмæ смæсты и æмæ мын афтæ: «Ацы фыссæгмæ фæкæсын хъæуы». Мæ хъæуккаг æмæ мæ сыхаг кæй дæ, уый куы базыдта, уæд та дын баххуыс кæнынмæ уæлдай тынгдæр сразæнгард и.

– Æрæджы ма мæм иу æнæзонгæ лæг дæр телефонæй æрбадзырдта æмæ мын мæ чингуытæ рауадзынæй зæрдæ бавæрдта. Ирон литературæйæ кæй ницы бакусдзæн, уый йын куы бамбарын кодтон, уæд фæфыдæнхъæл и æмæ мыл хæтæл æрæвæрдта. Дæуæн дæр æй æргомæй зæгъын: мæ чингуытыл уе ’хцатæ дзæгъæлы цы бахардз кæнат, æндæр дзы ницы бакусдзыстут. Чингуытæ кæсын кæй фæнды уыдонмæ ’хцатæ нæй, æхцатæ кæмæ ис, уыдон та чингуытæ нæ кæсынц æмæ сæ не ’лхæнынц. Æз цы чингуытæ рауадзын, уыдон иууылдæр фембæлдтыты рæстæг адæмæн балæвар кæнын.

– Мах дын сæ ‘хцатæ бакусыны тыххæй нæ уадзæм.

Уыцы ныхæстыл та бынтон бадис кодтон. Гуырысхотæ кæнгæйæ йæм кастæн, æмæ мæ дзыхæй сым дæр нал хаудта. Уæвгæ, ахæм уавæры никуы уыдтæн, æмæ дзы хи куыд дарын хъæуы, уый зонгæ дæр нæ кодтон. Ингæ мæ бамбæрста æмæ йæ бынатæй сыстади.

– Рæхджы дæм нæ лæгимæ ’рбацæудзыстæм æмæ бæстондæр аныхас кæндзыстæм, – цæмæдæр гæсгæ загъта æнæууæнкхуызæй (кæнæ, ’фсæрмдзæстыг кæй уыди, уый тыххæй мæнмæ афтæ фæкасти) æмæ ацыди.

«Чи сын дæн? Цæй тыххæй мын хъуамæ баххуыс кæной?» – къуырийы фæстæ бафарстон мæхи, фæлæ мæ фарстæн дзуапп раттын нæ бафæрæзтон. Кæй нæ мæм фæзындзысты, ууыл мисхалы бæрц дæр дызæрдыг нæ кодтон. Куыддæр сыл мæ къух ауыгътон, афтæ Ингæ мæ кабинетмæ йæхицæй зына-нæзына хистæр зæрдæмæдзæугæ нæлгоймагимæ ’рбахызти æмæ мын къæмдзæстыгхуызæй афтæ:

– Мæ сæрыхицау.

Лæг мæм йæ къух æрбалæвæрдта æмæ мын йæхи бацамыдта:

– Индрис.

– Ирбег, – мæхи йын бацамыдтон æз дæр, æмæ йæ тымбыл хæрздаст цæсгомыл барон мидбылхудт фæзынди:

– Æз дæ хорз зонын… Уæвгæ дæ Ирыстоны чи нæ зоны…

Уыцы ныхæстæ куы фехъусын, уæд ныфсæрмы вæййын æмæ, цы дзурон, уый нал фæзонын. Бандæттæм сын æдзæмæй ацамыдтон, æмæ не ’ртæ дæр æрбадтыстæм.

– Цæй тыххæй дæм æрбацыдыстæм, уый дын, æвæццæгæн, Ингæ бамбарын кодта, – мæ зæрдæйыл та мын дзæм-дзæмы доны ’ртæхтæ æртагъта Индрисы сабыр фæлмæн хъæлæс.

– О, фæлæ цыдæр æнахуыр уавæры дæн, æмæ дын цы зæгъон, уый нæ зонын.

– Дæ чингуытæ рауадзынæн дæ цас хъæуы?

– Уыйбæрц æхцатæ дæ мæнмæ нæ равдæлдзæн… Кæд дæ бон бауа, уæд мæм мæ трилогийы дыууæ чиныджы рауадзынмæ фæкæс…

– Цас сын бахъæудзæн?

– Нæ зонын… Мæнмæ гæсгæ, æппынкъаддæр æртæсæдæ мины…

Уыцы æхцатæ дыууæ чиныджы рауадзыны фаг кæй нæ уыдзысты, уый зыдтон, фæлæ фылдæр ракурын мæ цæсгом нæ бахъæцыд. Уыдоныл дæр мæ зæрдæ нæ дардтон. Æнхъæл уыдтæн, ныртæккæ йæ цæсгом фæтар уыдзæн, æмæ мын мæ ныхæстæ сфæлхат кæндзæн: «Нæ, уыйбæрц мæ нæ равдæлдзæн». Фæлæ фæрæдыдтæн. Уыцы сабырæй афтæ бакодта:

– Дæхи хыгъдмæ дын сæ барвитон?

«Мæ бинонтæ æгæр бирæ хъуæгтæ сты, мæ зæрдæ куы фæтаса, æмæ сæ æндæр истæуыл куы схардз кæнон, уæд мын мæ чингуытæ ничиуал рауадздзæн. Æмæ ма чингуытæ – гъа, æнæ уыдонæй дæр Ирыстон фæцæрдзæн, фæлæ ацы зæрдæхæлар лæджы раз къæмдзæстыгæй баззайдзынæн», – ахъуыды кодтон мæхинымæр æмæ тыхстхуызæй срæцыгътон:

– Нæ, нæ! Мæхи хыгъдмæ – нæ! Рауагъдады хыгъдмæ сæ барвит.

– Ма кæ, ма фæрæди… Се ’рдæг сын уæддæр уадз дæхимæ…

– Нæ, иууылдæр сæ рауагъдады хыгъдмæ барвит, – цæхгæр алыг кодтон æз, æмæ мемæ сразы ис, фæлæ ма мæ уæддæр дызæрдыггæнæджы хъæлæсæй бафарста:

– Куыддæр сæ райсой, афтæ дын дæ чингуытæ æвæстиатæй рауадздзысты?

Дæс азы дзы фæкуыстон. Кусджытæн сæ фылдæр ме ’рдхæрттæ сты, директор та – мæ хæлары фырт. Куыд нæ сыл хъуамæ бауæндон? Ме ’уæнкыл мæхæдæг куыд фидарæй æууæндын, цæмæй йыл Индрис дæр афтæ фидарæй бауæнда, уый тыххæй йын дзуапп радтон æнæдызæрдыгæй:

– Æнæмæнг!

– Уæдæ уал хорзæй баззай.

Зæрдæбынæй йын цы бирæ рæсугъд арфæтæ фækæнынмæ хъавыдтæн, уыдон иууылдæр мæ былалгъыл атадысты, æмæ ма мæ схаудта ’рмæстдæр иу дзырд:

– Фæндараст.

*Уыдзæн ма*

# ИРОН ДЗЫРДЫ АД ЗÆРДÆ ÆМÆ ЗОНДÆЙ ÆНКЪАРÆГ



(1950 – 2021)

*Уалдзыгон комулæфтау уæнгроггæнæг, зæрдæрухсгæнæг æмæ удсыгъдæггæнæг рæнхъытæй фыст æмдзæвгæты чиныг «Фæззæджы гауыз» нæм редакцимæ æрбахаста республикæйы Архитекторты цæдисы сæрдар Алыккаты Руслан. Чиныг мыхуыры рацыд Цхинвалы рауагъдад «Ирыстон»-ы 2008 азы. Йæ автор у Гуыцмæзты Никъалайы фырт Валери.*

*Райгуырд Ортъеуы комы Гуыцмæзты хъæуы. Каст фæцис Хуссар Ирыстоны педагогон институты ирон æвзаг æмæ литературæйы факультет. Уый фæстæ та – Ленинграды паддзахадон авиатехникон училище. Службæйы рæстæг цы вертолетты полчъы уыд, уый архайдта Афганистаны хæсты. Валерийæн йæ хæстон лæгдзинады тыххæй лæвæрд æрцыдысты Советон Цæдисы æмæ Афганистаны паддзахадон хæрзиуджытæ.*

*Æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта, скъоладзау ма куы уыдис, уæд. Журнал «Фидиуæджы» йе 'мдзæвгæтæ фæзындысты 1971 азы.*

*Валерийы æмдзæвгæты æмбырдгонд афтæ æрæгмæ кæй рацыд, ууыл сагъæс кæнгæйæ, Джусойты Нафи чиныджы разныхасы фыста: «Ацы хъыгаг хабарæн, мæ нымадæй, ис дыууæ аххосаджы. Фыццаг – нæ хистæр фысджытæ сæ хъус бæстон никуы æрдардтой æвзонг поэты куыстмæ. Нæ йæ барæвдыдтой, нæ йæ сразæнгард кодтой йæ уды фарнæй æмдзæвгæтæ фæлдисынмæ. Раст зæгъгæйæ, ацы уайдзæф хауы мæнмæ дæр, кæд фысджыты организацийы никуы куыстон, уæддæр.*

*Гуыцмæзты Валери поэт у, ирон поэт, ирон дзырды ад зæрдæ æмæ зондæй чи æнкъары, стæй ма йæ йе 'взаджы алгъæй чи хаты, ахæм. Мæ зæрдæ райы йæ уацмысты поэтикон аивтæй, мæ уд цин кæны, йæ чиныг рæхджы кæй рацæудзæн адæмы рæгъмæ, ууыл».*

*Мах дæр Нафийау цин кæнæм Гуыцмæзты Валерийы уацмыстыл.*

*ГУЫЦМÆЗТЫ Валери*

# ТАГЪД ЗЫНДЗÆНИ РАГУАЛДЗÆГ

## ПОЭТЫ ЦЫРТЫ РАЗ

Кæсы нæ сæрты дунемæ
Æфсæрмдзæстæй йæ цырт, –
Йæ удæгасæй н‘ агуырдта
Ыстыр кад æмæ цыт.

Уый хурзæрины ‘хсидавау
Дыууæ Иры ‘хсæн сыгъд.
Мæ Ирыстон, æнæ Къоста
Сæркъул уаис, ныхкъуырд.

Цæгатæй нæм уый Хуссармæ
Фæдисуадæй куы ‘рцыд,
Уæд Сатихъар ысулæфыд,
Фæфылдæр и йæ цыт.

Уæдæй нырмæ нæ сæрхъуызой
Нæ хæдфарсмæ лæууы.
Ам хуссайраг ирæттимæ
Сæрибармæ цæуы.

Йæ зæрдæ рад, йæ хæдфарсмæ
Республикæ куы гуырд, –
Ирон зарæджы хъæргæнæг,
Ирон æвзаджы куырд.

Тæхуды ‘мæ куы айзæлид
Рæхджы бонты ныр та:
– Дыууæ Иры ысиу ысты, –
Фæцин ыл кæн, Къоста!

## НЫФСЫ ЛÆГ

Мæ уарзон Ир, æрцæгъд хъæрæй фæндыр,
Ды та, Хуыцау, цæрæнбон ратт нæ Ирæн.
Куыд уæм æрмхæст сæрибары фæндыл, –
Нæ рухс фидæнмæ нал баззади бирæ.

Тырнæм æмвæндæй иумæ размæ мах, –
Нæ буц хистæр нæ рухс фидæнмæ хоны.
Хæссы нæ рог Сæрибармæ нæ къах, –
Нæ рæстаг тох æппæт дуне дæр зоны.

Фыдуавæры нæ сæр ысси нæ мæт,
Уæддæр æмвæндæй радтам дзырд нæхицæн:
Нæ фыдгул нæм йæ марæн кард хæссæд,
Уæддæр нын нæй Цæгат Ирæй фæхицæн.

Уæлахиз уæд нæ сахъ цæргæс, нæ ныфс,
Дыккаг хатт нæм уый фарны къах æрхæссæд.
Нæ тохы хъæр, æппæт дунетæм хъуыс,
Йæ фæрцы ныл сæрибар хур ыскæсæд!

## ФÆЗЗÆДЖЫ ГАУЫЗ

Бæлас фестади ыстæгдар, –
Мæйрухс дзы кæсы.
Уазал дымгæ хус сыфтæрты
Дзыхъхъытæм хæссы.

Байтыдта сæ кæрты къуымты:
Чи сæ – бур, чи – сырх...
Уый – персайнаг гауыз уынджы,
Уайынц ыл нæ сых.

## СУСÆНЫ МÆЙ

Арвыл хур тæмæнтæ калы,
Цады сæрмæ бады тæф,
Æмæ рахсидынхъус малæй
Фурдмæ ацъыкк ласта кæф.

Хур – зæринхил чызг, уырыссаг,
Уагъд дзыкку кæны зæу-зæу.
Мигъ пыхцыл нывонд нæл фысау
Арф лæнчы ыстæры зæй.

* * *

Хурыскæсæн мисынау – фæурс.
Æз тæрсын, куы мæ фæтæхай абон.
Бандæгъди дæ уадулыл мæ рус,
Æз тæрсын, куы мын ысуай æддагон...

У нырма фæллад горæт фынæй,
Цалынмæ рæстмæ нæма æрбабон.
Æмæ уынджы иу ызмæлæг нæй.
Æз зыдæй ныуазын уарзты суадон.

Ды мæнæн нæ фендзынæ фыддæр,
Ме 'рра сæнтты – иугæндзон фæндаггон.
Нæй йын кæд æрцæуæн, гъе уæддæр
Æз тæрсын, куы мын ысуай æддагон.

## НÆЗЫ БÆЛАС

Кæм сæнцад хох мигъыл,
Сæрд цъити кæм сад,
Раст уыцы ран тигъыл
Цъæх нæзы æрзад.

Хæххон дуне – аргъау,
Цин риуы нæ цыд.
Йæ сонт уды аргъæй
Йæ зынтыл хъæцыд.

Цы фыдтыл æмбæлди,
Сæ ныхмæ лæууыд!
Йæ фарсмæ æмбалæн
Хæтæл дæр нæ уыд...

Ныр абон уæларвыл
Кæм зилы цæргæс,
Уым судзы цъæх арты,
Уым фиды йæ хæс!

Йæ хихтыл ныхæсы
Сæуæхсиды арт.
Фæлгæсы цъæх нæзы
Сæрыстырæй дард.

## КÆРКУАСÆНТÆ

Дзедзырой райдыдта сахаты фатыгау дзаг мæй,
Хивæнд æхсæвгæсау бандзæрста сау мигътыл арт.
Цыма ныффæрсыгъта ронджы тыппыр сыкъа дзагæй,
Уыйау нæ кæркдонæй айзæлыд уасæджы зард.

Мæнæ троллейбусау телмæ баст сау куыдз ныррыхыд,
Арæид, гъе фæлæ не схæцыд никæуыл цæст.
Райгуырди бон, æмæ æхсæвы тыппыр æрыхæлд,
Усау æмбæхсы йæ мыдултæ дыргъдон – ыссæст.

## УАЛДЗÆДЖЫ КОМУЛÆФТ

Тагъд зындзæни рагуалдзæг.
Карз зымæг, фæлæуу,
Ниудзынæ ма арф кæмтты,
Тард сырдау, фæлæ...

Калд бæлас... Йæ бындзæфхад
Фехсдзæни йæ худ,
Де ‘рагъæй дын тинты кæрц
Раласдзæни хур.

Джихау хъæдæн иу райсом
Асурдзæн йæ фын
Хъарм бæстæй тæхæг мæргъты
Базырты тæлфын.

Малусæджы къусчытæй
Хур ныуаздзæн дон,
Тулдзы мæстæг саггомы
Арвитдзæн йæ бон!

Бул-булы зæрин хъуырæй
Фарны зарæг дард
Атæхдзæни дунемæ, –
Райхъал уыдзæн цард!

## УАЛДЗÆГ ГАУЫЗЫЛ ÆРТАХТ

Зымæг рагъæй дæр æвзиды,
Нæй йын арт æмæ фæнык.
Цард цæджджинагау æхсиды,
Дидинтæй кæлы йæ фынк.

Хъæд йæ урс фынтæй фæцух и, –
Уалдзæг гауызыл æртахт!
Апырх уæлдæфы йæ духи,
Уардитыл мыдæй фæтагъд.

Бон фæсмын тынау ивæзы,
Мини-юбкæйау – цыбыр!
Фæзуаты астæу цъæх нæзы
Мысы райгуырæн Сыбыр...

Топпы нæмыг тæппуд æмæ хъæбатыры нæ февзары.

*ГАГЛОЙТЫ Владимир*

Мацы ракæн, æмæ дæ мацы айхъуыса.

*БОЦИТЫ Барон*

Аразынæй цæттæ арæзтмæ фаутæ хæссын æнцондæр у.

*ÆГЪУЫЗАРТЫ Æхсарбег*

Уырнындзинадæн стыр тых ис.

*ЦОЦИТЫ Резо*

Цард хæст у – цæрын дзы базон.

*НИГЕР*

Цард æнæкатай, æнæмæт никуы вæййы.

*ГÆБУЛТЫ Мелитон*

Рæстæг донæй уæлдай нæу: йæхи йæхæдæг сыгъдæг кæны.

*ДЗАСОХТЫ Музафер*

Рæстæг хъæдгæмттæ дзæбæхгæнæг дохтыр у.

*АГЪНАТЫ Гæстæн*

Цыфæнды змæст доны дæр ныррæсугъд кæны рæстæг.

*ХАРЕБАТЫ Леонид*

Цин æмæ хъыг… адæймаджы фæрсгæ никуы фæкæнынц.

*БЕСАТЫ Тазе*

Æнамонддзинад æрмæстдæр намыс æмæ лæгдзинадæй ис басæттæн.

*МАЛИТЫ Васо*

Хъæбæр дзыхæй хъæбæр кард дарын хуыздæр у.

*МАМСЫРАТЫ Дæбе*

Иумæйаг тых дур халы.

*ХЪУЫЛАТЫ Созырыхъо*

Хæлардзинад, æфсымæрдзинад… Цæргæсы дыууæ тыхджын базырау сты уыдон.

*Цæгæраты Максим*

Фæсвæндæгтæй алы цъиуы цъыбар-цъыбурмæ цы бæлццон хъуса, уый йæ фæндагыл дард нæ фæцæудзæнис.

*ХЪАЗИТЫ Мелитон*

Цæрæг кæм уа, уым цард æхсидгæ кæны.

*ПЛИТЫ Гацыр*

Цæргæсæн арвы тыгъдады йæ тæхæнтæ йæхи бар куынæ уой, уæд ын цæргæс схонæн нæй.

*ГУЫЦМÆЗТЫ Михал*

Ивгъуыд боныл хур нæ кæсы.

*ТЕДЕТЫ Герас*

Хорзæй базынд у æфсымæрдзинадæн йæ райдайæн.

*БРЫТЪИАТЫ Елбыздыхъо*

Фырт фыдæй хъуамæ лæгдæр уа, науæд мыггаг сæфтмæ цæуы.

*ХÆМЫЦАТЫ Албег*

Уæрыккау сабыр хорз у æрмæст фысты ‘хсæн.

*ГÆДИАТЫ Цомахъ*

Раздахæн цæмæн нæ уа, ууыл дзурын нæ хъæуы.

*ХУЫБЕЦТЫ Раисæ*

Æнæ базыртæй арвы тыгъдадмæ тæхæн нæй.

*АГЪНАТЫ Гæстæн*

Лæгæн кæддæриддæр æмбал зæрдæйы ныфс у.

*ХЪАЙТЫХЪТЫ Азæмæт*

# ДЗБОЙТЫ МИХАЛ: 85 АЗЫ

*ДАУЫРАТЫ Дамир*

# НÆРТОН – ЙÆ КУРДИАТ, ЙÆ АИВАД, ЙÆ ЗОНДАХАСТ

*РЦИ-Аланийы адæмон нывгæнæг, Уæрæсейы сгуыхт нывгæнæг, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат Дзбойты Михал, æз æй рагæй дæр буцæн Мишæ хонын, бæрæг кæны йæ 85 азы юбилей. Æз ууыл куы ахъуыды кæнын, уæд, фæнда мæ-нæ фæнда, уæддæр ныддис кæнын, мæнæ, зæгъын, рæстæг куыд тагъд атахт. Æмæ та уæд мæ цæстытыл ауайынц, ивгъуыд æнусы 60-æм азты Дзæуджыхъæуы педагогон училищейы иумæ куы ахуыр кодтам, уыцы бонтæ. Æз – ахуырады хайады, уый та – нывгæнджыты. Фæлæ нæ дыууæйы дæр иу кодта сфæлдыстадмæ уарзондзинад. Уыцы азты уым куыста тыхджын литературон къорд, разамынд та йын лæвæрдта нæ ахуыргæнджытæй иу – Зæнджиаты Розæ. Уый нын не ʼнæхин зæрдæты хъарм хуымгæнды рæдауæй байтыдта уарзты æмæ æмгардзинады нæмгуытæ. Абон уый не ʼхсæн нал ис, фæлæ-иу мах нæ сыгъзæрин ахуыргæнæджы йæ хæдзары арæх бабæрæг кодтам, фæбадтыстæм-иу, ныхас нын-иу бацайдагъ, кæддæры æвзонг азтæ-иу æхсызгонæй æрымысыдыстæм.*

*Уый кæд æмæ кæд уыдис, фæлæ мах Мишæимæ хæлæрттæй баззадыстæм, арæх амбæлæм куы Дауыратæм, куы Дзбойтæм, арæх-дæр та – уымæн йе ʼрмадзы. Мæ хæлар дæсны дзурæг у, цымыдисаг æмныхасгæнæг, хъус æмæ йæм хъус, уæлдайдæр – йе сфæлдыстады сусæгдзинæдты, йæ алыварс царды цы цаутæ цæуы, абон аивадæн цас аргъ ис, йæхæдæг ныры хицауадмæ цы зæрдæ дары, уыдæтты тыххæй. Дзæгъæлы нæ фæзæгъынц, бирæ фенæг бирæ фæзоны, зæгъгæ.*

*Нæ алы фембæлдæй дæр æз баззайын разыйæ, раздæхын дзы рæсугъд æнкъарæнтимæ, хъуыдытыл мæ бафтауынц йæ дзуринæгтæ, уыдон та йын вæййынц, цы федта, цы фехъуыста æмæ йæхи удæй кæй банкъардта, æрмæстдæр ахæмтæ. Ныр ын цалдæр хатты фæдзæхсгæ дæр ма ныккæнын, зæгъын, алцы дæ зæрдæмæ афтæ хæстæг ма ис. Йæ мидбылты бахуды, йæ къух ауигъы, ома мæ æндæр хуызы нал сараздзынæ.*

*Ӕз ын йӕ уыцы дзуринӕгтӕ хатгай мӕ боныгмӕ дӕр бахӕссын, зӕгъын, искуы мӕ истӕмӕн куы бахъӕуой. Мӕнӕ ныры хуызӕн. Дӕлдӕр дзы сымах дӕр иуцалдӕр бакӕсут. Цы хатдзӕг скӕндзыстут, уый зонын: Мишӕ у раст лӕг ӕмӕ парахат зӕрдӕйы хицау, Иры лӕгау лӕгтӕй иу.*

## Хахуыргӕнӕгӕн раарфӕ кодтон

Мӕскуыйы Суриковы номыл аивӕдты институт каст куы фӕдӕн, уӕд нын ресторан «Арагви»-йы банкет уыдис, нӕ ахуыргӕнджыты дӕр ӕм ӕрбахуыдтам. Ахӕм бон куыд вӕййы, афтӕ сын фынджы уӕлхъус бузныг загътам, уыдон та нын – фӕстаг фӕдзӕхстытӕ. Ныхасы бар зындгонд нывгӕнӕг Михаил Бабуринмӕ куы ӕрхаудта, уӕд мӕнӕ афтӕ райдыдта:

– Мӕнӕ уын чысыл раздӕр дипломтӕ радтам, фӕлӕ рагацау афтӕ ма банхъӕлут ӕмӕ скульптортӕй агӕпп ластат...

Мах кӕрӕдзимӕ бакастыстӕм, ныххудтыстӕм, фӕлӕ йӕ ӕнӕуи та ӕмбӕрстам, уыцы ном райсыны размӕ ма нӕ бирӕ фыдӕбон кӕнын кӕй хъӕудзӕн, уый.

– Сымах нӕ бӕстӕйы алы рӕтты ахӕлиу уыдзыстут, – кодта дарддӕр йӕ ныхас Бабурин, – архайдзыстут алыхуызон равдыстыты уӕ куыстытимӕ, чи зоны, ӕмӕ уӕ Нывгӕнджыты цӕдисмӕ дӕр райсой, къорд цыртдзӕвӕны сараздзыстут ӕмӕ суыдзыстут лауреаттӕ дӕр, фӕлӕ-иу уӕддӕр рагацау уӕхи скульптортыл мама банымайут...

Мах та ныддис кодтам, ме 'мбӕлттӕй чидӕр нал фӕлӕууыд, сыстад ӕмӕ йӕ хъӕрӕй бафарста:

– Уӕдӕ-иу уӕд кӕцы сахатӕй фӕстӕмӕ райдайӕм нӕхи ӕцӕг скульптортыл нымайын?..

Бабурин бахудти ӕмӕ загъта:

– Уӕ зӕрдыл ӕй бадарут: мӕнӕ уыл хахуыртӕ фыссын куы райдайой, уӕд-иу ӕй зонут, сымах уӕ дӕсныйады уӕхи ссардтат.

Мӕ бон дын бафиппайын у, Дамир, уый, ӕмӕ хахуыргӕнӕг дӕр йӕхирдыгонау курдиатджын адӕймаг кӕй у. Уый дыл ахӕмтӕ ӕрымысдзӕн, ӕмӕ ӕндӕры сӕры никуы равзӕрдзысты, ӕз ууыл ӕдзухдӕр дис фӕкӕнын. Иухатт архайдтон, уӕртӕ Чырыстоныхъӕуӕй Мидхӕсты ӕмӕ Фыдыбӕстӕйы Стыр хӕсты чи фӕмард, уыдонӕн цыртдзӕвӕн

скæныны тыххæй конкурсы. Иу чидæр сбадт æмæ партийы ЦК-мæ писмо арвыста, ома, дам, нæ республикæйы сæргълæууæг Хъæбæлоты Билар æмæ Дзбойты Михал дыууæйæ дæр сты иу районæй, Дыгуры районæй, æмæ Михал конкурс æрмæстдæр уый руаджы рамбылдта. Мæн та уæдмæ Билар зонгæ дæр нæма кодта, йæ цæсты кæронæй дæр мæ никуыма федта.

Уыцы конкурсæн уыдис цалдæр къæпхæны, фæстагмæ дзы рахастой æрмæст цыппар куысты, чи сæ кæй уыди, уый æвзарæн къамисы уæнгтæ сæхæдæг дæр нæ зыдтой.

Иубон равдыстмæ æрбацыдысты партийы обкомы кусджытæ, стæй Дыгуры районы минæвæрттæ. Билар лæмбынæг фæкаст, алкæй цур дæр-иу алæууыд, стæй загъта:

– Мæ коймæгтæ, уæхи цы тухæнæй марут, мæнæ уын цæттæ цыртдзæвæн, цы ма уæ хъæуы?

Æмæ сын мæн куыстмæ бацамыдта. Уæд ын къамисы уæнгтæ дæр басастысты, мах дæр, дам, нæ цæст уыл æрæвæрдтам.

Æз уæд фыццаг хатт федтон Билары хæстæгмæ. Уый ацыд æмæ, уæд уым залы чи баззад, уыдоны бафæндыд, куыст кæй у, уый базонын...

Хахуыргæнæджы æцæгдзинад нæ хъуыди, уымæн сæйрагдæр уыдис, Билар дыгурон кæй у, Дзбойы-фырт та – Дыгуры районæй. Æз æй зыдтон, уыцы æдзæстуарзон нæхи Нывгæнджыты цæдисæй кæй у, уый. Æвæццæгæн, бонæй куы сæмбæлæм, уæд мæм йæ къух æрбадаргъ кæны, æхсæв та мыл уыцы къухæй, цы дæн æмæ цы нæ дæн, уыдæттæ фыссы. Иухатт нæм иумæйаг æмбырд уыдис, æз нал фæлæууыдтæн, сыстадтæн æмæ мæ раныхасы хъæрæй загътон:

– Хахуыргæнæг, мæн дæу руаджы бауырныдта, æцæг скульптор кæй сдæн, уый. Арфæ дын кæнын...

Æмæ æмбырды архайджытæн радзырдтон, кæддæр нын не стыр ахуыргæнæг Михаил Бабурин цы ныффæдзæхста, уый. Залы чи бадт, уыдон зæрдиаг худт фæкодтой, æмдзæгъд дæр ма дзы райхъуыст.

## Сæ коммæ нæ бакастæн

Нывгæнджыты цæдисмæ мæм фæдзырдтой, мæнæ, дам, дæ коллегæтæй дыууæйæн Мæскуымæ сæ гæххæттытæ æрвитæм, хъуамæ

адæмон нывгæнджыты нæмттæ райсой, æмæ ды дæр нæ курдиаты дæ къух æрæвæр. Æз уæд нæ профцæдисты разамонджытæй иу уыдтæн. Зæгъын, равдисут-ма, чи сты. Сæ ныхмæ ницы загътон, фæлæ Культурæйы министрады бæрнон кусджытæн мæ хъуыды бамбарын кодтон:

– Мæнмæ гæсгæ, адоны разæй уыцы кадджын ном райсын æмбæлы Дзанайты Азанбегæн. Абон уымæй курдиатджындæр нывгæнæг мах æхсæн нæй, æмæ-ма мын æй зæгъут, цæмæн æй хъуамæ бафхæрæм? Хъыг ын нæ уыдзæн? Ацы дыууæ-иу уый цурты куы фæцæйцæуой, уæд хъуамæ æфсæрмы кæной, ау, мах йæ разæй куыд фестæм, зæгъгæ...

Фæлæгъстæ мын кодтой, уый дæр, дам, нæ нæ ферох уыдзæн, абонæй фæстæмæ та уый кой бакæндзыстæм. Æз сын не сразы дæн, кæд мæм фæхæрам сты, уæддæр.

Иуцасдæры фæстæ уыцы ном райста Азанбег, стæй та иннæ дыууæ нывгæнæджы цалдæр мæйы фæстæ...

## Иссæйы мæрдон цæсгом

Стыр лæгтæ куы амæлынц, уæд сын сæ мæрдон цæсгомæй маскæ сисынц, уый паддзахадон æгъдау у. Зæгъæм, абон дæр ма сæ ахæм маскæтæ сæрмагонд музейты хъахъхъæд сты Петр Фыццагæн, Пушкинæн, Гоголæн, Сталинæн, Кировæн, Горькийæн... Æз мæхæдæг нæхи республикæйы ахæм маскæтæ систон Абайты Васойæн, Уататы Бибойæн, Калманты Батырæн, Хетæгкаты Хъазыбегæн...

Иссæ куы амард, уый ма хъуыды кæндзынæ, Дамир: 1979 азы февралы хъызт бонтæй иуы. Æз уæд мæ æрмадзы куыстон, абон уæртæ нæ Паддзахадон университеты кæрты хæстонтæн цы цыртдзæвæн лæууы, уыыл. Чидæр мын мæ дуар æрбахоста, æмæ мидæмæ æрбацыд нæ Нывгæнджыты цæдисы уæды сæрдар Николай Жуков. Цыдæр тыхстхуызæй мæ цуры æрлæууыд æмæ загъта:

– Мишæ, ды ма мын куынæ баххуыс кæнай, уæд ма партийы обкомы кусджытæм цы цæсгом равдисдзынæн, уымæн ницыуал зонын.

Зæгъын, цы хабар у, зæгъ æй.

– Плиты Иссæйы маскæ сисын хъæуы. Дзанайты Руслан æмæ мын Хайаты Валодя не сразы сты, сæ зæрдæтæм-иу фæлæбурдтой, суæгъд, дам нæ кæн ахæм хъизæмарæй, нæ бон, дам, не суыдзæн.

Æз ын йæ уавæр бамбæрстон æмæ йын загътон:

– Мæ бон та суыдзæн!..

Иссæйы чырын уæдмæ æрæвæрдтой горæты кæрон Суворовон училищейы стырдæр залтæй иуы бæрзонд постаментыл. Не ссыдмæ уым йæ цуры лæууыдысты Хъæбæлоты Билар, Черчесты Георги, Ситохаты Георги, цалдæр инæлары ма. Иу бæрзонд, хæрзконд мæм дзы æрбацыд æмæ хæстон домæны хуызы бæзджын хъæлæсæй загъта:

– Цæй райдайут!

Æмæ йын уæд æз бамбарын кодтон, зæгъын, чырын æруадзын хъæуы дæлдæр, цæмæй йын æз бынмæ йæ цæсгоммæ кæсон, стæй йæ ахæссын хъæуы хицæн бынатмæ, куыд ничи мæ хъыгдара, афтæ. Мæ курдиат мын уайсахат сæххæст кодта. Мæ фæстæ дуар куыд æрбацæйæхгæдтон, афтæ мæ уæлхъус алæууыдысты дыууæ Георгийы, Билар нын, зæгъгæ, ныффæдзæхста, Михалæн, дам, аххуыс кæнут. Зæгъын, бузныг, ацы хъуыддаджы мæ никæй æххуыс фæхъæуы.

Куы фæдæн, уæд мæ телогрейкæ раластон æмæ йæ уым батыхтон, стæй машинæйы шофырæн дæр йæ пец скусын кæнын кодтон, уымæн æмæ гипс хъарм уарзы.

Иссæйы ныгæнæн бон сихормæ ’ввахс цалдæр маскæйы скодтон, иу дзы мæ машинæйы сæвæрдтон, æмæ, мæ мæгуыр зæрдæйæ, горæты сæрмæ зианы митингмæ рараст дæн. Нæ йæм бахаудтæн: уæдмæ милицæйы кусджытæ уырдæм цæуын нал уагътой, адæмæй, дам дзы къах бавæрæн дæр нал ис, турбазæйы цурæй мæ фæстæмæ раздæхтой. Æндæр гæнæн нал уыд, æмæ уæд Штыбы фæзы ме ’мбал нывгæнджыты æрмадзты цур баурæдтон. Чидæртæ ма ныл æрбафтыд, æмæ уæд уым фынг æрæвæрдтам. Æз ын йæ маскæ райстон, къулыл æй æрцауыгътон, рухс æм саразтам: æцæг мæрдон хуыз ын уыди. Æвæццæгæн, Иссæйæн Ирыстоны махæй раздæр уыцы бон рухсаг ничи загъта.

Дыккаг бон райсомæй ме ’рмадзы цур иу æнæзонгæ лæджы баййæфтон. Æз, дам, дæн Ленинградæй, уе стыр æмзæххон Кучиты Юрийæн йæхицæн Иссæйы мардмæ ссæууæн нæ уыд, æмæ мæн йæхи бæсты рарвыста. Дæумæ та æрбацыдтæн курæг: иу маскæ мын ратт, æмæ йæ Юрийæн мемæ аласон, Иссæйæн стыр аргъ кодта, æмæ дам ын удыбæстæ скæнæм.

Ууыл дыууæ сахаты бæрц рацыдаид, афтæ та мæм партийы обкомæй фæдзырдтой:

– Иссæ кæм цардис, уыцы хæдзары йын абон хист кæнынц æмæма сын, дæ хорзæхæй, иу маскæ ныххæсс сынтæгыл æрæвæрынмæ...

Ныртæккæ уыцы хæдзары ис йæ музей.

Кæртмæ куы бахызтæн, уæд кæсын, æмæ дзы бирæ афицертæ æмызмæлд кæнынц, райдай лейтенантæй æмæ фæу инæларæй. Æмæ уый диссаг уыди: ииуылдæр – кæугæ æмæ нуазгæ, нуазгæ æмæ кæугæ. Тынг ыл фæрыстысты, уый æз мæхи цæстытæй федтон. Мæхи зæрдæ дæр суынгæг, мæ цæссыг рахъардта. Æртæ дынджыр цæнгæт аджы бын дзы сыгъдис æртытæ. Куыд мын радзырдтой, афтæмæй дзы уыдис æртæ кусарты: иу дзы сæрвыстой Иссæйæн йæ райгуырæн Зæронд Бæтæхъойыхъæуæй, иннæ сластой мæхъхъæлы Плиты мыггаг, æртыккаг та нæ хицауад сæхи номыл аргæвдын кодтой.

Мидæмæ куы бахызтæн, уæд бацæуæны рахизæрдыгæй федтон даргъ æмæ фæтæн диван. Афицеры дзаумæттæ йыл, æнæуи бæгъæввад, афтæмæй дзы чидæр уæлгоммæ хуыссы, газет рафæлдах-бафæлдах кæны. Мæнмæ кæсгæ дæр не скодта, бæрæг уыд, ноззæй тынг кæй фæхъæстæ ис, уый. Æз дарддæр ацыдтæн Иссæйы мæрдон сынтæджы цурмæ æмæ хуыссæныл уымæн йæ хæстон дзаумæттæ æмæ хæрзиуджыты фарсмæ уыцы маскæ хъавгæ æруагътон. Йæ фарсмæ йын цалдæр ирон лæджы уæззаугомау тымбыл стъолыл хæлар кодтой алыхуызон хæринæгтæ.

Æз нал фæлæууыдтæн æмæ дзы иуы афарстон, зæгъын, дæлæ æрбацæуæны диваныл чи хуыссы, уыцы бæгъæввад афицер та ацы хæдзарæн чи у. Æмæ, дам, уый Иссæйы хæсгæ лæппу у. Æз дын уый айхъусон, цы. Рацыдтæн æм æмæ йын алывыдтæ акалдтон, зæгъын, де схæссæг фыдæн дын уæртæ хæлар кæнынц, ды та уæлгоммæ хуыссыс, уæд уый куыд фидауы? Уым ма чидæртæ мæ фарс рахæцыдысты, æмæ йæм уæд æрæджиау цыдæр бахъардта.

Æвæццæгæн, уым кæмæдæрты афтæ фæкаст, цыма æз Иссæйæн хæстæг къабаз æййафын, æмæ мæм дыккаг бон телефонæй æрбадзырдтой, уæлæ, дам-ма нæ йæ ингæны цурмæ слас, йæ цуры дæр ын ныххæлар кæнæм. Цы гæнæн мын уыдис, исты æфсон скæнын мæм худинаг фæкаст, сластон сæ. Мæ фарсмæ иу æрыгон сылгоймаг иннæтæй уæлдай тынгдæр куыдта, æмæ йæ бафарстон, зæгъын, ды та Иссæйæн чи дæ. Æмæ, дам, æз йæ чызг дæн. Хæсгæ нæ, фæлæ æцæгдæр йæхи иунæг чызг разынд. Ныллæджытæ, нæдæр æм йæ мад Катяйæ, нæдæр æм йæ фыдæй исты уыд. Уæд ацыд æмæ ардæм никуыуал фæзынд, йæ фыдызæхх йæхимæ не ’рбахæстæг кодта.

Хатгай цæуыл фæхъуыды кæнын, уый дын зæгъон. Не стырдæр лæгтæ Къоста, Васо æмæ Иссæ сæ фæдыл Иры зæххыл сæ байзæддæгты нæ ныууагътой. Æвæдза, абон уыдонæй исчи нæ цуры куы уаид, уæд сæ цас уарзиккам, куыд буц сæ дариккам?! Куыд дæм кæсы?..

## Мæ зæрдæ нæ бакуымдта...

Кæцыдæр аз Аивæдты хæдзары иу нывгæнæг йæ равдысты фæстæ фынг æрæвæрдта. Хистæрæн дзы бадт Хуссар Ирыстоны уæды Президент Цыбырты Людвиг, сæрмагондæй æрбацыд, уымæн æмæ нывгæнæг дæр уырдыгæй уыд.

– Хистæр кувын куы райдыдта, – дзырдта мын уый фæстæ Михал, – уæд кæсын, æмæ стъолы дæллаг кæрон иу арæзт бæрзонд лæг бады, сырх галстук ыл. Иууылдæр сыстадысты, уый та бады æмæ хæры. Фæхъыг мын ис, æмæ, дарддæр та цы архайæг уыдзæн, зæгъгæ йæ хъахъхъæнын. Сидтытæ цæуынц, уый сидæгмæ нæ хъусы, йæ ныхасæй не 'нцайы, хæры, нуазы. Æрдæгбадт уыдыстæм, афтæ дын уыцы бæрзонд лæг сыстад, иуы дæр нæ бафарста æмæ йæ дæндæгтæ къахгæ дæлæ араст. Æз æй дуары цур баййæфтон, алывыдтæ йын акалдтон, зæгъын, ирон æгъдау афтæ куынæ нымайай, уæд бирæ нал фæцæрдзынæ. Уыцы хатдзæг мæ мæстæй скодтон.

Ууыл иу-æртæ мæйы рацыд, чи зоны, чысыл фылдæр, æмæ мæм иубон ме 'рмадзмæ цалдæр лæджы æрбацыд, цыртыл, дам-ма нын мæнæ ацы къам скæн. Æз æм æркастæн, æмæ мæнæ диссаг: Аивæдты хæдзары йе 'нæгъдаудзинады тыххæй алывыдтæ кæмæн фæдзырдтон, уый дзы базыдтон.

Нæ сын сразы дæн, мæ зæрдæ нæ бакуымдта...

* * *

Ацы рæнхъытæ куы фыстон, уыцы бонтæй мæм иуы Мишæ телефонæй æрдзырдта æмæ йæ уæздан хъæлæсæй загъта:

– Мæнæ иу цыртæн иронау цалдæр хъуыдыйады ныффыстон, æрбауай-ма, æмæ сæ иумæ бакæсæм.

Æз ын дыккаг бон йе 'рмадзы дуар бахостон. Баййæфтон ма дзы нæ иумæйаг хæлар, зындгонд дохтыр æмæ курдиатджын композитор Тедеты Шаликъойы. Цы ног цыртдзæвæныл кусы, уый тыххæй нын мæнæ афтæ радзырдта Мишæ:

– Ардæм мæм фæззæджы астæу Тедетæй дыууæ лæппуйы æрбацыдысты æмæ мæ семæ аластой уартæ Хуссар Ирыстонмæ. Уым ис иу гыццыл хъæу, цæрынц дзы æрмæстдæр мæнæ Шаликъойы æрвадæлтæ, хонгæ дæр æй афтæ кæнынц – Тедеты хъæу. Сæ курдиат та ахæм уыд: Фыдыбæстæйы Стыр хæсты нæ хотæ æмæ не 'фсымæртæй чи архайдта, уыдонæн нын аккаг цыртдзæвæн скæн...

Уырдæм цæугæйæ, уымы фæндæгтæ куы федтон, уæд мæхинымæр скарстон, зæгъын, уæллæй, сыгъзæринтæ мын куы дæттой, уæддæр ницыхуызы сразы уыдзынæн. Куы йæ скæнон, уæд æй ласгæ та куыд æрбакæндзынæн? Ацы къуыппытæ æмæ дзыхъхъытæ фæндагыл цырт ныппырх уыдзæн. Æмæ та йæ уæд ногæй кæндзынæн?

Фæлæ хъæумæ куы бацыдтæн æмæ куы федтон, ме 'рбацыдмæ куыд тынг æнхъæлмæ кастысты, хæстæй сæ чи нал ссыд, уыдоны куыд тынг мысынц, сæ рухс нæмттæ сын куыд арынц, уый, уæд мæ карз фæнд аивтон. Стæй уыцы гыццыл хъæу ахæм рæсугъд у, ахæм дзæнæтон бынаты æрæнцад, æмæ диссаг! Хæхты хъæбысы. Мæ алыварс фылдæр фæткъуы æмæ кæрдо бæлæстæ уыди, æмæ мæм диссаг фæкаст иу хъуыддаг: зыбыты иунæг бæласыл дæр дзы сыфтæр нал баззад, нæ къæхты бын сæ сыр-сыр цыди, цыма нын сусæг ныхас кодтой, уыйау. Дыргътæ та бæгънæг къалиутыл ауыгъдæй лæууыдысты, алырдæмты æрттывдтытæ калдтой. Мемæ мын дзы иу чыргъæды дзаг сæвæрдтой, цыма йæ зонгæ кодтой, балцы куы вæййын, уæд мæ дзæбæх сыхæгтæм афтидæй кæй никуы раздæхын, уый. Ныр дæр та сын уыцы тымбыл къухы йас сырх фæткъуытæ хуры къæрттытау байуæрстон...

## Аргъуаны кæрты

Æз нæ ирон аргъуанмæ хæстæг цæрын. Нæ балкъонæй мæм хорз фæзыны йæ кæрт. Къостайы райгуырæн бон, 15 октябры, рацыдтæн æмæ аргъуаны цур нæ хицауадæй цалдæры ныййæфтон. Бæрæг уыд, кæмæдæр кæй æнхъæлмæ кæсынц, уый. Æз сын радгай сæ къухтæ райстон, æппæты фæстæ райстон Мамсыраты Таймуразы къух. Уæд ма уый ахæм бæрзонд бынаты нæ уыд æмæ йæхи хуымæтæгдæр дардта, бацин мыл кодта.

Уалынмæ къæхты хъæр ссыд, фæстæмæ фæкастæн æмæ ауыдтон Дзасохты Алыксандры æмæ Михаил Шаталовы. Æххæст ма уыдоны

къухтæ дæр район, зæгъгæ сæм фæцæуын. Нæ Президенты цурмæ куы бахæццæ дæн, уæд уый йæ къухтæ йæ фæсонтыл авæрдта æмæ йæ мидбылты хинхудт кæны. Ныр мæнæн мæ къух уæлдæфы дирижеры лæдзæгау ауыгъдæй аззад. Уый мæм диссаг фæкаст, раст зæгъгæйæ мын фæхъыг. Алыксандр мын мæ уыцы уавæр бамбæрста, иннæтæм бакаст æмæ тызмæгхуызæй загъта:

– Вот так отменяются президентские указы в Осетии...

– Æз ахæм указ нæ зонын, æз ницы аивтон, – загътон ын æз.

Шаталов мын мæ хъынцъым бамбæрста æмæ хъазæгау бакодта:

– Ардæм цæугæйæ, Алыксандр бауынаффæ кодта, абон, дам, къухтæ нæ исдзыстæм, æрмæст, дам-иу салам ратдзыстæм...

Мæнæ, зæгъын, диссаг, абон мах нæ кæрæдзийы къухтæ нæ исдзыстæм, райсом та... Æмæ нæм, зæгъын, Къоста та цæмæ сидт: «Цæйут, æфсымæртау раттæм нæ къухтæ / Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..»

Куыд фидауы уый, æмæ абон, Къостайы мæлæн бон, къухтæ дæр нал исæм?!

Алыксандрмæ, æвæццæгæн, мæ ныхæсты фæстæ цыдæр бахъардта, хин худт кæны, æрбацыд мæм, æрбахъæбыс мæ кодта æмæ дын афтæ:

– Уæллæй, ацы нывгæнджыты дзыхæй ничи амбулдзæн...

Æмæ, зæгъын, ардæм искæй амбулынмæ æрбацыдыстæм æви Къостайы ном мысынмæ. Дзуапп мын нал радта.

Æвзæр уый у, æмæ нæ уæлдæр хицауадæй чидæртæ къухты райстæй дæр цыдæр мадзал кæй аразынц... Уый нын кæцон миниуæг у: абон къухтæ исæм, райсом та нæ исæм? Æппынфæстаг, ирон лæг уæддæр дæ...

## Магрезы сæрыл рахæцыдтæн

Нывгæнджыты скъолайы ахуыргæнджытæ фæсурокты сæ кабинеты бадтысты, сæ куысты фарстатыл дзырдтой. Сæ иу, Гæбæрайы-фырты, зæрдæмæ Челæхсаты Магрезы цавæрдæр ныхас нæ фæцыдис, æмæ йыл хъæрццыгъайау йæхи ныццавта, ды, дам, мæнæй уæлдай цы сарæзтай, цавæр хæхтæ афæлдæхтай æмæ æндæр ахæм уайдзæфтæ.

Магрезæн, уыцы уæздан æмæ хиуылхæцгæ лæгæн, йе ’мкусæджы ахæм ми æнæнхъæлæджы уыди. Ныхъхъус, ницы йæм дзуры, иннæтæй дæр йæ фарс ничи хæцы, æвæццæгæн, æнхъæлмæ кæсынц, дарддæр

цы уыдзæн, уымæ, афтæмæй та сæ алчидæр зоны, сæ дыууæйæ царды, аивады чи цы бынат ахсы, уый.

Æз нал фæлæууыдтæн æмæ Гæбæрайы-фыртæн афтæ загъын:

– Ды Нывгæнджыты цæдисмæ курдиат балæвæрдтай, уæ рæнхъытæм мæн дæр райсут, зæгъгæ? Балæвæрдтай?.. Нæ дæ райстой. Магрезы та райстой, сæ дыгай къухтæ дæр ма сдардтой. Уый дын иу. Ды дæр æмæ Магрез дæр фарон нæ республикæйы нывгæнджыты конкурсы архайдтат. Ды дзы никуыцæй разындтæ, Магрез та дзы фыццаг лауреат сси. Уый дын дыккаг. Дæ хъомылгæнинæгтæ мæнæ мæнæн дæуæй хъаст кодтой, исты фарст, дам æм куы раттæм, уæд дзы фылдæр хатт рæстмæ дзуапп нæ фехъусæм. Магрезæй афтæ сæ иу дæр нæма загъта. Уый та дын æртыккаг. Нымайæм ма?..

Гæбæрайы-фырты цæсгом сырх хъулон афæлдæхт, фестад æмæ дæлæ фæцæуы.

Бæллæхы адæм стæм. Мах, ирон адæм, нæ ницæйаг принцип, ома, ды мæнæй цæмæй лæгдæр дæ, зæгъгæ, нырма сафинаг не стæм. Уыцы азымы тыххæй Нарты кадджыты дæр ис фыст... Исты мæнг зæгъын?..

## Фæндагыл фембæлдтытæ

Иу фæссихор мæм ме 'рмадзмæ æрбацыд Нывгæнджыты цæдисы хицæуттæй иу æмæ мын афтæ зæгъы, дæлæ, дам нæм культурæйы министрадæй сдзырдтой, ардæм, дам, рацæут, зындгонд мæскуыйаг лектор нæм ссыд.

Ныццыдыстæм, уæдæ цы уыдаид, фæлæ дзы мæ машинæйæн бынат нал уыд. Цы гæнгæ мын уыд, æмæ йæ, æвæрын кæм не 'мбæлд, ахæм ранмæ батардтон. Зыдтон æй, милицæйæ йæ исчи бафиппайдзæн, уый æмæ иу гæххæтты гæбазыл афыстон: «Ацы хатт мын бахатыр кæнут». Æмæ йæ раззаг авджы щеткæйыл бафидар кодтон.

Нæ мын бахатыр кодта милицæйы уæды æнæзонгæ кусæг.

Лекци дæр ницæйаг рауад, тæвд бон дæр уыд, залы – æнуд, бирæтæ дзы фынæй дæр ма баисты. Кæддæр-уæддæр фæци. Мæ машинæйы цурмæ куы бацыдтæн, уæд кæсын, æмæ дын раззаг авгыл æндæр æнцъылдтæ стырдæр гæххæтты гæбаз ныхæст æмæ дзы уырыссагау фыст, дæ номыртæ, дам, сты паддзахадон автоинспекцийы ахæм æмæ ахæм кабинеты капитан Абайы-фыртмæ. Æркастæн разæй, ацыдтæн фæстæрдæм дæр, æцæгæйдæр мæ номыртæ – æппæрст.

Цы гæнæн ма мын уыд: ме 'нæзонгæ æфхæрæджы агурæг ацыдтæн. Гæххæтты гæбазыл мын цы кабинетæй загъта, уый æхгæд разынд, æмæ уæд сыхаг кабинеттæй цалдæры дуæрттæ бахостон, æмæ иу ран дæр нæ уыд. Æрæджиау мын иу æрыгон ләппу мæ катай бамбæрста, рудзынгæй кæртмæ акаст æмæ мын афтæ зæгъы, дæлæ, дам, йæ машинæ кæрты ләууы, йæхæдæг дæр, æнæмæнг, ам искуы уыдзæн, хуыздæр æй рацагур. Æз уæллаг уæладзыгæй райдыдтон æмæ суанг бинаг уæладзыджы дæр се 'ппæт дуæрттыл рахæцыдтæн, фæлæ никуы æмæ ницы. Уæдæ кæм хъуамæ уа, зæххы бынмæ куыд ныххаудтаид?

Уæд фæкомкоммæ дæн, уæрæх гом чи уыд, пъадвалы уыцы дуармæ. Мæхинымæр, цы нæ вæййы, кæд уым ис, зæгъгæ, мæ сæр уым фæцавтон. Асины фæстаг къæпхæныл мæ къах куы æрæвæрдтон, уæд мæм рæбынæй кæцæйдæр кæйдæр фæдисы хъæр æрбайхъуыст, чидæр дзы æддæмæ дуар тынг хойы. Мæ цыдыл бафтыдтон, кæсын, æмæ уыцы дуарæй æддæмæ фæздæг кæлы. Бахæцыдтæн ыл æмæ – æхгæд. Мидæгæй чи уыд, уымæ мæ уынæр фехъуыст æмæ лæгъстæйæгау дзуры:

– Дуар мыл сæхгæдтой, исты хуызы йæ бакæн, кæннод ам фæздæг улæфынæй мæ бон нал у, хуыдуг кæндзынæн...

Æз айтæ-уыйтæ нал фæкодтон, фæлæ мæ машинæмæ разгъордтон, фæрæтмæ фæлæбурдтон. Иу дзырдæй, дуар басастон. Фæздæджы уацары чи бахауд, уый дын капитаны цины куы разынид. Мæ зæрдæ цæуылдæр фæкъæпп кодта, æмæ, зæгъын, ды, абон кæйдæр машинæйы номыртæ чи раппæрста, мыййаг, уыцы Абайы-фырт нæ дæ. Уый, дам, дæн. Æз та, зæгъын, уыцы машинæйы хицау дæн. Æмæ уæд, цыма рагацау ныхасгонд уыдыстæм, уыйау æмхудт ныккодтам.

Ныр уый нал кусы, фæлæ мыл куы амбæлы, уæд мæм дардæй худгæ æрбацæуы. Æз, æфхæрд лæг, мæ бафхæрæджы куы фервæзын кодтон, уыцы бон нæ дыууæ дæр æхсызгонæй æрымысæм...

Иу ахæм æнахуыр фембæлд ма мын уыдис милицæйы кусджытимæ... Дæлæ Черкесскы горæты астæу æвæрд ис, не 'мзæххон Дзантиаты Инал кæй скодта, Къостайы уыцы цыртдзæвæн. Мах æм мæ хæлар архитектор Гуыбаты Зауыримæ кæцыдæр аз уынæг ацыдыстæм. Мæхицæн дæр æнæнхъæлæджы уым мæхи машинæйæ фæндагыл цæуыны æгъдау фехæлдтон, баурæдтой мæ.

Посты агъуыстмæ мæ сæ хицау, иу бæрзонд лæппулæгмæ, бакодтой. Загътон, ныртæккæ мæ уайдзæфты бын фæкæндзæн. Фæлæ уый куы базыдта, кæцæй дæн, мæ цыды сæр цæй тыххæй у, уый, уæд йæ цæсгом фæрухс æмæ загъта:

– Æмæ уæ Къоста мæ уарзон поэт куы у!.. Цæй æмæ афтæ бакæнæм: кæд ын йе ’мдзæвгæтæй наизусть мæнæй фылдæр радзурай, уæд дæ æнæ ’фхæрдæй ауадздзынæн, кæд нæ, уæд дæхæдæг зоныс, нæ бон цас у, уый... Разы дæ?

Уый цыппар æмдзæвгæйы радзырдта, æз – фондз. Рауагъта нæ, немæ нын суанг горæты кæронмæ йæ хæдивæджы дæр ма рарвыста, мачи, дам уал сæ бауромæд.

Къостайы хорздзинæдтæ, цымæ, кæд бафиддзыстæм?..

МÆХÆМÆТТЫ Ахуырбег

# ÆРГÆСКЫ МÆСЫГ

Раджы, тынг раджы фæзынд Æргæскы мæсыг Дур-Дуры комы.

– Хуыцæутты Хуыцау, курæм, лæгъстæ кæнæм, цæмæй дыууæ æрыгон уды Æргæск æмæ Азауы хуызæн куыд уарзой сæ кæрæдзи… Ноджы зæрдиагдæрæй та курæм, цæмæй уыдоны хал ма ахæрой, æмæ амонды хуры тынтæй рухс уа сæ фæндаг. Сæ ахстон хъæбултæй йæ тæккæ дзаг уæд, – арæх куывтой чындзæхсæвты Дур-Дуры хистæртæ.

…Æргæск чысылæй баззад сидзæрæй. Йæ фыд æмæ йæ мад нæ бафсæстысты йæ уындæй. Фыццаг фыд ацыд цардæй. Уый фæстæ мад дæр ссардта йæ адзал. Сывæллонæй йæм бахъардта, иунæг мæгуыр кæй у, уый. Æнахъомæй райдыдта гуыбыны дзагыл уæлыгæсæй цæуын. Куы фестырдæр, куы фæфидардæр, уæд та райста фыййауы лæдзæг. Хистæр фыййæуттæй йын чидæр балæвар кодта уадындз. Уый сси йæ удæнцой, йæ цин, йæхи дзы рæвдыдта. Лæппу фæцардбæллон, йæ сау-сауид дынджыр цæстытæ фæрухсдæр сты. Дзурынц, зæгъгæ, дам, æвзонг фыййауæн хъæугæроны бæрзонд обау уыдис йæ уарзон фæлладуадзæн бынат. Уый цъуппыл задис хъæддаг æхсынцъы бæлас, æмæ-иу уый бын хурауууоны Æргæск йæ уадындзæй куы цагъта, уæд ма-иу æм мæргътæ дæр æрыхъуыстой. Ныр дæр ма, дам, обауы хуылфы арф æмбæхст сты йæ уадындзы рæсугъд зæлтæ. Хъæддзау куы сси, суг ласынмæ-иу куы цыд, уæд дæр йæ уадындзы зæлланг нæ сабыр кодта. Зæронд тулдз бæлæстæ, дам ма абон дæр æнхъæлмæ кæсынц, уæйгуытæаръæзт лæппу къæдз-мæдз фæндагыл, йæ галты сæрбосыл хæцгæйæ, сæ бынты кæд фæцæйцæудзæн…

* * *

Æргæск куы бахъомыл, йæ уæнг куы фæфидардæр, уæд æй йæхимæ кусынмæ райста хъæуы æлдæрттæй иу – Хъасболат. Хæдзары цы нæ куыста, ахæмæй бирæ нæ уыд. Суанг ма гæрстæ æхсынмæ дæр арæхсыд. Рæвдз-рæвдз исты бахъуыд, зæгъгæ, уæд-иу Хъасболат ацагуырдта Æргæскы. Иу сæрдыгон бон та йæ арвыста хос кæрдынмæ. Ронбастмæ кæрдæджы Æргæскы фæтæнком цæвæг хъазыди, кæф денджызы куыд

хъаза, афтæ. Ногкарст кæрдæджы тæф æмæ уæнгроггæнæг гæзæмæ сатæг уддзæф рæуджыты хызтысты, рог кодтой лæппуйы уæнгтæ. Хосдзау бахæццæ дæргъæй-дæргъмæ уисы кæронмæ æмæ райдыдта йæ цæвæг саудур кæнын. Куы фæцис, уæд къухаууонæй ирд арвмæ скаст: кæм æмæ ма кæм уыдис бонæн йæ кæрон. Хур цыма арвы бæрæгастæу йæ фæллад уадзынмæ ныллæууыд, афтæ йын фезмæлыны хъомыс нал уыд. Æргæск бакатай кодта:

– Ех, уæд та – ныхасæмбал… Иунæгæй ныггоби уыдзынæн… Афтæмæй ме 'взаг комы къулыл банывхæсдзæни… Уæд та уал суадонмæ ныуаин æмæ мæхи асатæг кæнин…

– Дæ хæйрæджытимæ дзурыс? – æрбайхъуысти стыр кæрдо бæласы фæстæйæ.

«Азауы хъæлæс!» – ахъуыды кодта Æргæск æмæ фæстæмæ йæхи фæзылдта. Æмæ æцæгдæр Азауы куы ауыдта, уæд йæ цæвæджы хъæд зæххы атъыста æмæ йæ цурмæ сабыр къахдзæфтæй бацыд:

– Азау?! Иунæгæй?.. Ау, тæрсгæ дæр нæ кодтай? Ахæм рæстæг… Хъæдрæбынты цыдтæ…Уæд та дыл, мыййаг, абырджытæ сæмбæлдысты…

– Хæринаг дын рахастон, сихор, – Азауы урс-урсид уадултæ сырх хъулæттæ адардтой. – Сыхы лæппутæй никæуыл фæхæст нана, кæсаг ахсынмæ ацыдысты, æмæ мæн рарвыста. Нана… Нана мæ фæстæ дæр ма дзырдта, фæстæмæ-иу тагъд фездæх, зæгъгæ.

Æргæск дзырд нал ардта, стæй афтæ:

– Нана хорз адæймаг у… Азау, цæуылдæр катай кæныс… Цы у уæддæр? Æргом дзырд уарзын, æмæ мын æргомæй зæгъ…

– Уæдæ, уæдæ, æргом дзырд дæ, – бустæхуызæй загъта Азау. – Æз дæм ахæмæй ницы фиппайын æппындæр… Дысон изæр дæр та… Цыдæр зæгъинаг мын уыдтæ, фæлæ уайтагъд æрдæгфæндагыл ныссуйтæ дæ. Дæлгоммæ ныхæстæ… Ма мыл фæхуд – дысон-бонмæ æнæхуыссæг фæдæн… Мæн цæуын хъæуы: нана мæм хæцдзæни, баба куы базона, афæстиат дæн, уый, уæд смæсты уыдзæн…

– Азау, фæлæуу-ма, – Æргæск йæ фæндагыл æрлæууыд. – Куыд фæзæгъынц, донласт хуылыдзæй нал тæрсы… Мæ зæрдæ райхалон дæ размæ… Ныртæккæ куы не скалон мæ монцтæ, уæд рахаудзæни риуæй, ныффæрчытæ уыдзæн…

– Нæ, нæ хъæуы – æз бамбæрстон Æргæскы, – райдыдта Азау. – Дæ ныхæстæ мæ уацары райстой… Азаумæ дæр æндæр фæнд нæй…

Ма мыл фæхуд… Мæ зæрдæйы ‘нкъарæнтæ фæуæлахиз сты зондыл, сæ бауромын нал у, нал, мæ бон… Цытæ дзурынæл схæцыдтæн?! Ныххатыр кæн, Æргæск… – цыма йæ зæхх йæхимæ нылвæста, уыйау акъахдзæф кæнын нал уыдис йæ бон чызгæн.

Æргæск сулæфыд йæ фæтæн риуы арфæй, йæ хъамбулджын уæнгтæ дард фæхаста:

– Ех, базыртæ, базыртæ мын ратт, Хуыцау! Æз атæхон, атæхон цъæх арвы хъæбысмæ! – фæлæ æвиппайды фенкъард. – Цы аразын ногуард митæй мæсгуытæ? Цы зæгъдзысты дæ мад æмæ дæ фыд? Æдзухдæр мæ дæ фыд йæ дæлдæрыл нымайы, æфхæры мæ, йæ маст мыл калы. Цагъайраджы цæст мæм дары, æнæуынон ын дæн, мæ кой дæр ын зын у. Мæ куыстæй йын пайда куынæ уаид – дыууæ боны дæр мæ нæ фæдарид йæ кæрты. Ныххатыр кæн, фæдзырдтон дын мæ сæнттæ, мæ хъуыдытæ мæ ахастой уæларвмæ, æнæ базыртæй атахтæн мæргътимæ…

Азауы сæр разылд. Чысыл фалдæр алæууыд æмæ загъта:

– Нæ, нæ, афтæ ма дзур, Æргæск… Мæ зæрдæ байдзаг уыдзæн мастæй, æмæ æцæг фæрчытæ уый фæуыдзæн. Фæнды мæ схон рæузонд æмæ къæбæда, фæнды мыл худ – мæ уынаффæ у ахæм: фæцæрдзыстæм кæмфæнды дæр дыууæйæ. Тар хъæды, чи зоны, куы ‘рцæрæм, – нæ хæлæрттæ хъæддаг сырдтæ уыдзысты, нæ фысимуат уæрæх денджыз куы суа, – рæсугъд цардæй кæсæгтимæ цæрдзыстæм, – уыцы ныхæстимæ чызг бæрзонд кæрдæджы нарæг къахвæндаджы ‘рдæм азгъордта.

Æргæск æрбадти, хæринæгтæ æрæвæрдта йæ разы. Йæ хъусты азæлдысты Азауы ныхæстæ, æмæ схæцыд йæхиимæ ныхасыл:

– Ай цытæ фехъуыстон, цытæ?! Æви фын уыдаид? Куынæ уыдтæн фынæй!

– Нæ уыди фын, Æргæск, мæ хæлар!

Уыцы ныхæстæм Æргæск рæвдз фæгæпп ласта. Ныхас кæцæй фæцыд, уыцырдæм фæзылд æмæ ауыдта сæ хъæуы хъæздыгдæртæй иуы. Уый уыди Гырым, лæппутæ та йæ фæсномыгæй Цурк хуыдтой, йæ сæр æнахуыр дæргъæццон кæй уыдис, уый тыххæй. Азауыл дзырдта, хуры тыны хуызæн чызгыл, йæ фæдыл ауонау зылдис.

Æргæск фенкъард. Фæлмæстæй сдзырдта:

– Барвæсс, Гырым, хосдзауы сихорыл.

– Бузныг, Æргæск, ахæмтæ мын нæ тайы… Фæлæ мæн æндæр хъуыддаг æрбасайдта ардæм. Зæгъ-ма, уалæ фæндагмæ чи ахызт, уыцы чызг та чи у? – Гырым Азауы фæдыл ацамыдта ехсы хъæдæй.

– Уый… Уый у Азау – Хъасболаты чызг…

– Цы кæныс, цы, Æргæск, куы фæджих дæ, къæзæнæг дыл куы бахæцыд...Æнхъæлдæн, æмæ цæстæй рæвдз нал дæн, – сабухта Гырым. – Диссаг нæу… О, æцæгдæр, фæцудыдтон цæстæй: ардыгæй уырдæм нал базыдтон мæ къайаджы – Азауы. Цæй, хорз! Цæмæн уыдис ам? Дæ хæстæг у, мыййаг, дæ хæрæфырт?.. Æви ныхасгонд уыдыстут хосгæрсты фембæлыны тыххæй? – йæ къух æрбатымбыл кодта. – Тымбылкъух искуы федтай? Хъама кæнæ дамбаца цы сты, уый хъусгæ уæддæр фæкодтаис? Уæдæ мæ ма бавналын кæн уыдонмæ. Иугæр сæ куы сласон, уæд сæ хуымæтæджы нал бафснайдзынæн!..

– Кæцæй мын у хæстæг, – æнкъардæй дзуапп радта Æргæск. – Хос уыдонæн кæрдын, куы йæ зоныс дæхæдæг, уæд ма мæ цы къахыс? Мæнæн ахæм хæстæджытæ куы уаид, уæд… Азау мын йæхæдæг загъта, нана, дам, сыхæгты лæппутæй никæй ссардта æмæ йæ уымæ гæсгæ рарвыста мæнæн къæбæрхæссæг. Цы диссаг у йæ гуыбыны дзагыл кусæг лæгæн цæхх æмæ кæрдзын раттын? Ницы ис уым æппындæр.

Дарддæр æй Гырым сдзурын нал бауагъта:

– Ныр та уæдæ мæнмæ дæр исдуг байхъус. Нæ зонын, æцæг у æви мæнг, фæлæ мын дзырдæуыд, Азауы, дам, уарзыс. Мæгуыр дæ бон, хæххон дзигло. Цытæ уæндыс? Æз дæр ма йæм куынæ хæссын мæ ныфс. Æз та чи дæн, уый ма дын иу хатт æрымысон. Æз дæн æлдары фырт, уæлыгæсæй кæмæ цыдтæ, уый байзæддаг. Мæ фысвосы нымæц Иры зæххыл дæнцæгæн куы хæссынц… Дæ зæрдыл бадар абоны ныхас: нæ ратдзысты Азауы рæсугъды дæуæн! Стæй йæхи дæр цæмæн хъæуы дæу хуызæн? Ныуадз, уымæн йæ амонд дæн мæхæдæг. Мæ фæндагыл æвзæр къодахау ма лæуу!

Æргæск йæ мидбынаты сагъдæй баззад. Йæ сæрыхъуын арц сбадт, йæ буар ныррызти. Цы кæна? Ацахса Гырымы, æрæппара йæ зæхмæ, йæ хъæлхъæлагыл ын бахæца æви?.. Нæ, Æргæск лæгмар нæу.

Гырым, æвæццæгæн, фыдбылызæй фæтарст, бæх æрцавта, атындзыдта хъæуы ‘рдæм. Æргæск сабыргай бацыди кæрдо бæласы бынмæ. Йæ хидæйдзаг ныхыл хæцгæйæ, бирæ фæкасти Гырымы фæстæ. Хъуыдыты ацыд: «Гырымы ‘взаг – мæ цæвæгæй цыргъдæр. Цытæ фæдзурдзæни Хъасболатæн, цытæ…»

* * *

Гырым Хъасболаты кæрты йæ сæр фæтъыста. Къулбæрзæйæ, кæнгæ уæзданæй райдыдта дзæнгæда: «О, кадджын æмæ уæздан Хъасболат, дæ чызгмæ дæ цæст фæдар, Æргæскæй йæ хъахъхъæнын хъæуы». Хосгæрсты сæ иумæ кæй федта, уый дæр дзы нæ басусæг кодта.

Хъасболат йæ усæн алывыдтæ акалдта, чызджы цæмæн арвыстай къæбæрхæссæг, зæгъгæ, æмæ кæрты къуымты, цæхæрадоны мæстджынæй рацу-бацу систа. «Кусгæ бæргæ хорз кæны… Уымæй дæр – лæвар… Дыууæ галы цы уæрдон нæ афæразой, уый аласдзæн иунæгæй. Хосы мæкъуыл ахæсдзæн йе ‘ккойы. Куы йæ атæрон, уæд æй авд лæджы дæр нæ баивдзысты… Фæлæ мæ чызг…» – хъуыдытæ йæ ‘вдæрзтой.

Æргæск изæрæй быдырæй куы ‘рбаздæхт, уæд ыл Хъасболат æлхынцъæрфыгæй сæмбæлд:

– Æрбайхъуыс-ма, Æргæск, мæ ныхæстæм лæмбынæг. Куыд зонын, афтæмæй ссæдз азы цæрыс. Уыдонæй æхсæз азы – мæнмæ. Мæ къæбæр дын æнæвгъауæй лæвæрдтон. Хæлар дын уæд, бахæцæд дæ фарсыл. Дæ куыстмæ ницы лаз хæссын, фæлæ, æнхъæлдæн, нæ зоныс дæ бынат, не ‘мбарыс дæ бон. Дæу хуызæн гæвзыкк та бонзонгæ уа хъуамæ. Цы дæ? Сидзæр, æнæ фæхæцæг, æнæ хæдзар, ныхы хуызæн гæмæх. Дæ ныййарджытæй æнæ мулкæй баззадтæ. Мæнмæ кусгæйæ дæр не скодтай бынтæ. Абонæй фæстæмæ мæн нал хъæуы дæ фæллой. Цæугæ ныр мæ кæртæй! Гъе уый та дын Азау…

Хъасболат ма цыдæртæ бахъуыр-хъуыр кодта æмæ хæдзармæ бараст, иу хатт ма фæкасти фæстæмæ. Æргæск сæргуыбыр æмæ уæнтæхъилæй кæрты астæу лæугæйæ баззад.

* * *

Сыкъаджын сырх мæй стъалаты ‘хсæнты фæлладхуызæй тылди. Йæ тынтæй фæлурс дардтой хæдзæрттæ, бæлæстæ... Рæстæггай-иу райхъуысти куыйты рæйын. Уыдон-иу куы басабыр сты, уæд Æргæскмæ хъæу бынтон æдзæрæгхуыз касти. Уый иунæгæй зылдис уынгты. Фыр мæстæй дзы йæ фæллад дæр ферох. «Гъе уый та дын Азау, – йæ хъусты азæлди Хъасболаты тызмæг хъæлæс. – Азау, Азау… Хынджылæг скъæры… Хъазæнхъул мæ сарæзта. Йæ зæрдæ Гырыммæ у… Кæрцæн йе ‘мпъузæн йæхицæй хъуамæ уа…»

Æмбисæхсæв цæхæрадонгæсмæ бафтыд, æмæ йын уый сси рæдау фысым. Боныгон-иу йæхи иуварс айста, цæмæй йæ фысыммæ мацы ‘фхæрд æрхаудтаид æлдарæй, æхсæвы æнафоны та-иу мусонгмæ фæзынд æмæ-иу хъалагъуримæ суанг боныцъæхтæм батыдтой рæстæг.

* * *

Азауыл ныддаргъ сты æнæхуыссæг æхсæвтæ. Йæ хуыссæнуаты-иу рафт-бафт фæкодта, базыл йæ цæссыг калда. Йæ бирæ хъизæмайраг хъуыдытæ-иу балхынцъ сты цыбырæй: «Цæй дурзæрдæ разынд мæ уарзон фыд? Куыд бауарзта йæ цæст Æргæскы атæрын? Ныр мыл райсом хур цы хуызæттæй скæсдзæн? Кæм дæ, Æргæск, цы ран дæ? Бамбар мын мæ хъуыдытæ, мæ катай… Æз ницы азымджын дæн дæ разы… Мæ цæсгом у сыгъдæг, мæ зæрдæ та – фæлмæн. Дæу куынæ уыной мæ цæстытæ, уæд мæм боны рухс нæ хъары, хуры тынтæ мæ нæ тавынц. Ма мæ ныууадз, мæ ныфс æмæ мæ мæсыг…»

* * *

Æргæск хъæугæрон сахъари хæдзар сарæзта, хъæмпын сæримæ. Зæрдæ ныттар, ныррхæндæг. Ныр иу азы бæрц нал федта Азауы. Чызджы йæ фыд уынгмæ дæр нал уагъта, уыимæ ма Гырымимæ дæр бафидыдта, йæ чызджы йын кæй ратдзæн, ууыл.

Гырым æмæ Азауы чындзæхсæвмæ ма къуыри баззади. Азау йæхи хордта, удхар кодта. Фæлæ уыцы æхсæв фидарæй скарста… Арæхстгай рудзынг байгом кодта, фæйнæрдæм аракæс-бакæс кодта. Мæйрухс – боны хуызæн, уынджы змæлæг нæй. Чызгыл ризæг бахæцыди, афтæмæй рудзынгæй рахызти æмæ атындзыдта хъæугæронмæ, Æргæскы хæдзар æдзæмæй кæм лæууыд, уыцырдæм. Дуар арæхстгай бахоста. Æргæск йæ фынæйæ фехъал.

– Кæцы дæ уый? Æргæскы сæр ацафон кæй бахъуыд?

– Азау дæн…

– Азау?.. Æххуырст та уæ бахъуыд?

– Цытæ дзурыс уый, Æргæск? Æгæр мæ ма ‘фхæр… Ныххатыр кæн, мæ цæсгом дæм суагътон. Æмбарын æй, сылгоймагæн афтæтæ кæй не ‘мбæлы, уый. Фæлæ мын ныр æндæр гæнæн нал ис. Ма мыл бахуд нæдæр абон, нæдæр сомбон. Мæ цæстмæ мын макуы бадар мæ къæйныхдзинад. Курæг дæ дæн: алидзæм иумæ, науæд мæ кæфхъуын-

дарæн дæттынц… Цурк уæддæр йæ фæнд атардта. Йæ минæвæрттæ та йæхицæй налатдæр æмæ æдзæсгомдæр разындысты. Дыууæ нал загъта мæ фыд дæр, уайтагъд йæ къухтæ сдардта, цыма исты дзаумайы хæрпрæгъ аппæрста кæртмæ… Æгæр ныддаргъ мæ ныхас… Цæй, лидзæм! Айсæм искуыдæм нæ сæртæ, нæ амонды къæхтæ нæ кæдæм фæхæссой, уырдæм. Тар хъæдмæ дæр ацæудзынæн демæ. Цæрдзыстæм халагъуды уым. Рæстæг нын нæй, фæрæвдздæр кæн…

* * *

Æгомыг къæдзæхтæ æмæ тар хъæд кæм баиу сты, уым Æргæск æмæ Азау сæхицæн сарæзтой бæрзонд æмæ фидар мæсыг. Дыууæ æрыгон уды бамбæрстой æрмæст уарзондзинады хъарм нæ, фæлæ сæрибар царды ад дæр. Кæд сæ алфамбылай адæймаг змæлæг нæ уыд, кæд сæ сыхæгтæ хъæддаг сырдтæ уыдысты, уæддæр стыр амондджын кастысты сæхимæ.

Уæлдай тынгдæр байрадысты, кæстæртæ сын куы рантыст, уæд. Райгуырди сын фаззæттæ, лæппу æмæ чызг – Аслæмбег æмæ Агуындæ. Лæппу йæ фыды цæрмæстыгъд бакодта, чызг та йæ мады халдих разынд.

Цардысты, уæдæ цы уыдаид. Бинонты дарын тар хъæды æнцон нæ уыд, фæлæ Æргæск – амалджын, æцæг цуанон дзы рауад. Сырды фыдæй дардта йæ бинонты. Азау та – хæдзардзин æфсин – къонайы хъарм хъахъхъæдта.

* * *

Иуахæмы Гырым сыхаг хъæуæй сæхимæ здæхти. Цæугæдоны астæу баурæдта йæ бæх. Бæх йæ былтæ доны куы атъыста, уæд ын Гырым йæ идон суагъта, йæхæдæг уылæнтæм ныссæццæ. Дуры фæстæйæ йæм стыр хъæлацы хуызæн цыдæр фæзынд. «Цы уа?» – ахъуыды кодта æмæ йæ уæлбæхæй фелвæста. Рæсугъд нывæфтыдтæджын хъæдын къус. Æркæстытæ йæм кодта иуырдæм, иннæрдæм. Йæ цæстытæ фæхъоппæг сты, бирæгъы цæстытау ферттывтой. Мæнæ царциатæ: къусы бынылы – Азауы ныв цыргъагæй къахт: йæ тæнæг былтæ, йæ бæзджын æрфгуытæ, йæ худæндзаст цæстытæ.

Ех, уыцы къус… Стыр бæллæхтæ уый аххосæй æрцыди, туг уый тыххæй ныккалд. Æрмарæхст Æргæск фæлтау куы не скодтаид хъæлацыл йæ бинойнаджы ныв…

* * *

Уыцы бон Азау дондзау куы рацыд, уæд къус фæирвæзти йæ къухæй. Бæргæ ма йæм фæлæбурдта, фæлæ йæ нал ацахста, æмæ йæ хæххон доны знæт уылæнтæ сæхирдыгæй фæкодтой, сæ хъæбысы йæ акодтой æмæ йæ ахастой дæлæмæ, быдырмæ. Къус зилдухæнтæй бирæ фæцыд, стæй ныддондыппыр, æмæ йæ Гырым кæм ссардта, уым æй донмæ зæбул къалиутæ хæлуарæджы тынты хуызæн æрцахстой.

Гырым къус хъæумæ æрбахаста. Хъасболаттæм бацæуын нæ бауæндыд, фæлæ Хъасболатæн йæ кæстæр æфсымæрмæ смидæг. Радзырдта йын хабар. Уый бирæ фæракæс-бакæс кодта хъалацмæ, йæ сæр батылдта æмæ загъта:

– Ничи йæм кæсы уыцы гамхет æмæ сæмпæрчъимæ. Нывгæнæг дæр куы сси. Фæлæ йæ дзæгъæл ныхты тыххæй къæппæджы бахаудта йæ сæр. Гырым, ныр дæ лæджысæр бахъуыд. Бавдæл æмæ сæрæндæр лæппуты къорд бамбырд кæн, дон-дон ацæут æмæ сырх æрдузыл хæхты ‘рдæм ахизут. Фæндаг уæ хъуамæ бахæсса, дон къусы кæцæй раласта, уырдæм.

Гырымы зæрдæмæ уыцы фæнд фæцыд. Йæхи хуызæн æртæ хæстмасты ссардта. Цыдысты бон, дыууæ. Æртыккаг бон сихормæ сæ фæндаг бахæццæ хохрæбынмæ. Изæрмæ фæбадтысты фæсалгæрдæгыл, изæрæй та…

* * *

Æргæск цуанæй дзагармæй здæхти. Сцыбæл йæ хъæбулты, рæсугъд Азауы уындмæ. Сæударæй ацыд, фынæй ма кодтой, æмæ сын рæвдауæн ныхæстæ нæ загъта. Йæ цæстытыл уади, куыд ыл ныттыхсдзысты, уый, сывæллæтты хъæбыстæ, батæ, æфсины æргом мидбылты худт… Фæлæ…

Æргæскы æнамондæн йæ фæндаг уыди, Гырым æмæ йе ‘мбæлттæ кæм бадтысты, уыцы æрдузыл. Уæд цæмæй зыдта, мæгуыр йæ бон, къæппæджы кæй бахаудзæн, уый?.. Æнæнхъæлæджы Гырымиты куы ауыдта, уæд цавд дурау фæцис. «Фæстæмæ, хъæдмæ? Мæхи амбæхсон?» – афарста йæхи. Фæлæ йæ сæрмæ алидзын не ‘рхаста. Йæхиуыл фæхæцыд æмæ лæппутæм хæстæгдæр бацыди, – се ‘ппæты дæр хорз зыдта.

– Фарн уæ бадты, фæсивæд!

Гырым сабыргай йæхиуыл схæцыд:

– Хъæды халон, цъыфхор, дæ хуыздæрау фæуай… Уæвгæ, дæуæн цæй хуыздæр æмæ цæй æвзæрдæр ис?

Æргæск æй цыма хъусгæ дæр нæ фæкодта, уыйау уæзданæй загъта:

– Фысым уын дæн, мæ мæгуыр къуымыл барвæссут. Мæ бинойнаг Азау цæх æмæ кæрдзын кæддæриддæр авæры хæларæй. Сымахæн дæр йæ армытъæпæн – фынг…

Гырым фæтъæлланг ласта:

– Стыр бузныг! Сырды лæгæты махæн ницы ис! Уæладзгуытæ куы саразай, уæд-иу нæм фæдзур. Æвæстиатæй дæ хæдзары уыдзыстæм. Ныр та уал мах – уæле, ды та – бынæй. Дæ тæригъæдтæ иууылдæр – дæхи…

– Уæдæ уæд хатырæй фæуæд, мæнæн дæр ам сымахимæ ницы куыст ис дарддæр, – сдзырдта Æргæск. – Цæуын мæ хъæуы мæ бинонтæм, æнхъæлмæ мæм кæсынц, – дзургæ-дзурын йæ хъыримаг йе уæхскмæ сæппæрста.

– Æрлæуу, хъамылы хуы! Цæуылнæ ракуырдтай хатыртæ? Мæ усаджы мын цæмæн аскъæфтай? Куыд бауæндыдтæ?!

Æргæскы маст рафыхт: «Хъамылы хуы мæ рахуыдта уыцы дзæргъ? Æз ын ныртæккæ йæхи дæр æмæ йе ‘мбæлтты дæр барвитдзынæн, кæдæм хъæуы, уырдæм…Уæвгæ, цæмæн? Нæ хъæуы уый… Фæлтау цæрæд дзæргъæй. Иу æргæвдæг æй уыдзæни…» Цæхгæр фæзылди, фæлæ… Йе знæгтæ йæ дыууæ хатты æрбахстой. Иу нæмыг ахафта зæрдæйы кæрон. Ставд тулдз бæласау æрфæлдæхт. Йæ домбай уæнгтæ нал кастысты коммæ. Тыхулæфт кæнгæйæ, зынтæй дзырдта:

– Мæлæты размæ иу курдиат зæгъын… Мæ бинонтæн фæтæригъæд кæнут… Сылгоймагмæ, сывæллæттæм ма сисут уæ къух… Мæнæ ацы уадындз… Азаумæ…

– Уæдæ, уæдæ! – тарст цин кодта Гырым. – Дæ фæд дæр дын уый тыххæй агуырдтам, цæмæй дын дæ бинонты барæвдауæм. Ныр сын сæ зæрдæ хъуамæ барухс кæнæм… Хæрзæггурæггаг сæм фæцæуæм…

* * *

Гырым зæххæй тугхъулæттæ уадындз систа. «Æгайтма ацы ничи нал хæты зæххыл, нал зилы аууонау Азауы фалдзус, нал хоны йæхи уый сæрыхицау... – цинхъæрæй дзырдта Гырым. – Ныр Азау æртасдзæни… Хæдæфсармæй хъуамæ равдиса йæхи…»

Райдыдтой Æргæскы цæрæнбынат агурын. Цас фыдæбæттæ сæ бахъуыд! Нæй æмæ нæй. Фæлæ уæддæр фæстагмæ ссардтой мæсыг. Нæ зындис змæлæг. Ныхас никæцæй хъуысыд. Гырым æмæ йе 'мбæлттæ æрлæууыдысты кулдуары фæйнæфарс.

– Азау, æддæмæ ракæс, уазджытæ дæм ис! – бахъæр кодта Гырым. – Æз дæн, Гырым, мæ хуыздæр æмбæлттæ дæр – ам. Курын дæ, дæ рæсугъд цæстытæй нæм ракæс.

Азау мæсыджы рудзынгæй ракаст æмæ, Гырымы куы ауыдта, уæд фыр адæргæй ныррызт.

– Цы уæ бахъуыд?.. Хæдзары нæй нæ лæг… Банхъæлмæ йæм кæсут… Рæхджы фæзындзæн…Йæ фæндаг раст йæ хæдзармæ фæуæд…

– Ха-ха-ха!.. Куы нал фæзына, нæ тæрсыс уымæй?.. – азæлди Гырымы хъæлæс. – Фæлтау рæвдздæр фезмæл æмæ цæугæ мемæ. Дæ къухылхæцæг дæр ам ис! Иннæ хуыцаубоны баиу уыдзыстæм, скæндзыстæм чындзæхсæв… Æнæхъæн Ир æрхондзыстæм…

– Цытæ дзурыс, Гырым, цытæ? Нæ дæ 'мбарын æххæстæй… Сывæллонджын дæн æз. Мæ цард, мæ хæдзар мын ма хал.

– Нæ дæ уырны, Æргæск кæй нал фæзындзæн, уый? – Гырым фæфæлмæндæр кодта йæ ныхас. – Цуангæнгæйæ бирæгъбалыл фембæлд… Холы агур рацыдысты сырдтæ. Æргæск сæм – зоныс æй, кæддæриддæр хъæддых уыд – баскъæрдта йæхи. Йæ хъыримаг нал бакаст йæ коммæ, нæмыг ныббадт йæ хæтæлы, æнæхайыр фæуа… Бирæгътæ йæм фæлæбурдтой, – хуыздæр ма сæ цы хъуыд! Бындзыггай йæ ныккодтой. Бауæнд, нал ис, нал, Æргæск. Мæнæ ма йын йæ уадындз ссардтам. Йæ сæфтыл мах зæрдæ дæр риссы, фæлæ, куыд фæзæгъынц, адзалæн нæй мадзал… Фезмæл рæвдздæр – цæуæм нæхимæ… Дæуæн дæ бынат махмæ ис, æууæнд мыл… Дæ цотæй дын мæ хъæбултæ кæнын… Дыууæйæ сæ рæвдаудзыстæм, рухс уыдзæн сæ зæрдæ.

Азау куы ауыдта уадындз, уæд йæ цæстытыл нæ бауæндыд, афтæ йæм фæкасти, цыма йæ йæ лæджы знæгтæ сайынц. Фæлæ та Гырым уадындз куы ныттылдта, мæнæ-ма йæм æркæс, зæгъгæ, уæд æнамонд сылгоймаг бамбæрста хъуыддаг. Ныдздзынæзта:

– О, уæздан куыйтæ, уæ сæртæй фæхъæрзат… Цы бакуыстат, цы сарæзтат, æнаккæгтæ? Æргæскы рухс цард аскъуынын уæ къухы бафтыдис? Йæ тæригъæд уæ фæдыл æфтыд фæуæд! Æз уын йæ бæсты бацамонон хъуамæ…

Къулæй топп раскъæфта (Æргæск æй æхсын сахуыр кодта; хъæды цæргæйæ, æндæр гæнæн нæ уыд. Фæлæ йæ ныр фыццаг хатт бахъуыд цардæгас адæймаджы фехсын). Нæ фæтарст, нæ фæтасыд йæ къух, нæ фæсайдта йæ цæст. Ныхъхъавыди. Гæрах фæцыд. Кæронæй чи лæууыд, уыцы лæппу уæлгоммæ ахауд. Йе 'мбæлттæ йæм куыд фæлæбудтой, афтæ ныццарыдта дыккаг гæрах. Тыхгæнджытæй та дыккаг дæр фæмард. Æртыккагæн дæр «йæ тын йæ къух ссардта». Гырым фыр тæссæй ныффæлурс, ризæг ыл бахæцыд. Кæцырдæм лидза, уый йæ сæр нал ахста. Йе 'мбæлтты мæрдтæ мæсыджы цур фæуагъта, йæхæдæг ныббындз.

– О, тæппуд Цурк, куыд фæтарстæ сылгоймагæй, гормон! – Азау ныхъхъавыд, гæрах та фæцыд, æмæ Гырым уæззау цæфæй æрхауд. Басабыр сты гæрæхтæ, æмæ æрдз йæхимæ хъусыныл фæци. Фынчытæ здухгæ-зилгæ згъорда хæххон дон. Азау сонт рауай-бауай кодта. Сывæллæттæ тарст карчы цъиутау зылдысты йæ фæдыл. Азау мæсыджы дуар байгом кодта æмæ кæртмæ рацыди. Фаззæттæ рауадысты йæ фæстæ. Фæцыд гæрах. Æгас ма уыд Гырым. Сылгоймагмæ, сывæллæттæм куыд батасыд йæ къух? Ныдздзой-дзой кодтой чызг æмæ лæппу, фæцæф сты сæ дыууæ дæр. Азау сæ сабыргай йæ хъæбысмæ систа. Хъаруджын мад, – æндæр ном дæр ын нæй. Йæ хъæлæсы дзаг ныккуыдта, арвмæ скаст, ныдздзынæзта:

– О, кадджын Хуыцау, не сфæлдисæг, фехъус мын мæ куывд! Æргæск кæд нал у, нал, æгас, кæд нал фервæздзысты мæ дыууæ хуры, уæд ацы ран бæлас куыд фестон, ахæм амонд мын ратт!

Хуры цалх æвиппайды цыдæр æрбаци. Арв нытталлынг, ферттывта. Елиайы гыбар-гыбур райхъуыст. Ныффуттытæ кодта дымгæ. Æхсæв-бонмæ тыхджын къæвда нæ банцад, цыхцырджытæй зæххы цæсгом æхсадта. Райсомæй хуры тынтæ хохы цъуппæй бынмæ куы 'ркалдысты, уæд федтой урс бæрзы рæхснæг тала. Уыйфæстæ бон йæ фарсмæ фæзындысты ноджыдæр ма дыууæ талайы æмæ йæм сæ лыстæг хилтæ ивæзтой.  Рæстæг згъордта. Æртæ талайы æртæ стыр бæласы систы. Уыдон, дам, Азау æмæ йæ дыууæ хъæбулы сты. Фæстæдæр сæ тæккæ быны къæйдурты 'хсæнæй срæдывта рæсуг суадон æмæ хъæддзауты дойны сæттæг сси. Адæм фæлтæрæй-фæлтæрмæ дзурынц, уый, дам, Азауы цæстысыгтæй райгуырд. Царæфтыд сылгоймаг йæ сывæллæтты сусæгæй йæхи кæуынæй хæры, Æргæск семæ кæй нæй, уый тыххæй. Иуæй-иутæ ма бафтауынц, уыцы суадоны донæй, дам, чи

фæхъæстæ уа, уый уарзондзинады уылæнты найдзæни йæхи. Æргæск, Азау æмæ сæ хъæбултæн цы нæ бантыст, уый, дам ын бантысдзæни. Бæргæ, афтæ куы уаид.

* * *

…Уæдæй нырмæ дзæвгар рæстæг рацыд. Æргæскы мæсыг æмæ æртæ бæрз бæласы федтой бирæ хур бонтæ æмæ къæвдаджын æхсæвтæ. Æргæскы мæсыг æрдæгхæлдтытæ ныцци, афтæмæй лæууы хохы тигъгондыл. Лæууы, дæлбылмæ, фæндагмæ æнкъардæй кæсы. Сæрдæй-зымæгæй æртæ бæрз бæласы сæ аууæттæм кæсынц рæсугъд суадонмæ, рог дымгæ сæ узгæ-узын бакъул кæны мæсыгмæ…

# ХЪЫСМÆТÆЙ АЛИДЗÆН НÆЙ

Стыр быдырон хъæуы цардысты лæг æмæ ус – Бацан æмæ Самыллæ. Цардысты, уæдæ цы уыдаид. Сæ ныййарджытæ Гобыл æмæ Ханиффæ фæзæронд сты æмæ сæ бынтæ фыртæн радтой. Мулчытæ та афтæ бирæ сæнтыдтой, æмæ сын ныккæнæнтæ дæр нæ уыд. Се стурты рæгъæуттæ æмæ фысвосы дзугтæ цас уыдысты, уый сæхæдæг дæр нæ зыдтой. Сæ мыды чыргъæдтæ рагуалдзæгæй фæззæджы кæронмæ дыргъцæхæрадæтты дардтой. Алцыдæр – бирæ. Сæ бæркадæй хайджын уыдис æнæхъæн хъæубæстæ дæр. Фæззæджы-иу барæвдыдтой цыбыркъух бинонты, зымæджы-иу исчи, уæлдайдæр сывæллæттæй, куы фæрынчын, уæд-иу рынчыны бинонтæ хосæн мыд курынмæ уыдонмæ уадысты. Адæм сæ уарзтой, сæ цæст сын кæддæриддæр хорздзинад уарзта. Фæлæ Бацан æмæ Самыллæйæн сæ зæрдæты стыр маст уагъта иу хъуыддаг. Сæ хъæздыг цард дæр сæ рæстмæ не 'ндæвта. Дæс азы бæрц цардысты иу æмбæрзты бын, фæлæ сын цот нæ цыдис. Ус йæхи азымджын кодта. Кæд йæ лæджы бирæ уарзта æмæ йын уымæй фæхицæн мæлæты хуызæн уыдис, уæддæр иуахæмы, йæ цæстысыгæй йæхи æхсгæйæ, загъта:

– Цы зæрдæ дæм дарын, уый зоныс. Æппæт зæххы хорздзинæдтæ дæр де 'рдыгæй куы уаиккой, уый дæр дын мæ цæст уарзы. Фæлæ мæ дæ тæригъæд нæ хъæуы… Нæ, дæ тæригъæд райсыны бæсты – мæлæт хуыздæр! Мæн аххосæй æнæ бындарæй баззайай, уый мæ нæ фæнды. Нæ, нæ, æз ахæм тæригъæд нæ райсдзынæн мæ удмæ. Фæстаг заман æхсæвæй-бонæй хъуыдыты амæттаг фæдæн. Кæд уæлæмæ ницы дзурын, уæддæр, зæгъын дын æй æргомæй, мæхи æвдæрзын. Æмæ ныр скарста

мæ зонд: мæ цæгатмæ фæцæуон… Ды нырма æрыгон дæ, дæхицæн ног амонд ссардзынæ æмæ дæ кæрт кæстæртæй байдзаг уыдзæн… Ды цы сылгоймагмæ баулæфай, уый хъуамæ цинæй уæларвмæ хауа.

Бацан скатай, йæхицæн бынат нал ардта:

– Дæ дзыхæй уыцы ныхас мауал суадз. Æнæ дæу фæцæрын мæ бон нæ бауыдзæн. Дунейы рухсмæ рацыдыстæм кæрæдзийы амондæн. Хуыцау хорз у, æмæ нын кæд кæстæртæ дæр раттид…Лæгъстæтæ йын кæндзыстæм. Махæн æнæ кæрæдзи фæцæрæн нæй. Зæгъын дын æй æргомæй: ды мæ фарсмæ куынæ уай, уæд мæ цард цард нал уыдзæн.

Гобыл æмæ Ханиффæ дæр сæхи хордтой, сæ фырты фæдыл змæлæг кæй нæ уыд, ууыл. Иуахæмы æфсин йæ чындзæн бамбарын кодта, уартæ, дам, Стыр Кæсæджы иу стыр молло ис, æмæ хорз уаид уый бафæрсын. Чи зоны, æмæ исты хос скæна.

– Хохæй-быдырæй йæм кæцæй нæ цæуынц, ахæм нæй, – дзырдта æфсин йæ чындзæн. – Суанг ма æндæр бæстæтæй дæр. Дзурынц, зæгъгæ, дам, никуы фæрæдийы. Кæд махæн дæр нæ зæрдæ истæмæй барухс кæнид. Сразы кæн лæппуйы, æмæ йæм бауайут. Нæ лæджы дæр афтæ фæнды. Нæ бон цас у, нæ къух цы кæрды – нæ бацауæрддзыстæм лæвæрттыл. Уый сæрвæлтау нæ хъомвосы рæгъæуттæ, нæ фысты дзугтæ уæййаг куы фæуой, ууыл дæр разы стæм.

Самыллæ ныфсæрмытæ, фæлæ йе ‘фсины ныхмæ дыууæ зæгъын нæ бафæрæзта. Хабар радзырдта Бацанæн. Лæг катайты бацыди, моллойæн се ‘рбацыды сæр куыд бамбарын кæндзыстæм, зæгъгæ. Чындз йæ ‘фсинæн фехъусын кодта, Бацан молломæ цæуынмæ кæй не сразы, уый. Мад айтæ-уыйтæ нал фæкодта æмæ йæ фыртмæ æрхатыд:

– Дæу хуызæн лæгæн бындар хъуамæ уа. Ды та уыцы гæмæхæй цæрыс. Дæ фыд дын цас бынтæ радта, уый уыныс. Фæлæ цы сты уыцы бынтæ, сымах æнæ зæнæг куы уат, уæд? Ницы. Нæ чындзы афтæ бирæ куынæ уарзиккам, уæд дын, чи зоны, арвит æй йæ цæгатмæ, зæгъгæ дæр зæгъиккам. Фæлæ, абабау, уый кæй æвзаг скæрддзæни? Фæлтау уыцы молломæ ацæут, кæд уын исты хос бацамонид.

Фырт йæ мады тæригъæдмæ куы ‘ркасти, уæд сразы. Мады зæрдæ фæхъæлдзæгдæр:

– Афтæ, афтæ, мæ къона! Тынг дæсны йæ хонынц, йе уæны, дам, кæсы. Цы фæзæгъы, уый, дам, æрцæуы.

Бацан æмæ Самыллæ бабадтысты бæхуæрдоны æмæ сæ фæндаг

адардтой Стыр Кæсæджы стыр молломæ. Сæ фæстæ та – дыккаг цæнд: бæрзонд гуыффæджын уæрдон йæ тæккæ дзагæй амæй ай хуыздæр лæвæрттæй. Бухар худ æмæ цъухъхъайаг, æвзист рон, æртæ нæл фысы, цалдæр гогызы, æнæдыгъд мыд, дзуллаг ссады голлаг. Уæдæ ма цы вæййы!

Молло бацин кодта йæ ирон уазджытыл. Сæ лæвæртты тыххæй сын йæ сæрæй ныллæг æркуывта. Хорз сæ федта цæхх æмæ кæрдзынæй, стæй лæмбынæг байхъуыста уазджытæм. Се 'рбацыды сæр сын куы бамбæрста, уæд йæ къухтæ сыгъдæг ныхсадта, ламаз скодта, скъаппæй хъæдуры гагатæ райста æмæ райдыдта фæрсынтæ. Фæрсынтæ систа, раст ма йæ хид дæр акалд. Иузаман йæ сæр нынкъуыста, сыстад æмæ ацыди кæртмæ. Бацан æмæ Самыллæ рудзынгæй уыдтой, молло уæрæх нæудзарм кæрты тагъд санчъехтæй куыд рацу-бацу кодта, уый. Цасдæр рæстæджы фæстæ æрбаздæхти, йæ бынаты æрбадт æмæ æнæдзургæйæ бирæ фæкаст зæхмæ.

– Цы уын зæгъон, уый нæ зонын, – райдыдта молло. – Дыуумæ хабары уайы мæ цæстыл. Сæ иу – бынтон хорз, иннæ та – бынтон æвзæр. Æхсызгон хабарæй уал райдайон. Уый та ахæм хабар у, æмæ уын райгуырдзæни фырт.

Бацан æмæ Самыллæйыл цыма амонды къæвда 'рцыд, уыйау цины малы смидæг сты. Дыууæйæ дæр фæсырх сты, аивæй бакастысты сæ кæрæдзимæ. Моллойы нæ фæндыд уыдоны цины монцтæ фæкадавар кæнын æмæ сæм æнæдзургæйæ бирæ фæкасти, стæй дарддæр кодта йæ ныхас:

– Саджы фисынтыл амад лæппу суыдзæн. Ракурдзыстут ын ус... Дарддæр мын зын дзурæн у, мæ ныхас мæ хъуыры бады, фæлæ æндæр гæнæн нæй, мæ зынаргъ уазджытæ. Фæлæ... Фæлæ уæ фырты хъуыддаг афтæ уыдзæн. Йæ чындзæхсæвы бон æй кæнæ бирæгъ бахæрдзæни, кæнæ йæ арс ныттондзæни...Хуыцауы размæ æз хъуамæ рæстытæ дзурон. Цы банкъарон, мæ цæстыл цы ауайа, уый цыфæнды æбуалгъ куы уа, уæддæр ын æмбæхсæн нæй. О, о, мæ зынаргъ уазджытæ, суанг ахæм хабар дæр мæ бон басусæг кæнын нæу.

– О, Хуыцау уал нын фырт куы раттид, уæд æй бирæгътæ æмæ æрсытæй бахъахъхъæнын базониккам, бæргæ, – æфсæрмыхуызæй загъта лæг. – Уæлдайдæр та йæ чындзæхсæвы бон уым бирæгътæ æмæ æрсытæ кæцæй уыдзысты?!

Лæг æмæ ус сæхимæ куы 'рбаздæхтысты, уæд Самыллæ уыцы

хабар радзырдта йе ‘фсинæн. Ханиффæ йæм лæмбынæг байхъуыста. Йæ цæсгомы хуыз аивта:

– Дысон-бонмæ мæ куы мæ цины ‘рфыг хордта, куы – мæ масты ‘рфыг.

Уый фæстæ Ханиффæ, кæй зæгъын æй хъæуы, хабар радзырдта Гобылæн дæр. Уый йæ мидбылты бахудти:

– Хуыцау уал нын ахæм стыр амонд куы балæвар кæнид, æмæ уал нын уыдонæн цот куы рацæуид, цот, уæд сæ бахъахъхъæнын та æнцон у. Бирæгътæ æмæ æрсытæ нæ, фæлæ стæры хæстонты дæр не ‘рбауадздзыстæм æввахс!

Гобыл æнæхъæн хъæуы нæлгоймæгтæм фæсидти.

– Базæронд дæн, уæхæдæг æй уынут, – райдыдта цадæггай. – Никуы бацыдтæн уæ зæрдæхудты. Ныр мæ иу хъуыддаджы бахъуыдис уæ сæр. Мæ кæстæртæн мæ фæстæ къæйдуртæй амад фидар хæдзар куы ныууадзин, уый мæ фæнды. Кæд гæнæн æмæ амал ис, уæд мæм фæкæсут. Ницы уын бавгъау кæндзынæн.

Ӕгас хъæу дæр сæм фæкаст, афтæмæй къæйдуртæй сарæзтой фидар егъау агъуыстытæ. Сæ алыварс сын бæрзонд бырутæ ныззылдтой. Бырутæн сæ сæрмæ, сæ разæй æмæ сæ фæстæ акъацийы сындзæй цæндтæ самадтой. Цъиу нæ атахтаид сæ сæрты, мыст нæ абырыдаид сæ бынты.

Иурæстæг хъæуы сылгоймæгтæ сусу-бусу райдыдтой, Самыллæ сывæрджын у, зæгъгæ. Рацыд ма цасдæр, æмæ хъæздыг хæдзар бынтондæр йæ хуыз скалдта, райхъуысти дзы сывæллоны кæуын æмæ авдæны зарæг. Ӕгас хъæу нæ, фæлæ ма æнæхъæн ком дæр æрæмбырд сты куывдмæ. Гобыл райсомæй раджы нæлгоймаг æмæ сылгоймаг æфсинтæн загъта, цæмæй хъæстагæй мачи баззадаид. Ноггуырды куывды, дам, хъуамæ зæрдæрухс уой адæм. Хæрд æмæ нозт ракæлракæл кодтой, æмæ ма суанг хæддзутæ дæр сæ гуыбынтыл сæ къухтæ адаудтой. Дыккаг бон сых сæр æмæ бæрзæймæ куы ‘рцыдысты, уæд сын хæдзары хицау хицæн арфæтæ фæкодта. Уый фæстæ дæр ма сæм стыр хуынтимæ арфæтæм цыдысты Иры алы кæмттæй.

Хæдзары хистæр бамбарын кодта Бацанæн, цæмæй уый стыр æгъдауимæ ацыдаид Стыр Кæсæджы стыр молломæ. Фырт ууыл иттæг æхсызгонæй сразы æмæ бæрзонд гуыффæджын бæхуæрдонæй балæууыд Стыр Кæсæджы. Молло хабæрттæ куы базыдта, уæд зæрдиагæй бацин кодта йæ уазæгыл, дыууæ боны æмæ йæ дыууæ æхсæвы нæ ауагъта сæхимæ.

Бацан цыма стыр куывдæй здæхт, уыйау заргæ сфардæг Терчы былтыл йæ хæдзармæ.

Гобыл æмæ Ханиффæ баба æмæ нана кæй систы, ууыл цинæй сæхи хастой. Баба рухс зæрдæ æмæ худæндзастæй цæуын райдыдта ныхасмæ. Нана та æртыгай чъиритæ кæнынæй нæ фæллад.

Амонддæжын фыд æмæ мад цæрынтæ æмæ хæрынтæ систой. Сæ чысыл хурмæ кæсынæй не 'фсæстысты. Хистæртæ сæ цуры не сты, зæгъгæ, уæд-иу ын фыд батæ кодта æрмæст йæ тымбыл рустæ æмæ къухтæн нæ, фæлæ ма йæ къæхтæн дæр. Баба æмæ нана уый хорз æмбæрстой, æмæ-иу уайтагъд Бацан æмæ Самыллæйы сывæллоны сæхи бар фæуагътой. Раст аргъæутты куыд вæййы, афтæ рæзыди фырт. Бонгай нæ, фæлæ сахатгай. Бинонтæ æгасæй дæр уый цæрайæ цардысты. Искуы йæ къах скъуырдта æмæ фæкалди, зæгъгæ, уæд-иу сæм уый стыр бæллæхыл нымад уыдис. Гобыл æмæ Ханиффæ-иу кæстæрты уайдзæфты бын фæкодтой, куыд æмбæлы, афтæ йæм нæ кæсут, зæгъгæ. Хъæуы уынгты згъорын куы райдыдта сабитимæ, уæд ыл сылгоймагæй, нæлгоймагæй тутæ кодтой, ма фæцæстдзыд уа, зæгъгæ.

Гобыл æмæ Ханиффæ се 'цæг дунемæ куы цыдысты, уæддæр сæ фæстаг ныхасæй уый ном ардтой.

Лæппу байрæзыд, бахъомыл. Раст йæ ном куыд уыди – Къæдзæх, афтæ фидар рауад. Йæ усгуры кары куыддæр бацыд, афтæ йын йæхиуæттæ чындзаг агурын райдыдтой. Чидæр сын банымыгъта Уæрæх комы Рæбинаг хъæуы хъæздыг цæрæджы чызджы. Авд барæджы авд хæрзхаст бæхыл сæргътæ сæвæрдтой æмæ фæссихор сæ фæндаг адардтой Уæрæх комы Рæбинаг хъæумæ. Сæ фæндаг кæд даргъ уыдис, уæддæр нæ бафиппайдтой, куыд бахæццæ сты, уый. Уайтагъд сын бацамындæуыд хъæздыг лæджы хæдзар.

Изæрдалынгты æрфистæг сты уыцы хæдзары дуармæ. Хæдзары хицау сæм куы ракаст, уæд бæлццæтты хистæр салам радта, стæй загъта:

– Нырма нæ дард цæуын хъæуы. Бафæлладысты нæ бæхтæ. Кæд гæнæн ис, уæд иучысыл сæ фæллад суадзæнт дæ кæрты.

Хæдзары хицау фæрæвдз:

– Айдагъ бæхтæ цæмæн? Иугæр уæ хайуантæ ныффæлладысты, уæд уæхæдæг дæр æвæллад кæм уыдзыстут? – йæхæдæг мидæмæ бахъæр кодта: – Лæппутæ, æддæмæ ракæсут! Уазджытæ! Уæллæгъи, æгас комы аргъ уазджытæ!

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ




Ærмадзы


Цыртдзæвæныл архайгæйæ



Педагогон училищейы. 1960 аз.
Лæууынц (галиуæрдыгæй рахизæрдæм): Кокайты Æхсар, Михал æмæ Дауыраты Дамир; бадынц: Гокъоты Агуыбе æмæ Къæбойты Мурат



«Æфсати». 1975 аз



«Уыдзæн ног микрорайон». 2018 аз



«Тохмæ сидт». 2015 аз




«Задалески Нана». 2017 аз




«Хъаныхъуаты Бола». 2018 аз



«Гæбуты Георги». 1986 аз



«Мæ мад Уæлинка». 1980 аз



«Кипиани æмæ Коста». 1975 аз



«Ирыстон». 2016 аз



«Хъамбердиаты Мысост». 1985 аз



«Чермен». 1971 аз.
Михалы дипломон куыст



«1941 аз. Уæззау операци». 1985 аз



«Бархи æфсæддон».
1975 аз



«Мысырхан. Фараст аджы рауагътон!»



«Ацæмæз. Мелодийы райгуырд»



«Æрчъегкаты Аслан»



«Едзиты Сослæнбегæн»



«Бæркад»



«Æртæ зонынджыны»



«Цветаевайы æмдзæвгætæ»




Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ ЦИПУ-йæ цы ахуыргæнджытæ
æмæ студенттæ ацыд, уыдоны номыл цыртдзæвæн




Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Ирыстоны медицинæйы кусджыты
номыл цыртдзæвæн




Номарæн фæйнæджытæ



«Ирæттæ Эвересты цъуппыл»-ы макет



Лæвар зындгонд цæцæйнаг хъæбысæйхæцæг Руслан Бадаловæн


© Photo by Vladimir Akoeff, 2014





Гуырдзыбеты Блашкайы цырты макет



 Æрмадзы



Дзугаты-Мурасты Риммæ, Михал, Гуырдзыбеты Иринæ æмæ Дауыраты Дамир.
Дзæуджыхъæуы центрон чиныгдон. 2014 аз



Хъуыбадты мæсыджы раз



Йæ чызг Миланæ, цардæмбал Соня æмæ чызджычызг Лизæимæ



Хъарманы астæуккаг скъолайы 1955-æм азы рауагъдонтæ



Æмкъласонты фембæлд. 2018 аз

 Æртæ æххуырст лæппуйы разгъордтой. Уазджыты къухтæй идæттæ райстой, бæхты кæртмæ бакодтой, бæхбæттæнтыл сæ бабастой æмæ сын цæсты фæныкъуылдмæ сæ саргътæ фелвæстой.

– Æфсин, фæдзур-ма чызгмæ, – бахъæр кодта хæдзары хицау мидæмæ. – Рахæссæд хъуывгъан, уазджытæм фæкæсæд!

Чызг дæргъæй-дæргъмæ тыргъты куы фæзынд, уæд уазджытæм афтæ фæкасти, цыма кæрт ныррухс. Цы диссаг у, мæй куы нæма скаст, уæд ай цавæр у! Уæдмæ стыр æрхуы тас, хъуывгъан æмæ хисæрфæнимæ сæ разы февзæрди алæмæты рæсугъд. Йæ астæу хъуывгъаны астæуæй бирæ ставддæр нæ уыд. Йæ дзыккуты дыууæ ставд быды зæвæттæм æрхæццæ сты. Йæ цæстытæ уæлæмæ нæ иста, афтæмæй бæлццæтты къухтыл дон кодта. Фыд сæрыстырæй касти йæ уарзон хъæбулы сæрæн змæлдмæ. Уазджытæ цалынмæ сæхимæ зылдысты, уæдмæ æххуырст лæпputæ стыр тохъхъылы сæр ахауын ластой. Сылгоймæгтæ, уыдонимæ чызг дæр, зилæнтæ кодтой. Уайтагъд фынг ацæттæ. Æнафонтæм фæбадтысты уазджытæ æмæ фысымтæ дзаг фынджы уæлхъус. Райсомæй уазджытæ куы райхъал сты, уæд сæ дзаумæттæ сыгъдæг æфснайдæй, сæ уæлæ – сыгъдæг фындзы кæлмæрзæнтæ, афтæмæй раййæфтой, сæ къахыдарæс цæхæртæ калдта.

– Уый чызг у, чызг, – загъта уазджыты хистæр.

Уазджытæ аходæн куы хордтой æмæ чызг чъириты тæбæгъимæ тасгæ-уасгæ куы ‘рбацыд уатмæ, уæд дзы сæ цæст нал истой. Чызг куы ацыд, уæд сæ хистæр йæхи нал баурæдта:

– Уæ чызг æнæхъæн комы аргъ у. Диссаг у йæ фезмæлд. Арт. Йæ цæрæнбон уын бирæ æрбауа, йæ хуртæй бафсæдут.

Хæдзары хицау йæхи ницы хъусæг скодта, æмæ ма уæд уазджыты хистæр бафтыдта:

– Махмæ дæр дзæбæх лæппу бæргæ ис! Уæйыг, æцæг уæйыг. Цы – йæ бакаст, цы – йæ зонд, цы – йæ хъару. Йæ ном – Къæдзæх. Æмæ, æцæгдæр, къæдзæхау фидар у!

Хæдзары хицауæн ахæм ныхæстæ æхсызгон куыд нæ уыдаиккой, фæлæ та уæддæр ницы сдзырдта. Æрæджиау фембæрста æнахуыр уазджыты фæзынд æмæ йæ мидбылты худтис:

– Минæвæрттæ ма уат йе та чызг уынæг, æмæ уын ахæм бар куы ничи радта…Хасимæт нырма сывæллон у, сывæллон.

Уазджытæ хорзау нал фесты, æмæ сæ хистæр афтæ:

– Хасимæт хуыйны? Диссаджы ном – фыццаг хатт æй хъусын. Нæ, ницы стæм минæвæрттæ кæнæ чызг уынæг. Уый афтæ ныхæстыл схæцыдтæн.

Рацыди рæстæг. Дыууæ мыггаджы базонгæ сты æмæ сæ царды æгъдау фидауынмæ æркодта. Дыууæ комы усгур лæппу æмæ чындздзон чызджы койæ фылдæр ницыуал уыд. Къæдзæх æмæ Хасимæт, дам, куыд хорз фидаудзысты иумæ! Уæрæх комы арф кæрдæджы рæсугъд дидинджытау уыдзысты. Уæдæ сæ цот дæр цыкурайы фæрдгуытау сфидаудзысты. Хорз хъæстæ сын уыдзæни.

Хъæздыг æмæ нымад хæдзар къухылхæцæг æмæ кæнгæ мадæн кæй бацагуырдтой, уыдон дæр ныббуц сты сæхицæй.

Къæдзæх æмæ Хасимæт фыццаг хатт куы фембæлдысты, уæд сæ кæрæдзи зæрдæты ныххаудтой. Сæ уарзондзинад пиллон арт суагъта. Зын зæгъæн у, чи сæ арфæйагдæр уыд йæ зæды хайæ, уый.

– Мæ цæстыл уайы, дæ мад æмæ дæ фыды дын куыд буцæй дарддзынæн, куыд сæ рæвдаудзынæн, уый, – сфæрæзта Хасимæт. – Никуы бацæудзынæн сæ зæрдæхудты.

Къæдзæх ын æхсызгонæй дзуапп радта:

– Мæнæн та мæ цæстыл уайы, дæ мад æмæ дæ фыдæн цы сиахс уыдзынæн, уый…Уыдоны тыххæй хæхтæ дæр афæлдахдзынæн. Хорз сиахс хи фырты хуызæн фæхонынц, æмæ архайдзынæн хорз сиахс уæвыныл. Фырт сын нæй, æмæ сын сиахсы ‘гъдау дæр æмæ фырты ‘гъдау дæр кæндзынæн…

 Æрхæстæг чындзæхсæв. Бацан æмæ Самыллæ арвы кæрæттæм арвыстой хуыздæр æмæ зынаргъдæр цыллæ хъуымæцтæ æмæ даритæм. Чызджы ныййарджытæн æрцæттæ кодтой рæсугъд лæвæрттæ. Сыхы хистæр сылгоймæгтæ уырзацауæй басгæрстой чындздзæгтæ æмæ лæвæрттæ, – тынг фæцыдысты сæ зæрдæмæ.

Чындзæхсæв цас хæстæгдæр цыд, уыйас мад æмæ фыд арæхдæр мысыдысты Стыр Кæсæджы стыр моллойы ныхæстæ æмæ сæхимидæг тыхстысты, фæлæ сæ хъуыдытæ сæ кæрæдзийæ æмбæхстой. Никæй æвзаг сæ тасыди сæ зæгъынмæ.

Бирæ дзыллæтæ æрæмбырд чындзæхсæвмæ. Фæндыры цагъд æмæ къæрццæмдзæгъд нæ банцадысты æртæ боны æмæ æртæ æхсæвы. Бирæ рæсугъд сидтытæ рауагътой дыууæ гуыпгæнгæ мыггаджы тыххæй. Куыд æмбæлы, афтæ ссардтой, сæ цард кæмæн баиу, уыдоны ном.

Хъазт йæ тæккæ тæмæны куы уыдис, уæд фыдмæ сусæг фæдисæттæ æрбахæццæ сты: фысвосы дзугыл, дам, бирæгътæ сæхи ныццавтой. Апырдтой дыууæ фысы, фæхæцыдысты фыййæуттæй иуы къухыл. Лæг фысты хабарыл йæ къух ауыгъта, фæлæ йын лæппуйы фæрыст стыр маст лæвæрдта. Йæ усы иуварс ахуыдта æмæ хъуыддаг уымæн куы радзырдта, уæд ын фенцондæр:

– Федтай, Стыр Кæсæджы стыр моллойы ныхæстæ цæмæ рацыдысты!? Фыййау тæригъæд у, уый йедтæмæ фыстæ… Цæй, фыййаумæ истæмæйты фæкæсдзыстæм.

Хызисæг хыз куы систа, уæд скуывта:

– Авд æфсымæры æмæ иу цъæх чызг сын куыд райгуыра, ахæм амонд уæд…

Чындз уыцы уæздан æмæ аивæй мыды къусы æгъдау куы кодта, уæд хъæуы сылгоймæгтæ йæ алы фезмæлдæй дæр сæхи рæвдыдтой.

Къæдзæх сиахсыцыд куы бакодта, уæд Рæбинаг хъæуы адæм æркастысты йæ диссаджы кондмæ. Чызджытæ сæ кæрæдзи сæрты хаудтой, цæмæй йын йæ худ аскъæфтаиккой. Фæлæ сæ сиахсы æмбæлттæ æввахс нæ уагътой.

– Адон цыдæр чъынды куы сты! Сиахсы худыл куыд фидар хæцынц! – барæй хъæрæй загъта чызджытæй иу, æмæ уæд сиахсы æмбæлттæ фæфæлмастдæр сты.

Чызджытæн сиахсы худ сæ къухы куы бафтыд, уæд сæхи амбæхстой цæхæрадоны, фæлæ сæ уазджытæ уайтагъд ссардтой æмæ сын рæсугъд æгъдау радтой.

– Уымæй дæр ма нæ – ахæм чызг уын радтам, – цингæнгæйæ дзырдтой худыскъæфджытæ. – Нæ тæккæ хуыздæры. Хасимæты. Дарын-иу æй базонут.

Лæппутæ хъæлдзæг ныхасæн хъазæн ныхасæй дзуапп лæвæрдтой:

– Ахæм сиахс уæхирдыгæй фæкодтат! Хъайла кæнынæй уæ къухтæ стæппæлттæ уыдзысты. Мæнæ нæм кæхц куы æрбахæссат, уæд уын уе 'гъдæуттæм кæсдзыстæм.

О, алцыдæр йæ бæрцæй фидауы. Чындзæхсæв æрмынæг. Æфсинтæ бафснайдтой фынгтæ. Бацан æмæ Самыллæ сын дуне арфæтæ фæкодтой, сæ хæдзæрттæм сын хæйттæ арвыстой. Хуынтæ арвыстой, хъæуы хистæртæй рынчынуаты чи уыдис, уыдонæн дæр. Æппæты фæстагмæ ма баззадысты къухылхæцæг æмæ кæнгæ мад. Хистæртæ сæ хуыс-

сæнтæм куы ацыдысты, уæд къухылхæцæг æмæ кæнгæ мад амæстæй мардтой æрыгон дыууæ къайы. Кæнгæ мад сын уат куы бакодта, уæд сын хæрзæхсæв загътой æмæ ацыдысты сæ хæдзæрттæм.

Уыцы 'хсæв Бацан, раджы кæддæр ын Стыр Кæсæджы молло кæй загъта, уый йæ зæрдыл даргæйæ, хæдзары алфамбылай æртæ фæлтæрæй сæвæрдта хъахъхъæнджытæ.

Мад сæударæй рудзынгæй ракаст æмæ, чындзы кæрт æмæ уынг мæрзгæ куынæ федта, уæд тагъд-тагъд йæ дзаумæттæ кæнынмæ фæци.

– Кæдæм фæбæлццон дæ? – афарста йæ лæг. – Мама цу æддæмæ: чындз фефсæрмы уыдзæн. Нырма нæм æргом нæма у.

– Йæ бæллæх дæр уый мидæг ис, æмæ чындз йæ уаты къæсæрæй кæй нæма рахызт æддæмæ, – дзуапп радта 'фсин.

Самыллæ раскъæфта, æхсæвы чындзæн цы уисой æрцæттæ кодтой, уый æмæ кæрт æмæ уынг сыгъдæг ныммæрзта: райсомæй сæ рæзты чи фæцæйцæуа, уый хъуамæ фена, цы сæрæн чындз сын ис, уый.

Хур арвыл дзæвгар суад, уæддæр уатæй æддæмæ цæуæг нæма уыдис. Фыд цумайы лæппуйы фервыста къухылхæцæг æмæ кæнгæ мадмæ: сæхицæй никæмæн æмбæлди дыууæ æрыгон къайы уатмæ бацæуын.

Къухылцæг раздæр фæзынд. Хъазгæ-худгæйæ цæлгæнæны смидæг.

– Кæм сты фыдджыны къæристæ? – афарста Самыллæйы. – Рæвдз сæ ахъарм кæн. – Фæлæ мад æмæ фыды тыхстдзинад куы бафиппайдта, уæд сонт фарст акодта: – Исты 'рцыд? Цыдæр æнкъард стут…

– Фæхудинаг стæм, – загъта мад, арвмæ ацамонгæйæ. – Уалæ-ма скæс, хур кæдæмты схæццæ, махæн та нæ чындз нырма æддæмæ нæма ракаст. Уæдæ ногусджынæн дæр худинаг у ацафонмæ чындзы уаты уæвын. Мæ хæдзар, зарджытæ сыл скæндзысты, зарджытæ! Дæумæ дæр дзы цыдæртæ хауы. Ды рахæцыдтæ, мæ къона, чындзы къухыл, ды. Исчи куы базона, дæ хо сихормæ йæ уатæй æддæмæ нæ ракаст, уæд цы хуызы дзуапп ратдзынæ?

Уалынмæ кæнгæ мад дæр фæзынд. Уымæн дæр хъуыддаг бамбарын кодтой.

– Æндæр гæнæн нæй, – загъта хæдзары 'фсин. – Исты хуызы сын базонут сæ бæрæг.

Къухылхæцæг æмæ кæнгæ мад, хатыртæ кургæйæ, аивæй бацыдысты уатмæ. Кæсынц æмæ диссæгтæ уынынц. Чындз йæ сæр бынмæ æруагъта, афтæмæй лæууыд къулрæбын. Йæ уæлæ – сызгъæрин æгъ-

нæгджын разгæмттæ, зæрин хæрдгæтæй аивгонд худ, – æхсæвы йæ куыд ныууагътой, афтæ. Къухылхæцæг æмæ кæнгæ мады куы ауыдта, уæд йæ цæстысыгтæ ныггæр-гæр кодтой, йæхи ныххоста, йæ рустæм фæлæбурдта.

– Цы хабар у, цы ‘рцыди? Дæхи фæуром, – сабыртæ йæ кодта къухылхæцæг.

Кæнгæ мад та йын йæ къухтыл ныххæцыд.

Хасимæт йæ кæуын фæурæдта æмæ загъта:

– Маргæ мæ кæнат, ауындзгæ кæнæ сындзын арты судзгæ, уæддæр мæхи аххос нæ уыд… Дысон, иу базыл нæ сæртæ æруадзæм, зæгъгæ, афтæ усбирæгъ фестадтæн æмæ мæ лæджы ныттауæратæ кодтон. Мæ иу къухæй иннæйыл хæцыдтæн, ма кæ, зæгъгæ, фæлæ фыдбылыздæттæг тых фылдæр уыдис зондæй, æмæ мын бауромæн нал уыд.

– Дзургæ-дзурын йæхи байста, къулыл цы хъама æрзæбул, уымæ, кæрддзæмæй йæ рæвдз фелвæста æмæ йæ йæ риуы атъыста. Цалдæр ныхасы ма схауда йæ дзыхæй: «Мах хъуамæ иумæ уæм мæрдты…»

Къухылхæцæг æмæ кæнгæ мад дзæвгар æгуыппæгæй фæлæууыдысты, стæй æрæджиау къухылхæцæг дзырдта:

– Хъысмæт… Хъысмæтæй, Хуыцау цы снывæ кæна, уымæй алидзæн нæй… Ацы æнамонд хабар цы хуызы бамбарын кæндзыстæм мад æмæ фыдæн?..

Бацан æмæ Самыллæ рудзынгæй ракæс-ракæс кодтой: цы хабар рахæсдзысты къухылхæцæг æмæ кæнгæ мад?..



*АЙЛАРТЫ Зарæ,*
*педагогон наукæты*
*кандидат*

# «ХУРЫ ЦОТЫ» АЛÆМÆТТАГ ДУНЕ

## ИРОН АДÆМЫ ЭПОС

Зындгонд францусаг ахуыргонд Жорж Дюмезиль фыста, скифтæ æмæ сæрмæтты байзæддæгты – алантæ æмæ роксоланты – царды зилæнтæ кæй ахастой Европæмæ, æмæ уым кæй фесæфтысты славяйнаг, венгриаг, тюркаг адæмты æхсæн. Æрмæстдæр ирæттæ – аланты байзæддæгтæ, – зынвадæтты цæргæйæ, бахъахъхъæдтой се 'взаг, цæгатаг скифты æвзаг. Зæгъы, ирæттæ се 'взагæн канд йæ формæ нæ, фæлæ ма йын йæ мидис дæр кæй бахъахъхъæдтой, ирдæй дзы кæй зыны скифты цивилизацийы уавæр йæ рæзты фæстаг къæпхæныл. Уымæ гæсгæ XIX æнусы кæронæй лингвисттæ, историктæ, археологтæ, социологтæ, фольклористтæ се 'ргом аздæхтой ирæттæм. Дарддæр Ж. Дюмезиль зæгъы: «А главное – живы бесценные, полные архаики эпические сказания, и, хотя в них проникли некоторые более или менее универсальные фольклорные темы, героические образы эпоса по-прежнему свежи и самобытны». Ирæттæ се 'взаг, сæ культурæ абоны онгмæ кæй бахъахъхъæдтой, уый дисы бафтыдта Жоэль Грисвары дæр, æмæ зæгъы: «Эти горцы, последние потомки «иранцев Европы», были одним из самых консервативных народов; в частности, они сохранили до наших дней свод народных эпических сказаний, который называется «Сказания о нартах» или «Нартские сказания». Абайты Васо зæгъы, Нарты эпос кæй у рагон, йæ типологимæ гæсгæ архаикон эпос, кæй дзы ис мифологион хæдбындур. Фæлæ, уыимæ, эпосы аивадон, фантазийы хуызы æвдыст цæуы, чи йæ сфæлдыста, уыцы адæмты истори æмæ ивгъуыд замантæ, сæ цардыуаг, сæ дунембарынад, сæ характертæ. Васо дарддæр зæгъы, алы адæмты Нарты эпосæн дæр кæй ис хицæн хуыз æмæ кæй у оригиналон.

Нарты эпос стыр æмæ зынаргъ хæзна уыд адæмæн мингай азты дæргъы, уымæн æмæ дзы уыдтой сæ фыдæлты сгуыхт хъуыддæгтæ, сæ абон æмæ сæ фидæн. Уымæн фыста XIX æнусы 70-æм азты барадиртасæг В. Пфаф: «Нарты кадджытæм ирон лæг абон дæр хъусы, мах Евангелимæ куыд хъусæм, афтæ зæрдиагæй».

## МИФОЛОГИ ÆМÆ ЭПОС

Эпикон жанртæн сæ рагондæр æмæ ахсджиагдæрыл нымад у хъайтарон эпос. Ахсы сæрмагонд бынат фольклорон жанрты 'хсæн, уымæн æмæ баст у адæмы историон хъысмæт æмæ хиæмбарынадимæ. Цы у эпос, миф æви истори, уымæн дзуапп дætты Абайты Васо: «То и другое – и миф, и история – сосуществуют как в религиозных системах, так и в народном эпосе». Зæгъы, мифологион æмæ историон æууæлтæ эпосы æнæнхъæлæджы кæй нæ фæзындысты. Уыдонæн æнæ уæвгæ дæр нæй. Эпос сфæлдисæг кадæггæнджытæ æмæ таурæгъгæнджытæ, иуæй, хорз зонынц мифологион, фольклорон фæлгонцтæ, иннæмæй та, сты сæ адæмы минæвæрттæ сæ рæстæджы историон цаутимæ бастæй. Царды уыцы æцæгдзинад барджынæй баиу мифты, гъе уымæ гæсгæ ахуыргондæн дызæрдыггаг нæу, адæмон эпос, мифтæ æмæ аргъæутты æмбырдгондæй дарддæр ахъаззаджы историон æрмæг дæр кæй у.

Наукæйы сбæрæг, эпосæн йæ ратæдзæнæй йæ сырæзтмæ кæй вæййы цалдæр фæлтæры. Фыццаг уал фæзынынц кæрæдзийæ иппæрд кадджытæ хицæн бынæтты, алы рæстæджы, алкæмæн дæр дзы вæййы йæхи равзæрды æфсон (повод). Уый у эпосы фыццаг фæлтæр (фазæ). Дарддæр эпосы бирæ хъайтартæ æмæ сюжетты бындурыл фæзынынц хуыздæрты нæмттæ, уæлдай уарзондæр цаутæ, æмæ уыдоны алыварс æрбамбырд вæййынц кадджытæ. Фæзыны цалдæр эпикон циклы. Уый у эпосы дыккаг фæлтæр (фазæ). Эпосы æртыккаг фазæ – эпопея – сырæзы цалдæр циклы бындурыл. Ирон Нарты эпос дæр райрæзт ацы æртæ фæлтæры бындурыл. Нарты кадджыты фыццаг æмбырдгæнджытæм раздæр афтæ каст, цыма адæм бахъуыды кодтой æрмæст хицæн кадджытæ, фæлæ, куыд фылдæр æрмæг æмбырдгонд цыд, афтæ сбæрæг, Нарты эпос кæй у æнæхъæн эпопея генеалогон циклизациимæ. Сбæрæг, эпосы сæйраг хъайтартæ кæрæдзийæн хæстæг кæй æййафынц цыппар фæлтæры онг, кæй сты æртæ мыггаджы æмæ кæй хæссынц

иумæйаг ном «Нартæ», сæйраг хъайтартæ кæй сты хъæбатырты иу мыггагæй.

Абайты Васо ирон Нарты эпосы радих кодта цыппар сæйраг циклы:

1. Нарты равзæрд (Уæрхæг æмæ йæ фырттæ, Æхсар æмæ Æхсæртæг);
2. Уырызмæг æмæ Сатана;
3. Сослан (Созырыхъо);
4. Батрадз.

Ахсджиагыл нымайы Сырдоны æмæ Ацæмæзы циклтæ. Уымæй уæлдай ма эпосы ис фынддæсы бæрц хицæн сюжетон æлхынцъытæ сæхи хъайтартимæ: Тотрадз, Арæхдзау, Сæууай, Сыбæлц, Айсана æмæ æндæртæ.

«Цас рагондæр у эпос, уыйбæрц дзы фылдæр ис мифологион миниуджытæ», – зæгъы Уанеты Знауыр. Абайты Васо Нарты эпосы хицæн циклтæн раиртæста сæ мифологион бындур: Æхсар æмæ Æхсæртæджы циклы – тотемон æмæ фаззæтты тыххæй мифтæ; фыццаг къайады тыххæй миф – Уырызмæг æмæ Сатанайы циклы; хурон æмæ культурон геройы тыххæй миф – Сосланы циклы; арвнæрды миф – Батрадзы циклы æмæ а.д. Нарты эпосы историон тæваг кæмæ хæццæ кæны, ахæмтыл банымадта нæртон адæмы мыггагон цард, Сатанайы фæлгонцы та – матриархаты æууæлтæ; нæртон адæмы æфсæддон балцытæ хæстæг лæууынц сæрмæтаг дуджы хæстон демократимæ; муртакк дины тох чырыстон дины ныхмæ алайнаг дуджы V–X æнусты. Нарты эпосы уыцы историон цаутæ ирдæй зынынц Нарты хъайтартæ Сослан æмæ Батрадзы фæлгонцты: дыууæйæ дæр фæмард сты ног, чырыстон Хуыцауы ныхмæ тохы. Абайты Васойы хъуыдымæ гæсгæ, Сатана – Сатеник, Сослан æмæ Батрадзы нæмттæ дæр хастой реалон историон архайджытæ.

## НАРТЫ ЭПОСЫ ИСТОРИОН РАТÆДЗÆН

Кавказы адæмтæй алкæмæн дæр йæ эпос хибарæй райрæзт, æмæ йын ис йæхи национ хуыз, фæлæ уæддæр Нарты эпикон циклæн уыд йæхи гуырæн. Уый алыварс дарддæр райрæзтысты Нарты кадджытæ. Уый афтæ кæй уыд, уымæн æвдисæн сты эпосы сæрмагонд нæмтты иудзинад æмæ термин «нарт». Зæгъæн ис, Нарты кадджыты бирæ

сюжеттæ, фæлгонцтæ алы адæммæ дæр сæвзæрдысты хибарæй, фæлæ афтæ зæгъæн нæй термин «нарт» кæнæ сæрмагонд нæмттæ Сатана, Уырызмæг, Сослан, Батрадз, Сырдон æмæ æндæртæй. Уыдон сæвзæрдысты бæлвырд бынаты, бæлвырд адæммæ.

Абайты Васо Нарты эпосæн раиртæста йæ дыууæ сæйраг ратæдзæны: ирон æмæ адыгейаг. Ирон нæртон эпосы сæйраг хъайтар у Батрадз, адыгейаг эпосы – Созырыхъо. Дыууæ эпосæн дæр иумæйаг ахадгæ фæлгонц у Сатана – Сатане. Фаззæттæ-хъайтартæ Æхсар æмæ Æхсæртæг ирон эпосы сты нæртон адæмы мыггаджы сæр (латинаг Ромул æмæ Ремы хуызæн), адыгейаг эпосæн сты æцæгæлон. Адыгейаг эпосы хъайтар Пши Бадиноко ирæттæм ахсы фæрссаг бынат. Хъæрæсейаг æмæ балхъайраг эпосты ацы фæлгонцтæ хæстæг лæууынц куы ирон, куы адыгейаг эпостæм. Абхазаг Нарты кадджытæ хæстæгдæр лæууынц адыгейæгтæм, иумæйаг хъайтар сын у Сасрыква, фæлæ уæддæр абхазаг эпосы ис бирæ оригиналон варианттæ.

Мæхъхъæлон æмæ цæцæйнаг эпосы варианттыл фæзынд ирон æмæ адыгейаг эпосты тæваг. Уымæн ма æвдисæн у эпосы хъайтары ном Соска-Солса: Соска арæзт у адыгейаг Созырыхъойæ, Солса та – ирон Сосланæй.

## НАРТЫ ЭПОСЫ РАЙРÆЗТЫ РÆСТÆГ

Ахуыргæндтæ алыхуызон хъуыды кæнынц Нарты эпосы райрæзты рæстæджы тыххæй. Иуты хъуыдымæ гæсгæ, Нарты эпос райрæзт матриархаты дуджы кæнæ матриархаты дугæй патриархаты дугмæ рахизыны рæстæг (Хъуылаты Хъ., Къæбысты Р., Мамиаты Н.); иннæтæ зæгъынц, Нарты эпосæн йæ ратæдзæн кæй хауы рагæфсæйнаг дугмæ, ома, нæ дуджы размæ дыккæгæм миназы (Абайты В., Е.И. Крупнов); æртыккæгты хъуыдымæ гæсгæ, Нарты эпос райрæзт рагастæуккаг æнусты æмæ патриархалон-мыггагон æмæ рагфеодалон ахастдзинæдты фæзынды рæстæг (Е.М. Мелетинский, Я.С. Смирнова, Абайты З.).

Владимир Кузнецовы хъуыдымæ гæсгæ, Нарты эпосы æвдыст сты хæстон демократи æмæ рагфеодалон дуджы æхсæнадон ахастдзинæдтæ æмæ царды уаг. Дарддæр зæгъы, эпосы сæйрагдæр апп æмæ йæ циклизаци, гæнæн ис, æмæ райрæзтысты нæ дуджы фыццæгæм миназы дыккаг хайы æмæ дыккæгæм миназы райдиан, эпосы æрæджы цы

хицæн кадджытæ фæзынд, уыдон хынцгæйæ (зæгъæм, «Сослан æмæ Гуымаг лæг»). Уымæн æвдисæныл нымайы уыцы рæстæджы социалон ахастдзинæдтæ дæр: æфсæддон демократийы рахызт рагфеодалон цардыуагмæ æмæ къласон æхсæнады сырæзт.

Нарты эпосæн йæхи ратæдзæн æмæ йæхи апп кæй уыд, уый тыххæй ахуыргæндтæм сæвзæрд алыхуызон гипотезæтæ. В.Пфаф зæгъы, Нарты кадджыты «мифологи» кæй райгуырд бердзенаг мифологийæ, уымæн æмæ кадджыты уæларвон куырдты уынæм Гефесты фæлгонцы, уæйгуыты – Циклопы. Пфафы хъуыдымæ гæсгæ, скифтæн Ромы империимæ хæстæг бастдзинæдтæ кæй уыд, уымæ гæсгæ дыууæ мифологийы дæр ис иумæйаг фæлгонцтæ: Хæмыц – Улисс; Батрадз – Прометей, Ахилл; Созырыхъо – Геракл.

Къубалты Алыксандр йæ уац «К вопросу о происхождении нартовских песен»-ы фыссы, нæртон кадджытæн сæ фылдæр кæй сты ир æмæ кæсæджы; æвдыст сæ цæуы Иран æмæ Тураны æхсæн тох, Фирдоуси кæй сæмбырд кодта æмæ поэтикон хуызы кæй рацарæзта, уыцы рагон кадджыты Ираны паддзæхты чиныг «Шахнаме»-йы. Зæгъы, Гомермæ, уырыссаг былинæты, Калевалæйы бæрæг сты, сæ хъайтартæ кæм архайдтой, уыцы бынæттæ, Нарты эпосы та – нæдæр ирон, нæдæр кæсгон эпосты – ахæм бынæттæ нæй. Уымæ гæсгæ Нарты кадджытæ Кавказы нæ равзæрдысты, фæлæ сæ иры рагфыдæлтæ-колонисттæ æрбахастой Иранæй. Æмæ кæд кæсæг сæхи хонынц Туркæй рацæуæг Хъырымаг цæрджытæ, фæстæдæр та – Кавказмæ ралидзджытæ, уæд уымæй дæр бæрæг у, сæ Нарты кадджыты Ираны сæйраг горæт Истахар кæнæ Зилахар амынд цæуылнæ ис, уый. Алыксандр дарддæр зæгъы, Ирыстоны кæй нæй Зилахары бынат, уымæн æмæ уый у Ираны горæты ном Истахар.

Ахуыргæндтæ йæ хъуыдыимæ разы не сты (В. Кузнецов, Ж. Дюмезиль). Рæдыдæй нымайы, кæсæгæн сæ эпос кæй у «турайнаг», ирæн та – ирайнаг («Шахнаме»-мæ гæсгæ), фæлæ ахуыргæндтæ куыд сбæрæг кодтой, афтæмæй «Шахнаме»-йы æвдыст æрцыд биноныг æрцæрæг (оседлые) скифтæ æмæ цæугæцардгæнæг скифты (турайнæгтæ) ‘хсæн тох. Уый тыххæй зындгонд уырыссаг ахуыргонд В.В. Григорьев фыста, Туран ныхмæвæрд кæй у Иранæн æрмæстдæр йæ географион бынатмæ гæсгæ – Ираны бæстæ ис Амуйæ хуссарырдæм, Туран та – йæ цæгатырдыгæй.

Тугъанты Махарбег йæ уац «Кто такие нарты?»-йы фыссы, зæгъгæ, кæд æмæ Нарты кадджытæ æппæт хохæгтæм дæр сты, уæлдайдæр кæсæгмæ, уæддæр сæ иу дæр нæ зоны нæртон адæмы фæзынд, нæ – сæ фесæфт, нæ – куыд равзæрдысты, уый, сæ размæ чи цард, сæ фæстæ чи баззад, уыцы хабæрттæ; æрмæстдæр ирæттæм сты сæ райдианæй сæ кæронмæ. Махарбег ма фыссы, рагон ирон нывæфтыдтæ æмæ архитектурон цыртдзæвæнтæ хæстæг кæй лæууынц скандинавиаг адæмты рагон цыртдзæвæнтæм.

Зындгонд литературон критик Тыбылты Алыксандр йæ уац «М.В. Рклицкийы чиныг «Нартæ æмæ Нарты кадджытæ»-йы фыссы, ахуыргонд адæм бирæ кæй фæфыстой нарты тыххæй, фæлæ дзы иу дæр бæстон кæй нæ алыг кодта хъуыддаг. Хæстæгдæр æм чи бацыд, уыдонил нымайы В. Пфаф, Тугъанты Махарбег æмæ Къубалты Алыксандры, фæлæ уæддæр иттæг растыл банымадта М. Рклицкийы хъуыдытæ: нарт хицæн адæм нæ уыдысты; нарт мыггаджы ном нæу; нарт уыдысты ирон адæмæй, æрмæст сæ уæздæттæй, сæ хъæздыгдæр фæлтæрæй; кæд нарт ирон адæмæй уыдысты, уæд Нарты кадджытæ дæр сæвзæрдысты ирон адæмы ‘хсæн. Рклицкий термин «нарт» æвзары, куыд «нар»-æй равзæргæ дзырд, иронау – «нæл», авестæйагау – «нара», грекъагау «анер» – лæг, нæлгоймаг, хæцæг лæг, – ууыл дæр разы у Алыксандр æмæ фæдзæхсы: «Нырæй фæстæмæ Нарты кадджытыл исты чи фысса, уый хъуамæ Рклицкийы ныхæстæ йæ зæрдыл дара».

Ж. Дюмезиль, историон æрмæг иртасгæйæ, рæгъмæ рахаста æртæ хъуыдыйы.

Фыццаг: æрмæстдæр ирæттæм æмæ сæ дард фыдæлтæм фæзынд Нарты эпосы апп, æмæ равзæрдысты йæ сæйраг хъайтартæ.

Дыккаг: Нарты эпос айстой сыхаг адæмтæй цалдæр, алы хуызты ивта, фылдæр ын уыд моралон ахастдзинад. Æппæтæй тынгдæр рапарахат цæцæн æмæ мæхъхъæлмæ, черкестæ æмæ абхазæгтæм. Эпос уидæгтæ ауагъта балхъар æмæ хъæрæсейæгтæм, фæлæ уыйбæрц нæ сырæзыд.

Æртыккаг: ныгуылæны – убыхтæм, скæсæны – хъуымыхъхъ æмæ дагестайнæгтæм нарты мыггагон ном зонгæ нæу, æрмæстдæр сæм у «уæйыджы» синоним æмæ амоны «фыдзонд æмæ æдылы уæйгуытæ», бынæттон Давидтæ уайтагъд кæуыл фæтых вæййынц.

Кæй у Нарты эпос, уымæн дзуапп дætты Абайты Васо: эпос у, цы адæмы ‘хсæн ис, уыдоны. Уый афтæ æмбаргæ у, æмæ ирон кадджытæ

сты ирæтты, кæсгон – кæсæджы, абхазаг – абхазæгты æмæ а.д. Æндæр хъуыддаг у кадджыты генезис, сæ нæмттæ æмæ æндæр миниуджытæ раиртасын. Уый бамбарынæн Васо ранымадта æхсæз æвдисæны:

1. Термин «нарт»-ы ис ирон æвзаджы бирæон нымæц амонæг «т», æмæ арæзт у ирон мыггæгты хуызæн.

2. В. Миллер æмæ Ж. Дюмезиль куыд раиртæстой, афтæмæй иуæй-иу нæртон сюжеттæ сты ирон адæмы рагфыдæлтæ – скифтæ æмæ сæрмæтты – цардыуаг æмæ æгъдæутты хæдхуызæн.

3. Нæмтты равзæрд – Уæрхæг, Æхсар, Æхсæртæг, Уырызмæг, Ацырухс, кады къус Уацамонгæйы ном – сты ирайнаг.

4. Сæйраг сылгоймаг-хъайтар Сатанайы ном баст у алайнаг паддзахы чызг Сатеникы номимæ.

5. Ном Сосланæн, æвæццæгæн, ис тюркаг (ногъайаг) ратæдзæн, фæлæ ирмæ фæзынд XII æнусы (ус-паддзах Тамарæйы цардæмбал Дауыт Сослан); ном Созырыхъо равзæрд Сосланы номæй.

6. Ном Батрадз равзæрд дзырдтæй Батыр-ас æмæ амоны «асский (аланский) богатырь».

Ацы æвдисæнты фæдыл Абайты Васо фидарæй зæгъы: «…материальным ядром эпоса послужил древний аланский цикл, восходящий некоторыми элементами еще к скифской эпохе и непрерывно обогащавшийся за счет контактов с другими народами, в том числе и народами Кавказа».

## КÆМ ЦАРДЫСТЫ НАРТÆ

Кæд Нарты эпос бирæ кавказаг адæмты хæзна у, уæддæр дзы алчидæр сæрыстырæй бацамоны йæ бæстæйы арæнтыл нæртон адæмы фæдтæ. Ирыстоны дæр ис ахæм бынæттæ. Тугъанты Махарбег йæ уац «Кто такие нарты?»-йы фыссы, Дыгургомы «Мæхчесги къубус»-мæ хæстæг кæй ис иу дур, нывгонд ыл ис Сырдоны хæдзары пълан, лабиринт, рацæуæн кæцæй нæй, ахæм; зæгъы, алы комы дæр ис фенæн «Сослани цирт», «Нарти нихас».

В. Миллер йæ балцы рæстæг Ирыстоны бабæрæг кодта Дыгургом, æмæ йын ам, Нары хъæумæ æввахс, фенын кодтой Сосланы ингæн, гыццыл дарддæр та – Нарты ныхас. Куырттаты комы Дзывгъисы хъæумæ æввахс ын фенын кодтой Нарты ингæнтæ. Уымæй уæлдай ма

уын Лæцы хъæуы фенын кæндзысты нæртон адæмы бынæттæ: Нарты ныхас, раздæр ма дзы уыд Уырызмæджы дурын бандон дæр æмæ а.д.

Нарты кадджытæй куыд зонæм, афтæмæй Хуыцау æрæппæрста æртæ цæссыджы нарты Батрадзы мардыл, æмæ сæ равзæрд æртæ кувæндоны: Реком, Таранджелос æмæ Мыкалгабыртæ. Зындгонд у уый дæр, æмæ Стыр Дыгуры иу мыггаг кæй хæссынц Нарты Хæмыцы ном – Хæмыцатæ.

Кæсæгмæ дæр ис ахæм нæртон бынæттæ. Теберда æмæ Хъубаны дæттæ кæм баиу вæййынц Хумаринскаяйы хъæумæ æввахс, уым ис Суаны гæнах, хонынц æй нарт Гилястарханы гæнах. Ам ма нoджы фенæн ис Сосланы бæхы фæдтæ дæр.

Абхазæгтæм дæр ис ахæм бынæттæ Калдахвары комы: Нарт кæй амардтой, уыцы уæйгуыты – Адуты – ингæнтæ.

Цæцæнмæ Нярты кæнæ Орхустойты хæцæн бынатыл нымад у Балчайы ком, дон Ассæ кæм кæлы, уыцы бынат. Ам хъæу Накисты цур фенæн ис цъай, равзæрд Соска-Солсайы бæхы цæфхæдты фæдты бынæй.

Ж. Дюмезиль зæгъы, уæлдæр ранымад бынæттæм гæсгæ кæй нæй Нарты «фыдыуæзæг» сбæрæг кæнæн: «...татары Кавказских гор, явившиеся сюда позднее других, заимствовали свои Нартовские сказания у черкесов, чеченцы же, видимо, взяли их у осетин; таким образом, только два народа и могут оспаривать друг у друга отцовские права на этот фольклор – черкесы и осетины».

## ТЕРМИН «НАРТ» ИРТАСЫНЫ ИСТОРИ

Кавказаг Нарты эпос бæркадджын у сюжеттæ æмæ хъайтартæй, баиу дзы сты алыхуызон кадджытæ, рауад дзы иу эпикон цикл. Алы национ эпосы дæр хонынц «нæртон». Термин «нарт» зындгонд у кавказаг адæмтæн Сау денджызæй Хъаспы денджызы онг, фæлæ, цы амоны, уый тыххæй ис алыхуызон хъуыдытæ. Абайты Васойы иртасæнтæм гæсгæ, æрмæстдæр иу адæмы ‘хсæнæй рацыд термин «нарт» æмæ сын у оригиналон, иннæ адæмтæн та у райсгæ ном. Уымæ гæсгæ ахсджиагыл банымадта йæ нысаниуæг ын раиртасыны хъуыддаг.

Термины нысаниуæг раиртасыныл архайдта Тугъанты Махарбег. Уый йæ уац «Кто такие нарты?»-йы фыссы, нарт кæй сты рагон ир («древние осетины»), дзырд «нарт» та амоны «нæ арт» («наш огонь»

или «наша присяга»). Зындгонд кæсгон æхсæнадон архайæг Шора Ногмов амыдта, дзырд «нарт» кæй у дыууæ дзырдæй арæзт – нар-ант, ома «анты цæст», антытæ та кæй уыдысты кæсæг.

1930 азы мыхуыры рацыд зындгонд ахуыргонд Æлборты Барысбийы куыст «Термин «нарт». Уый фыссы, ацы термины фæзынд кæй у «Нарты эпос»-имæ баст, «…а этот последний в основе своей создан не мелкими горскими народностями Кавказа, разобщенными друг с другом и говорящими на разных языках, а певцами и сказителями большого политического образования «нартæ», интересовавшимися генеалогией правителей своей страны, своего класса, военными столкновениями их с другими странами и классами». Зæгъы, термин «нарт» кæй у Чысыл Азийы бæстæ Наирийы номимæ баст.

Зындгонд кавказиртасæг Л. Лопатинский дыууæ хуызы æмбарын кæны термин «нарт»-ы нысаниуæг. Фыццаг: «нарт» – «мард» абарста персайнаг «мард» æмæ сомихаг «мард» – «адæймаг»-имæ. Дыккаг: «нарт» ирайнагау амоны «нар» – нæлгоймаг. Йæ хъуыдымæ гæсгæ, мыр «м» рахызт «н»-мæ: мард – нар. Фæлæ ацы дзырдты æхсæн иумæйагæй ницы ис. Æрмæстдæр зæгъæн ис, дыккаг хъуыдымæ фæстæдæр кæй æрцыдысты ахуыргæндтæй бирæтæ: ома, «нарт» у ирайнаг дзырд «нар»-æй арæзт – «нæлгоймаг» (Ж. Дюмезиль, Н. Трубецкой, Г. Бейли æмæ æнд.).

Н. Трубецкой кавказаг æвзæгтæ хорз зыдта, уымæ гæсгæ æрцыд ахæм хатдзæгмæ: термин «нарт»-ы нысаниуæгæн нæй раиртасæн иу цæгаткавказаг æвзаджы дæр, арæзт у ирайнаг «нартама»-йæ: «æхсарджындæр», «хъæбатырдæр» («мужественнейший»), арæзт у ирайнаг «нар»-æй уæлахизон бæрцы – «мужчина».

Абайты Васо ацы хъуыдыимæ разы нæу, уымæн æмæ ирон æвзаджы историон фонетикæйы æвдисæнтæм гæсгæ «нартама»-йæ ирон æвзаджы рауадаид «нарт» нæ, фæлæ «нæрдæн».

Ж. Дюмезиль Нарты эпосы тыххæй йæ фыццаг куысты фыссы, зæгъгæ, чи зоны, термин «нарт»-æн ис ариаг уидаг нрт-, нарт – «кафын», нæртон адæм кафынмæ æмхиц кæй уыдысты, уымæ гæсгæ. Афтæ куы уыдаид, зæгъы Абайты Васо, уæд нрта-йæ рауадаид «нæрд» кæнæ «нард», крта-йæ «кард» куыд рауад, афтæ.

Фæстæдæр Ж. Дюмезиль фæбæлвырддæр кодта йæ хъуыды æмæ зæгъы: «Чи зоны, йæ бындуры æвæрд ис индоирайнаг уидаг «нар» –

«нæлгоймаг». Абайты Васо разы нæу ацы хъуыдыимæ, уымæн æмæ ирайнаг «нар» амоны «нæл» («самец»), «нæлгоймаг» («мужчина») æмæ ацы нысаниуæгимæ баззад ирон æвзаджы – «нæл». Уымæй уæлдай дунеон фольклоры нæй иу æвдисæн дæр, æмæ эпос хæсса ахæм ном – «нæлгоймæгтæ». Нарты эпосы ирдæй зынынц матриархаты дуджы æвдисæнтæ. Эпосы стыр бынат ахсы сылгоймаг Сатана, уæд хъуамæ цы хуызы хуыйной эпосы адæм «нæлтæ» кæнæ «нæлгоймæгтæ»? Васо ацы фарстæн йæхæдæг дзуапп дæтты:

1. Термин «нарт» æвæрд у бирæон нымæцы æмæ дих кæны бындур «нар» æмæ бирæон нымæц æвдисæг т-йыл.

2. Термин «нарт» арæзт у ирон мыггæгты формæйыл æмæ амоны «нары цот», «нары байзæддæгтæ».

3. Элемент «нар» мангойлагау амоны «хур», уымæ гæсгæ нартæ сты «хуры цот».

Нарт хуры цот уыдысты, уымæн æвдисæн сты Нарты кадджытæ:

*Фæлæ иу дуджы зæххæй арвастæу*
*Сау пиллон кодта, æмдзæхæр фестад.*
*Уыцы зынг арвæй йæхи уæд фехста,*
*Денджызмæ ‘рттивгæ йæхи раппæрста*
*Æмæ денджызы йæхи байсæрста.*
*Бæсты-сæры-тых уырдыгæй равзæрд,*
*Уымæн фæдонæн цы фæдон рацыд,*
*Уымæ ныфсхаст лæг йæ ныфс нæ хаста,*
*Уымæн тыхгæнæг уæд тых нæ ардта.*

Кадæджы ацы эпизод æвдисы, нартæ æрвон зынгæй кæй равзæрдысты, уыцы мотив. Бæсты-сæры-тых та у Зынджы бардуаг, фыццаг Хуыцау, нарты сфæлдисæг. Бæсты-сæры-тых чи уыд, уый бæрæг у ирон æмбисондæй дæр: «Хур бæсты сæры тых у». Кæсæм «Нарты равзæрды æнусон кадæджы»: «Дзырдтой намысон фыдæлтæ раджы, мæнг дуне, дам, уыдис фынæй, æмыр, саудалынг, стæй цъæх арвы зылдыл фæзындис хуры цалх, мæйы зынг, стъалыты æрттывд, сæуæхсид æмæ нывæндгæ Æрфæны Фæндаг. Стæй сæ рухсы æндæрг фæрдыгау цæхæртæ ацагъта цъæх арт, æмæ арвæй фесхъиудта зынджы стъæлфæн, уый фæстæ фестадис саумылазон фæнык зæххы цъарыл… Æмæ куы æрхаудта уæд арвæй цæхæркалгæ судзгæ арты зынджы æртдих, уæд

сау фæнык фестади зæххыл. Уый фæстæ Хуыцау сфæлдыста уыцы цæхæр æрвон арты фæныкæй нарты».

## КАДÆГГÆНДЖЫТЫ АИВАД

Ирон адæмы удварны стырдæр хæзна – Нарты эпос – нæм фæлтæрæй-фæлтæрмæ æнусты фæлмæй æрхæццæ кодтой кадæггæнджытæ æмæ таурæгъгæнджытæ. Бирæты нæмттæ дзы сбæрæг кодтой ирон фольклор æмбырдгæнджытæ: Абайты Васо, Æлборты Барысби, Æмбалты Цоцко, Гуыриаты Гагуыдз, Дзагуырты Гуыбади, Къубалты Алыксандр, Тугъанты Махарбег… «Кадæггæнджытæн сæ фылдæр уыдысты «ирон Гомертæ», — зæгъы Джыккайты Шамил. – Сæ курдиаты руаджы нæм ис, ирон адæм номдзыд æмæ сæрыстыр кæмæй сты, уыцы хæзна – Нарты эпос». «Певцы… были настоящими народными бардами. Они мастерски владели словом, знали, как правило, разные жанры народного творчества», – зæгъы Хæмыцаты Тамарæ.

Куыд зонæм, афтæмæй ирон зарджытæн сæ фылдæр (мифологион, хъæбатырон, чындзæхсæвы æмæ фынджы зарджытæ) зарыдысты къордтæй, æнæ музыкæйæ. Алкæмæн дæр йæ бон уыд базарын, бахъырнын. Фæлæ Нарты кадджытæ афтæ никуы зарыдысты. Æвæццæгæн, уымæн фæзындысты ирон адæммæ хицæн дзырдтæ – «кадæг» æмæ «зарæг». Кадæг уыд эпикон таурæгъ, зарыд æй иу адæймаг, хъисын кæнæ дыууадæстæнон фæндырыл цæгъдгæйæ, æмæ йæ хуыдтой «кадæггæнæг» (певец-сказитель). «Рассказывать о нартах мог всякий рядовой осетин, слышавший с самого детства напевы сказаний, но именоваться сказителем… мог не всякий: лучших сказителей народ знал хорошо, и поэтому они на всех кувдах (пиршествах), свадьбах и общественных празднествах пользовались особым почетом и уважением», – фыста Тугъанты Махарбег.

Хæмыцаты Тамарæ куыд зæгъы, афтæмæй Нарты эпосы фæзынды рæстæгæй (VII æнус нæ дуджы размæ) кæрæдзи раивтой кадæггæнджыты 80 фæлтæры бæрц; алы фæлтæр дæр йæ репертуар лæвæрдта дарддæр иннæ фæлтæрмæ; зæрдæргъæвддæр кадæггæнджытæ куыстой текстыл æмæ йын ноджы аивдæр кодтой йæ мидис.

Цæгат Ирыстоны 1917 азмæ зындгонд уыдысты 28 кадæггæнæджы.

Фæстæдæр Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны наукон-иртасæн институтты кусджытæ активонæй архайдтой ирон фольклор æмбырд кæнын æмæ фыссыны хъуыддаджы. 1920-æм азты сбæрæг кодтой 46 кадæггæнæджы, 1930 – 1940-æм азты сæ нымæц схæццæ 232-мæ. Хæмыцаты Тамарæ куыд сбæлвырд кодта, афтæмæй XX æнусы кæронмæ зыдтой 333 кадæггæнæджы номы.

Кадæггæнджыты тыххæй зонинæгтæ мыхуыры уагъта Хæмыцаты Тамарæ, фыстой сыл журнал «Мах дуг»-ы, газет «Рæстдзинад»-ы.

Фыццаг хатт кадæггæнæджы фæлгонц равдыста Къубалты Алыксандр йæ уацмыс «Æфхæрдты Хæсанæ»-йы:

*Гъе, хъæздыг куырм Бибо!.. Гъе, тыхджын зæронд лæг!..*
*Радта дын Уастырджи сау хъисæй хуыйысæр,*
*Радта дын зæрдæргъæвд, радта дын дзырдамонд.*
*Фыдæлты кадджытæ се ‘ппæт дæр куы зоныс,*
*Се ‘ппæт дæр куы цæгъдыс сау хъисын фæндырæй.*

Уый уыд зындгонд кадæггæнæг Зыгъуытаты куырм Бибо.

Кадæггæнджыты хистæр фæлтæрæй иу уыд Текъоты Хъуыбады. 1910 азы йыл цыди 100 азы бæрц. Райгуырд æмæ цард Задæлесчы хъæуы. Нарты кадджытæ базыдта кадæггæнæг, Лезгоры цæрæг Тайсауты Газийæ, уый та сæ фехъуыста æмæ райста Бериты æфсымæртæ Дæхцыхъо æмæ Дзæгъæстугæй. Хъуыбады хорз зыдта Нарты эпосы циклтæн се ‘ппæт дæр, фæлæ фылдæр дзырдта Сосланы кадæг. Фольклор æмбырдгæнджытæ йæ ныхæстæй ныффыстой 15 нæртон кадæджы, иу историон зарæг æмæ историон таурæгъ.

Дзыхæйдзургæ сфæлдыстады дæснытæй иу уыд Сланты Гаха. Райгуырд 1836 азы Хуссар Ирыстоны Брытъаты хъæуы. Дыууадæстæнон фæндырыл цæгъдын æй сахуыр кодта йæ фыдыфсымæр Есе. Гаха æрдзæй уыди дзыхарæхст æмæ цыргъзонд. 1920 азы, меньшевиктæ Хуссар Ирыстонмæ куы ныббырстой, уæд Сланты Гаха дæр ралыгъд Цæгат Ирыстонмæ æмæ æрцард Ногиры. 1921 – 1922 азты Дзагуырты Гуыбади æмæ Гуыриаты Гагуыдз Гахайæ ныффыстой 40 кадæджы, аргъауы æмæ таурæгъы, уыдонæй 17 уыдисты Нарты кадджытæ. Гаха тынг хорз зыдта йæ адæмы эпос – нарты равзæрдæй се сæфты онг. Йæ репертуары ис, хæрз стæм цы кадджытæ сты, ахæмтæ: «Сослан æмæ Гуымаг лæг», «Созырыхъо æмæ Сырдон цæмæн сызнаг сты».

Зындгонд кадæггæнæг Джусойты Кудза райгуырд 1853 азы. Йæ фыдæлтæ уыдысты Цъоны хъæуæй, цæргæ та кодта Дзалабеты хъæуы, гуырдзиаг хъæутæм æввахс, уымæ гæсгæ хорз зыдта гуырдзиагау дæр. Нарты кадджытæ базыдта йæ мадыфсымæр Джиоты Додтайæ. Кудзайæ фыст æрцыд 15 нæртон кадæджы. Йæ репертуар æххæстæй ныффыссын нæ бантыст, 1925 азы æвиппайды кæй амард, уымæ гæсгæ. Кудза йæ фæстагæттæн ныуагъта цымыдисаг кадджытæ, уыдонæй иу – «Куыд фесæфтысты нарт».

Ирыстоны зындгонд уыдысты Андиаты кадæггæнджыты нæмттæ – Теба (Тепсарыхъо) æмæ йæ фырт Баса (Барис). Теба райгуырд 1860 азы Куырттаты комы Андиаты хъæуы. 1910 азы æрцыд Дзæуджыхъæумæ, фæлæ йын дзы бирæ ацæрын нал бантыст: йæ давд фосы фæдыл зилгæйæ фæрынчын æмæ 1925 азы амард. 1940 азы кæрон, Нарты бригад арæзт куы æрцыд, уæд Тебайы фырт Басайæн бахæс кодтой, цæмæй, йæ фыдæй цы тексттæ фехъуыста, уыдон бацæттæ кæна мыхуырмæ. 1942 азы Хуссар Ирыстоны рацыд чиныг «Нартæ», æмæ фылдæр тексттæ арæзт уыдысты Андиаты Басайы текстты бындурыл. Ацы чиныг æрæджы рацыд «Нарты кадджыты» æхсæзæм томæй Дзæуджыхъæуы.

Номдзыд кадæггæнæг Саулаты Дзæрæх райгуырд Уæлладжыргомы Уæллаг Мызуры 1850 кæнæ 1860 азы. Сидзæр лæппу хъомыл кодта йæ хомæ Æрыдоны, стæй та йæ мадыфсымæрмæ Чырыстонхъæуы. Дзæрæх авдаздзыдæй дзуарæй фæрынчын æмæ бакуырм, æмæ уæд йæ хиуæттæ бацархайдтой, цæмæй сахуыр уа кадджытæ æмæ зарджытæ хъисфæндырæй цæгъдыныл. Йæ ахуыргæнджытæ уыдысты Стыр Дыгуры цæрæг Гобеты Баде æмæ чырыстонхъæуккаг Лолаты Сослан. Фæстæдæр ацыди Ручъы хъæумæ зындгонд кадæггæнæг Томайты Бибомæ. Дзæрæхы ныхæстæм гæсгæ, Бибо кадджытæ цагъта дыууадæстæнон фæндырыл. Уыцы фæндырыл уæд цыди 300 азæй фылдæр. Томайтæн æй балæвар кодтой сæ туджджынтæ стыр æхцайы ныхмæ, куы фидыдтой, уæд. 1909 – 1910 æмæ 1916 азты Дзагуырты Гуыбади Дзæрæхæй ныффыста 30 уацмысы, уыдонæй 12 – Нарты кадджытæ. 1894 азы Тугъанты Махарбег Дзæрæхæй ныффыста фыццаг историон зарæг «Задалески Нана».

Курдиатджын кадæггæнджыты æмрæнхъ лæууы чырыстонхъæуккаг Гатуты Дабег. Райгуырди 1854 азы. Йæ цард-цæрæнбонты никуы фæцух йæ хъисфæндырæй. Аразгæ дæр æй скодта йæхæдæг.

Кадæггæнæджы дæсныйадыл фæцалх йæ фыдыфсымæртæй – Гъуыллæ, Челемет æмæ Тугъанæй. Кадджытæ фылдæр базоныны тыххæй-иу абалц кодта Куырттаты коммæ номдзыд кадæггæнæг Гуыриаты Аслæмырзæмæ, Уæлладжыры коммæ – 90-аздзыд Габолаты Хъæвдынмæ. Гатуты Дабегæй кадджытæ, зарджытæ æмæ таурæгътæ ныффыстой Дзагуырты Гуыбади æмæ Хъазыбегты Хъазыбег, уыдоны ‘хсæн – 12 нæртон кадæджы. Се ‘хсæн зындгонд сты «Нарты Акола-рæсугъд æмæ Хæмыцы фырт Батрадз», «Нарты Уырызмæг æмæ Къандзы фырт Сæууай», «Сосланы мад». Дабег алы курдиатджын кадæггæнджытимæ кæй æмбæлдис æмæ музыкæ хорз кæй æмбæрста, уый руаджы йæ кадджытæ уыдысты æвзагæй хъæздыг æмæ поэтикон.

Дзырддзæугæ кадæггæнæг, зарджытæ æмæ мелодиты автор Хъалæгаты Иналдыхъо уыди стыр курдиаты хицау, дæсны уыд таурæгътæ дзурынмæ æмæ зарынмæ. Иналдыхъо райгуырди 1865 азы Дæргъæвсы комы Джимарайы. Сабийæ фæстæмæ бирæ уарзта бæхыл бадын. Йæ царды бонты архайдта 40 дугъы, æдзухдæр ахста фыццаг бынæттæ. 1895 азы Иналдыхъо ирон барджытимæ ацыд Парижмæ Æппæтдунеон равдыстмæ. Афæдзы дæргъы æвдыста йæ арæхстдзинад. Ирон фæндырыл цæгъдын сахуыр йæхæдæг. Йæ ахуыргæнджытыл нымадта джимарайаг Дзанæгаты Гобайы æмæ сыбайаг номдзыд цуанон Зораты Дзотдзæйы. Иналдыхъойæ кадджытæ æмæ зарджытæ ныффыстой 1921 азы Дзагуырты Гуыбади æмæ Æлборты Барис, уыдонимæ – 20 нæртон кадæджы.

«Ирон эпос чи сфæлдыста, уыдонмæ уыд сæхи бæрзонд культурæ – уды культурæ: æхсар, æфсарм æмæ уæздандзинад», – Джыккайты Шамилы ацы ныхæстæ сты кадæггæнджыты фæлгонцмæ аккаг баххæстгæнæн.

## НАРТЫ КАДДЖЫТÆ ÆМБЫРДГÆНДЖЫТÆ

Ирон адæмы Нарты эпосы тыххæй фыццагдæр ныффыста Л.Л. Штедер – Уæрæсейы паддзахы администрацийы минæвар Ирыстоны (XVIII æнусы дыккаг æмбис). Уый Дыгургомы цы рагон кадджытæ фехъуыста, уыдоны схуыдта сагæтæ, хъæбатырты та – рыцартæ.

Ирон адæммæ сæхи эпос ис, уый тыххæй XIX æнусы райдиан фыста зындгонд ориенталист, академик Юлиус Клапрот йæ куыст «Путу-

шествие на Кавказ и Грузию»-йы, рацыд 1812 азы немыцаг æвзагыл. Урупы доны тыххæй фысгæйæ, зæгъы: «У этой реки, видимо, старая крепость, именуемая в осетинском героическом эпосе «Уарпы фидар» (крепость Уарп), которая была удивительным образом завоевана героем Батерасом, сыном Хамица».

Нарты кадджытæ æмбырд кæныны æмæ фыссыны хъуыддаг фæрæвдздæр XIX æнусы æхсайæм азты. Уыцы азты фæзындысты ирон интеллигенцийы фыццаг минæвæрттæ: Цорæты Васили, Санаты Дзантемыр æмæ Гацыр. Цорæты Василийы цардвæндаджы тыххæй бæстон ныффыста историон наукæты доктор Бзарты Руслан йæ уац «Пионер осетинской фольклористики»-йы æмбырдгонд «Осетинская филология: история и современность»-ы 11-æм рауагъды.

Цорæты Елдзарыхъо (йæ аргъуыды ном Васили) райгуырд 1827 азы рагон ирон хъæу Фыдхуызы (ныры Редант), йæ ныййарджытæ ардæм æрлыгъдысты Джимарайæ. Васили ахуыр кодта Дзæуджыхæуы дины училищейы (1836 аз), 1841 азы – Тифлисы семинары. Йæ хорз ахуыры тыххæй йæ арвыстой Сергиев Посады Мæскуыйы дины Академимæ. Йæхи ныхæстæм гæсгæ, йæ зæрдæ нæ тырныдта дины куыстмæ, æмæ дыууæ азы фæстæ, 1848 азы, йæхи рацух кæнын кодта Академийæ йе 'нæниздзинад фæцудыны æфсонæй. Уыцы аз ацыд Бетъырбухмæ, Императоры университеты йæ ахуыр адарддæр кæнынмæ. Фæлварæнтæ раттын æппæт предметтæй йæ бон нæ бацис, æмæ йын сæмгъуыд кодтой 1850 азмæ, фæззæгмæ, фæлæ йæ æнæнхъæлæджы æрцахстой жандармтæ (Пруссийы арæнтыл цæмæн февзæрд, уый бынтон бæрæг нæу), æмæ Васили паддзахы бардзырдмæ гæсгæ ссис 3-аг фистæг корпусы салдат. 1852 азы райдыдта Хъырымаг хæст, æмæ Василийы бахъуыд туркæгты ныхмæ хæцын. Фæстæдæр архайдта Турчы, Англисы, Францы æмæ Сардинийы ныхмæ хæстыты, ссис унтер-афицер, хорзæхджынгонд æрцыд майдантæй. Æрмæстдæр 1859 азы бацис йæ бон отставкæйы ацæуын. Æрцард Тифлисы, куыста ирон æвзаджы ахуыргæнæгæй семинары æмæ дины училищейы. Уæд райдыдта æмбырд кæнын ирон фольклорон текстæ. Æххуыс ын кодта гуырдзиаг фыссæг Даниил Чонкадзе. Академик А. Шифнер се 'мбырдгонд текстæ уырыссаг æвзагмæ ратæлмац кодта æмæ сæ рауагъта 1868 азы Наукæты Академийы Фыстыты. Нарты эпосæй дзы уыд дыууæ кадæджы Батрадз æмæ Уырызмæджы тыххæй. Цорæты Васили йæ

царды фæстаг азтæ арвыста Ольгинскæйы хъæуы. Амард 1884 азы, ныгæд ис Дзæуджыхъæуы Иры уæлмæрдты.

XIX æнусы 70 – 80-æм азты зындгонд уыдысты ирон интеллигенцийы минæвæрттæ, æфсымæртæ Санаты Теккайы фырттæ Дзантемыр, Гацыр æмæ Гуыцыры нæмттæ. Дзантемыр æмæ Гацыр ирон культурæйы баззадысты куыд фольклор æмбырдгæнджытæ. Сæ ирон фыстытæ фесæфтысты, фæлæ уырыссаг æвзагмæ сæхи тæлмацгонд фольклорон текстты иу хай мыхуыры рацыд 1871, 1873, 1876 азты «Сборник сведений о кавказских горцах»-ы, иннæ хай рацыд 1925 азы уагъд фольклорон текстты æмбырдгонд «Памятники народного творчества осетин»-ы 1-аг рауагъды.

Уырыссаг ахуыргæндтæй академик А. Шифнеры фæстæ Нарты эпосмæ йæ хъус æрдардта В. Пфаф. Зындгонд барадиртасæг Вольдемар Пфаф XIX æнусы 70-æм азты цард Дзæуджыхъæуы, æмбырд кодта этнографион æмæ историон æрмæг. Зындгонд у йæ куыст «Материалы по древней истории осетин». Нарты эпосы тыххæй цы æрмæг æрæмбырд кодта, уый рауагъта 1871 азы «Сборник сведений о Кавказе»-йы 1-аг рауагъды. Пфафы хъуыдымæ гæсгæ, нарт уыдысты незаманты цæрæг адæм.

Зындгонд уырыссаг ахуыргонд, лингвист æмæ фольклорист, академик В.Ф. Миллер стыр хæрзты бацыд ирон адæмæн. Йæ «Ирон этюдтæй» сæвæрдта фидар бындур ирон æвзаг, этнографи æмæ истори иртасыны хъуыддаджы. В. Миллеры мыхуыргонд ирон фольклорон текстты сæрмагонд бынат ахсынц Нарты кадджытæ («Осетинские этюды», ч.I, 1881); «Осетинские сказки» (Сборник материалов по этнографии, 1885) æмæ иннæтæ. Йæ куыстытæ тынг сразæнгард кодтой ирон интеллигенцийы минæвæртты фольклор æмбырд кæнынмæ. Уыцы хъуыддагмæ бавнæлдтой Собиты Инал, Гарданты Михал, Гуыриаты Гагуыдз, Туккаты Солæман æмæ Тугъанты Махарбег.

1910 азы Дзæуджыхъæуы мыхуыры рацыд Тугъанты Махарбеджы фыццаг чиныг «Дигорон кадæнгитæ». Сæйраг бынат дзы ахсы «Ацæмæзи зар». Махарбегæн йæхи мысинæгтæм гæсгæ, «Ацæмæзы таурæгъ» ссардта йæ фыды гæххæттыты ‘хсæн йæ амарды фæстæ. Къорд азты фæстæ Ацæмæзы кадæг æнæхъæнæй фехъуыста кадæггæнæг Хъуыбадты Сосланæй æмæ йæ уый ныхæстæй ныффыста. Ацы кадæг Абайты Васо схуыдта «Нарты кадджыты налхъуыт-налмас».

1920-æм азты «Хуры цоты» алæмæттаг дунейы тыххæй кадджытæ уадзыны хъуыддаг фæрæвдздæр. 1925 – 1930-æм азты Дзæуджыхъæуы рацыд «Памятники народного творчества осетин», бацæттæ йæ кодтой Цæгат Ирыстоны æмæ Хуссар Ирыстоны наукон-иртасæн институттæ.

1940 азы Цæгат Ирыстоны наукон-иртасæн институты арæзт æрцыд Нарты комитет, йæ сæрдар Абайты Васо, афтæмæй. Комитеты уæнгтæ – Багаты Никъала, Боциты Барон æмæ Епхиты Тæтæри. Цы æрмæг бацæттæ кодтой, уый мыхуыры рацыд Дзæуджыхъæуы 1946 азы – «Нарты кадджытæ». Уыдис дзы 8 нæртон циклы 70 кадæгимæ. Комитет æдæппæт бацæттæ кодта 634 кадæджы, фæлæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты уавæрты сæ рауадзыны фадат нæ фæцис.

Нарты комитет 1940 азы арæзт æрцыд Хуссар Ирыстоны дæр. Йе 'ххуысæй Хуссар Ирыстоны 1942 азы рацыд Нарты кадджыты чиныг «Нартæ». Чиныгæн йæ дзæвгар хай арæзт у кадæггæнæг Андиаты Тебайы кадджытæй, фыст æрцыдысты йæ фырт Барисы (Баса) къухæй. Уымæй уæлдай чиныджы мыхуыргонд æрцыдысты А. Шифнер, В. Миллер, Санаты Дзантемыр æмæ Гацыр, Тугъанты Махарбег æмæ æндæрты æмбырдгонд тексттæ.

1961 азы Дзæуджыхъæуы рацыд «Ирон адæмон сфæлдыстад» дыууæ томæй (2007 азы та – йæ дыккаг баххæстгонд рауагъд). Йæ саразæг у Салæгаты Зоя. Фыццаг томмæ бахаста 127 нæртон кадæджы.

Нарты эпосы ног æртæтомон рауагъд мыхуырмæ бацæттæ кодта Цæгат Ирыстоны наукон-иртасæн институты фольклор æмæ литературæйы хайад, йæ сæргълæууæг Хæмыцаты Тамарæ, афтæмæй. Мыхуыры рацыд Мæскуыйы 1990 азы. «Эпос уагъд æрцыд наукон бындурыл, кæрæй-кæронмæ йæ арæзт, йæ нывæст, йæ амонæнтыл зыны дæсны, профессионалон æрмдзæф», – зæгъы Джыккайты Шамил.

2001 азæй 2012 азмæ ирон адæмы удварны стырдæр хæзна рухсмæ рацыд авд томæй æххæст æмæ бæстон нывæстæй. Бацæттæ сæ кодта Хæмыцаты Тамарæ, зонадон редактор сын у Джыккайты Шамил. Мыхуыры сæ рауагъта Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институт.

## ЛИТЕРАТУРÆ:

1. Абаев В.И. Проблемы нартовского эпоса. В кн.: Избранные труды. Религия, фольклор, литература. – Владикавказ, 1990.

2. Алборов Б.А. Термин «Нарт». – Владикавказ, 1930.

3. Бязырты Алыксандр. Нарты таурæгъты истори. – Дзæуджыхъæу, 1992.

4. Ванеев З.Н. Народный эпос как исторический источник. В кн.: Избранные труды по истории осетинского народа. – Цхинвал, 1990.

5. Грисвар Жоэль. Об осетинах и их предках // Дарьял, 2004. № 2.

6. Джыккайты Шамил. Нарты ног фæзынд. Осетинская филология: история и современность. Сб. научных трудов. Вып. 11. – Владикавказ, 1995.

7. Джыккайты Шамил. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996.

8. Дюмезиль Ж. Осетинский эпос и мифология. – М., 1977.

9. Дюмезиль Ж. Скифы и нарты. – Москва. 1990.

10. Кузнецов В.А. Нартский эпос и некоторые вопросы истории осетинского народа. – Орджоникидзе, 1980.

11. Къубалты Алыксандр. Уацмыстæ. – Орджоникидзе, 1978.

12. Миллер В.Ф. Кавказско-русские параллели. – М., 1892.

13. Пфаф В.Б. Путешествие по ущельям Северной Осетии. 1870

14. Туганов М. Кто такие нарты? В кн.: Махарбек Туганов. Литературное наследие. – Орджоникидзе, 1977.

15. Туганов М.С. Новое о нартовском эпосе. — ИЮОНИИ. Вып.1–5. – Сталинир, 1946.

16. Тугъанты Махарбег. Куыд куыстон Нарты кадджытыл // Мах дуг, 2011. № 8.

17. Тыбылты Алыксандр. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988.

18. Хамицаева Т.А. Сказители осетинского нартовского эпоса / Осетинский героический эпос в трех книгах. Книга 3. – М., 1991.

*МАМИАТЫ Изетæ,*
*ЦИГСИИ-йы хистæр наукон кусæг,*
*доцент, филологон наукæты кандидат*

# КЪОСТАЙЫ ПОЭМÆ «ФАТИМÆ»: АБАРСТЫ ФÆЛВАРÆН

*Æрæджы мын иу чидæр уайдзæфы хуызы афтæ: «Къостайы поэзи ныр æнусæй фылдæр æнæсцухæй иртасут, уæд ма уе 'рвылазы конференциты ногæй цы зæгъинаг вæййут? Ирыстоны æндæр фыссæг нал ис?»*

*Исты дзуапп раттынмæ йын базивæг кодтон... Ирон зæрдæ кæй риуы тæлфы æмæ ирон туг кæй дадзинты æнхъæвзы, уый ахæм фæрстытæ нæ фæдæтты...*

Къостайы ном Ирыстоны табуйаг уымæн у, æмæ, нæ царды, не 'взаджы, нæ ирон удыхъæды фæзминагæй цы ис, уый мах бæттæм, йе сфæлдыстады цы куырыхон ныстуантæ ныууагъта, йæ хисæрмагонд цард цы патриотон-намысон домæнтæм гæсгæ арæзта, уыдонимæ.

Къоста, фыццаджыдæр, уыди адæмы сæрхъуызой, адæмы сагъæс æмæ бæллицтæ йæ уды бæркадбын æвæрæнты алкæддæр ахстой рæбинаг бынат. Йæ рæстæджы дзы Тыбылты Алыксандр хуымæтæджы нæ загъта: «Мæгуыртæн фыййау уый фæцыдис. Сидзæргæсы хъарæг уый ракодта».

Къоста Ирыстоны алы фæлтæрæн дæр уыд æмæ у се 'мдугон, сæ национ сæрыстырдзинад. Байхъусæм-ма, йæ курдиатджын фæдонтæ йын цы аргъ кодтой æмæ кæнынц, уымæ.

***Джыккайты Шамил***: «Къостайы фæзынд уыдис, адæммæ пехуымпар куыд æрцæуа, афтæ – стыр æмæ арфæйы хъуыддаг. Къостамæ æрдзæй уыд генийы курдиат, фæрныг сфæлдыстадон хъомыс».

***Хъодзаты Æхсар***: «Къоста басгуыхт Ирыстоны зæринком пехуымпар, ирон зонды цырагъ, ирон зæрдæйы ахсджиагдæр уидаг».

***Хъазиты Мелитон***: Зæххы къорийы дæргъ æмæ уæрхæн сбарæн ис, фæллойæн банымайæн ис, дунейы налхъуыт-налмастæн саргъгæнæн ис, фæлæ, Къоста махæн, ирон адæмæн, стæй, æмткæй, адæймагадæн цы лæггад бакодта, цы хорзы нын бацыди, уыдонæн нæдæр сбарæн ис, нæдæр банымайæн, нæдæр саргъгæнæн».

Нæ ныхас цæмæй райдыдтам, уымæ куы раздæхæм, уæд æз афтæ æмбарын, æмæ Хетæджы-фырты поэтикон дуне кæронмæ нæма басгæр-

стам, кæд ын йæ ном сæдæгай уацты ссардтам, кæд ыл нæ зындгонд ахуыргæндтæ сæрмагонд куыстытæ ныффыстой, уæддæр. Уыцы хъуыддаджы, куыд зонæм, афтæмæй фыццаг хъæппæрис равдыста Дзасохты Гиго (1909), уый фæстæ – А.С. Малинкин (1939), Л.П. Семенов (1955), Хæдарцаты Азæ (1955), В.Б. Корзун (1957), Джусойты Нафи (1958), Салæгаты Зоя (1959), Къомайты Риммæ (1989; 1994) æмæ иннæтæ. 2009 азы та, Къостайы 150 азы юбилеймæ, мыхуыры фæзынд æртæ монографийы – Джусойты Нафийы «Иры хур скасти Нарæй», Хъазиты Мелитоны «Къоста» æмæ уырыссаг æвзагыл – Хъуыссæты Зæлинæйы «Къоста-драматурджы аивадон фæлтæрддзинад» («Художественный опыт К.Л. Хетагурова-драматурга»).

Уæддæр, æнхъæлын, йе сфæлдыстады нырма ис, иртасджыты фæлгъауаг хъуыды кæйонг нæма баххæссыдис, ахæм байбынтæ. Уымæн æвдисæн – Хуыгаты Ирланы [1; 2], Сæлбиты Тамиры [3; 4] æмæ иннæты цымыдисаг агурæнтæ. Къостайы поэзийы кæцыдæр фæзилæнтæм ног хуызы æркæсыны фæлтæрæнтæ разындзæнис ацы рæнхъытæ фыссæгмæ дæр [5; 6; 7; 8; 9; 10]. Сæрæвæрæн сын сси, 1999 азы «Фатимæ»-йыл Пушкины традициты æндæвдады тыххæй цы хатдзæгтæм æрцыдтæн, уый [11]. Уæд уырыссаг классикы райгуырдыл сæххæст 200 азы, æмæ мын йæ номыл конференцимæ бафæдзæхстой аминд темæйыл доклад скæнын. Хинымæр бакатай кодтон: æнæсгæрст ма дзы цы баззадис?..

Ахуыргæндтæ сæ ныхас загътой Некрасовы адæмондзинады тæваджы фæдыл, банысан кодтой поэмæйы социалон-историон æмæ фæткон-психологион концепцийы иудзинад Пушкины «Тазит»-имæ, æрдзырдтой Наиб æмæ Гасубы, Фатимæ æмæ Тазиты [12, 58–67, 79–80], Татьянæ («Евгений Онегин») æмæ Фатимæйы фæлгонцтæ иугæнæг миниуджытыл. Курдиатджын æрыгон иртасæг Балаты Игорь (хъыгагæн, цæрын ын нæ бантысти) ранывæста йæхи типологион рæнхъ: Лермонтовы «Аул Бастунджи», «Измаил-Бей» æмæ æндæртæ [13]. Ӕрæджы дзы Хуыгаты Ирлан та федта «Демон»-имæ сюжетон-фæлгонцон æнгæсдзинад: «У Лермонтова наблюдается тот же диалектический треугольник жизни и борьбы: Фатима соотносится с Тамарой, Ибрагим – с Женихом, Джамбулат – с Демоном» [2, 168–169].

Утæппæт хабæрттæ куы бакастæн, уæд мæ иу хъуыддаг дисы бафтыдта: Пушкины «Полтава» ахуыргæндтæй иуы хъуыдыйы дæр не ‘рцыди. Афтæмæй та, уырыссаг литературæйы номхæссæн классик

æмæ Ирыстоны генион поэты ‘хсæн сфæлдыстадон диалоджы кой куы кæнæм, уæд фыццаджыдæр зæрдыл хъуамæ æрлæууид «Фатимæ»-йы бастдзинад ацы поэмæимæ. Сæ хæстæгдзинады æууæлтæ уæлдай ирдæй зынынц мотивон комплексы æмвæзыл.

**Сусæг уарзты мотив.** Суанг уацмысты фыццаг рæнхъытæй сбæлвырд вæййы, чызг-персонажтæ æнгæс уавæры кæй сты, уый. Дыууæйæ дæр – æмбисонды рæсугъд, усгуртæ сæм, куыд фæзæгъынц, къахихсыд баисты. Марияйы курджытæ – «Украинæ æмæ Уæрæсейы тæхудиаг гуырдтæ» – («...завидных женихов ей шлет Украйна и Россия»). Фатимæйыл дæр йæ нымд уаг æмæ хæрзæгъдауы, йæ аив уынды фæрцы «бирæ æхсарджын уæздæттæ» сæ цæст æрæвæрдтой. Уыдон та сæ бирæ усгуртæй искæмæн разыйы дзуапп раттынысл нæ тагъд кæнынц, уымæн æмæ дыууæйæ дæр сты сусæг æнкъарæнты уацары. Уарзондзинады коллизи ноджы вазыгджындæр кæны йæ иу бæрæгдаргæ фæзилæнæй – *«æнæтугхæстæгдзинады»* фарстæй. Цæй аххосæй сæвзæрди уыцы уæлæмхасæн цæлхдур та?..

Ӕвзонг Мария бауарзта йæ фыды рагон хæлар Мазепæйы. Минæвæртты æрбарвыст чызджы ныййарджыты бауагъта стыр маст – хæстон фæтæг кардзыд кæй у, канд уый тыххæй нæ, – курынвæнд кæй кæны, уымæн йæ натлиа дæр ма у. Аргъуан та ахæм æмкъайадæн зæгъы цæхгæр «нæ», инцестимæ йæ нымайы æмхуызоныл. Мария ахызти тобæгонд уавæры сæрты – алыгъди зæронд гетманы фæдыл; йæ ныййарджытæ æмæ алыварс адæм ыл сæхи кæй атигъ кæндзысты, уый дæр æй нæ баурæдта.

Къостайы поэмæйы *«æнæтугхæстæгдзинады»* гуырæн æндæр у. Наибы кæнгæ чызг æмæ йæ фырт Дзамболат кæрæдзи бауарзтой, ард бахордтой сæ иузæрдыгдзинадыл. Лæппу уырысимæ хæсты æбæрæгæй фесæфт, фондз азы дæргъы дзы ницы хабар ис. Фатимæ йæм уæддæр æнхъæлмæ кæсы, фæлæ йын фыдæлты тызмæг æгъдæуттæ фыды уæларт бадыны бар нæ дæттынц. Наиб дзы домы, цæмæй йæ бирæ разагъды курджытæй равзара йæхицæн цардæмбал. Фатимæ æдас нæу йæ бадты тыххæй дам-думтæ æмæ хахуыр ныхæстæй æмæ æвæндонæй сразы вæййы чындзы фæцæуыныл. Цасдæр рæстæджы фæстæ æнæнхъæлæджы фæзыны Дзамболат æмæ сылгоймаджы, йæ сомы кæй фæсайдта, уымæй азымы дары.

Ацы ран «Полтава»-имæ диалог раивы контрастон æрæмныхы аивадон мадзалæй. Пушкинмæ «тобæгонд уарзты» темæ баст у намысы

сæфтимæ; уавæр карздæрæй сныв кæныны охыл дзы æмбæлæм, æгад кæныны нысаниуæг кæмæн ис, ахæм лексикæйыл (худинаг, æфсарм, цыбæл, сонт монцтæ, цæсты ныллæг æрхауын æмæ а. д.). Поэты ныхас йæ персонажимæ рæзы инвективæйы бындурыл:

*...Соблазном постланное ложе*
*Ты отчей сени предпочла.*
*...Тебе приятен твой позор,*
*Ты им, в безумном упоенье,*
*Как целомудрием, горда –*
*Ты прелесть нежную стыда*
*В своем утратила паденье...*

Æмрæстæджы зæронд гетманы хоны «*святой невинности губитель*», *«с душой свирепой и развратной»*. Ома, цыфæндыйæ дæр Марияйы æвдисы «æнæхин амæттагæй».

Къостамæ дæр «æнæмбæлон уарзты» мотивы рахатæн ис сусæг ныхмæдзыд, æрмæст уый, «Полтава»-йы хъауджыдæр, баст у намысы хæсимæ, æмкъайыл иузæрдыгдзинадимæ. 1930–1950-æм азты литературæзонынады цы социалон-идеологион методтæ хицауиуæг кодтой, уыдоны фæлгæты рапарахат ис ахæм хъуыды, цыма Фатимæйæн йæ раздæры уарзон ссис æнæуынон (Н. Джусойты, В. Корзун, Г. Кравченко æмæ æнд.). Фæстæдæр, поэмæйы текстмæ лæмбынæгдæр кæсын куы райдыдтой, уæд сæргом ис чызджы зæрдæйы змæст уаг [13, 31], уарзт æмæ намысы хæс ам цы удхайраг мидхъæбысхæсты бацыдысты, уый. Хуыгаты Ирлан æй афтæ æмбарын кæны: «Джамбулату (прежнему) отдана ее любовь, Ибрагиму – ее верность» [2, 169].

Ам, æнæмæнг, Фатимæйы фæлгонц зæрдыл лæууын кæны Пушкины Татьянæйы. Уæлдайдæр, Дзамболатæн куыд уайдзæф кæны («Хуыцауæй тæрс, / Мæнæн ис мой, ныр мад дæн æз»), уый Татьянæйы хæрзбоны ныхасимæ абаргæйæ: «*Я вас люблю (к чему лукавить?), Но я другому отдана; Я буду век ему верна*». Æниу уарзты хъысмæт æнгæс хуызы аскъуыддзаг вæййы Пушкины уацау «Дубровский»-йы дæр, Машæ Троекуровайы йæ фыд кънйаз Верейскийы фыццаг куы скæны, уæд.

Ахæм абарстыты фæрцы Къостайы уацмысы ирддæрæй разыны уарзондзинады конфликты мидэкспресси, арфдæр нæм бахъары Фатимæйы æнкъарæнты æлхъывдад æмæ драматизм.

Раст зæгъгæйæ, цы нырыккон «ног бакастыл» дзурæм, уым «уæлдай хæрдзтæй» дæр хи хъахъхъæнын тынг хъæуы. Дæнцон у, Пушкины 200 азы юбилейы бонты зындгонд ахуыргонд, УНА-йы уæнг-уацхæссæг Николай Скатовæй цы дзырдæппарæн схаудис, уый: кæддæр, дам, Аполлон Григорьев загъта: «Пушкин – наше все». Æмæ йын ныр «наше все» йе 'фцæгыл ауындзæм. А фæстаг заманы æцæг сарæх сты зæрдаивæй сæвзæргæ иртасæн гипотезæтæ. Æрæджы дзы иуыл сæмбæлдтæн Наталья Воронцова-Юрьевайы уац-эссейы «Татьянæ Ларина куыд психиатрийы объект». Суанг йæ сæргондæй дæр бæрæг у, фыссæджы идеалæн дзы цы хуызы аргъ ис, уый.

Хиваст æнхъæлæнтæ махмæ дæр куы фæзына, умæй тæссаг у. Иу арф æмæ хæрзхъæдфыст уацы мæ цæст æрхæцыдис ахæм фиппаинагыл: Фатимæ, дам, Ибрагимы æнаххос фырты кæй фæцæймардта (фырт сын иумæйаг цыма нæ уыди!), уымæн йæ ратæдзæн, кæй сæрра ис, æххæстæй, цымæ, уыцы уавæримæ баст у? Йæ зонд чи фесæфта, уый архайды, дам, ай-гъай, исты фæтк агурæн нæй, уыйхыгъд дзы йæхи æнæвдисгæ нæу авторы хъуыды.

Иуцасдæр мæм тыхаразгæ кæсы Фатимæйы фæлгонцы уæды Ирыстоны метафорæ уынын дæр: ома Къостайы рæстæджы Фатимæ-Ирыстон лæууы барæвзæрсты раз (ивгъуыд-Дзамболат æмæ фидæн-Ибрагимы æхсæн), патриархалон цардыуагæй рухстауæн дугмæ рахизæны [2, 168].

Фæлæ раздæхæм мотивон æнгæсдзинады фарстмæ.

**«Цоты бунты» мотив ныййарджыты цардвæткы ныхмæ.** Ныхас цы уацмыстыл цæуы, уыдонæн ис æмхуызон райдайæн: Дзырдæуы сæ Кочубей æмæ Наибы номдарад æмæ исады статусыл, ноджы, – царды сын иууыл зынаргъдæр цы у, ууыл:

*Но Кочубей богат и горд*
*Не долгогривыми конями,*
*Не златом, данью крымских орд,*
*Не родовыми хуторами –*
*Прекрасной дочерью своей*
*Гордится старый Кочубей.*

*Судьба вручила попеченью*
*Печальной старости его*
*Красавицу – приемыш-дочь...*
*Его утеха вся – Фатима;*
*Он занят ею день и ночь,*
*И им, как клад, она хранима.*

Кадджын дыууæ зæронды цæрынц сæ чызджыты цæрайæ, уыдон та сын, зæгъæн ис, æмæ сæ мæлæт фæтагъддæр кодтой: Марияйы алыгъды

фæстæ фыд ныллæууыди маст исыны фæндагыл. Æрмæст хъавæгæй цæвæг фæраздæр ис, æмæ йын йæхи мæгуыр сæр атæхын кодтой. (Амынд мотивы бахынцинаг у иу чысыл, фæлæ нысаниуæгджын æрхахх: гетман Кочубейæн стæрхоны агъоммæ Марияйы йæ фæрстытæй схъуырмæ кодта, цалынмæ йæ уыцы скоймæ не 'ртардта, уæдмæ: зæгъгæ, æвзарын куы бахъæуид, уæд мæлæтæн æз дæ разæй мæ фыды снывонд кæнин. Афтæмæй йæ рæзтæ куы æрæхсадта Мазепæ, уæд та йæ мæнгардæй фæдзæхсы: дæ ныхас, дам, уæдæ ма ферох кæн – «*Помни же, Мария, / Что ты сказала мне теперь*»).

Фатимæйыл куы дзурæм, уæд уый æргомæй нæ рацыди йæ фыды фæндоны ныхмæ:

*Изволь, отец, я покорюсь*
*Своей нерадостной судьбе. –*
*Преступным бременем тебе*
*Я оставаться не решаюсь, –*
*Сдаюсь пред силою адата...*
*Нарушу юности обет...*
*Забуду имя Джамбулата...*

Фæлæ уæддæр, Наиб ын цы уæздæтты нымайы, уыдонæй никæй равзæрста, чындзы фæцыди сæ раздæры æххуырст Ибрагиммæ, æмæ уымæй иттæг бафхæрдта фыды сæрыстырдзинад; цы мæлæтдзаг цæф ыл æруади, уый йæ цардæмгъуыдыл æнæ сахадгæ нæ фæуыдаид!

Фатимæйы «хивастдзинад» иртасджытæ хонынц, фæсреформæты рæстæджы хæххон адæмы зондахаст æмæ, патриархалон-феодалон царды цы ивддзинæдтæ фæзынди, уый бæрæггæнæн. Фарст сæрмагонд ныхасы аккаг у, æз ам равдисинаг дæн, поэт иу цыбыр æрхаххæй уавæр куыд дæсны ныв кæны, уый:

*Наиб йæ цæстытыл ныххæцыд,*
*Нæ радта дзуапп, лæууыд æнæсдзырд –*
*Йæ цæссыг гауызмæ æртагъд.*

Раст у Джусойты Нафи: ацы æдзæм дзуапп метафорон хуызы дзурæг у «зæронд уагæвæрдты» æдыхдзинадыл ног дуджы комулæфты раз.

Цот æмæ ныййарджыты æмахастыты цы хъауджыдзинад бафиппайдтам, уым ахсджиаг сты авторты моралон-этикон аргълæвæрдтæ.

Пушкинмæ Мария у – «*дочь преступница*» «*дева грешная*» (æниу «Полтава»-йы 3-аг хайы бæлвырдæй зæлы, Евангелийæ чи цæуы, уыцы «адзæгъæлуæвæджы» мотив, æмæ йæ иуцасдæр реабилитаци кæны: боныфæстагмæ, кæд зондцухæй, уæддæр чызг æрыздæхы йæ фыды уæзæгмæ. Фатимæйы характеристикæйы та рæбинаг бынат ахсынц намысы домæнтæ, рох дзы не сты суанг йæ зонд фесафыны онг.

**Зондысæфты мотив.** Пушкинимæ интертекстуалон диалог Къостайы поэмæйы уæлдай ирдæй зыны ацы мотивы райхæлды. Лексикон иуæгты цæстуынгæ æмхуызонад «фын-уадзыджы», «нал зоныны» эпизодты цасдæр бæрцæй æвзæрын кæны фæрстытæ. Æнгæс сты зондиппæрд сылгоймæгты дывæрццыг æнкъарæнтæ, сæ уарзæтты хатынц, кæрæдзийæ цæхгæр чи хицæн кæны, ахæм фæйнæ (уæды, раздæры æмæ ныры) адæймæгтау:

| **Гетман æмæ Мария** | **Дзамболат æмæ Фатимæ** |
|---|---|
| *Ах вижу, голова моя* | *– Как холоднó… Опять подуло* |
| *Полна волнения пустого:* | *Могильной сыростью из гор.* |
| *Я принимала за другого* | *Поток все плачет…* |
| *Тебя, старик. Оставь меня,* | *…………………………………….* |
| *Твой взор насмешлив и ужасен,* | *…И я точь-в-точь* |
| *Ты безобразен. Он прекрасен:* | *Рыдала так над Джамбулатом…* |
| *В его глазах блестит любовь!* | *Нет, я боюсь…* |
| *В его речах такая нега!* | *– Мой друг, ты с братом,* |
| *Его усы белее снега,* | *Не бойся…* |
| *А на твоих засохла кровь!..* | *Ах!.. убийца… прочь!.. –* |
| | *Как зверь, ужаленный стрелой,* |
| *И с диким смехом завизжала,* | *Она рванулась… побежала…* |
| *И легче серны молодой* | *И где-то в темноте ночной* |
| *Она вспрыгнула, побежала* | *Еще раз дико простонала:* |
| *И скрылась в темноте ночной.* | *– Убийца! – и захохотала…* |

Куыд уынæм, афтæмæй амынд сценæты дыууæ нывгæнæгмæ дæр сæйраг бынат ахсынц уыцы иу дзырдтæ – *«дикий» (смех, стон), «ночная темнота», «убийца», «кровь»*; архайджыты уавæры экспресси тыхджындæр кæнынц мивдисджытæ-интенсивтæ (*«завизжала», «вспрыгнула» / «рванулась», «побежала», «застонала»*).

Ахуыргæндты хъуыдыйæ, искæмæй комкоммæ райст цитатæтæ дзурæг сты, сæ ныффыссæджы дуненкъарынад авторæн хицон кæй у, ууыл; йæхи уацмысмæ сæ уый охыл æрбаргъæвы, цæмæй се 'ххуысæй йæ мидис фæарфдæр уа [14, 15].

Æмæ, æцæг, дунеон литературæ æгасæй дæр интертекстуалон номсидтау у. Уый ссадвæдыл цымыдисаг ской ис генион немыцаг поэт Гетемæ: æз, дам, мæ развæдгæнджытæ æмæ ме 'мдугонтæй цы хæсджын дæн, уыдон нымайын куы райдайон, уæд мæхицæй бирæ ницыуал баззайдзæнис («Начни я перечислять, чем я обязан великим предшественникам и современникам, то от меня, право, мало что останется»). Ацы ныхас уый тыххæй ракодтон, цæмæй текстты 'хсæн сфæлдыстадон диалог плагиатимæ ма хæццæ кæнæм.

Пушкинæй æрбайсгæ цитатæтæ Къостайы хъæуынц, цæмæй «Полтава»-йы фоныл цæстуынгæдæр суа индивидуализмы философийы сахъатджын апп, хицон адæймагæй фыдæнхъæл фæуыны драмæ. Фæлæ ма æххæст кæнынц ноджы иу ахсджиаг нысан. Фатимæйы хъуыды куы бамынæг ис, уæд райхæлдысты йæ дæлзонды сусæгтæ. Дзамболатæн йе 'рбаздæхынæй суанг уæды онг лæгъстæ кодта, цæмæй йын хынца йæ уавæр («*Бойся Бога, — Теперь я замужем, я мать*») æмæ йæм æфсымæры зæрдæ дара. Ныр куыддæр æрчъицыдта, афтæ фыццагдæр йæ зæрдыл æрлæууыди Ибрагим нæ, – Дзамболат! Уæдæ сразы уæм иртасджытæ Балаты Игорь æмæ Хуыгаты Ирланимæ: фыссæг уымæй йæ чиныгкæсæгæн æмбарын кæны, ныры онг дæр Фатимæйы зæрдæйы йæ раздæры уарзты æнкъарæн быдзарæй сæфт кæй нæ уыди.

**Рохуаты ныууадзыны мотив.** Пушкинмæ гæсгæ, Рæстæджы азфысты хъуамæ ахæм удгоймаджы ном баззайа, йæ архайд Историйы закъæттимæ æмдзу кæмæн у. Йæ поэмæйы «дыууæ хъизæмаргæнæг уды» – Кочубей æмæ, йемæ мæлæтмæ кæй радтой, уыцы Искрæйæн сæ байзæддаг кад кæны, сæ мæрдон буæрттæ та сты аргъуаны ныгæд («*Меж древних праведных могил / Их мирно церковь приютила*»). Иннæтæ, кæд сын, цæргæйæ, цыфæнды бæрзонд ахадындзинад уыди, уæддæр адæмы хъуыдыуаты æппын ницы фæд ныууагътой («*Прошло сто лет – и что ж осталось / От сильных гордых сих мужей, / Столь полных волею страстей? / ...Забыт Мазепа с давних пор!*»). Марияйæ загъдæуы: фыдæлты кадджыты йæ кой нæй («*преданье об ней молчит*»).

Къостамæ дæр æмбæлæм тыхджын монцты хъæбысхæстыл. Поэты ахаст йæ персонажмæ иу хаххыл лæуд нæу. Дзамболат йæ уацары уæззау бонтæ кæм мысы, йæ фыны Ирыстоны митсæр къæдзæхтæ æмæ фæзтæ кæм уыны, Наибы амарды хабар ын йæ удæн цы стыр зындзинад радта («Уæззау, æнуд куыдæй сæ бæлццон нынниудта…»), Фатимæйыл куыд æнувыд у, йæ уарзты раз цæлхдууртæ йын цы хъизæмар хæссынц, – æппæт адон сты, сæ фæдыл тæригъæд кæныны æнкъарæнтæ æмæ суанг цæссыг дæр чи расайа, ахæм нывтæ; æнæмæнг, уыцы равг нæм авторы фæндæй æвзæры. Зæрдæ уæлдай тынг агайы уацмысы кульминацион эпизод: Фатимæ куы сæрра ис, уæд Дзамболаты уынæм æдых æмæ ныфссастæй!.. Фæлæ йæ хъайтары уавæрæй Хетæджы-фырт ноджы бæлвыддæрæй æвдисы, индивидуалистон зондахасты хицауæн йæ хай æрмæст мæрдырох кæй уыдзæнис, уый.

Ацы хъуыды загъд цæуы, суанг тексты æдде цы гæнæнтæ ис, уыдоны æххуысæй дæр. Поэмæйы 1-аг варианты романтикон герой ис удхайраг раны, уарзон адæймаг йæ зондæй куы фæиппæрд ис, уæд фæсмонæй йæхи хæры æмæ йæ аххос мæлæтæй бафиды – йæхи былæй аппары. Фæстаг редакцимæ амынд эпизод нал бацыдис. Фатимæйы сæррайы фæстæ Дзамболат никуыцæйуал разыны, Историйы рыгау фесæфы йæ фæд. Уыйхыгъд Фатимæйы сюжетон хаххы символон рæзт фиппайæм йæ фырты хæрзфидæны: уырыссаг инженер æй хæхтæй ахуырмæ кæй фæласта, уым.

**Персонажты архайды æмвæзыл мидтекстон диалог.** Пушкинмæ йе 'мдугон литературтæ, уыдонимæ В. Г. Белинский дæр, фау хастой, ома, дам, эпикон æмæ романтикон æууæлтæ кæй сиу сты «Полтава»-йы, уый йын халы йæ жанрон иудзинад. Афтæмæй та уыцы синтез авторы къух тынг арæзта, цæмæй уарзты коллизи (Мазепæ – Мария) «бафысса» уæрæсейаг историйы ахсджиагдæр цаутæй иуы фæлгæты.

Къостамæ дæр романтикон поэтикæ æмæ реализмы домæнтæ кæрæдзийыл сты æнгом баст; хицæн удгоймаджы уарзты трагеди уый дæр бавæрдта, кавказаг адæмтæн «дыууæ дуджы астæу» хъысмæтхæссæг чи ссис, ахæм цауты контексты. Уымæй рæзы стилы контраст, хуызджынæй дзы йæхи раргом кæны уацмысы идейæ: историон размæцыдимæ чи нæу разы, уыдонæн фидæн нæй.

Пушкины персонажы историон прототип – украинаг гетман Мазепæ – рацыди рæдыд фæндагыл Петр Фыццаджы хæстон хъуыддæгты

æмархайæгæй Уæрæсейы интерестæ уæйгæнæджы онг. Хетæгкаты Къостайы Дзамболат æрымысгæ фæлгонц у, фæлæ уымæн дæр йæ удыхъæды уынæм æнгæс ивддзинæтæ: раздæры хъæбатыр хæстонæй (*«Джигит, каких я не встречал, / Был славой, гордостью народа... / Попал к гяурам в плен... бежал...»*), райгуырæн бæстæйы хæдбарадыл тохгæнæгæй *(«Отец, то не войне служить хотел он – нет! – свободе!..»)* ма баззади, Джусойты Нафийы загъдау, «ивгъуыды, ома феодалон дуджы схъис», ног царды йæ бынат не ссардта æмæ йе ссарынил уæвгæ дæр нæ архайы. Хохæгты дзыхæй йын фыссæг цы тызмæг аргъ кæны, уымæй æлдары бындары романтикон нимб фæйнæрдæм тæгæлтæ фæхауы:

*Холопов нет, трудиться лень,*
*А голод, говорят, не тетка –*
*И вот, как старая подметка,*
*Вздымая пыль, сгущая грязь,*
*В народе топчется и князь,*
*Отцов наследье проживая...*

Амынд хъайтартæ кæд кæрæдзийы хуызæн не сты, уæддæр, мæ хъуыдыйæ, рæдыд нæ уыдзæни сæ мидтипологи сын банысан кæнын. Мазепæйы политикон ныхмæлæуд æмæ Дзамболаты æлдарадон домæнты æрдзыхъæд иу у, æнцайы сæ эгоистон архайдыл.

Нывгæнджытæ «стыр историйы» конфликтон скондмæ афтæ дæсны цы лирикон хахх бахастой, ууыл куы дзурæм, уæд йæ трагикон финал развæлгъæу бæлвырд уыди иу ран æмæ иннæ ран дæр. Сæ хъайтартæ сты тыхджын монцты уацары, фæлæ дард лæууынц уарзоны фарн æмæ æнцойады сæраппонд нывæндтæ хæссыны зондæй. Тынг раст фыста Балаты Игорь: «Поведением вернувшегося из плена Дзамболата руководит уже только эгоистическое желание счастья лишь для себя, счастья любой ценой и невзирая ни на какие преграды… Силой чувства меряет он право на Фатиму» [13, 34]. Йæ фыдракæнды æфсон дæр афтæ æмбарын кæны: *«Чем обладал он лишь случайно, / То слишком пламенно любил / Твой Джамбулат ... и он... убил...»*. Æнæуаг хуызы æфхæры сылгоймаджы, уый йемæ алидзынил куы не сразы вæййы, уæд (*«Жена продажного холопа / И мать щенка...»*). Дзамболаты уаг зæрдыл æрлæууын

кæны, Кочубейæн марыны тæрхон рахæссыны размæ, Мазепæ алцы куыд бæстон бахыгъта, уый. Фæстагмæ æрцыди ахæм хæтдзæгмæ: Марияйы уарзт дæр хорз у, гъе æрмæст сæйраг бынаты æвæрын хъæуы хи уды пайда (*«Любовник гетману уступит...»*). Æнгæс у ацы дыууæ мастхæссæг æмæ хиваст адæймаджы царды кæрон дæр – сæ фæндты фæсыкк, зæрдæйæн зынаргъ цыдæриддæр уыди, æппæт уыдоны сæфт, æппынфæстаг, – кæд физикон нæ, уæд та монон мæлæт.

**Автографион паратексты нысаниуæг.** Къостамæ Пушкины уацмысимæ уæлдай цымыдисаг бастдзинæдтæ ссардзыстæм Аннæ Поповайæн Номарæн-акростихы. Авторы биографион реминисценцитæ бæрæг сты, «Полтава» цы Номарæн-акростихæй райдайы, уым дæр. Иртасджытæ сæ бæттынц Пушкины æрыгон бонты «сусæг уарзт» – Раевская Мария Николаевнаимæ (чындзыцыдæй – Волконская). Зындгонд культуролог æмæ семиотик Ю.М. Лотманы хъуыдыйæ, уыцы номарæны ис æхсидгæ æнкъарæнтæй æмыдзаг скойтæ; æнæдзуапп уарзты рисыл æргомгæнæн ныхас зæлы, куыд «утверждение права человеческого сердца любить и страдать, не справляясь с историческими законами». Йæ рæстæджы Белинский уацмысы аивадон аипп цы хуыдта, ома – эпикон сюжет (Полтавæйы хæсты цау) романтикон уарзты историимæ кæй сиу ис (уæлдæр ма йыл куы дзырдтам), – уымæй та зæгъы: «лирическое повествование вносило ноту трагизма в рассказ о торжестве исторических законов» [15, 330].

Ацы фиппаинаг ахæссæн ис «Фатимæ»-йы концептуалон мидисмæ. Æппæты фыццаг æм йæ хъус æрдардта Б. Кандиев. Цы æртæ лейтмотивон темæйы дзы ис, уыдоны рахуыдта «куысты, сæрибары æмæ уарзты гимн» [16, 98] æмæ сын сæ гуырæн баста акростихимæ – «АНЯ ИДИ ЗА МНОЙ». Амынд хатдзæг фæарфдæр кодта Балаты Игорь, уый акростихы кæронбæттæн рæнхъытæ рахуыдта, поэмæйы сфæлдыстадон фæнд æххæстæй чи раргом кæндзæнис, ахæм «биографион дæгъæл», иумæйагæй, дам, уым йæхи æвдисы гармонион царды идеал» [13, 21]. Авторы «амонды программæ» – уыцы хуызы йын аргъ кæны Хуыгаты Ирлан дæр [2, 168].

Фæлæ хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ нын Къоста зæрдæ цы зарджытæй бавæрдта (*«Много, много сложил бы я песен тогда / На чарующем лоне природы / О восторгах любви, наслажденьях*

*труда / И о светлом блаженстве свободы...»*), уыдонæй уацмысы фæлгонцон уæфты ницы ссардзыстæм. Æмæ уæд уый куыд æмбаргæ у? Эстетикон рæдыд æй рахонæм? Æви кæд, мыййаг, уырыссаг классикимæ дæлтексты æмвæзыл ныхас у? Мæнмæ дыккаг æнхъæлæн растдæр кæсы.

Пушкинмæ куыд у, афтæ ирон фыссæг дæр Историйы бартæ гуырысхойаг нæ кæны. Гъе æрмæст Номарæн-акростихы цы амонды идеал ныв кæны, уымæн бынат нæ разынди, Прогрессы фарс чи у, йæ уыцы персонажты – Фатимæ æмæ Ибрагимы царды, нæ йæм баххæссыди поэтæн йæхи къух дæр. Ацы уавæрæй нын Къоста кæд афтæ зæгъынмæ хъавыди, историйы размæцыды арæх цы онтологион дисбаланс сæвзæры (адæймаджы раст равзæрст фæндаг æмæ йæ трагикон хъысмæт), уый гуманизмы принциптæм гæсгæ барастгæнинаг у?!. Йе та кæд, йæ Номарæны цы хисæрмагонд *«амонды программæ»* ранывæста, уымæй йæ фæзминаг персонажтæ æмæ йæхæдæг дæр кæй фæсайды сты, уый зæххон æнæрастдзинад нæ хоны, йæ уайдзæф кæд иуыл бæрзонд сферæтæм здæхт у...

Скæнæм **хатдзæгтæ**. Цæуыл дзурæг у æмткæй «Пушкины текст» Къостайы «Фатимæ»-йы сконды? Уый у сфæлдыстадон номсидт, барæй, ома зонгæйæ равзæрст аивадон фæрæз. «Полтава»-имæ дзы цы бастдзинæдтæ раиртæстам (мотивты, фæлгонцты, жанрон миниуджыты æмвæзыл), уыдон, фыццаджыдæр, арæзт сты, цæмæй ирддæрæй сбæлвырд уа историон прогрессы уæлахизы идейæ. Фæлæ уыцы иумæ уым хуызджынæй йæхи равдыста ирон адæмы дунейы ныв-фæлгонц – йæ хигъæдон этикон-эстетикон уагæвæрдтæ æмæ намысон фæткон домæнтимæ, авторæн йæхи куырыхон зонды цымыдисаг фæзилæнтимæ. Иттæг раст загъта Дзуццаты Хадзы-Мурат: «Къоста ирон классикон дзырдаивад «дунейы нæртондæр поэтты бæрзæндмæ кæй сæргъæвта, уый у национ æмæ интернацион сгуыхт» [17, 6].

## ЛИТЕРАТУРÆ:

1. Хугаев И.С. Казус Коста (Интимный дискурс русскоязычной лирики Коста Хетагурова) // Вестник Российского университета дружбы народов. 2009. № 3. – 19 – 29 ф.

2. Хугаев И.С. Фатум Фатимы (О конфликтной основе поэмы Коста Хетагурова «Фатима» в аспекте идеологии горского просвещения) // Известия ВГПУ. 2010. № 2 (46). –166 – 170 ф.

3. Салбиев Т.К. Две духовные традиции в творчестве Коста Хетагурова (идеологема жертвенности) // Вестник СОГУ им. К.Л. Хетагурова. 2022. № 3. – 32 – 40 ф.

4. Салбиев Т.К. Две духовные традиции в творчестве Коста Хетагурова (метафизика перехода) // Известия СОИГСИ. 2022. Выпуск 45 (84). – 119 – 130 ф.

5. Мамиева И.В. «Осетинская лира» К.Л. Хетагурова как отражение национального образа мира // Перспективы и особенности интеграционных процессов Северной и Южной Осетии: Материалы международной научной конференции. 2014. – 109 – 116 ф.

6. Мамиева И.В. Художественный концепт зæрдæ/сердце и его лексико-семантическая репрезентация в поэзии К.Л. Хетагурова // Коста и мировой историко-культурный процесс: Сб. материалов Международной конференции, посвященной 155-летию со дня рождения К.Л. Хетагурова. 2014. – 127 – 145 ф.

7. Мамиева И.В. Лавровский «след» в осмыслении К.Л. Хетагуровым проблемы интеллигенции и народа // Вестник Калмыцкого института гуманитарных исследований РАН. 2016. Т. 9. № 3 (25). – 209 – 217 ф.

8. Мамиева И.В. Номинативно-метафорическое поле концептов ум и безумие в фольклорных сюжетах «Осетинской лиры» Коста Хетагурова // Всероссийские Миллеровские чтения. 2016. № 5. – 428 – 437 ф.

9. Мамиева И.В. Концепты умственной сферы в творчестве К.Л. Хетагурова // Вестник Калмыцкого института гуманитарных исследований РАН. 2017. Т. 10. № 1 (29). – 75 – 83 ф.

10. Мамиева И.В. Ментальные глаголы в поэзии К. Л. Хетагурова как средство репрезентации фрагментов авторской картины мира // Kavkaz-Forum. 2020. № 1 (8). – 33 – 49 ф.

11. Мамиева И.В. А.С. Пушкин и К.Л. Хетагуров (к проблеме ли-

тературного влияния в поэме «Фатима») // Вторые Владикавказские Пушкинские чтения: Пушкин и мировая литература на рубеже XXI века. Материалы Междун. науч. конф., посвящ. 200-летнему юбилею А.С. Пушкина. 1999. – 70 – 75 ф.

12. Джусойты Н. Г. Коста Хетагуров: Очерк творчества. Сталинир: Госиздат Юго-Осетии, 1958. – 372 ф.

13. Балаев И. Романтическая поэма К. Хетагурова «Фатима». Орджоникидзе: Ир, 1970. – 72 ф.

14. Данилович Т.В. Культурный компонент поэтического творчества Г. Иванова: функции, семантика, способы воплощения: автореф. дис... канд. филол. наук. Минск, 2000. – 24 ф.

15. Лотман Ю.М. Пушкин // История всемирной литературы. Т. 6. М.: Наука, 1989. – 321 – 338 ф.

16. Кандиев Б.И. Сюжетно-композиционные особенности поэмы К.Л. Хетагурова «Фатима» // Ученые записки Северо-Осетинского педагогического института им. К.Л. Хетагурова. 1959. Т. 24. – 97 – 109 ф.

17. Дзуццаты Х.-М. Уынгæгбоны сагъæстæ: Литературон-критикон уацтæ. Дзæуджыхъæу: Ир, 2010. – 280 ф.

# АВДÆНБÆТТÆН

Хъазыбеджы районы ис бирæ кæмттæ, фæлæ дзы Тырсыгомæй рæсугъддæр нæй. Ам цалдæр комы иу кæнынц: Ресы ком, Десы ком, Къасарайы ком. Ис дзы æртындæс хъæуы æмæ тынг бирæ мыггæгтæ. Уыцы хъæуты фæсивæд æмæ адæм цæрæнбонты дæр кæрæдзиуыл æнувыд уыдысты. Уазæгуарзон, кæрдзындæттон æмæ куыстуарзаг. Кæд сæ фадæттæ зын уыдысты, уæддæр.

Тырсыгомы бацæугæйæ, æппæты фыццаг дæ цæст æрцахсдзæн бæрзонд хæхтæ, арф кæмттæ, æгомыг къæдзæхтæ, æнæтайгæ цъититæ æмæ фидар мæсгуытæ. Тыхгæнæгæй-иу сæхи кæцæй хъахъхъæдтой, уыдон. Ацы кæмтты ис цъитидæттæ, зæххы бынæй гуыргæ суадæттæ æмæ алыхуызон суартæ. Уыдон иууылдæр згъорынц размæ цъитидæттæм. Цъитидон та сæрдыгон гуылф кæны йæ комы, фынккалгæ. Дур дурыл, къæй къæйыл цæвы. Четырсы хъæуы бын сиу вæййынц иумæ. Хотау кæрæдзиуыл цинтæ фæкæнынц æмæ та дарддæр сæ фæндагыл кæлынц. Хур сæм фæкæсы йæ рухс цæстæй. Фæкæсы ма хур уæлвæзтæ, саппытæ, цъæх-цъæхид уыгæрдæнтæ æмæ нарæг хуымы гæппæлтæм. Йæ хъарм тынтæй баталы цæрæгойты, зайæгойты æмæ адæмы зæрдæтæ.

Мæнæ та абон дæр, хур цыма зонгæ кодта, хъæуы авдæнбæттæн ис сабийæн, уыйау тагъд-тагъд йæ тынтæ рарвыста зæхмæ арфæтæ кæнынмæ, æмæ уыдон Федыры хæдзары рудзгуытæй бафардæг сты, сывæллоны цы авдæны бæтдзысты, уымæ комкоммæ.

Пине цæттæ кæны авдæны хуыссæнтæ: гобан къуымбилæй, астæуæй дзы хуынкъ сымпирæн; сымпир тымбыл æлыгæй конд; сыппа фысы сгуыйæ арæзт, – рæсугъд æй рæсæй ныххафынц æмæ йын йæ сæрмæ æввахс фæхуынкъ кæнынц, уый дæр слæгъз кæнынц. Стæй сымпыры сæвæрынц сыппа, сыппа сывæллоны æгъдты астæу бавæрынц, цæмæй йæхи ма хуылыдз кæна. Бахуыйынц къуымбил кæнæ та бумбулийæ базтæ: иу – йæ фæсонты бынæн, иннæ та – йæ зæнгты бынæн. Уыдоныл бамбæрзынц цикъæйæ простина, йæ астæу уымæн дæр рæсугъд тымбыл хуынкъ скæнынц æмæ йын йæ алыварс æндæр цæхгæрмæ гæбазæй гæппæл бахуыйынц. Уый фæстæ та фæлмæн цикъæйæ скæрдынц къухтæбæттæн, йæ фæтæн – 40 см, йæ дæргъ та – 70 см, йæ къæхтæн та – къаддæр бæттæн. Куы йын батухынц йæ къухтæ æмæ йæ къхтæ, уæд ын гыццыл баз – йæ дæргъ – 14 см, йæ уæрх – 7 см – йæ уæрджытыл æрæвæрынц æмæ йын сæ бабæттынц, цæмæй йын раст

æмæ рæсугъд зæнгтæ уа. Авдæны дæргъæн æхсæр лæдзæг райсынц, амонæн æнгуылдзы стæвдæн куыд уа, ахæм æмæ йыл бакæнынц авдæны тъæпæнтæ. Уыдон сты дыууæ: иу – къухтæ бæттæн, иннæ – къæхтæ бæттæн. Хуыйынц сæ афтæ: райсынц сырх сатин æмæ чернилæхуыз сатин. Йæ дæргъ – 50 см, йæ уæрх – 20 см. Сырх сатинæй дыууæ гæппæлы астæу – чернилæхуыз сатин. Куы йæ бахуыйынц, уæд ын йæ кæроныл, лæдзæг кæм бацæуа, ахæм бынат ныуудзынц 2 – 3 см, æмæ йæ уым атъыссынц. Стæй йын йæ астæу æмæ йæ кæрæттыл быд бахуыйынц, йæ уæрх – 1 см. Уыдон баиу кæнынц иумæ æмæ сыл авдæнбос быдæй бахуыйынц, йæ дæргъ – 1 м. Уымæй уæлдай ма, цæмæй сывæллон уазал ма кæна, уый тыххæй бахуыйынц риуыл æмбæрзæн хъæццул къуымбилæй: тæнæг æвæрд къуымбил дыууæ цъары астæу, уый дæр рæсугъд хъуымацæй, йæ хъуыры цур – тымбыл ист, цæмæй йæ ма хъыгдара, йæ уæхсчытæй та даргъдæр куыд уа. Авдæны хъæдыл – алыхуызон лыстæг фæрдгуытæй хъазæнтæ ауыгъд æмæ тæнæг хæццул тыд. Сæр æмæ къæхты ‘рдыгæй – гом.

Фæци авдæны дзауматæ конд Пине. Хуры тынтæ дæр зæрдæрухсæй здæхтысты. Хъæуы цæрджытæй чи хуынимæ цæуы – æртæ кæрдзыны æмæ иу гоцъоби арахъхъимæ, чи цыхт æмæ æндæр лæвæрттимæ.

Федыры хæдзар цыма тынгдæр ныррухс, ноггуырд дзы кæй ис, уый тыххæй, афтæ сæм кæсы сыхæгтæм. Уæлдайдæр та уый тыххæй, æмæ фыццаг лæппу скуыдта ацы хæдзары. Алырдыгæй алыхуызон адджын хæринæгты тæф фындзыхуынчъытæ агайы: физонджыты тæф, кадайы тæф.

Кæстæр фæсивæд фынгтæ æвæрынц. Фынгыл æвæрд хистæры раз тымбыл хъæдын тæбæгъы кусартæн йæ сæр æмæ бæрзæй, стæй æнæуи дзидзатæ къæхтæ æмæ хуылфыдзаумæттæй фæстæмæ хъæдын арынджы фынгыл æвæрд. Фынгтæ алыхуызон хæринæгтæй байдзаг сты. Сывæллон авдæны иуварс æвæрд рæсугъд æфснайдæй, йæ фарсмæ – гыццыл хиконд чырын, æмæ уый та лæвæрттæй байдзаг.

Æрбадтысты хъæуы хистæртæ, сæ дæле сæ азтæм гæсгæ – иннæ фæсивæд. Кæстæртæ та лæггад кæнынц хистæртæн.

Уæлдай ныхас нæ хъуысы никæмæй. Уалынмæ сыстади Бечыр. Стыр хъæдын къусы рауагътой бæгæны, систа иу чъири æмæ æртæ фæрсчы физонæг йæ къухы. Кæстæртæ се ‘ппæт дæр лæууынц. Хистæр сылгоймæгтæ дæр лæуынц. Бечыры бинойнаг сывæллоныл хæцы. Бечыр кувы:

– Хуыцау, дæуæн барст уæд. Æппæт дæр Ды рафæлдыстай, нæ ку-

винæгтæ нын райс адджынæн. Дæ ном Дын кадджын æмæ адджынæй куыд арæм.

– Адæмы мад дæ, Мадымайрæм. Нæ ноггуырд – де уазæг, йæ фæстæ ма бирæ цæринаг гуырдтæ куыд раттай. Æмæ нын нæ кувинаг адджынæн куыд айсай!

– Таранджелоз, Санибайы иу хохыл бадут, Хуыцауы раз уырдыг лæуут æмæ нын хорздзинæдтæ ракурут. Сымахæн дæр нæ кувинаг – барст. Йесо Чырысти, дæуæн дæр нæ кувинаг барст уæд.

– Хохы Уастырджи, нæ кувинæгтæ нын адджынæн райс. Рекомы рухс Аларды, нæ кувинæгтæ дæм сыгъдæгæй хæццæ кæнæнт. Рыны бардуаг, дæ чъылдым йеддæмæ нæм де ‘ргом макуы раздах. Бынаты хицау, дæ быны цы саби фæзынд, уый амондджын æмæ æнæнизæй байрæзæд.

– Гъе Хуыцау, уæдæ хистæр фæрнджын, кæстæр амондджынæй куыд фæцæрæм, ахæм амонд нæ уæд. Нæ гыццылæн йæ авдæн Нарты Уырызмæджы хуыссæны хуызæн куыд уа.

Кувинагæй сывæллоны былтæ айсæрстой, Лази йæ авдæны бабаста, æмæ йæ иуварс къуымы æрæвæрдтой.

Цалдæр рæгъы фæстæ лæппуйыл ном сæвæрдтой – Барис. Æмæ йæ цæрæнбонтæ бануæзтой.

Уалынмæ хистæр ныззарыд, æмæ кæстæртæ хъырнын байдыдтой. Иннæ уатæй фæндыры зæлтæ хъуысынц.

– Цомут, фæсивæд, уæлхæдзармæ, – дзуры сæм Самил.

– Ирон симд!

Фæсивæд чызгæй, лæппуйæ иууылдæр рахызтысты уæлхæдзармæ (тъæпæнсæрмæ). Фынгыл бадгæйæ ма баззадысты хъæуы хистæртæ.

Нæртон симд йæ тæккæ тæмæны бацыд. Нарæгастæу хæрзвидауц æмæ хæрзарæхст чызджытыл æрхæцыдысты нæ бæрзонд фæтæнриу лæппутæ. Симынц, сæ къæхты айст бæрæг дæр нæу, раст цыма тæхгæ кæнынц, уыйау. Уыцы заман, лæппу чызгимæ асимдта, уый стыр амондыл нымадтой. Устытæ фæрсырдыгæй бадынц, зæрдæрухсæй алчидæр йæ хъæбулмæ кæсы.

Фæндыры зæлтæ хæхтæ арауынц, æмæ, цыма бæрзонд æнусон къæдзæхтæ дæр уыцы хъæлдзæгдзинадыл цин кæнынц, ахæм цæстæй кæсынц дæлæмæ. Дымгæ кæмттæй кафгæ æрбацæуы, чызджыты алыварс æрзилы, сæ сæрыхъуынтæ сын апыхцыл кæны æмæ та дарддæр уæлвæзты, саппыты кæрдæг сæрвасæнау афасы æмæ комы æрбайсæфы. Симд йæ тæккæ тæмæны куы бацыд, уæд хистæртæ

хъазтма рахызтысты. Сылгоймæгтæ иуyылдæр сыстадысты. Фæндыр йæ цагъдæй фегуыппæг.

Симды фæсивæдæй алчи йæ чызджы раз лæууы. Хъазтаразæг чегъре бацыд фæндырдзæгъдæгмæ æмæ йын йæ хъусы бадзырдта, тымбыл цагъд акæн, æмæ нæ буц хистæртæ акафой, зæгъгæ. Чызг фæндыры тæнтæ аивæзта, æмæ диссаджы рæсугъд зæлтæ райхъуыстысты фæндырæй. Хъазты хицау хистæрты кафын кæны нæ хæдзардзин æмæ кæрдзындæттон сылгоймæгтимæ. Кафынц, кæстæртæ сын зарынц æмæ æмдзæгъд кæнынц. Хистæртæ кафт куы фесты, уæд Федыр афтæ зæгъы:

– Марадз-ма, деда, фарн дæм бадзурæд, фæлæ нын Чызгайы зарæг акæн.

Деда зарæг systa:

*Ой, мæ бон, дари быдæн кæй уафынц,*
*Ой, мæ бон, уый мæ ронæн куы уаид,*
*Ой, мæ бон, адæм се ‘ппæт кæй уарзынц,*
*Ой, мæ бон, уый мæ мойæн куы уаид.*
*Ой, мæ бон, хæндыг кæнынæн цы хъæуы?*
*Ой, мæ бон, фондз цыхты йеддæмæ нæ хъæуы.*
*Ой, мæ бон, чызг асайынæн цы хъæуы?*
*Ой, мæ бон, фондз дзырды йеддæмæ нæ хъæуы.*
*Ой, мæ бон, хæдзар-хæдзæр фæкодтон,*
*Ой, мæ бон, къæсæр кæнын нæ зыдтон.*
*Ой, мæ бон, дæ цæра, де стæн фæкодтон,*
*Ой, мæ бон, дæ зæрдæ дын нæ зыдтон!*
*Ой, мæ бон, ацы саргъæй цы кæнын?*
*Ой, мæ бон, йæ бæх йемæ куынæ ис.*
*Ой, мæ бон, ацы цардæй куыд цæрон?*
*Ой, мæ бон, дзæбæх мемæ куынæ ис.*



*Ныффыста йæ*
*Туаты – Четойты Заретæ,*
*15.08.1990.*

# ХÆЙРÆДЖЫТЫ ХАБÆРТТÆ

## ДОНЫ СÆ БАППАРУТ!

Ацы хабар, куыд дзурынц, афтæмæй æрцыдис Урстуалты. Ацы хъæуккаг лæг, Фили, зæгъгæ, йæ ном, уыд адæмы уарзон адæймаг, кæрдзындæттон, уазæгуарзаг. Бирæ йын уыдис хæлæрттæ æндæр хъæуты дæр, уазæгуаты дæр арæх цыдис. Уæд та иухатт йе 'мбæлттимæ хæстæг хъæуы цыдæр циндзинады сæмбæлдысты. Æгæр афæстиат сты, æмæ сыл æрæхсæв. Сæхимæ рацыдысты сæ сираг бæхтыл. Цæугæдонмæ æрбахæццæ сты, хъуамæ сæ бæхтыл доны иннæ фарсмæ бахызтаиккой. Фили сæ разæй, афтæ доны астæумæ бахæццæ сты, фæлæ йæ бæх размæ нал цæуы, тарст пыррыччытæ кæны. Уалынмæ хъæлæс райхъуысти: «Доны сæ баппарут».

Фæсте цы барджытæ цыдис, уыдонæй чидæр топпæй фехста. Бæх йæхи размæ аппæрста æмæ уайтагъд сæхимæ бахæццæ.

Фили йæ усмæ дзуры: «Цырагъ ма ссудз, цырагъ ма ссудз!» Фæлæ йæ ус цырагъ асыгъта. Фили рудзынгæй хæйрæджыты ауыдта, æмæ йæ зæрдæ бахъарм и.

Бирæ рæстæг йæхимæ нал æрцыд. Бадзырдтой дæснымæ, æмæ йын уый хос скодта.

Иу-дæс боны фæстæ хабар радзырдта йæ бинонтæн.

– Афтæ дын хъуыдис, – загъта йæ ус, – кæд æмбисæхсæвтæм искуы нал фæстиат кæнис.

*Радзырдта йæ 68-аздзыд*
*МÆРЗОЙТЫ Ленæ,*
*ныффыста йæ ДЗУЦЦАТЫ Хасан.*
*Дзæуджыхъæу, 2008 аз*

## ЗÆРÆБИЙЫ ХÆЙРÆДЖЫТÆ КУЫД ФÆСАЙДТОЙ

Уæллаг Санибайаг Дзуццаты Зæрæби тынг сæрæн, ныфсхаст, куырыхон лæг уыди, ницæмæй тарсти. Иуахæмы йыл Джызæлы йæ

хæстæджытæм æрталынг и. Лæгъстæ йын кодтой, ахсæв хæйрæджыты æхсæв у, æмæ ам лæуу, зæгъгæ.

– Нæ ныллæудзынæн, Зæрæби хæйрæджытæй фæтарсти, зæгъгæ, чи фехъуса, уый мæ цы схондзæн, – загъта Зæрæби.

Абадтис йæ бæхыл æмæ хъæды астæуты къахвæндагыл фæцæуы. Иуран кæсы æмæ стыр фæзы февзæрд. Дуне адæм дзы дзолгъо-молгъо кæнынц. Дæргъæй-дæргъмæ стъолтыл бадынц зæронд лæгтæ. Фæсивæд хъазт сарæзтой, кафынц, хæрдмæ хауынц. Уæртæ чындзы дæр æрбахастой. Зæрæбийы йæ бæхæй æрхизын кодтой, цинтæ йыл кæнынц.

– Зæрæби, фынгмæ, фынгмæ!

Сбадын æй кодтой. Дзидзатæ, чъиритæ йын йæ разы æвæрынц. Зæрæби дисы бацыд, ам ахæм бынат куынæ уыдис, зæгъгæ. Фæлæ уæддæр дзидза райста, йæ дзыппæй хæрынкъа фелвæста. Уыйадыл адæм цыдæр æрбаисты. Йæ алыварс хъæд фестад, йæ бæх тарст хуыррыттытæ кодта. Абадтис ыл æмæ размæ атындзыдта. Фæсте йæ бирæгъты бал суры, сæ цæстытæ цæхæртæ калынц. Гъа, йæ бæхы фæстаг къахмæ йын фæлæбурой, афтæ сыл йæ хæрынкъа фехста. Бирæгътæ æрбайсæфтысты.

Тыххæй ма сæ хæдзармæ æрбахæццæ æмæ кæрты æрхауд. Фæрсынц æй, цы кодтай, зæгъгæ, фæлæ нæ дзырдта, тарст кæстытæ кодта.

– Æнхъæлдæн, æмæ а нæхионыл æнæзæгъинæгтæ кæмдæр ацин кодтой, – загъта йæ хистæр фырт Габуц. Бадзырдтой йын дæснымæ, æмæ йæ уый сдзæбæх кодта. Къуырийы фæстæ сын йæ диссæгтæ фæдзырдта.



Ацы хабар æрцыди XIX æнусы дыккаг æмбисы. Ныртæккæ йæ байзæддæгтæ (цыппæрæм фæлтæр) дыууиссæдзæй фылдæр сты. Мæнæн уыдис мæ нанайы фыд. Се 'хсæн ис дохтыртæ, ахуыргæнджытæ. Ис дзы – профессор (Хæсанæ). Кæрæдзи зонæм, æрæмбырд вæййæм, бахъуаджы рæстæг кæрæдзийæн феххуыс кæнæм.

*Радзырдта йæ 86-аздзыд*
*КОДЗЫРТЫ Залихан,*
*ныффыста йæ СКЪИАТЫ Зоя.*
*Дзæуджыхъæу, 1978 аз*

## «ДЗАГ МÆМ У» ÆМÆ «НÆЙ» ЦЫ АМОНЫНЦ

Иу хъæуы цардысты дыууæ сыхаджы. Сæ дыууæ дæр – кусаг. Фæлæ сæ иу ницæмæй хъуаг æййæфта, хуыздæрæй-хуыздæрмæ цыдис йæ цард. Иннæйыл та, куыд фæзæгъынц, хъуын нæ хæцыди. Йæ бирæ бакуысты бæркад нæ уыди. Бафарста йæ сыхаджы: «Æз дæр дæ хуызæн куы бакусын, уæд мæгуырæй-мæгуырдæр цæмæн кæнын?»

Уый йын радзырдта:

– Иухатт цуаны хъæды фæцæйцыдтæн. Кæсын, æмæ бирæгъ йæ дзыхы цыдæр фескъæфы, йæ фæстæ иу ус згъоры. Æз бирæгъы фехстон. Йæ дзыхы цы уыд, уый сывæллон фестад. Ус мын, сывæллоны мад, афтæ: «Мæ хъæбулы мын кæй фервæзын кодтай, уый тыххæй мæм байхъус. Амæй фæстæмæ «нæй» макуыуал зæгъ. «Дзаг мæм у», зæгъгæ-иу дзур, æмæ дæ бæркад фылдæрæй-фылдæр кæндзæн. Æз дæн хæйрæджыты ус, æмæ дын уый мæ лæвар».

Уæдæй ардæм «нæй» никуыуал загътон. Æмæ йæ дæхæдæг уыныс.

*Радзырдта йæ 86-аздзыд*
*КОДЗЫРТЫ Залихан,*
*ныффыста йæ СКЪИАТЫ Зоя.*
*Дзæуджыхъæу, 1978 аз*

## КУЫРЫСМÆДЗОГ

Хъæдрæбыны хъæутæй иуы цæрæг Хуыриаты Йексойыл гуырысхо кодтой, куырысмæдзог, дам, у, зæгъгæ. Сфæнд кодтой цалдæрæй йæ бахъахъхъæнын. Йæ фæстæ зилын райдыдтой.

Иухатт æмбисæхсæв сæхицæй рацыди. Куыроймæ куы 'рбахæццæ, уæд йæ дзаумæттæ фелвæста, дуры бын сæ бакодта æмæ куыройы нучы йæхи ауагъта. Стæй куыройы бынæй бирæгъ рагæпп ласта. Лæппутæ куыд нæ фæтарстысты, фæлæ сæхи нæ раргом кодтой, дарддæр та цы кæндзæн, зæгъгæ.

Бирæгъ иу хæдзары кæрты фæмидæг, бæхыл йæхи ныццавта æмæ йæ ныххурх кодта. Лæппутæй йæ иу топпæй фехста, æмæ бирæгъ æрбадæлдзæх.

Райсомæй лæппутæ Йексотæм бацыдысты, цæфтæй йæ хуысгæ баййæфтой. Уый сын нæ састис, фæлæ йын куыройы разæй йæ дзаумæттæ куы 'рбахастой, уæд ныккуыдта æмæ афтæ: «Мæхи дæр нæ фæнды, фæлæ мæй куы сног вæййы, уæд бирæгъ фестын».

Æркодтой йæм дæсныйы, æмæ, дам, сдзæбæх, фæлæ йæхи хъахъхъæдта ног мæйæ. Адæм дæр ын ныххатыр кодтой.

*Радзырдта йæ 70-аздзыд*
*ДЗУЦЦАТЫ Музæ,*
*ныффыста йæ ДЗУЦЦАТЫ Хасан.*
*Дзæуджыхъæу, 2006 аз*

## СИАХСЫЦЫД

Абайтæ сæ чызг Феняйы радтой Гуыдиатæм. Хъуыддаг срæвдз и, бафидыдтой. Суанг чындзæхсæвы бон дæр снысан кодтой. Къухылхæцæг равзæрстой Беджызаты Шотайы.

Куыд вæййы, афтæ чындзæхсæвы размæ сиахс – Гуыдиаты Мæирбег æмæ Шота сусæг сиахсыцыд æрбакодтой Абайтæм. Æрбахастой зынаргъ къафеттæ, зæрдæлхæнæнтæ. Куыд нæ сыл бацин кодтой сæ ног хæстæджытæ. Афтæмæй лæппутыл æрæмбисæхсæв. Сæхимæ

цæуыны фæнд скодтой. Фысымтæ сын лæгъстæ кæнын райдыдтой, ам лæуут, зæгъгæ, райсом раджы ацæудзыстут. Уæд та ма, дам уæ æнæзæгъинæгтæ фæсайдтой. Нарæг хидыл уæ бахизын хъæуы. Фæлæ лæппутæ сæ сæрмæ не 'рхастой каистæм ныллæууын.

– Хæйрæджыты адæм æрхъуыды кодтой, стæй, кæд æцæг сты, уæддæр сæ æз нæ тæрсын, – ныфсджынæй загъта Мæирбег.

Рацыдысты, уæдæ цы... Нарæг хидмæ куы 'рбахæццæ сты, уæд Шота афтæ:

– Æллæх, графины ма арахъхъ аззади. Ды мæм ам фæлæууу, æз аздæхон æмæ йæ равдæлон кæнон.

– Цытæ дзурыс, худинаг у, – сдзырдта йæм Мæирбег, фæлæ Шота-йæн йæ фæд дæр нал ауыдта. Æнхъæлмæ кæсын æм райдыдта, уазал дæр сси. Бон цъæхтæ кодта, фæлæ Шота зынæг нæй.

«Цæуон, мæхи уал схъарм кæнон, стæй йæм агурæг ацæудзынæн», – сфæнд кодта Мæирбег.

Сæхимæ бацыдис æмæ сæ бинонты тарстæй баййæфта. Шота семæ, афтæмæй йæм хъуамæ агурæг рацыдаиккой.

Мæирбег хабар куы радзырдта, уæд Шота дисы бафтыд:

– Ау, æз арахъхъ нуазынмæ аздæхын мæ сæрмæ та куыд æрхастаин! Уæдæмæ ды мæ фæстæ цыдтæ хидыл. Иу хатт фæстæмæ фæкастæн, æмæ дæ нал ауыдтон. Бирæ дæм фæхъæр кодтон дæ номæй, фæцагуы-рдтон дæ, фæлæ, цыма зæххы скъуыды ныххаудтæ, нал дæ ссардтон. Æрбацыдтæн уæ хæдзармæ, æмæ дæм ныр хъуамæ де 'фсымæртимæ агурæг ацыдаиккам.

Цы зын базонæн ма сын уыд, хæйрæджытæ сæ кæй фæхъазыдысты.

*Радзырдта йæ 75-аздзыд*
*Абайты Ленæ,*
*ныффыста йæ Дзуццаты Хасан.*
*Дзæуджыхъæу, 2009 аз*



# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***15 – 18 мартъийы*** Цæгат Ирыстоны уыд «Уæлахизы Поезд». Нæ республикæйы цæрджытæ йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Цалдæр боны дæргъы поезд уынынмæ цы бирæ адæм фæцыд, уыдон цымыдисæй базонгæ сты советон хæстонты сгуыхтдзинæдтимæ, Уæлахизыл дзурæг экспонаттимæ.

«Уæлахизы Поезд» у дунейы фыццаг цæугæ инсталляци.

► ***19 мартъийы*** Дзæуджыхъæуы æртыккаг хатт арæзт æрцыд фольклорон-этнографион фестиваль «Тутыртæ».

Мадзаларазджытæ – Фæсивæды æфсæддон-патриотон хъомылады центр æмæ Дзæуджыхъæуы администрацийы культурæйы управлени – фестивалы сæйраг нысан бацамыдтой, куыд национ культурæ æмæ æгъдæуттæ бахъахъхъæнын æмæ сæ фидæны фæлтæртæм сыгъдæгæй адæттын.

► ***24 мартъийы*** Республикæйы Национ наукон чиныгдоны уыд «Ирон драматургийы антологи»-йы фыццаг томы презентаци. Рауагъдад «Харизма»-йы разамонæг Аидæ Харкиладзейы проект æххæстгонд цæуы Президенты культурон хъæппæристы фонды æххуысæй. Чиныджы фæзынд ахсджиаг цау кæй у, уый тыххæй сæ хъуыдытæ загътой интеллигенцийы минæвæрттæ – фысджытæ, журналисттæ, режиссертæ, театралон архайджытæ. РЦИ-Аланийы адæмон артист Дауыраты Эдуарды разныхасимæ рауагъдмæ хаст æрцыдысты Хетæгкаты Къостайы, Гуырдзыбеты Бласкайы, Брытъиаты Елбыздыхъойы, Кочысаты Розæйы, Хъороты Дауыты æмæ Токаты Алиханы драмон уацмыстæ. Электрон хуызы чиныг лæвар бакæсæн ис Интернеты.

► ***25 – 26 мартъийы*** Ирон театры уыд Илас Æрнигоны радзырд «Челе»-мæ гæсгæ æвæрд спектаклы премьерæ. Режиссер – нæ республикæйы адæмон артист Битарты Алыксандр. Сæйраг ролы ахъазыд УФ-йы сгуыхт артист Гуыбиаты Хъазыбег. Уæлæдарæсы нывгæнæг – Гæбæраты Лизæ, декорациты нывгæнæг – Дзиуаты Аслан, музыкалон фæлгонцыл дзуапдæттæг – Плиты Мурат.

Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты ахуыргæнджытæ, студенттæ æмæ IT-специалистæ Цæгат Ирыстоны гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты кусджытимæ бакуыстой ирон дзырдуат «Яндекс.Переводчик»-ыл. Хаст æм æрцыд 90 мин дзырдбастæй æмæ 900 мин дзырдæй фылдæр.

Дзырдуат сырæзт республикæйы Национ хъуыддæгты фæдыл министрады хъæппæрисæй программæ «Ирон адæмы национ-культурон хæдхуыздзинад бахъахъхъæнын»-ы фæлгæты.

*Переводчик* А. В. ЗОЛОЕВ
*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике
Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202.

Порядковый номер выпуска: № 4. 2023 г.
Подписано в печать 11.04.2023 г. Выход в свет: 23.04.2023 г.
Индекс: 732447. Тираж 1100 экз. Заказ № 160. Цена свободная.

Формат 60x90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м$^2$. Вклейка 1 печ. л. мелованная.

Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88.

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

# Рафыссæм журнал «Мах дуг»

## Зынаргъ хæлæрттæ!

Ныридæгæн цæуы 2023 азы дыккаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Йæ зæрдæ ирон æвзаг æмæ литературæйыл æнувыд кæмæн у, уыдонæн 2023 азы дыккаг æмбисæн журнал «Мах дуг» сæ бон рафыссын у «Уæрæсейы пост»-ы кæцыфæнды хайады дæр. Йæ индекс: 37247. Аргъ – 679 сомы æмæ 86 капеччы (афæдзы æмбисæн), льготæтимæ – 628 сомы æмæ 62 капеччы.

Журнал асламдæр аргъæй, 350 сомæй, рафыссæн ис редакцийы. Йæ адрис: г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11-æм хæдзар, 2-аг уæладзыг.

Телефонтæ: 25-09-64, 25-09-74.

Редакци




Индекс 73247
12+